ҚҚ 2
С-47

ЖАҢАБАЙ
САПАРОВ



# ҚЫЗЫЛ ҚОҢЫРАТ ЖИГИТЛЕРИ

ҚҚ 2
С-47

ЖАҢАБАЙ САПАРОВ

# ҚЫЗЫЛ ҚОҢЫРАТ ЖИГИТЛЕРИ

*(повестьлер ҳәм очерклер)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1989

КК 2
С 47 Ж. Сапаров. Қызыл Қоңырат жигитлери. *Повестьлер ҳәм очерклер. Нөкис —* «Қарақалпақстан», 1989, 316 б.

Уллы Октябрь революциясы темасы, баспашылар турмысы, граждандлық урыстың актив жауынгерлериниң көрсеткен ерликлери белгили жазыўшымыз Жаңабай Сапаровтың творчестволық мийнетиниң басым көпшилигин ийелейтуғынлығы менен характерленеди.

Өз уақтында қызғын күтип алынған бул шығармалардың биразы жазыўшының 70 жыллық юбилейине арналып қайтадан шығарылып отыр. Ал, «Қызыл Қоңырат жигитлери» атлы ҳүжжетли повести көп санлы китап оқыўшыларымызға туңғыш ирет усынылды.

209612
Ре... Дет... ...кая ...отека ККАССР

С $\frac{4702270201-100}{М-357\ (04)\ 89}$ 20—89

ISBN5 —8272—0162—6

19721
MA'LIM... RESU..S ...RAYI

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1968, 1977, 1982.

© «Қарақалпақстан» баспасы 1989.

Ҳәр тәрептен қуралып, қыз берип қыз алып, туўысқанлықтың туўын жоқары көтерген, жаўынгер Қоңыратымның бурынғы ҳәм соңғы, ар-намыслы, гүресшең азаматларына арнайман!

*Автор.*

# ҚЫЗЫЛ ҚОҢЫРАТ ЖИГИТЛЕРИ

*(Ҳүжжетли повесть)*

**Гүреслерден гүл дөреткен,**
**Қызыл Қоңырат...**
**Бизиң Қоңырат...**
(1920-жыллардағы халық қосығынан).

## I.

«Қызыл Қоңырат» атлы бул қосықты айтқан, гүресли жыллардың жаўынгериниң бири болған Мәтмурат Әўезов пенен ушырасыў ушын киятырман. Қартайып дем алысқа шыққан бул қызыл гвардияшы «Ленинград» совхозының «Ленинизм» бөлиминде турады. Бөлим баслығы — оның баласы Жапақ Мәтмуратов мотоциклди басқарып киятыр. Мине, биз Қоңырат — Хожели асфальт жолынан бурылып, дийдилеген аўылымызға да жеттик.

— Анаў отырған Мәтекең емес пе?—дедим мен көликтен түсип атырып.

— Сол ғой, танымай турсаң ба? — деп Жапақ маған қарап күлимсиреди.

— Көрмегениме көп ўақытлар болды, қартайып қалғанға усайды.

— Соңғы еки-үш жыл арасында ғаррылығы жеңип баратыр. Бирақ, кеўли сергек, адамлар менен жақсы сөйлесе алады.

— Жасы жетпистен асқан болыўы керек?

— 1896-жылы туўылған ғой.

— «Жүздиң ескегин есе баслаған екен» — деп күлдим.

— Маған рухсат берсеңиз, бүгин дәслепки қызыл керўанды атландыратуғын едик? — деди де, Жапақ қайтадан көлигине минип жүрип кетти.

Мен аўыл ғаррысының ҳәрекетине бираз ўақыт қарап турдым. Ол биз келген ўақытлары басын көтерип бир қарап қойып, оннан кейин қолындағы таяғы менен алдындағы жерди сызып, тым-тырыс отырған еди. Енди, мине, ол турып салманың бойындағы ақ тереклердиң ушабасына көз таслап адымлап жүре баслады. Оң аяғын аўыр сылтып басады.

Узын бойлы, гүжирейген, еңсели ол, ақ тереклер менен бой теңлестиргендей ҳәр түптиң қасына барып услап көреди. Ушабасына көз тигеди. Буннан он жыл бурын усыларды бәҳәрде өзи кишкене шүллик нәлден тигип атырғанында ушырасқаным ядыма түсти. Сонда ол маған «Ақ терек—аўыл көрки» деген еди. Шынында да ғаздай қатар турған есап-сансыз бул ақ тереклер Мәтекениң аўылының көркине айналған. Астына, узын бойына сая паласларын төсеп, «дем алсаңыз, келиңиз», — деп мени де шақырып турған сыяқлы. Жер-ана сақый емес пе? Не сорасаң да береди, бирақ мийнет етиў керек. Жасыл жапырақлары сыбырлап, өзин дөреткен, тәрбиялап өсирген дийхан атасы менен сөйлесип атырғандай көринис береди.

Қәдемлеримди тез басып Мәтекеңе қарап жүрдим. Мениң берген сәлемимди еситип, ол бурылып: «ўәлийкумәссалам, балам» — деди. Ақсақалдың қара-пәрең шырайынан қандай да бир күлимлеген сәўле көринип кеткендей болды. Аздан кейин мыйығын тартып:

— Сен баяғы агрономсаң ғой, даўысың соған усайды, — деди.

— Аўа, таныдыңыз, — дедим қолынан алып. Ғаррымениң ядыма 1939-жылды түсирди. Сол жылы Шорахандағы Аўылхожалық техникумын питкерип келип, төртинши аўылға участкалық агроном болғанман. Аўыллық советтин жыйналысында екеўимиздиң гәп алысып қалғанымыз бар. Ол ўақытта Мәтекең «Ленинизм» колхозының председатели еди. «Ер шекиниспей бекиниспейди» дегендей кейин биримиз үлкен, биримиз киши болсақ та, дос болып кеткен едик.

— Үйге кирейик? — деген Мәтекениң даўысы ойымды бөлип жиберди. Оның изине ердим. Ғаррының туратуғын бөлмесиниң қапысы ашылды. Ишки беттен қолында сиписеси бар келини шықты. Жайдың иши тап-таза жаңа көрпешелер төселген. Мәтекең үстиндеги ма-

кентожын шешип кәтке таслады, басындағы малақайын алып, тақыясын дурыслап қойды. Мен бул ўақытта жайласып отырғанман. Келини алдымызға дастурхан жайып, шай әкелип, жақында тандырға жабылған ыссы шөреклерди қойды. Екеўимиз қатар отырып, шай ише басладық.

— Оннан бери арадан отыз үш жыл өтипти, — деп баслады ақсақал гүррињин. — Ол ўақытлары сен мұртын жаңа тәп берген жас жигит, мен болсам жигит ағасы едим. Өмир үзликсиз өзгерип туратуғын тамаша қубылыс ғой, — деди.

— Мәтеке, Сиз 1919-жылғы Қоңыратта дүзилген дәслепки қызыл гвардияның жаўынгерисиз. Сол жалынлы жаслық жылларыңыздағы басыңыздан кеширген қызықлы ўақыяларды айтып берсеңиз? — дедим келгендеги тийкарғы мақсетимди орынлаў ушын. —Ол узақ гәп ғой,—деди ғарры ойланып отырып қолындағы босаған кесени алдындағы дастурхан үстине қойып.

— Асықпаң, ядыңызда қалғанларын айта бериңиз?

Азырақ ойланып алғаннан соң:

— Аўа, жаңа ядыма түсти. Хорезм полкиниң екинши эскадронының жаўынгерлик жолларын жазған екенсең, балам кишкене китаптан оқып берген еди. Ондағы ўақыялар Қарабаланың өмир жолы бойынша баян етилген. Ҳәммеси де дурыс, ал қатарында мен болған үшинши эскадрон оннан кем болған жоқ, бирдейине Хорезм полкиниң алдыңғы сабында Жөнейдке қарсы гүрести. Хорезм полки пияда әскерлерди қоспағанда үш атлы эскадроннан ибарат еди. Қоңырат жигитлери Хийўаға келгеннен кейин усы үш эскадронға бөлистирилди. Соннан бизиң үшинши эскадронда Қоңырат жигитлери басқаларға қарағанда көбирек болды. Олар: Төребай, Ибрайым, Дурдыбай-гармоншы, Ережеп, Матқурбан, Шоңбай, Қурбанияз, Мәтяқуп, Баҳетдийин деген жигитлер еди.

Мәтекең бүркиттей қомланып алды да және сөйлей баслады. Бул ўақытта оның бағанағы ғаррылық көриниси жоғалып, енди ғажырлы қайтпас-қайсар жаўынгер сыпатында көринди. Аўыл ақсақалы Мәтмурат Әўезов тиўлап әсте аққан тынық булақтай ағылды. Ол мен жазып отырған бул өмир дәстанын өзиниң дәслепки бала жигит ўақларынан баслады. Мен болсам үлкен мақпал

көпшикти қушағыма қысып жатып, өткен өмирдиң «қудығынан» тынық суўды симирип ишкендей рәҳәтленип, жазып ала бердим.

## 2

— Әкем Әўез жарлы дийхан адам болған. Мениң жаслық жылларымда үйимиз Қоңырат қаласының арқа бетиндеги Орынбай сабыншының қасындағы Мәтназар жипекши ҳәўлисине жақын еди. Бес танаптай жеримиз болды. Сол жерди шығырдан суўғарып, ҳәр қыйлы дақыл егетуғын едик. Үйимизде бир өгиз, бир ат болды, ат та, өгиз де ҳеш ўақытта екеў болып көрмеген. Ол ўақытлары еки өгиз, еки аты бар үй орта хожалық дийхан болып аталатуғын еди. Өгиз бенен атты шығырға алма-гезек қосып, жерди суўғарамыз. Шығырсыз жер суўғарыў мүмкин емес, себеби ағын суў төменнен өтеди, жер бийик.

Қоңырат Хийўа ханлығының арқа шеттеги бир беглиги еди. Ҳәзирги гөне Қоңырат қаласы турған жер бийик—төбешиклеў болып, ортасынан Ханжап арнасы өтетуғын еди. Ол кейин Ленин каналы деп аталды. Төребийдиң Хийўа ханлығы менен жаўласып жеңилгенинен кейин, усы кәрада Қоңырат қаласының тийкары биротала дүзилип, кемалға келген. Қаланың бул тустан орын алыўының себебиниң бири, Әмиўдәрьяның тасқыны Төребий қаласын суўына бастырғаннан кейин болған.

Қоңырат Хорезмдеги атақлы бес қаланың бири атанғаны менен оныңдай киси мақтарлық үлкен шәҳәр болмаған. Қаланың ортасынан қублаға қарап үлкен жол өтеди. Сол жолдың бойындағы қараңғы көшеде майда ерши дүканлар көп болды. Саўда-сатлық усы кәрада ҳәр күни қумырсқаның инлеўиндей быжнап туратуғын еди. Көшениң таўсылған арқа тусында «ғәлле базары» бар еди. Ал «Қазақ базар» деп аталатуғын майдан қаланың күн батар жағындағы Ашамайлы көпири қасынан орын алған. Бул кәрада мал базары болып, узақ ҳәм қысқа базар күнлери қыр қазақлары түйе, жылқы, қой, кийиз, тери ҳәм бүркит, қаршыға усаған қусларды да әкелип сатады. Ол гезлери Қоңырат қаласы байлар менен саўдагерлердиң ҳәм ийшан-моллалардың уясы еди, десем артық болмас.

Сол дәўирдеги Қоңыраттың мақтанышы байлардың,

саўдагерлердиң үлкен ҳәўлилери менен олар пайдаланған гүл мыйықлы ат арбалар еди. Аш, жалаңаш қаллашлар қамыс қақыраларда, жер төлелерде оңысық етти. Тийкарғы отыны — Атакөлдиң қамысы болды. Мен усындай Қоңыратта туўылып өстим. Мениң жигит ўақтымда Қоңыраттың ҳәкимлигине еки бай таласты. Олар Балабий менен молла Үбби еди. Балабий арғы атасын Панахан баўызлап өлтиретуғын Қоңыраттың сол замандағы ҳәкими Құтлымурат бегдиң тухымы. Буның да аты Құтлымурат, бирақ әкесиниң изине ерип бийликке жасынан араласқанлықтан «Балабий» атанып кеткен. Үбби болса ески медреселерде узақ жыллар оқыған ислам динине қанық адам болғанлықтан молла Үбби атағын алған ҳәм Балабийди Қоңыраттың ҳәкимлигинен шетлетип, орнын ийелеў ушын қатты гүрес жүргизген бай адам.

Бул, Балабийдиң молла Үббини қаладан қуўып шығып, Қоңыраттың ҳәкимлигин өз қолында услап турған ўақлары еди. Бир күни Балабийдиң нөкерлери саў етип келип, бизиң жалғыз атымызды бериўимизди талап етти. Арқа сүйеп отырған жалғыз атты әкем бергиси келмеди. Басына қара шөгирме, үстине жеңил мөрели қызыл шапан кийип, алдына мылтығын кесе услаған бийдиң адамы Есқалий нөкер ат үстинде турып жекирининп;

— Әўез, сен өзиң қандай рейимсиз адамсаң!? Қоңыратты Көлли баспашы яўмытлар талап, өртеп кетсе де саған бүрге шаққандай тәсир етпей ме? Душпанлар Қоңыратқа қарап басып киятыр, — деди. Әкеме оның гәпи аўыр тийген болса керек.

— Қәте сөйлеп турсыз, Есқалий нөкер. Мен ондай адамлардан емеспен. Бул Қоңыратты тек басқыншы қарақшылардан емес, Хийўа ханының топылысынан да қорғаўға қатнасқанлардың биримен. Сиз ойланып сөйлеўиңиз керек. «Адамлай сөйлеген аўырмай өледи» деген. Жеңиллик етпе! — Әкем, ҳәкис гәпти көтермейтуғын намыслы адам еди. Ол маған көз қыйығын таслады да:

— Балам, — деди, — мен буныңдай жаман гәпти Балабийдиң әкеси Тәжимурат бийден де, өзинен де еситип көрген жоқ едим. Тез кийин. Бийге ат керек болса, оны минетуғын адам да азлық етпес. Сен енди жас емессең.

Кешеги жаўгершилик жыллары Қоңыратты әкең де қорғаған еди, енди сен де қорғай бил., Жаў киятырған болса қол қаўсырып қарап отырыўға болмайды!

Ғаррының бул гәпи ҳәкимниң нөкер баслығына қатты тәсир етсе керек, әдеп ҳүкимин жүргизбекши болып ат үстинде қораздай қоқырайып турған ол атынан секирип түсип, оның қолынан алды.

— Кешириңиз, Әўез аға, сизиң азамат адам екенлигиңизди мен бурын жақсы билмейди екенмен. Балаңызды қоса сораўға батына алмай турған едим, — деди Есқалий.

— «Артық гәп, арбаға жүк»—дегендей буннан былай билип қой ақыры, — деп әкем ызалы күлди. Есқалий де муртын таўлап күлип қойды.

Маған әкем айтса хат пенен қәлем еди, тез кийинип, жорға жүрмел жийренди шығырдан босатып, ертлеп минип келдим. Әкем өз орнында тик турысында еки қолын созып алақанларын алдына тутып, үлкен қаракөзлерин кең ашып турып пәтия берди. «Балам, жас емессең, жигирмаға қәдем бастың, жортқанда жолың болсын. Қыдыр атаң жолдасың болсын, қуўсаң жеткейсең, қашсаң қутылғайсаң! Душпанға ҳеш ўақытта рәҳим етпе. Жаўды аясаң, ол сениң аяғыңнан шалады. Аллатала саған яр болғай!

Әкем бетин сыйпай бергенде, бармақларының қалтырап кеткенин аңладым. Қанша беккем адам болғаны менен оның маған деген сүйиспеншилиги, жүрек тарларын қозғап турғанын сездим.

— Аға, айтқаныңның ҳәммесин қыламан! Қоңыратымның душпанларын жер менен жексен етемен! — деп мен де балалық сезим менен қос алақанымды көтерип маңлайымнан төмен қарап бир сыйпап өттим . Ҳәким нөкерлери де әкемниң пәтиясына ырза болды. Тез жүрип кетти, мен соңына ердим. Бул умытпасам 1916-жылдың бәҳәри болыўы керек.

Балабий мени өз ҳәўлисиниң алдында кеўилли түрде күтип алды. Аттан түсип, сәлем берген маған қарап турып:

— Балам, бахытлы болғайсаң! Әкең Әўезге мың мәртебе рахмет айтаман. Ол ҳақыйқат Қоңырат азаматы. Бүгиннен баслап мениң қасымда боласаң, — деп аз

ўақыт ойланып турды да, — шылым таярлаўды билесең бе? — деп күлимледи.

— Аўа, — деп жуўап бердим.

— Күтә жақсы, мылтық атыўды үйренгенше маған шылым таярлап турасаң.

Мен жасымнан шылым таярлаўды үйренғенмен. Әкем узын гарнайлы шылымды түтинин бурқыратып сорып отыратуғын еди. Ол заманлары насыбай атыўдан гөре, палаўқабақ сыпатындағы ағаштан ойып исленген шылымды қолына көтерип отырып, гарнайынан сорып шегиў бай, ақсақалларға үрдис болды. Шылым шегиўде мениң әкем де олардан қалыспайтуғын еди. Хәкимниң бул гәплери маған жақпады. Себеби, үйден атланып шығыўдан мойныма мылтық асынып, белиме қылыш байлап нөкер боламан, урысқа қатнасаман, деп ойлап қуўанып киятыр едим. Илаж не, усы күннен баслап, Хәкимниң биринши тапсырмасын орынлаўға мәжбүр болдым.

1916—1917—1918-жыллары баспашы қарақшылардың хәрредей қозып, күшке мине баслаған ўақты еди. Жөнейд Хийўа ханына бағыныўды қойып, көтерилиске шыққан. Дәслепки ўақлары пухара халықтың ғамы ушын гүрескен болып көринген менен кейин ол өзиниң жаўызлық бет пердесин бирден ашып таслады. Мийнеткеш халықты бөридей талап, қырғынға ушырата баслады. Жаңа дүзилип атырған Совет ҳүкиметине де қарсы саўашларды даўам етти. Қоңырат қаласы ҳәм оның дөгерегиндеги еллер Жөнейд ушын мол олжа болып көринди. Себеби Хийўа ханлығының бул беглиги ең шеттеги ғалле менен малға бай ел еди. Буны талаў оған қыйын емес еди. Ханжөнейдтиң бөрилердей бөлек-бөлек болып жүретуғын қарақшылары изли-изинен келип Қоңырат елин қырғынға ушыратып, адамларын өлтирип, мал-мүлкин талап, қаласы менен аўылларын излиизинен өртеп кетип турды.

Хийўа ханлығы Қоңырат елин Ханжөнейд баспашыларынан қорғай алмады. Оның қойған ҳәкими душпанларға қарсы гүресиўге күши жетпейтуғын еди. Усыған қарамастан Қоңыраттың ер жүрек жигитлери өз қаласын, өз аўылларын Ханжөнейд қарақшыларынан жантәнин аямай қорғап турды. Қоңырат ели ушын Ханжөнейд қарақшыларына қарсы гүрес пүткил халықлық

гуреске айналды. Ҳәким Балабийдиң дөгерегине өзбек, қазақ, қарақалпақ аўылларының батырлары, намыслы ер жигитлери жыйнала баслады.

Балабий ири геўдели, жалпақ бет, семиз, селдир сақал-муртлы сары сынлы адам еди. Оның еки танаўы жудырық сиятуғындай кең еди. Қой көзлери ойнақшып, қалың түрик еринлери жыбырлап турады. Балабий Қоңыратлылардың ата-бабасынан киятырған кәтқуда байларының бири болып, ашамайлы руўынан еди. Оның арғы атасы Қутлымурат бий Хийўа ханына жағыныў ушын өзлерин өзбекбиз, — деп жалған атап кеткен.

Балабий күтә диншил адам болды, ол бес ўақлы намазын қаза қалдырмайтуғын еди. Саўаш болып атырған ўақытларында да есабын таўып, қалың шөплердиң арасына барып, песин ямаса қуптан намазларын оқыйды. Оны мен өз көзим менен талай рет көргенмен. Ол аяғына геўиш-мәси, басына қара шөгирме, үстине жасыл маўыты шекпен ямаса мөрели жаңа қызыл шапан кийер еди. Әкеси Тәжимурат бий де Қоңыраттың ҳәкими, абырайлы байларының бири болған. Балабий Қоңыратқа ҳәким болып турған ўақытлары қырқ-қырқ бес жастағы адам еди. Оның нөкер басшысы Султамурат бегдиң баласы Мәдияр жүзбасы болды. Мәдияр да кең геўдели, қолының ҳәр бир саўсағы жас баланың балтырындай ири, күш-ғайраты толысқан отызлардағы жигит еди.

1917-жыл. Бәҳәр. Азанғы ўақыт. Күн жыллы еди, бирақ Қоңырат қаласының үстинде қалың қара булт узақ ўақыт кетпей турып қалды. Арқа беттен әсте жипек самалдың ескени билинип турды. Мен Ҳәкимниң қаладағы арыз сорайтуғын ҳәўлисиниң ишки алдындағы сыпасында Балабий ҳәкимге шылым таярлап бердим. Ҳәким менен жүзбасы — Мәдияр үлкен түркпени жаңа ғалы гилемниң үстинде көк шай ишип отыр еди. Бий шылымды қолына алып, еки рет ғорқыратып тартып, түтинин бурқыратып шығарып, шеп жағындағы Мәдиярға мирәт етти. Жүзбасы онша шылымкеш емес еди. Ҳәким бергеннен кейин қайтармай қолына алып, шеге баслады. Усы ўақытта сырттан ишке Есқәлий нөкер кирип келди. Ол ентигип сөйлеп:

— Ханжөнейдтиң бес жүз атлыға жақын қарақшылары Жаман Қоңырат елатына келип халықты талап

атыр, — деп хабарлады. Ҳәкимниң сары түсли жүзи қараўытып кетти, үлкен қой көзлери үкиниң көзиндей ойнақшып бираз ўақыт хайран болып отырды.

— Неге ерте хабарламайсаң, заңғар? — деп Есқәлийге қарап қабағын үйди.

— Мен Тартуўлы, Қийет аўылларының қубласында барлаўда жүргенимде баспашылар Шоманай тоғайлары арқалы Көкликөл беттен келипти, — деп ол қалтырап жуўап берди. Ҳәким онша ақылсыз адам емес еди. Қараўылға жиберген Есқәлий нөкерге «Үстирт таўлары, Атжолы — ата» шоққылары бетте бол, душпанлар усы беттен келеди» — деп ескерткени ядына түсти. Бул ўақытлары жүзбасы орнынан турып, жарақларын асынып, Ҳәкимниң буйрығын күтип тур еди. Ҳәким оған бурылып қарап:

— Тез атланыңлар! Душпанларды Жаман Қоңыраттан қалаға қарап жиберменлер! Мен де Қыдыр, Нуржан, Асқар батырларды жыйнастырып изиңнен жетемен, — деди. Мәдияр Есқәлийди ертип тез шығып кетти. Мени қаладағы жигитлерге жуўыртты. Еки-үш кесе шай ишим ўағында Ҳәкимниң арыз сорайтуғын ҳәўлисиниң алдына отызға шамалас жарақлы жигитлер жыйналды. Ҳәким мени жиберип қала ақсақалларының бири Аллашты шақыртып алды да, оған: «Қоржынға төрт жүз оқ салып, «Топ атқан» бийиклигине қарап шық! Сени сол тәрептен таўып алатуғын болайық. Арамызда мына Мәтмурат байланысшы болып жүреди. Керек деген оқты усыдан берип жиберип турасаң. Саўаш майданына жақынлама. Оқлардан айырылып қаламыз, — деп ескертти. Мен ишимнен қуўанып кеттим. Мен де урыс майданына шығатуғын болдым. Жарағымның жоқлығын ойлап турыппан.

— Қуп болады, бий аға!

— Сенде пўысық мылтық барма? — деп сорады Ҳәким, маған көз қыйығын таслап қойып.

— Бесатар жоқ, тот басып қалған қос аяқлы шийти мылтық бар. — Бул гәпти еситкен мен ренжип қалдым.

— Оның кереги жоқ — деди Балабий. Аллаш ақсақал тез шығып кетти. Ҳәким ушын оқ адамнан да қәдирли екенлигин мен усы сапары аңладым. Аллаш ақсақал оның ең исенимли адамларының бири еди. Соның ушын да оқ-жарақты оған исенип тапсырып қояды екен. Өз нөкерлерине де оқты санап берип, саўаштан кейин

аўысқанларын қайтып санап алады. Бул Ҳәкимниң сүтхорлығы емес, оқтың қымбатлығынан еди. Себеби, оқ та, мылтық та базардан сатып алынады. Буны көбинесе қыр қазақлары әкелип сатады.

Жүзбасы атланып кеткеннен кейин бираз ўақыттан соң және хабаршы келди. Ол жасы жигирмаларға жақынлап қалған жас бала жигит еди. Ҳәзир атын умытып қалып отырман, ақ көкирек, шаққан жигит болды. Кейин оның менен бирге Хорезм полкында Ханжөнейдке қарсы да гүрескенмен. Аўа, жаңа ядыма түсти, аты Ырзабай екен, — деп Мәтекең, маған қарап күлип қойды.

— Мени сизге жүзбасы жиберди, — деди ол ҳаплығып. — Баспашылар Жаман Қоңыратты талап, адамларын атып, көплеген жесирин, мал мүлкин алып, елине жөнетип жиберипти. Өзлери «Қоңыратты аламыз» — деп бери қарай атланған екен. «Жиңишке жап» тың бойында алдынан бизлер шығып, қатаң саўаш басланып кетти. Жүзбасы «қосымша күш пенен оқ жеткерсин» деп мени сизге жиберди.

— Аллаш, балаға елиў оқ бер, — деди де асыққан ҳәким хабаршыға: — Жүзбасыға айт, душпанды «Жиңишке жап» тан бери қарай өткермесин. Оқты зая етпей, оларды өзлерине күтә жақын келгенде ататуғын болсын. Тез жетемиз бизлер де, — деди.

Атдорбасына елиў оқ салып алған жас жигит, тез шығып кетти.

Бул ўақытта ҳәкимниң ҳәўлисиниң алдына жетписке жақын кала жигитлери жыйналған еди. Балабий атына минип турып былай деди:

— Коңыратлы азаматларым! Елимиз, жеримиз ушын душпанға қарсы атланысқа шығып баратырмыз. Көрип турман, сизлердиң араңызда жап-жас жигитлер де бар, олар бурын саўашларға қатнаспаған. Алдын ала ескертип қояман. жаўымыз күтә мийримсиз. Олардың ҳәр бири сениң аяғыңдағы етигиңди болмаса басыңдағы бөркиңди, көйлегиңди олжа етиў ушын өзин өлимге шекем апарады. Бирақ қатаң қарсылық көрсетсең, ат-тонын ала қашатуғынлардың өзи. Мен буны талай урысларда өз көзим менен көргенмен. Елимиз, халқымыз ушын, қаза ҳақ, өлсек шейитбиз! Батырлық — жеңис, қорқақлық — өлим, мен душпанларға «қаза хақ!» деп ат, қойғанда ҳәммеңиз де усы гәпти бир даўыс пенен тәкирарлап изиме ериңлер. Халқымызда «жаўды аяған жаралы

болады», деген сөз бар. Сизлерден душпанға қарсы жан-тәнийизди аямай, саўаш майданына шығыўды талап етемен. Кимде-ким қорқақлық етсе, басқы таўып кейин қашатуғын болса, оны өз қолым менен атып таслайман. Мәдияр жүзбасылар ҳәзир «жиңишкениң» бойында урысып атыр, қәне, изиме ериңлер! — деп ҳәким атына қамшы басты. Ҳәмме гүўлеп оның соңында қуйынлатып шаўып кеттик.

### 3

Қала халқы қумырысқадай өрип көшеге шыққан екен. Олар жолдың еки жағында қур болып турып, «душпанды жеңип қайтыңлар, бахытлы, жеңисли жол тилеймиз» деген сөзлерди тәкирарлап шуўласып, артта қалып атыр. Мен де ҳәкимге ерген жигитлердиң арасында баратырман. Асынған жаў жарағым жоқ. Ҳәкимниң айтыўы бойынша ақталдан таяқ кесип алып, оны күйеге бояп, кендир жип тағып алғанман. Ҳәким, «усыны асынып жүрсең, душпанлар узақтан сени жарақлы адам деп ойлайды» деген. Мен оны асыныўға уялып, жибин ердиң басына илдирип тақымыма басқанман. Бийге ерген гейпара жигитлердиң асынғаны ески шийти мылтық, гейбиреўлери белине қылыш байлап алған, айырымларында балта, шанышқылар да бар еди.

Қаладан үллы сәске ўақытта шықтық. Хожели-Қоңырат гүзар жолы менен жүрип киятырмыз. Алдыңғы тәрептен атылған мылтықлардың сести жийи еситиле баслады. Ҳәким «Топ атқан» бийиклигине жеткенде душпанлар Мәдиярды кейин шегиндирип, «жиңишкениң» көпирин басып алып, алға қарай ат қойып, қара ғарғадай болып қаплап киятыр екен. Жүзбасы Мәдияр баслаған нөкерлер кейин шегинип, оларды еки рет қардай борағап оқтың астына алып, кейин серпип таслады. «Топ атқан» ның тусындағы қалың шатлықтың арасында турған Балабий Қыдырға қарап:

— Өз жигитлериңди алып, «Айранжап» қа жет. Сол арада сап дүзип урысқа таярлан. Асқар, сен өз азаматларың менен мениң қасымда бол, душпанды туў сыртынан урамыз, — деп ҳәмир етти. Қыдыр батыр қырқтан аслам жигитлерди алып «Айранжап»қа қарай кетти. Ҳәким усы арада өз нөкерлери менен, топылып киятырған

душпанларға көринбей тасада турды. Жүзбасы «Айранжап» тың көпирине қарай шегинип урысып баратыр. Усы ўақытта Ҳәкимге бир шабарман келди. Ол Соркөлли Қосберген батырдың жигирма жигит пенен көмекке келенлигин хабарлады. Ҳәким Қосбергенге раҳмет айтып, тез «Топ атқан» көпириниң күнбатыс арқа жағалаўынан орын алып, урысқа кириссин, — деп шабарманды кейин қайтарды.

Ханжөнейдшилер Мәдияр жүзбасының азғана күшин «Айранжап» қа тықсырып баратыр. Мен еки тәрептен де атынан қулап, оққа ушқанларды көрип турман, урысты биринши рет көргенликтен болыўым керек, тула бойым гә қызып, гә суўып, қорқыныш та бийлеп қояды. Балабий бир ўақытта маған:

— Жүзбасыға шап! Душпанларды көпирде ириксин, қалаға қарап өткермесин, көпирдиң еки қанатындағы Қыдыр, Қосберген батырлар менен байланыссын! — деди. Мен жийреннме ырғып минип алған ўақытлары Ҳәким, «таяғыңды асынып ал» деп бақырды. Кендир жипке байланған қара таяқты мойныма асынып, атыма «шуў!» — дедим. Қалыңлықтың арасынан шыға шаптым.

«Топ атқан» тоғайлығы гүзар жолдың күн шығыс қапталында еди. Мен баспашылар менен жүзбасы атысып атырған жердиң шеп жағына шықтым. Усы туста душпанлар мени атып түсириўи де мүмкин. «Айранжап» қа жасырынып жетиў мүмкин емес, жолдың күн шығар бети жапқа шекем пышық мурны батпайтуғын дүт тоғай. Мен жийренге қамшы басып, қуйынлатып баратырман. Гүзар жолға түскенимде артымнан маған атылған оқлардың сестин де есите басладым. Аттың жалынан беккем услап, «аллалап» киятырман. Ҳәкимниң ертерек жибермей усындай қәўипли ўақытта ҳәмир еткенине де ишимнен наразыман. Гүзар жолдың шығыс тәрепин басып өтип, «Айранжап»тың көпирине жақынлап қалған Мәдияр жүзбасының изинен жеттим. Мен оған ат үстинде Ҳәкимниң тапсырмасын айттым. Жүзбасының жүзи қараўытып, үлкен ала көзлери қанталап кеткен екен.

— Ҳәким қайда? — деп сорады ол, бесатарын қайта оқлап атырып. Астындағы қара ябысы аўызлығы менен алысып шыр-гүбелек айланып тур. Екеўимиздиң арамыздан оқлар шүйкилдесип өте баслады. Мен ҳәкимниң «Топ атқан» бийиклиги тусындағы шатлық тоғайдың

арасында турғанларын айттым. Жүзбасы маңлайынан аққан терин сүртип, көзин кең ашып, сол тәрепке қарап қойды да, маған:

— Тез кейин қайт, оқ жеткер!—деп бақырды. Мен атымның басын бурдым. Енди маған жаңағы келген жолымнан жүриўге болмайтуғын еди. «Айранжап»ты жағалап шаўып кеттим. Ханжөнейд қарақшылардың бақырысып ат қойған сеслери арт жағымнан еситилип турды.

«Айранжап»ты жағалап үлкен «Қанжап»қа жеттим де, атымның басын «Топ атқан» бийиклигине қарай бурдым. Бул тәрепте еки бойын қалың боянлық қаплаған соқпақ бар екен, бағанағы қорқынышым басылайын деди. Келе сала жүзбасының оқ сораған хабарын айттым Ҳәким маған;

— Аллашқа шап, жүзбасыға жүз оқ берип жиберсин, — деди.

— Оны қай жерден табаман? — дедим мен таңланып.

— «Айранжап»тың сағасынан!» — деди. Ҳәкимниң еки көзи душпанлар тәрепте. Қасындағы жигитлери де ушатуғын бүркитлердей ат үстинде қомланып турыпты. Шынында да душпанлар Балабийдиң ҳәзирги турған тусынан өтип кеткен еди. Ҳәким үлкен гүзар жолдың күн шығыс бетиндеги «Топ атқан» тусындағы шатлықтың ишинде жасырынып тур. Ханжөнейд қарақшылары билген жоқ.

Мен атымды ақ көбикке малып, жаңағы жүрип өткен соқпағым менен «Айранжап»тың сағасына жеттим. Аллаш-баққал атын терекке байлап қойып, өзи қараталдың жуўан шақасына минип, жақын жерде болып атырған саўашты бақлап тур екен:

— Жаңағы шаўып өткен сенбисең? — деди.

— Аўа, сизди көрмедим.

— Мен атымды қайта ертлеп атыр едим, — деди ол. Ол төмен түсти де, жүз оқты санап берди, мен дорбамды толтырып алып қустай уштым. Жүзбасының нөкерлери жантың көпириниң арқа ғырра жағасында буққила жатыр екен. Шаўып киятырман, мени көрген Мәдияр орынынан турып:

— Аттан түс, оқ жулып кетер, — деди. Мен төмен секирип, ердиң басындағы дорбаны жүзбасыға алып бердим.

— Раҳмет, Мәтмурат! Раҳмет саған! — деди де, және Бий аға қайда? — деп сорады. Мен оның өз орнында турғанын айттым. Усы ўақытлары Ханжөнейд қарақшылары «Айранжап» көпирине қарап шуўласып ат қойды. Жүзбасы дорбадан жигирма оқ алды да қалғанын маған қайтып берип турып: — Тез бизиң жигитлерге жеткер, кимде оқ таўсылған болса сол алсын, — деди. Мәдияр көпирдиң арқа тусындағы ақталды тасалап турып, шаўып киятырғанларды оққа тутты. Мен жаптың рашында тасаланып жатырған нөкерлерге жуўырып жүрип оқларды үлестирип бердим. Оннан кейин қайтып жүзбасының қасына келип атыма миндим.

Бул ўақыт еки тәрепте де саўаштың қызғын мәҳәли еди.

Ат үстинде қарап турман. Душпанлар «Айранжап» тың көпирине қарай оқ жаўдырып шуўласып киятыр. Мәдияр, Қосберген, Қыдыр баслаған қоңыратлылар гөзлеп атып, баспашыларды шығынға ушыратпақта. Саўаштың усы қызған мәҳәли «Топ атқан» қалыңлығында аңлып турған Балабий ҳәким Ханжөнейд қарақшыларының түў сыртынан аллалап топылысқа шықты. Мен көз жаздырмай қарап турман, баспашылар көпирге шама менен жүз қәдемдей жақынлап қалған еди. Усы туста онлаған қарақшы атынан аўнап түсип қулап атыр. Көликлери «Айранжап»тың көпирине қарай шапқылап келеберди.

Балабийдиң батыр, мерген екенлигин мен бурын да еситкен едим. Ол ат үстинде душпанларға оқ жаўдырып алда киятыр. Қырқтан аслам жигитлери еки тәрепинде араларын сийрек услап алға умтылмақта. Олардың «Өлсек — шейитбиз, қаза-ҳақ!» деп ҳәммеси қосылып айтқан сөзлери «Топ атқан» аспанын жаңлатады. Ел ушын, Қоңырат ушын «қаза-ҳақ, қаза-ҳақ!» деген гүңиренген көп даўыс, мениң де тула бойымды жуўлатып, намысымды қоздырып тур. Ҳәкимниң бул топылысы душпанлардың хүрейин ушырған болыўы керек. Сасқалақлап жолдан шығып, күнбатыс бетке қарай қаша баслады.

Усы ўақытта мени ҳайран қалдырған және бир нәрсе болды, кейнимнен қулағыма есап-сансыз шаўқым еситиле баслады. Бурылып қарасам, қумырысқадай қыбырлаған жан, қала беттен өрип, теңиз толқынларындай то-

лықсып киятырған еди. Шуўласқан бул көп аламан ҳәдемей бизлерге жақынлап тақалды. Олардың алдынғыларын кимлер екенлигин анық көре алмадым. Қолларына балта, бел, шот, кетпен, темиржаба сырық көтерген адамлар ерсили-қарсылы шожып киятыр. Олардың кейини күтә узақта — қала бетте көринеди. Булар өз азаматларына жәрдемге киятырған қала адамлары екен, Көпшилиги пияда.

Ханжөнейд қарақшылары бир шақырымдай узаққа барып жыйналысты. Олар да қала беттен киятырған аламанды көрген болыўы керек, көп узамай күн батыс беттеги Үстүрт таўларына қарай шегинип, қарасын көрсетпей жоқ болды. Балабий баслаған топар оларды қуўмады, жүзбасыға келип қосылды. Ҳәким дәслеп Мәдияр менен, кейин Асқар, Қыдыр, Қосберген батырлар менен ат үстинде қушақласып көристи. Ҳәким көзиниң жасын орамалы менен сүртип турды. «Айранжап»тың ырашында турып, душпанларды қадағалай баслады. Нөкерлер саўаш майданында оққа ушқан баспашылардың атлары менен жарақларын жыйнастырды. Қала беттен жеткен көпшиликти басқарып киятырған ақсақаллар, кәтқудалар Балабийге, оның қасында турған нөкер басыларына алғыслар айтып, жеңислери менен қутлықлады. «Айранжап»тың көпириниң дөгереги байрам сыпатында дөнип кетти. Ҳәммениң жүзи қуўанышта, өз-ара пикир алысыўлар қызды.

Бул мениң қоңыратлылардың жеңисин биринши көриўим. Ҳәким айнала дөгерегине қарады да, маған көзи түсип:

— Аллашты алып кел, — деди. Мен аттың басын бура бергенде торы ябысын жортақлатып ол да киятырған еди. Ҳәким де оны көрген екен.—Қалған оқты Қыдырға бер! — деп буйырды. Оннан кейин Қыдыр, Асқар, Қосберген батырларды қасына шақырып алып, душпанларды Қоңырат елиниң сыртына шекем қуўып салыўды ҳәмир етти. Бул топтың нөкер басы етип Қыдыр батырды белгиледи. Булар ҳәкимниң жүзбасы Мәдияр басқарған тобына қарағанда күши сарқылмаған тың жигитлер еди. Қоңыратты қорғаў ушын өз ерки менен жыйналған жүз жигит Қыдыр басшылығында жолға шықты. Көпшилик оларға жақсы тилек билдирип қалды.

Бул кәрада болған саўашта душпанлардың он бир



209912
Республиканская
Детская библиотека
ККАССР
1972 г

өлиги қалған еди, солардың бириниң бесатарын он оқ пенен Ҳәким маған берди. Мен биринши рет жарақ асынып,Ҳәкимниң нөкери болғаныма ишимнен қуўана басладым. Бул саўашта Мәдияр жүзбасы баслаған нөкерлерден сегиз жигит өлипти, душпанлардың шығынының улыўма саны отыз бир адам болыпты, соның жигирмасын жүзбасы басқарған нөкерлер Жиңишке жаптың тусындағы ҳәм кейин шегинген жолдағы болған саўашларда жоқ еткен.

Усы ретте Қоңыратты басып алмақшы болып келген Дошмық сардар баслаған қарақшылар екенлигин соң еситтим. Ҳәким баслаған қоңыратлылар қуўанышлары қойнына сыймай кешке қарай қалаға қайтты.

4.

Жаз айының ҳаўасы ашық бир күни азанда мен күндеги үрдис бойынша Ҳәкимниң қаладағы арыз сорайтуғын ҳәўлисине келдим. Рейим деген жигит меннен бурын Ҳәкимниң атын суўғарып, жем берип, шөп салып жүр екен. Бундай жумысларды кейинги ўақытлары усы жигит атқаратуғын еди. Ҳәким ҳәўлиниң ишиндеги терис әйўанда шай ишип отыр екен. Ол бүгин маған бурынғыдан өзгешелеў болып көринди. Қалың қара қаслы қабағы үйилип, үлкен сур көзлери қызарып кетипти. Анда-санда еснеп қояды, уйқыдан қалған адам сыяқлы. Мен сәлем берип қасына келдим де, дийўалға жақын турған шылымды шегиўге таярладым Ҳәкимниң балашағасы қаладан сырттағы жазғы ҳәўлисинде болатуғын еди. Үнсиз отырған Ҳәким дастурханды силкип жыйнап таслады. Оның бундай ҳәрекетин бурын көрмеген мен таңлана қарап қойдым. Ишки жан дүньясында қандай да бир ренжиўдиң бар екенин билдим. Мен усынған шылымды қорқыратып еки рет тартып, түтинин шығарды. Оннан кейин маған қарап:

— Балам, қалада не гәп бар- — деп сорады.

— Шайдаковтың әскерлери келипти, — дедим.

— Буны кимнен еситтиң?

— Ағамнан.

— Олар кимге мийман болып атыр екен,

— Алланияз қазының жайына түсипти, молла Үбби сонда күтип алыпты.

Ҳәким төмен қарап басын шайқап, аз ўақыт отырды да кейин:

— «Еки кемениң басын услаған суўға кетеди» деген, — деди өз-өзинен. Буны өзиниң қас душпаны ҳәкимликке таласып жүрген молла Үббиге арнап айтып отырғанын мен түсиндим. Әстен орнынан турды да маған қарап: — Рейимди ертип, Алланияз қазының жай бетине барыңлар, не хабар бар, — деди. Мен «Ләббай» деп ҳәўлиден шығып, Рейимди ертип жүрип кеттим.

Қазының үлкен ҳәўлиси «Қанжаптың» жағасындағы Ханмешит пенен қатар жайласқан еди. Бизлер келсек аңқайып ашық турған дәрўазаның алдында басларына шлем кийген, сур көйлек, сур шалбарлы, беллерине қылыш асып алған еки солдат бесатарларын қолларына услап тик тур екен. Усы ўақытта иштен бери қарай муртлас, солдатлардай кийинген, басындағы сур Кавказ малақайына жулдызша тағылған, орта жастағы адам келе берди. Оның да белинде қылышы, оң тәрепиндеги жамбасы тусында нағаны бар.

— Сизлер кимлерсиз? — деди ол қасымызға тез жетип.

— Коңырат ҳәкиминиң нөкерлеримиз, — дедим мен.

— Ҳәкимниң нөкерлери не менен шуғылланады?

— Коңыратты қорғайды.

— Кимлерден?

— Ханжөнейд баспашыларынан.

Мен усы гәпти айтқанда оның үлкен қара көзлери менен шырайлы жүзи күлимлей баслады.

— Күтә жақсы, бунан былай, душпанларымызға қарсы гүресте бирге боламыз. Бизлер Түркстан фронтының Хийўа полкиниң атлы әскерлер эскадронынанбыз. Сизлерге жәрдемге киятырмыз. — Усы гәпти айтқан ол ойланып турды да, оннан кейин, — Ҳәкимиңиз қайда? — деп сорады.

— Ҳәзир өзиниң арзыханасында отыр.

— Бизлер соннан шықтық, — деп Рейим сөзиме сөз қосып қойды.

— Қасында кимлер бар?

— Ҳеш ким жоқ.

Бизлер менен сөйлесип турған жигит эскадронның киши командирлериниң бири болса керек. «Ҳәзир келемен» деди де жуўырып ишке кирип кетти. Усы ўақытта сырт беттен молла Үбби келе берди. Мен оны таныйту-

ғын едим. Ҳайтлардағыдай үстине мөрели шапанын, басына қундыз малақай кийип алған. Тусымыздан өте берип, бизлерге бурылып қарап қойды. Екеўимиз де сәлем бердик. Ол бизлердиң Балабийдиң нөкерлери екенимизди билетуғын еди. Қыйғаш сур қой көзлери ишки жан дүньясының қуўанышлы сырын сыртқа шығарып ойнақшып қарады да, үндемей өтип кетти. Бизлер еле турмыз. Командир шығатуғын емес. Молла Үббиниң Балабийди жаманлайтуғынын мен өзим билемен. Қызыл әскерлердиң келиўи оған күтә қолайлы болған сыяқлы маған. Бираздан кейин бизлер менен сөйлескен командир қасына еки солдат ертип шыққанына көзим түсти, оның изинен көринген молла Үбби оған бир гәплерди айтты да, және кейин бурылып кетти.

— Қәне, Ҳәкимниң жайына баслаңлар, — деди ол. Бурынғыдай кеўилли көринбеди. Кейин қайтып киятырмыз, Балабийдиң арыз сорайтуғын жайы онша алыс емес еди, Ҳәким биз кеткендеги орнында болмай шықты. Командирдиң тапсырыўы бойынша ишки өжирелериниң ҳәммесин қарап шықтық. Усылай жүргенде мениң ядыма арқа беттеги атхана түсти, жаз қапыдан өтип оған барсам бийдиң үлкен ала ябысы орнында жоқ. Мен бийдиң асханасына барып палаў писирип атырған аспазынан сорадым. Ол «сизлер кетип баратырғанда сейисханаға қарай өткенин көзим шалып қалған еди, онда жоқпа?» — деп маған таңлана қарады.

— Атын минип кетип қалыпты.

— Маған хабарласпай кеткени ме енди палаўды ким жейди? — деп қолындағы кепкирин шошаңлатып турды аспаз.

— Палаў желинбей қалмас, оны излеп қызыл командир келип тур, оған не айтамыз? — дедим мен.

— Ҳәкимниң жоқлығына енди түсиндим, — деди ол, ойланып сөйлеп. — Кеше бөрек жеп отырып: «қызыллар киятырған усайды. Молла Үбби мениң орнымды алажақ, алдынан шығып кетти» — дегенди еситтим. — Буннан былай маған қыйын болатуғын шығар, — деген еди. Усыған қарағанда қызыллардан қашқан болыўы керек.

— Бизлерди таслап —кеткени ме? — дедим әкесиз қалғандай.

— Ҳәким ақыллы адам ғой халықта: «душпаныңнан бир сақлансаң, жаман достыңнан еки сақлан» деген бар

емес пе? Сақлық етип, қызыллардан да, молла Үббиден де қашқан ғой.

— Қызыллар ондай жаман адамлар көринбейди.

—Қуўана берме? Сен де сақланып жүр... Молла Үбби түлкидей адам. Сизлерди де жаманлап жүрер.

Мен сыртқа шығып, командирге Ҳәкимниң атын минип кетип қалғанын хабарладым. Бизлерге исенбей ҳәўлиниң ишин өзлери қарап шықты. Аздан кейин қайтып келген қызыл командир басын шайқап ойланып турды да, еки солдатын ертип кетип қалды. Бизлер болсақ анасынан айрылған палапандай не қыларымызды билмей Ҳәкимниң азанда шай ишкен орнында, сыпада үнсиз отырмыз.

Қоңыраттың ҳәкими Балабий усы қашқаннан Әмиўдәрьядан өтип совет ҳүкиметине қарсы күш жыйнап атырған Фильчев тобына барып қосылады. Буны биз кейин еситтик. Онда бир қатар ўақытлар болып аржақта, Фильчев пенен бирге жаңадан дүзилип атырған совет ҳүкиметине қарсы гүреседи. Оның ҳәлсизлигин сезип, кейин Қарақум қарақшылары тәрепине өтип кетеди. Кеше ғана Ханжөнейд пенен жан-тәнин аямай гүрескен ол енди оның менен айрылмас дос болып алады. Балабий Қоңыратты қайтадан басып алыў мақсетин ойлап, бир неше рет баспашыларды баслап өз елине келсе де, ойлаған мақсетине жете алмай, аўыр шығынларға ушырап, кейин қайтып жүреди.

Бул күнлери Мәдияр жүзбасы қаладан сырттағы Ашамайлы беттеги жайында болып атырған екен. Есқәлий нөкердиң айтыўы бойынша Балабий сол қашатуғын түни Мәдиярға барған .Жүзбасының сол күнги аўхалын Есқәлий өз көзи менен көрипти. Ол былай деген еди:

— Ҳәким түн ярымында жүзбасының дәрўазасын қақты. Есиктиң ишки бетинде қараўыллықта турған жигит Ҳәкимниң келип турған хабарын Мәдиярға айтады. Ол тез кийинип мени ертип сыртқа шықты. Өзи бесатарын алып, маған да қырағы болыўды тапсырды. Түн қараңғы еди. Ҳәўлиниң алдында атының қасында турған Ҳәким менен жүзбасы суўықлаў амапласты, мен де бийге сәлем бердим.

— Есқәлиймысаң, сен де усындамедиң? — деди даўысы қарлығып сөйлеп. Оннан кейин жүзбасыға: —

Қоңыраттан қол үзип биротала шықтым. Қалаға қызыл әскерлер келди. Молла Үбби солардың жылаўында жүр. Ол қолынан келген жаманлықты маған аянбай ислейтуғынына мениң көзим жетти. «Сақлықта қорлық жоқ» дегендей, қара бастың ғамын ислеўге туўра келди, — деди ол соңғы сөзин кеўли бузылып үзип-үзип айтып. Жүзбасы үнсиз тыңлап турды. Аздан соң Ҳәким «молла Үбби сени де жақсы көрмейди, мен саған соның ушын бурылып келип турман, мениң менен жүриўди қалай көресең? — деди.

— Қайда барамыз? — деди жүзбасы таңланып сөйлеп.

— Ханжөнейдке қосыламыз, басқа не илаж бар? — Мәдияр мырс етип күлгендей болды да:

— Бий аға, — деди ол, ойланып турып. — Усыны шыныңыз бенен айтып турсыз ба?

— Аспанға ушыўға қанат жоқ, жерге кириўге еле ерте, буннан басқа илаж қалмады ғой. Алдын ала ойласып алыўға сен маған келмедиң.

— Бас аўырыўға тап болып жүргенимди өзиң де билесең, соңғы онлаған күннен берли мәнисим жоқ. Шынын айтайын. Ханжөнейдке өтиў мениң үш уйықлағанда да түсиме енген емес. Қызыллар өлтирсе де мен туўған жерим — Қоңыратты таслап кете алмайман.

— Молла Үбби сени жүз — басылықтан түсирмекши, орнына Асқарды әкелип қоймақшы, — деди Ҳәким.

— Оны мен де еситкенмен. Асқар жүзбасы болса, мен нөкери боламан, бунын қандай парқы бар? Үлкен болайық, киши болайық, — Қоңырат халқын душпанлардан қорғасақ болғаны емес пе?

— Қызыл әскер болыў да ойында бар екен ғой? — деди Ҳәким сурланып.

— Буны алдағы ўақыт шешеди. Бий аға, Қоңыратты душпанлардан қорғап жүрген Асқар менен Қыдырдың соңғы жыллары шығынып кетиўине де өзиңиз себепши болдыңыз.

— Ол дурыс, — деди Ҳәким гүрсинип.

— Сизиң Ханжөнейдке сол ўақытлары-ақ жағынғыңыз келгенин енди жақсы түсинип турман.

— Гәп онда емес, — деди Балабий жәнe даўысы қарлығып шығып. — Қыдыр менен Асқарды жатқан жыланның қуйрығын басқаны ушын қуўдым. Неге парахат

жүрген яўмытларды услап әкеледи? — деп буннан бир неше жыл бурын болып өткен исти екеўи мениң ядыма түсирди.

Ўақыя былай болған еди; Қоныраттың ең шетки — Шоманай тәрепинде қараўыллықта жүрген Асқар менен Қыдыр. Басыў жерге бийдай екпекши болып қос айдап атырған еки адамды услап әкелип Ҳәкимге тапсырады. Балабий олардың алдағанына инанып елине қайтарады. Буны еситкен Асқар менен Қыдыр оларды кетип баратырған жеринде қуўып жетип, «Көкли көл» тусында атып өлтиреди. Олардың Ханжөнейдтиң жансызы екенлигин екеўи де билетуғын еди. Бурын жарақ көтерип, Шәрриктиң басқыншылық топылысларына қатнасқан қанхорлар еди. Балабий еки батырының айтқанына инанбаған. Асқар менен Қыдырдың бул ҳәрекети Балабийге жақпай Қоңыраттан кетиўге ҳәмир еткен. Кейин және шақыртып алған.

— Яўмытлардың урыспаз сардарларының Қоңыратты талап, адамларын өлтирип, ҳаял-қызларын жесир қылып алып кетип жүргенине қанша ўақыт болғанын ядыңызға салып көриңизши, өзиңиз? — деди жүзбасы қызып сөйлеп.

— Айтқанларыңыз дурыс, — деди Ҳәким, «Сен» — деп сөйлеўди қойып «Сиз» — деп даўам еттирип. — Көп ўақытты алмайық, — мени молла Үбби излетип те атырған болыўы мүмкин. Не қыласаң, мениң менен жүресең бе?

— Мен өз ойымды жаңа айтқанман.

— Онда маған Есқәлий ерсин?

— Бул оның өзиниң жумысы, — деди Мәдияр.

— Ҳәким аға, кешириң, мен жүзбасы менен қаламан. Соңғы ўақытлары Мәкеңе мени атқосшы етип берген өзиңиз ғой.

— «Қурсағың аш болса қосыңа бар, басыңа қайғы түссе, достыңа бар» — деген бийкар екен ғой, — деп Ҳәким мұңайды.

— Бала-шағаңызды не қылдыңыз? — деди жүзбасы.

— «Арба аўдарылғаннан» соң бала-шаға бола ма? — деп Ҳәким атына минди де, суўық демин алып жүрип кетти. Екўимиз бираз ўақыт изинен қарап турдық. Сол ўақытларында-ақ оның тулғасы суўға ылақтырған кесектей жоқ болып көринбей кетти. Жүзбасы менен

екеўимиз ишке кирип дәрўазаны тас қылып бекитип, қараўыл жигитке сергек болып жатыўды ескерттик.

Ҳәкимнен ажыралып қалған мен кейин Есқалий нөкерден усы ўақыяны еситтим. Жүзбасы Қоңырат халқына ҳадал берилген батыр жигитлердиң бири еди. Ол атағы шыққан Султамурат бегдиң баласы болыўына қарамастан жаңа дүзилип атырған Кеңес ҳүкиметиниң тәрепдары болып қалды.

5.

Мәтмурат аға усы бир өмир шынлығын маған айтып отырып, Мәдияр жүзбасының қайғылы апатқа ушырағанлығын да гүрриң етип берди.

— Мәдияр ири геўдели, ҳәр бир бармағы белсаптай, өткир қара көзли, адамға артық азары жоқ азамат жигит еди, — деп гүрриңин даўам етти — Қызыл әскерлердиң келиўи менен Қоңыратта совет ҳүкимети дүзилди. Ҳийлекер молла Үбби жаңа ҳүкиметтиң ўәкили болып тайынланды. Жаңа Ҳәким қаланың қубласынан онша қашық емес туста үлкенлиги бир танап жерди алатуғын ҳәўли салдыра баслады. Ҳәмелпараз, даңқпараз молла Үбби совет ҳүкиметин қоллаған болып, өзин Хан ҳәкими сыпатында тутып, ескиликти қоллай берди. Бул ўақытлары Ханжөнейд өзиниң тийкарғы күшин Төрткүл менен Нөкисте дүзилип атырған кеңес ҳүкиметине қарсы топластырғанлықтан, Қоңырат оның баспашыларынан тынышлаў болған еди.

Төрткүлди, Нөкисти басып алмақшы болған геллекесер сардар өз мақсетин орынлай алмай бурын басып алған Хорезм ханлығының жерлерин таслап Қарақумға қаша баслады. Бул әсиресе 1922—1923-жыллары еди. Оның қарақшылары мине усы ўақытлары өзлериниң үйренискен Қоңырат елине басқыншылықты қайтадан баслады. 1923-жылдың бәҳәринде бес жүзге жақын атлы Қоңыратты алмақшы болып, Үстүрт таўларын жағалап келип, таўдан төменги қумшоқат қумларына топласады. Бул жерде болған қайғылы ўақыяны айтып отырыўымның кереги шамалы. Себеби, ҳәмме биледи. Сол күнлери жүзбасы Мәдиярдың қалай қазы болғанлығы дөгерегинде сөз етемен. Мәдияр жүзбасы Асқардың ерлик пенен гүресин өлгенин еситип, шыдамы жетпей атланады.

Оның бул күнлери, үйинде қарап жатырған ўақытлары еди. Жаңа совет ҳүкимети-де оған тиймеген.

Бир неше ай байлаўға қойып семирткен қара ябысын миниўге мәжбүр болады. Буннан басқа оған жарамлы ат болмайды. Жүзбасы саўаштың екинши күни қызыл әскерлер менен коммунардың изинен баратырғанда Қум шоқаттың берги алдында дәслеп қаладағы горнизон әскерлериниң, оннан кейин коммунарлар менен ЧОН отрядларының шабысып қайтып киятырғанын көреди. Дәслеп бул көриниске түсине қоймаған ол, тусынан атларын қамшылап қашып өтип атырғанлардан қандай аўҳалға ушырағанын сорағаны менен өткиншилер түсиндирип ҳеш нәрсе айта алмады. Себеби, олардың изинен өкшелеп душпанлар қуўып киятырған. Бир топар қашқынлардың арасында киятырған Есқалий.

— Жүзбасы, басыңның ғамын ет, — деп тусынан шаўып өтип кетеди. Усы ўақытлары батыс беттен даўыл көтерилип самал қатты есип турғанлықтан оның да гәпин толық есите алмай албырап қалады. «Боранлы қум» дүбелейи арасынан жақынлап қалған душпанларды көрип, оларға қарап еки дүркин оқты атады, алдынғылары кейин серпиледи. Өзиниң қолға түсиў қәўпи туўғанлығын кеш сезген Мәдияр атының басын кейин бурып қамшы басады, ақ көбикке малынған қара ябы азырақ шабады да турып қалады. Тула бойын май басқан заңғар семизликтен жүре алмайды. Жүзбасы басқа илажы болмай тек атына қамшы ура береди, ябы қылт етпейди. Көлигине исеними кеткен ол, секирип түспекши бола бергенде желкесинен тийген оқ исин питиреди. Жансыз, бир қырынлап қулашын жайып аттан жерге қулайды. Оған қарап бир топар баспашы қышқырысып шуўласып шаўысып киятырған еди. «Мәдияр жүзбасыны неге аттың?» деген даўысты жақын жерде оқпанда жатырған коммунар Бағымбай Темирбаев анық еситеди. Бул таныс сести Балабийдиң даўысы екенлигин анық аңғарады, бирақ басын көтерип қараўға қорқады.

Қалада турған горнизонның командири Гришка қызыл әскерлер менен коммунарлардың басқы таўып қашыўына себепши болды. Мәдиярдың орнына жүзбасы болып тайынланған Асқар буннан бир күн бурын жигирма жигити менен қараўыллап жүргенде «Қум шоқат» қумларының қубла-күн батыс бетиндеги терең сайда-

ғы көп санлы Ханжөнейдшилердиң үстинен шығып, өзлериниң күтә азлығына қарамастан саўаш қурған. Бесжүзге жақын баспашылар Асқардың топарын қоршаўға алмақшы болады, оның онлаған жигити қашып қутылады. Асқар болса өзине исенимли жолдаслары менен қатаң саўашлар алып барып, ерлик пенен қаза табады. Қашып келгенлер (оның ишинде Есқалий нөкер де бар) усы хабарды қалаға жеткереди.

— Мәтеке, қаладағы горнизон командири Гришканың қашыў ўақыясын толығырақ айтып, берсеңиз? — деп мен оған қарадым.

— Болады, — деп ол бул ўақыяны былай даўам етти;

— Гришка командири болған қырқ атлы қызыл әскер қырқ атар пулеметын атқа артып, жолға шықты. Оның изине жүзге жақын жарақлы коммунарлар, ЧОН отрядының жаўынгерлери ҳәм қала халқының ўәкиллери ерди. Солардың ишинде мен де бар едим.

Душпанлар ҳәм сол бурынғы «Терең сайда» бизлерди күтип жасырынып турған екен, буны алға кеткен барлаўшылар айтып келди. Асқарлардың саўаш қурған жерине келип, олардың өликлерин атларға артып кейин жибердик. Бул ўақытта Гришка баслаған горнизон солдатлары «Арқашлаў қумды» жағалап, атыспаға таярлана баслаған еди. Қырқ атардың аўзы да душпанлар тәрепке қаратылды. Коммунарлар, ЧОН отрядының жаўынгерлери олардың арқа жағынан орын алып, урысқа таярланды. Бул түске жақынлаған ўақыт еди. Алдымыздағы сайдан баспашылар бизлерге қарап қаплап қумырсқадай өре баслады...

Усы тарийхый ўақыяны айтып отырған Мәтекең бирден суў серпкендей тым-тырыс қалды. Мен геўдемди үлкен көпшикке берип, оның сөзин блокнотқа жазып алып отырған едим, басымды көтерип оған қарасам, Мәтекең көзинен аққан жасын сүртип атыр екен. Мен үндемедим. Ол аз ўақыттан кейин өз қәддине келип, сөзин даўам етти.

— Усы ретте биз Қоңырат жигитлери күтә аянышлы аўҳалға түстик. Душпанлардан усы бүгин қашамыз деген ҳеш ўақытта ойымыз да болмаған. Терең сайдан шыққан Ханжөнейдшилер, алдыңғы бетинде кең қулаш

жайған пиядалар, оннан кейин атлылар бизлерге жақынлап қалды. Қырқ атар бир рет тақылдады да үни өшти. Бекинис қурып жатқан арқашымыздың дөгереги қула-майданлық қум еди. Тәбияттың қандай да бир ҳәмири менен дүбилей турып кетти. Бизлер қырқ атардың сестин еситкеннен, душпанларға қарай оқ жаўдыра басладық. Қәпелимде «жин урғандай» ўақыя жүз берди...

Мен көрип жатырман, Гришка атына ырғып минип, өз солдатларына «Атланыңлар!» — деп команда берди. Қудай бир ҳаққында, бизлер оны қашады деп ойлаған жоқпыз. Горнизон солдатлары ғалаба атланды, қылышларын суўырып алып жоқары көтерди. Душпанларға қарсы атакаға шығатуғын болды-аў, деп қуўандық. Усы ўақытлары Гришка атының басын кейин бурып тура қашты. Солдатлары оның изинен тым-тырақай шапқыласты. Мине, усы бир ядқа түсириўге болмайтуғын көринисти еске алсам, азаматлық ызам қайнап, көзиме жас айналады. Горнизон командири Қоңырат жигитлерин қыйын аўҳалға таслап қашып кетти. Қатар жатқан жигитлердиң гейбиреўлери «атысамыз, қорықпаңлар!» деп бақырды. Гейбиреўлери «Гришканы қуўып жетип атып өлтириў керек!» — деп қышқырды.

Бизлердиң изимизге жүздей атлы душпанлар түсти, араларымыз жақынлап қалды. Қашып киятырып еки-үш рет бурылып, душпанға оқ жаўдырып едик, олар кейин серпилип кетти. Бизлер көлге жетиўге асығып шабыса бердик. Баспашылар изимизден және оқты қардай жаўдырып, қуйынлатып жетип қалды. Келе-келе атларды суўға урдық, бизлердиң бахтымызға шығар. «Малшының көли» онша терең емес екен, суў атлардың баўырына келип, гейбир жерлерде ерге де таялды. Жағаға жетип келген қарақшылар устимизге оқты жамғырдай қуйып турды, бирақ ҳеш биримизге душпанның оғы дарымады. Олар көлге түсип бизлерди қуўмады. Қарақумды жайлаған баспашылар шынында да суўдан қорқатуғын еди.

«Малшының көлин» тереңлеп бираз жүргеннен кейин суўсыз ашық қырға шығып, атлардың басын Қоңыратқа қарай бурдық. Бизлерди «Малшының көли» аман алып қалды. «Асқардың басқыны» деп қоңыратлылар атап кеткен усы күни бизлерден отыз жети жигит қазаға ушырады. Олардың арасында Қоңырат Совети

атқарыў комитетиниң председатели Байғақатов коммунарлардан Әбдиўалий, Емберген, Асаматдин, Тәжимурат — деген ер жигитлер бар еди. Бул Қоңырат халқының өмириндеги бир умытылмас қанлы ўақыя болып қалды. Соннан көп узамай Гришка Хийўаға шақырылып, әскерий трибуналдың ҳүкими менен атылды, деп еситтик.

— Мәтеке, сиз бағана Мәдияр, оққа ушқанда Балабий оны қуўып киятырған душпанлардың арасында бар екен, ол «Мәдияр жүзбасыны неге аттыңыз?» депти, дедиңиз. Бул гәпти оқпанда жатып коммунар Бағымбай еситипти, деген едиңиз. Ол киси оқпанға қалай түскен?

— Ол ўақыяны айтпадым ба? — деп ғарры азырақ тикленип отырды да, гәпти жалғастырды. — Бағымбай Темирбаев мениң менен Хорезм полкинде Ханжөнейдке қарсы төрт жыл гүрескен адам. Бизлер «Малшыға» қарап қашқанымызда ол басқа топарда екен. Жолда оның атына оқ тийип, сүрнигип жығылады. Баспашылар жақынлап қалған. Басқа илажы болмаған Бағымбай үстин қаңбақ басып атырған оқпанды көриўден соған тығылады. Буны кейнинде шаўып киятырған душпанлар аңламаса керек. Мине, усы ўақытта жақын жерден Балабийдиң сестин еситеди, басын көтерип қараўға қорқады. Қашқынлардың бир қатары қутылып, саўаш тоқтап, Ханжөнейдшилер кейин қайтады. Бул ўақытта қас қарайып, қараңғы түседи. Усы мәҳәли Бағымбай оқпаннан шығып, Қоңыратқа қарай жаяў кетеди. Аз ўақыттан кейин жолда жайылып атырған атқа дуўшакер болады. Бул Гришка солдатларының бириниң аты екен, соны минип қалаға келеди. Бағынбайды таныйтуғын шығарсыз? — деди Мәтекең маған қарап.

— Билемен, ол киси Қарақалпақстан менен Хорезмдеги дәслепки матрослардың бири. 1914—1917-жыллар арасында Әмиўдәрьяда жүзетуғын «Бухарский» пароходында матрос болып ислеген адам. Ҳәзир Қоңырат қаласында турады, — дедим.

— Қоңыраттың ер жүрек азамат жигитлериниң бири Мәдияр жүзбасыны сөз етемиз деп тийкарғы гүзар жолдан бираз шетлеп калдық, — деди Мәтекең кеўилли түрде. — Енди гүррińди қызыл әскерлердиң Қоңыратқа келгендеги мақсетинен баслайын.

## 6.

Бир неше күннен кейин «Хан тереги» деп аталатуғын нәҳән ақ теректиң қасындағы Ғәлле базарда жыйналыс болды. Қала халқының көп жыйналғаны соншелли, қур болып турған көпшилик ашық алаңлыққа сыймай, адамлардың бир бөлеги тамлардың басына шығып кетти. Жас балалар «Хан терегине» өрмелеп, оның үлкен шақаларына минип отырды. Шайдаковшылар жаңадан дүзилген жас кеңес ҳүкиметин ҳәм оның жергиликли басшыларын қутлықлады. Хорезм полкине жаўынгер болыўды қәлеўшилерди дизимге алды. Мен де дәслепкилердиң қатарында қызыл гвардияға ағза болып жазылдым. Бул күн мениң ядымнан усы ўақытқа шекем шыққан емес. Ғәлле базардағы жыйынның кейни халық сейилине айланып кетти.

Қоңырат жасларынан алпысқа жақын жигит қызыл гвардия қатарына кирген еди. Усы күнги жыйналыста Хорезм полкиниң әскерий басшылары «Жасасын қызыл гвардия!» «Жасасын қызыл Қоңырат қаласы» деп қутлықлаған даўыслар мениң еле қулағымнан кетпей, көз алдымда турғандай. Соннан баслап гүресшең Қоңырат елимиз тиллерде дәстан болып «Қызыл Қоңырат» атанып кетти. «Қызыл Қоңырат» қосығын тек ғана Қоңырат жаслары емес, Хорезм полкинен қайтып келип коммунар болып жүргенде бизлерде айтқанбыз.

Басы үлкен жыйналыс, кейини сейил болған күнниң ертеңине Қоңыраттан атланған эскадронның қатарында жас қоңыратлылар Кудайберген Бекниязов (лақабы Қара бала), Ибрайым Тәжимов, Режеп Сапаев, Бағымбай Темирбаев, Жақып Жаңабаев, Дурдыбай гармоншы, Базарбай-көккөз, Мәдияр-қанжығалы, Мәтқурбан, Ибрайым-узын, Балымбет Орынбаев, Төребай, Әмет, Мәтяқуп, Бәўетдин, Қурбанияз, Шаңбай усаған көплеген жигитлер болды. Минетуғын атлары менен ер, жүўенлерди де халық жыйнап берди. Қоңыратлылар бизлерди буннан бир неше жыл бурын жеңиске ерискен «Айранжаптын» көпирине шекем узатып салды, бахытлы, жеңисли жол тиледи.

Усы сапарымызда Хожелиге келдик. Бул жерде да Қоңыраттағыдай жыйналыс болды. Хорезм полкине жаўынгерлер қабыл етилди. Хожелишилер қоңыратлы-

лардай ақ кеўиллерин аша қоймады, себеби бунда ислам дини менен уўланған хожалар көп еди. Олар бизлерге онша исенимли болмаған болыўы керек. Хожелиден кейин эскадрон Ташаўыз, Гөне-Үргенч қалаларына барып, кеңес ҳүкиметин дүзди, өз қатарына жаңа жаўынгерлер тартты.

Көп узамай бизлер Хийўаға келдик. Бул жерде саррас бир ай әскерий ислерди үйрендик. Ол ўақытлары Хийўада ҳүкимет басында Атамақсым, Меңли Хожа усаған жас Хийўалылар турған. Олар сыртқы көринисинде кеңес ҳүкиметин жақлағаны менен ишки жандүньясы қарсы болып шықты. Эскадрон менен жаңадан келген бизлерге бир сутка ишинде Хийўаны босатыўды талап етти. Олардың талабын орынламадық.

Мине, усындай қыйын-қыстаў күнлердиң биринде Ташкенттен әскерий жәрдем келди. Оның басында Миршарипов, Волочинлер турды. Хорезм полкине жаңадан қосылғанлар қарыў-жарақлар менен тәмийин етилди. Усылай етип, Хийўада қызыл әскерлер топланып, тек ғана сыртқы душпанлардың емес, ишки феодаллардың да ҳүрейин ушыра баслады. Буннан қорыққан Ата мақсым менен Меңли Хожа баслаған бузақылар бир түнде қашып жоқ болды.

Бул ўақыядан кейин бурын ыдырай баслаған Хорезм полки тийкарынан қайтадан дүзилип, үш эскадроннан ибарат болды. Екинши эскадронға Қоңырат жигитлеринен Қудайберген Бекниязов, Әмет, Базарбай көккөз, Ибрайым усаған бир топар жигитлер қабыл етилди. Мен, Төребай, Ережеп, Турдыбай, Матяқуп, Қурбанияз ҳәм басқа да бир қанша жигитлер үшинши эскадронға жаўынгер болып бардық. Эскадрон командири рус жигити Семенов болды. 1-эскадронға да бир қатар Қоңырат жигитлери қосылды. Ҳәзир олардың атлары ядыма түспей отыр.

Бул күнлери Ханжөнейд қарақшыларының күшейип, Хорезм ҳәм Түркмен еллериниң өзине бағынбаған аўыллары менен қалаларына топылып атырған ўақты еди. Биринши эскадрон қыстаўлы түрде Жыланлы қаласына атландырылды. Себеби Ханжөнейдшилер бул қалаға үлкен қәўип туўдырған. Олар кеткеннен бираз кейин эскадронның командири Семенов маған Жыланлыда урысып атырған биринши эскадронның командири Сагидовқа

хат апарып тапсырыўды буйырды, қасыма қоңыратлы жаўынгер Мәтқурбанды қосты.

Бул жаз айларының ортасы, ҳәмме әтирап жасыл дөнип жайнап турған ўақыт. Екеўимиз атлы жүрип киятырмыз. Күн ыссы. Жолдың еки бети қаратал, ақ тереклер менен бүркелген. Алдымызға ҳәм айнала дөгерекке сақлық пенен қарап баратырмыз. Жолда ушырасқан жолаўшылардан «баспашылар ҳаққында не билесизлер?» деп сораймыз. Хийўадан көп узамай-ақ күндиз жол жүриўдиң күтә қәўипли екенлигин аныкладық. Себеби, орайдан алыслаған сайын усы дөгереклерде душпанлардың майда топарларының қара қурттай өрип жүргенлигин еситтик. Олар гейпара аўыллардың адамларын өлтирип, мал-мүлкин талап, қыслаўларын, үйлерин өртеп кеткен. Усыған байланыслы түнде жүрип, күндиз тас жер таўып жасырынып жататуғын болдық. Үш күн дегенде Жыланлыға зорға жеттик.

Биринши эскадронның жаўынгерлери Жыланлыда Байжанхан баслаған бес жүз атлы Ханжөнейдшилердиң қамаўында болып, оларға қарсы ерлик пенен гүресип, душпанларды қаладан сыртқа ысырып таслаған ўақты екен. Қатаң урысларды басынан кеширип, оқлары таўсыла баслаған олар қуўана-қуўана күтип алды. Бизлер еки қоржын оқты тапсырдық. Хатта тез жәрдем болатуғынлығын, қалай да болса «Жыланлы»ны Ханжөнейдшилерге бермеў көрсетилген екен. Бизиң изимизше екинши эскадрон да жетип келди. Соннан соң Байжанхан басқыншыларына қарсы атланыс басланды.

«Жыланлы» қаласының дөгерегинде бир неше күнлер қатаң саўашлар алып барылды. «Жыланлы» әтирапында шубырысып жүрген баспашылар Қарақумның түпкирине қарай қаша баслады. Порсының қасындағы «Әўшик» деген жердеги қыян-кески урыста Қоңыратлы жаўынгер Төребай душпан оғынан нәбыт болды. Хорезмли жигит Қурбанбай аўыздан аўыр жарақатланды. Төребайды үлкен ҳүрмет пенен жерледик те, Қурбанбайды емлеиў ушын Хийўаға жибердик.

Кишипесин ўақтында «Манақ» елатлы жеринде душпанлар менен урыс қызып кеткен еди. Еки эскадронның жаўынгерлери тосыннан атакаға шығып, душпанлар үстине қарай лаппа ат қойдық. Мениң оң жағымда алдыңғы қатарда эскадрон командири Семенов шаўып ба-

ратырған еди. Аты шуқырға жығылып, өзи анадай жерге ушып түсти. Командирдиң аты еле қолға жақсы үйрене коймаған асаўлаў еди. Орнынан турып, дүр-дүр силкинди де душпанлар бетке қарай ылағып қаша баслады. Оны баспашылар бетке өткермеў ушын мен алдын орамақшы болып атыма қамшы бастым, оның екинши тәрепинен қоңыратлы Сарыбай деген жаўынгер умтылды. Екеўимиз де атқа жақынлай бергенде Сарыбайды душпанлар атып түсирди. Қолым командирдиң атының жылаўына илине бергенде жуўан саныма оқ тийип, мен де жараландым. Усыған қарамастан командирдиң атын сүйреп, кейин алып шықтым.

Усы ҳәрекетлеримизди көрип турған Семенов қабағын үйип:

— Рухсатсыз неге алғы шепке шықтыңлар? Аттан адамның қәдирли екенлигин усы ўақытқа шекем түсинбегенлериңиз бе? — деп урысты.

Оқ мениң жуўан санымдағы булшық етти тесип өтип кеткенликтен ,мен аўыр ақсайтуғын едим. Күш-қуўатым мол жас жигит болғанлықтан шығар, жарам тез жазылып кетти. Бирақ, аяғымды мәңги сылтып басатуғын болып қалдым...

Ташаўыз дөгерегиндеги баспашыларды сапластырғаннан кейин Гөне Үргенч бетке өтип, горнизонлық хызметин атқардық, бул тәрепте де Ханжөнейдшилер оғада көп екен. Қаладан жийи-жийи шығып, олардың изине түсип, саўашлар жүргизетуғын болдық. Қалың қарлы кысты Гөнеде өткерип баспашылардың басым көпшилигин Қарақумның терең алыстағы түпкирлерине қашыўға мәжбүр еттик. Бәҳәрде қарақшылар және Гөне Үргенч дөгерегинде пайда бола баслады. Булар Анна бала, Ғуламалы-хан, Усағбег-сардар баслаған қарақшылар еди. Олардың тийкарғы күшлерин қыйратқаннан кейин, бул әтирапта баспашылар бурынғыдай қайта бас көтере алмады. Қарақумға сиңип кетти.

Соннан кейин бизиң әскадронымызға «Хийўаға қайтсын» — деген буйрық келди. Әскадрон Үргенч халқы менен хошласып, жолға шықты. Қалада горнизонлық хызметинде арнаўлы әскерий бөлим қалдырылды. Олар жергиликли халықтан шыққан ЧОН отрядының ағзалары менен бирге қаланы ҳәм оның дөгерегиндеги аўыл-

ларды баспашылардан қорғап турды. Еки эскадрон да Хийўаға келгеннен кейин, аз ўақыт дем алыста болдық.

### 7.

Бизлер Хорезм полкинде болған ўақыттың екинши жазы өтип, аўыр гүздиң даўам етип атырған ўақты. Бир күни түн ярымында тревога болып, тез атландық. Хийўа тым-тырыс уйықлап жатыр, ҳәттеки ийтлер де үрмейди. Узағырақтан үлкен қаланың дийўалларында турған қараўыллардың бир-бири менен хабарласқан сеслери келеди. Түн қараңғы еди, салқынлаў, эскадрон қала ишиндеги гүзар жол менен күн батыс бетке қарай жүрип киятыр. Өз-ара сөйлеспеўге, ҳәттеки қаттырақ жөтелмеўге де алдын ала ескертилген. Көп санлы атлардың туяқларының жумсақ топыраққа урған тырсылдысы ғана әсте еситиледи.

Гүз ўақты болғанлықтан түнниң салқынлығы маған сезилип киятыр. Үстимде әскерий бөз көйлек, басымда шлем, шалбарым да бөз, ол жасылға боялған. Ийниме асынған бесатарым менен белимдеги қылышым денеме муздай болып тийеди. Колонна әсте жүрип киятыр. «Неге қаттырақ жүрмейди екен, бойым қызар еди», — деп ойлайман. Астымдағы жүрмел жийрен, аяқларын алшаңлап басып, бул да асығатуғын емес.

Қаладан шыққаннан кейин командиримиз қаттырақ жүриўге буйрық берсе керек, алдыңғы қатардағы жаўингерлердиң атлары тарбаяқлап барып, еркин желе баслады. Бундайда мениң жийреним қамшы суймейтуғын жәниўар еди, тақымымды да қысыўға қарамастан алға умтылды. Бираздан кейин тула бойым қызып, тоңғанымды умытып кеттим.

Тас қараңғы түнниң тынышлығын бузып, сатырласып киятырмыз. Жолдың еки тәрепинен ийтлердиң үргени еситилип тур. Көзимизге көринбесе де жақын жерлерде аўыллар барлығын усыннан билип киятырман.

Таң алдында Қошкөпирден өтип, Шабатқа қарай атлардың басын бурдық. Эскадронның алдында бир-еки шақырым жерде барлаўшыларымыз баратыр еди. Манақ деген елатқа жақынлағанда командиримиз иркип, бул түнги атланыстың тийкарғы мақсетин айтып түсиндирди. Манақта Нуржан батырды Ханжөнейдши-

лер қоршаўға алып, қатаң урыслар болып атырғанын айтты. Бизлер оған жәрдемге киятырған болып шықтық.

Күтә қыйын аўҳалға ушыраған Нуржан Хийўадан көмек сорап, ат шаптырып, адам жиберген.

Нуржанның ески қорғанға усаған үлкен ҳәўлиси Манақ қаласының күн шығар тусында екен. Биз таң ағара бергенде оны қамап атырған душпанлардың туў сыртынан келип ҳүжим жасадық. Баспашылардың көпшилиги ҳәўлиниң айнала дөгерегине қур тутып, қамап жатырған екен. Көпшилиги уйықлап қалған болса керек бизиң тосыннан топылысымыз оларды ҳаўлықтырып таслады, олар суўға түскен тышқанлардай тура-тура қашты. Айырым топарлары есин жыйнап, бизлерге қарай оқ ата баслады.

Күн шыға Нуржан батырдың ҳәўлисин душпан қоршаўынан азат еттик. Бирақ душпанлар көп узамай қайта топылысқа өтти. Олар бизлердиң тек бир эскадрон қызыллар екенимизди билсе керек. Төрт жүз атлыдан кем болмаған Ханжөнейдшилер оқ жаўдырып, үстимизге бастырмалатып келе берди. Эскадрон жаўынгерлери түни менен уйқысыз жол жүрип атлары да, өзлери де шаршағанларына қарамастан ерлик пенен саўаш қурды. Душпанлар және кейин серпилди. Оларды Манақтан уш-төрт шақырымға қуўып таслап қайтып келдик. Түс аўа Ханжөнейдшилер және топылыс жасады, бул ретте де қызыл әскерлер ерлик пенен урыс алып барып, баспашыларды онлаған шақырым узақлыққа қуўып таслады. Бул урысларда еки тәрептен де шығынлар болды.

Усы Манақтағы Нуржан батырды қоршаўдан азат етиў урысларында болған бир ўақыяны мен еле умытқан емеспен. Қатарында өзим болған взводтың командири Гөне Үргенчли Қурбанбай Мәтяқубов еди, қасымыздағы екинши взводтың командири Шертай деген жигит болды. Нуржан батырды қамап атырған баспашы Усағбегтиң қарақшылары болып шықты. Оларды биз қуўып, атысып баратырғанда қоңыратлы жаўынгер Ибрайым Тәжимов бир қәтелик иследи. Эскадрон жаўынгерлери буққыдан өрре түргелип атакаға умтылғанда ол кейиниректе қалып қойды. Алдыңғы қатарға ерисиў ушын жуўырып киятырған ол душпанларға оқ ата баслады. Оның бир атқан оғы алдында баратырған Бешарықлы жаўынгер Жуманияздың аяғының арасына түсип, топы-

рақты бурық еттиреди. Ибрайымның усы қәтелиги биз қоныратлыларға бәле болды. Хорезмли жолдаслар бизлерди «урысыўды билмейтуғын Араллы балықшылар» деп атады. «Абайлы болыңлар, қоныратлы садалар, атып тасламасын» деп те мысқыллайтуғын болды. Олардың бул гәплерин көтермеген Мәтқурбанға усаған Қоңырат жигитлери бир неше рет кейисип те қалды. Ишлеримизден намысланып, «енди саўаш болса көрермиз», деп жүрдик.

Бир күни Мәтқурбан менен Жуманияз және сөз алысты. «Сиз қоңыратлылар! — деди Жуманияз қызып қалшылдап сөйлеп, — Қоңыратқа қайтып мал бағып, балық аўлап, қамыс орсаңызлар да болады», — Күтә қызыў қанлы, сөз көтермейтуғын Мәтқурбан оны атып таслайжақ болды. Бул ерегисти еситкен командиримиз Жумағулов тез келип араласып, екеўин де қуралсызландырып қойды. Усының ертеңине жыйналыс шақырып, Ибрайымның ислеген дәслепки қәтелигине кеширим берип, «алдағы ўақытта және усындай ислесең қатаң жазаланасаң» — деп ескертти. Хорезмли жаўынгерлерге де: «қоңыратлылар ҳеш кимнен кем урысып жүрген жоқ. Сизлер, биймәни артық гәп айтып жаманлағанларыңызды қойыңлар», — деп ескертти. Мине усыннан кейинги және бир қызық ўақыя есиме түсти.

Сол Манақта болған үлкен соңғы саўашлардың биринде биринши взвод пенен екинши взвод жаўынгерлери, душпанларды қуўып алға өтип кетти. Бизлерге мүмкиншилик болмай қалды. Алдымызда салыгершилик арасында бир топар баспашылар буққы таслап оқ жаўдырып жатыр. Тез атлардан түсип, олар менен атыса басладық. Мен «және хорезмли жолдаслар күлетуғын болды-аў» деп күтип жатырман. Бекинисте жатқан жаптың арасына душпанлардың атқан оқлары жыландай ысқырып келип түсип, топырақты бүркип атады. Бас көтерсен жулып түспекши. Ханжонейдшилер қалыңға жасырынғанлықтан, оларды көриў қыйын болды, аңлып жатырмыз. Салылары қозғалып кеткен тусқа сийреклеў оқ атып қоямыз. Арамыз онша узақ емес

Бир ўақытта ерси жағымсыз ири даўыс шықты. Ол «Мусылманлардан кәпир болған бузықлар, қорықпасаңлар бери келиңлер, жанларыңды суўырып, болшибек аталарыңа алып берейин» дейди. Буны еки жағымда

жатырған жаўынгерлер де еситип атыр екен. Жаңағы гүрилдеген сес усы гәпти және қайталады. Мен оң жағымдағы Төребайға қарадым, ол басын ийзеп «еситип атырман» — деген белги берди. Сол тәрепимде жақын жерде жатырған Мәтқурбан тисин қайрап ашыўланып, «неге үстине басып бармаймыз? Мен тәўекел етемен, сизлер изиме ерсеңлер» — деди. Оның бул гәпин қатар жатырған жигитлер де еситти.

Қалың салыгершиликтиң ишинде жыландай айбат шегип, бақырып атырған душпанның жатқан жерин шамалап алдық та, бәримиз сол тусқа оқ жаўдырып, өрре турып бирден алға умтылдық. Бул ўақытлары күн де батыўға жақынлаған еди. Ҳәммемиз де қустай ушып киятырып душпанлар бар-аў, деген тусқа оқты қардай бораттық. Бизиң тосыннан ислеген бул топылысымыз, баспашылардың ҳүрейин ушырған болыўы керек. Үни өшип басларын көтере алмай қалды. Бирақ қалың салылардың арасынан кешки ымырт қараңғысында ҳәр жерден оқлар найзағайдай жылтылдап ушып турды. Жалт-жулт етип тумлы тусымыздан өтип атырған әжел оқларына қарамастан жасырынып урысып атырған душпанлардың үстине басып жетип бардық. Мениң алдымдағы салының арасынан еки қара, муртлас қолларын көтерип түргелди. Төребай екеўимиз оларды тез қуралсызландырдық. Және алға қарап умтылғанымда шеп жағымнан биреўдиң гүрилдеп, ыңырсып атырып бизлерди боқлаған сөзи қулағыма тийди. «Мусылманнан кәпир болғанлар, сизлердиң талайларының терилерине сабан тыққанман!» — дейди.

Бес атарымды кесе услап, қалың салыны айырып сес шыққан тусқа қарай жүрдим. Салының арасынан маған қарап көтерилген мылтықтың қарайған аўзына көзим түсти. Былғаңлап кетти де тарс ете қалды. Усы ўақытта шеп қулағымның тусынан бир нәрсе зуў етип өтип кетти. Әлбетте, бул жасырынып жатырған душпанымның оғы еди. Маған туўрылаған бесатардың басы қыйсаңлап турмағанда оқ мени жулып түсетуғын еди. Бесатардың қараўытқан аўзы және маған қарағанда өзимди төмен тасладым. Тез еңбеклеўим менен оның туў сыртына шықтым. Қылышымды суўырып алып, орнымнан тикке турып жапырылған салының үстинде аўнап жатырған душпанның еңсесине бар күшимди салып пәт пенен ур-

дым. Өткир қылыш оның басын жулып түсти, геўдеси тикленбекши болды да оң тәрепке қарап қыйсайып қулады. Еки рет шоршып түскен гелле түсиниксиз бир нәрселерди айтты да, тым-тырыс болды.

Мениң алдымда қара қапа сақаллы, муртлас, үлкен геўдели баспашы қанға боялып жатты. Бизлерди бағанадан бери сөгип, урысқа шақырып атырған да усы қанхор еди! Оның қанталаған үлкен ала көзлери кирпик қақпастан маған тесиле қарап жатты, бирақ көз қарашығының нуры сөнген еди...

Өлим менен өмир гүресинде, өзим жеңип шыққан баспашының Ханжөнейдтиң ең жаўыз қанхорларының бири Ғошым-сардар екенлигин мен кейин билдим. Усы жерде болған саўашта бизлер бес баспашыны тирилей қолға түсирдик. Он бири өз қәбирин усы жерден тапты. Бул кәрадағы ҳужимге қатнасқан Мәтқурбан, Төребай, Хожамурат, Ержан, мен ҳәм басқа да Қоңырат жигитлериниң ерлигин Нуржан батыр менен эскадрон командирлери сийрек ушырасатуғын қаҳарманлық, — деп баҳалады.

Бизлердиң жолымызды бөгеп, салыгершиликте буққыда қалған қарақшылар, Усақ-бегдиң батыр атанған гелле кесерлери екен. Олар қызыл әскерлердиң бул кәрадағы топылысын өзлери басшылық етип қайтармақшы, жеңиске ериспекши болып, буққыда жатқан еди.

Төребай эскадрон командириниң орынбасары етип тайынланды. Ол жасы жигирма сегизге шыққан сымбатлы жас жигит еди. Екинши взводтың командири Шортай орнынан алынып, Мәтқурбан взвод командири етип қойылды. Мен усы взводтың бөлим командири болдым. Хожамурат менен Ержанлар да киши командирлер болып тайынланды. Соннан кейин хорезмли қуралла дослар бизлерди мазақ етиўди қойды.

Душпанларды жеңип, қалдықларын Қарақумның түпкирине қуўып таслағаннан кейин Манаққа қайтып келип, дем алдық. Усы дем алыс күнлериниң биринде эскадронның басшылары Хорезм миллий гүреси бойынша жарыс шөлкемлестирди. Бизиң эскадронның жаўынгерлери арасынан палўанлар да көплеп табылды.

Гүз айы болғаны менен ҳаўа ашық, күн жыллы еди. Манақ қаласының ортасындағы ғәлле базарға халық көп жыйналды, эскадронның Ханжөнейд қарақшыларын

жеңиўине байланыслы халық сейили басланды. Сырнайлар шертилип, масқарапазлар ойнап ортаға шықты. Қыз-келиншеклер атлас, шайы, жупқаларға бөленип, шақалақ атып күлисип, қурға жыйнала баслады. Майда баққал саўдагерлер көбейип, ҳалўа, конфета сыяқлы затлардың да базары қызды. Балық қууырдақшыларының ошағында сазанлар менен ылақалар пышырлап қуўырылды.

Түске жақынлағанда қошқар урысы тамамланып, гүрестиң гезеги келди. Хорезмде қандай той-мереке болсын, гүрессиз өтпейтуғыны белгили емес пе? Ҳә демей ортаға палўанлар шығып, гүрес майданына мыңлаған көзлер тигилди. Қурға жыйналған қала халқының арасында эскадрон жаўынгерлери өз алдына топланып тамашалап тур. Қаланың жергиликли халқы арасынан шыққан Аббаз палўан екинши тәрептегилердиң жиберген палўанларын изли-изинен жыға берди. Хорезм гүресиниң бурыннан киятырған тәртиби, дәстүри бойынша қала халқы еки тәрепке бөлинип гүрес тутады. Ҳәзирги болып атырған гүрес үш тәреп есабында көринис береди. Бул әсиресе эскадрон жигитлери ортаға шыққаннан кейин ажыралып кетти.

Манақтың Аббазы төртинши палўанды жыққаннан кейин мениң шеп жағымдағы Мәтқурбан ҳеш кимниң зорлаўысыз-ақ алға шығып шешине баслады. Бул гүрес мени де йошландырып тур еди. Қоңыратта болған қурбан ҳайт, ораза ҳайтларда жас палўанлар гүресине түскенмен. Тула бойым жуўлап, ортаға шыққым келип еди. Мәтқурбанның ҳәрекетине көзим түскеннен кейин басылайын дедим. Бурын бос ўақытлары беллескенимде оннан бир-еки рет жығылып қалғаным ядыма түсти. Шешинип шекпен кийип, белбеў байлаған Мәтқурбан талтаңлап ортаға барды да, Аббаздың жағасынан услады. Аббаз оның қолын қағып жиберип, буғадай еңсеси гүжиреийп:

— Кимсең? Аты-жөниңди айт, қайсы елденсең? — деп қабағын үйди.

— Қоңыратлы қызыл әскермен.

— Араллы болсаң гүресиўге болады, — деп ол талтайып турып «қәлеген жағыңнан усла», дегендей еки қолын көтерип турды. Мен кирпик қақпай турман, ҳәмме тым-тырыс. Аббаздың турпаты оған қа-

рағанда тананың қасындағы үлкен өгиздей болып көринеди маған. Жығылып қалып, Хорезмли досларға және мазақ болмасақ болар еди-аў, деп мурнымнан дем алып зорға турман. Мәтқурбанның күтә тез ҳәрекет ететуғын шәпик жигит екенлигине ғана исенемен. Ол Аббаздың қушағына кирип белинен қушақлап алып бирден жоқары көтерип кетти. Жерден тиреўсиз қалған Аббаз оның қушағында аяқларын серреңлетип, төмен түсиўге ҳәрекет етти. Мәтқурбан шыр айланып жоқарыдан көтерип урды. Аббаз гөне там қулағандай гүрс ете қалды. Усы ўақытта қурда турған көпшилик шағаладай шуўласып кетти. Мениң қуўанғаным соншелли «яша, баҳадырым!» деп бақырып жибериппен. Мәтқурбан болса еки-үш адым жерде аяқлары серреңлеп атырған Манақлы палўанға тым-тырыс қарап тур. Қасымдағы жаўынгерлерге қарасам ҳәммесиниң жүзинде шадлық.

Аббаз палўан үндеместен орнынан турып, әсте жүрип бир аяғын сылтып басып, өз тәрепине қарай кетти. Усыған қарағанда жамбасына зақым келген болыўы керек. Оннан кейин ортаға еки тәрептен палўан шығып еди, Мәтқурбан оларды да томар қопарғандай етти. Соннан соң Манақтың жергиликли палўанларынан ортаға ҳеш ким шықпады. Бизиң командирлеримиз эскадрон жаўынгерлериниң өзли-өзи гүресиўин көрсетпе берди. Мәтқурбан болса тас кәкил қораздай ортада мардыйып, талтаңлап жүр.

Эскадронымыздағы бесарықлы жаўынгер Оразымбетти күшли, палўан жигит деп бурын еситип жүретуғын едим .«Мәтқурбанға ким шығар екен» деп қарап турсам, сол шешинип атырған екен. Аздан кейин ол қоңыратлы палўанның қасына барды. Бул да Мәтқурбанның қасында мойны үлектей сорайып көринди. Бизики оған қарағанда томпақлаў, келте бойлы еди. Жаўырыны қақпақтай Оразымбет, узын қоллары менен оның жағасынан, уўыштан услады. Қоңыратлы палўанның қушақлап көтериўинен сақланса керек, геўдесин де жақынлатпай өзин кейин таслап жүрди.

Мәтқурбанның пышықтай шаққан ҳәрекет ететуғынлығын бурында айтқанман. Буның үстине сумлығы да басым, не қылар екен деп көз айырмай қарап турман. Ол ат- шапқанда гә алдына, гә артына қарап отыратуғын еди. Мине, усындай ҳийлесин ҳәзир де пайдаланған

болыўы керек. Оразымбеттиң оң қолын бирден өзине тартып жиберип, қушағына кирип кетти де, арқалап көтерип атып урды. Өзи де қушақласып бирге жығылды. Бешарықлы шалқасына түскенде оның үстинде жатырған Мәтқурбан аўдарылып геўдесине маймылдай минип алды. Қурдағылар гүў ете қалды.

Аўылласы Оразымбеттиң Мәтқурбаннан жығылып қалғаны бешарықлы Жуманияздың намысына тийсе керек, ол тез шешинип, палўан кийимин кийип ортаға шықты. Аяғының арасынан Ибрайымның оғы өтетуғын, қоңыратлыларды «Балық аўлаўдан басқа ис қолынан келмейтуғынлар» — деп мазақлайтуғын жигит усы еди. Мине енди ол күш сынасыў ушын Мәтқурбанға қарсы беллесиўге шықты. Жуманияз ҳәзилкеш, жаўырыны қақпактай, ҳәр билеги тоқпақтай ири жигит еди.

— Қоңыратлы «маймыл» жора әстен жығарсаң, — деп оған қарап күлип, еки қолын созды.

— Аш бала атасын тыңламайды деген Жумеке, қорқсаң кейин қайта бер, — деди оған Мәтқурбан күлимсиреп турып. Бул да Жуманияздың намысына тийген болыўы керек себеби ол да эскадрондағы «қуўса жетип, душпанлардың желкесин қыйып жүрген батыр жигит» лердиң бири еди. Екинши гәпке келмей ири геўдеси менен қарсыласын қаўсыра қушақлап алды. Мәтқурбанның еки қолында күш көп екенлигин сезген болса керек. Қарсыласын ири денеси менен қаўсырып қушақлап, искенжеге салып, қолларын босатпай жығып таслағысы келди. Жуманияздың бул ойын сезген Мәтқурбан жулқынып қушағынан шығып кетти. Кейин шегинип, жағасынан беккем услап өзине тартып қалғанда қарсыласының оң аяғы жоқары көтерилип бир атлам өзине жақын келип жерге тийди. Қоңыратлыға усы керек еди. Аяғын қармақтай илип алып, ишке тартып қалғанда бешарықлы палўан да шөнкерилип арқасына қулады. Мәтқурбан болса кептер услаған пышықтай үстине минип алды. Қурдағылар дуў-дуў күлисти. Бул сапары Мәтқурбан Жуманиязды әсте әмел менен жықты.

Буннан кейин Мәтқурбанға шығатуғын теңлес адам болмады. Бунда да өз өнерин көрсеткен қоңыратлы палўан кийинип, эскадронның жас жигитлерине алаңлықты босатты. Гүрес бираз ўақыт даўам етти. Жас жаўынгер-

лер қала мийнеткешлерине күтә қызықлы тамаша көрсетти.

Усы гүрриңди айтып отырғанда буннан қырқ жыл бурын өзим менен бирге болған Мәтқурбан ҳәзир көз алдымда турғандай,—деди Мәтекең.—Ол орта бойлы болса да денеси толық, қол-аяғы ғайратлы адам еди. Күш-ғайратына ылайық шаққанлығы менен сумлығы да басым болды. Ол ҳәзилкеш те еди, бирақ оны сөз бенен емес, ҳәрекет пенен ислейтуғын еди. Хийўаға келип әскерий таярлықтан өткенде Мәтқурбан ат ойынын ҳәммемизден бурын үйренип алды. Ол буның үстине атта: артына да, алдына да қарап отырып шабатуғын еди. Бес пақсалы тамның басына еки қолына еки пышақ услап, гесирткедей өрмелеп кеткенин өз көзим менен талай рет көргенмен.

Шынын айтқанда мен Мәтқурбандай талантлы адамды бурында да, ҳәзир де көзим менен көрип, қулағым менен еситкен емеспен. Усының менен бирге оның жолдасларына жақпайтуғын минезлери де аз болмады. Хорезмлилердиң оған «маймыл» деп қойған аты да ылайықлы сыяқлы еди.

Бир сапары Хийўада жазғы дем алыс күнлери, жаўынгерлер үлкен гүжим теректиң астында отыр еди. Арасында мен де барман. Тосаттан жоқарыдан суў тамшылай баслады. Жигитлер, жамғыр жаўатуғын болды деп орынларынан турып қазармаға кетти. Мен сығалап жоқарыға қарасам гүжимниң уша басында Мәтқурбанның төменге күле шырай менен қарап қойып ышқырын байлап атырғанын көрдим. Не дерсең оған? Сол Мәтқурбан кейин өзиниң пейлинен тапты, қурбан болды.

Өткен өмирдиң қызықлы шежиресин айтып отырған Мәтмурат ағаның жүзине қадала қарадым. Бағана маған ауылдың әпиўайы ғаррысының бири болып көринген еди. Ҳәзир басқаша, атжақлы қаранәрең, жүзине жарасқан үлкен көзлеринде ғайрат пенен ерликтиң отлы ушқыны көринип турды. Оның тулғасы маған тау шоққысына қонып отырған қыран бүркиттиң тулғасы сыяқлы еди. Азырақ тыныспадан кейин Мәтекең жигирмаланшы жыллардың шежиресин және даўам еттирди...

## 8.

Ташаўыз бенен Жыланлы қаласы арасындағы еллерди талап, қанға бояп жүрген Усақ-бег пенен

Қулжан қарақшылардың қай жерде екенлигин билиўушын жигирма атлы гүз айында атланған еди. Бурынғы саўашларда батырлығы менен көзге түскен Хорезмли Юлдаш деген жигит басқарған барлаўшылар көп жерлерди араласа да ҳәзирше душпанның дерегин таба алмай жүр. Бул күн гүз айы болса да ҳаўасы ашық, жыллы болды. Бирдейги әдет бойынша түсте олар дем алып аўқатланбақшы болды. Гүзар жолдың күн шығыс бетиндеги ойпатты қолайлап, жаўынгерлер атларынан түсип, бесатарларын бир-бирине сүйестирип қойып, шай қайнатып, аўқатланыўға кирисги. «Жақын жерде баспашылар жоқ» деп есаплаған командир Юлдаш қараўыл қойыўды да умытқан еди. Көк шөптиң үстине жайласып отырған жаўынгерлер шай, аўқат үстинде өз-ара гүрриңге киристи. Өткен саўашлар ҳаққында қызыў-таласлар да пайда болды. Командир өзиниң батыр жигитлериниң айтысларын тыңлап тыныш шай ишип отырды.

— Соңғы саўашта қоңыратлылар теңи жоқ ерлик иследи,—деп Сатым араллы жигитлерди мақтаныш етти. Ол орта бойлы, жасы жигирма беслерге келген гүрленли жигит еди.

— Араллылардың Манақтың қасындағы урыстағы ерлигин мен де мақтаныш етемен,—деди оны қоллап шабатлы жаўынгер Қасым. Бул екеўиниң гәпи Қылышбайлы Аллабердиге жақпады. Басындағы әскерий папағын бир шекесине қыйсайтып кийип отырған ол тез сөзге араласты.

— Көбиктей көпирмеңлер, араллылардың Манақтағы кишкене бир ерлигин оншама мақтай бериўге болмайды. Олар биз қылышбайлылардан батыр емес. Сен Қасым менен Сатым екеўиң оларды кешеги күнге шекем қорқақ,—деп жүрген жоқ па едиңлер?

— Араллы балықшыларды биз хорезмли жигитлерден артық қойыўға ҳеш кимниң ҳақысы жоқ,—деди қыйсайып жатырған муртлас Тайыр.

Өз-ара гүрриңниң шийеленисип баратырғанлығын сезген барлаўшылардың командири Юлдаш тикленип үшеўине өткир көзлери менен қарады.

— Манақ қасындағы саўашта аз санлы қоңыратлы жигитлердиң ерлик ислегенин мен мойынлайман. Ал сизлердиң ерликлериңизди алдағы урысларда сынап

көремиз. Буннан былай араллы ямаса қоңыратлы, хорезмли деп араға жик салып, ажыратып сөйлескенлерди жуўапқа тартаман, атып таслаўым мүмкин. Бизлер қызыл әскерлер, қызыл жаўынгерлермиз. Ҳәммемиздиң мәқсетимиз—Ханжөнейд қарақшыларын жоқ етиў. Буннан былай жик айырыўшылар болмасын арамызда!

Юлдаштың ашыўлы даўысын еситкенлер тым-тырыс болды.

Ақыллы, парасатлы командирдиң сөзин еситкен Аллаберген еңсеси төмен түсип, жас жигитлер Қасым менен Сатым уялып бетлери бурыштай қызарды. Бул таласқа араласпаған басқа жаўынгерлер командириниң әдил айтқан сөзлерине ырза болып оған сүйсине қарап отырды.

Азаннан берги ашық ҳаўа бирден бузылды. Күн батыс тәрептен пайда болған дүбелей шаңғыт булар отырған ойпатты да ҳә демей өз қушағына алды. Айналадағы тыныш жатырған белес қумлар гүўилдеп қутырынып кетти. Даўыл турып, қум бораны басланды. Командир Юлдаш қум дүбелейи басылғанша усы кәрадан қозғалмаўды буйырды. «Ҳәр ким атына беккем болсын» деди.

Хорезмли жас жигит Юлдаш жигерли адам болғаны менен еле урыс тактикасын толық меңгермеген киши командирлердиң бири еди. Талай урысларда алдыңғы қатарда болып ерлик ислегени ушын эскадрон басшылары киши командирликке көтерген. Сонын ушын да ол басшыларды менсинбейтуғын еди.

Усы ўақытта гүзардың шеп жағындағы үлкен белес қумның терең ойпатына келип жасырынған Ханжөнейд қарақшылары борасынның тыныўын күтти. Олар жолдың күн батыс қубла тәрепиндеги ески дәрьялық аңғарындағы үлкен қазан шуқырында еди.

Юлдаш баслаған жигитлер Қара қумның дүбелей тутқынынан босап, көзлерин жаңа ашқанда жылысып жақынлап қалған душпанлар лап қойды. Бул күтилмеген топылыс бир қатар жаўынгерлерди ҳаўлықтырып таслады. Алламберген менен Сатым атлардың тасасына қарап жуўырды. Тайыр менен Қасым атларына минип қашпақшы болды. Усы ўақытта командир Юлдаштың ири, қәҳәрли даўысы шықты. «Ҳәмме ҳүжимге

өтиңлер!—Қызыл командирдиң усы қәҳәрли сөзи жигитлерге күш-қуўат бергендей болды. Албыраў суў сепкендей басылып, ҳәммеси оның қатарына топланды. Өлим менен өмир ушын саўаш басланып кетти. Атылған оқлар қазандағы қуўырмаштай пытырлады.

Алда киятырған командир еки қарақшыны излиизинен атып қулатты. Үшиншисин гөзлеп атып жибергенде өзи де, баспашы да ушып түсти. Душпанлар басым күш пенен қара булттай қаплап келе берди. Барлаўшылар сийреп қалды. Қатар турып тумлы-тусына оқ атып турған Сатым менен Қасым да қазаға ушырады. Алламберген аўыр жараланып қолға түсти. Тайыр бир неше жеринен оқ тийиўине қарамастан гүрести даўам етти. Бирақ көп узамай ол да душпанның әжел оғына тап болды. Саўаш аңлып келген қарақшылардың пайдасына шешилди. Барлаўшылардан он еки жаўынгер өлип, сегизи тирилей ҳәм жаралы қолға түсти. Душпанлардың онжетиси өлип, алтаўы жараланды.

Урыс тамам болды, айнала әтирапты тынышлық басты. Атларынан түсип бийик қумның басына шығып турған Усақбег пенен Қулжан қарақшы қасына келген сардарларына барлаўшы қызыл жаўынгерлердиң өлисин де, тирисин де отқа жағыўға ҳәмир етти.

Саўаш болған ойпаттың күн шығыс жағындағы гүдили жантақларға от берилди. Тири қалған барлаўшылар зорлық пенен отқа ийтерилди. Өлилер де жанып турған отқа тасланды.

Жанжөнейдшилердиң аўылды, қаланы өртеўи бурыннан үрдис болса, енди адамларды тирилей өртеўге шекем барды. Олар аз санлы қызыл жаўынгерлерден усылай өш алды.

Мәтмурат аға усы қайғылы ўақыяны айтып болғаннан кейин аўыр гүрсинди.

— Жас жигитлер әрманлы өлип кетти,—деди басын шайқап.—Бизлер бул сумлықлы хабарды ертеңине еситтик. Семенов басқарған атлы әскерлер эскадроны менен Муўса Хабин командири болған пияда әскерлер ротасы тез атланысқа шықты. Ротада пушка менен пулемет бар еди.

Душпанлар менен киши песинде дүгистик. Олар барлаўшыларды азаплап отқа өртеген ойпатлықтан

еле кеткен жоқ екен. Ханжөнейдши қарақшылардың үрдиси бойынша азлы-көпли жеңиске қоллары жетсе, мал сойып, бақсы айттырып мәслик ететуғын еди. Бул сапары да усылай болып шықты. Бул кәрадағы Усақбег пенен Қулжан қарақшылардың тобына еки дүркин қаңғып жүрген Ханжөнейдтиң басқа атлылары келип қосылып көбейген екен. Ҳәрдениң уясындай быжнап атырған душпанлардың ордасы бизлерди көриўден тез бузылды. Муўса Хабинниң әскерлери топтан еки оқты атты. Эскадрон Семеновтың басшылығында ҳүжимге шықты. Урыс бирден қызып кетти. Баспашылар үстине түскен топ оқлары ойпатты қазандай қайнатып жиберди. Душпанлар сасқалақлап қаша баслады. Эскадрон қуўып кетти. Изинен жеткенлеримизди желкесинен қылыш урып, атларынан қулата бердик. Мениң астымдағы жийрен жүрмел аўызлығы менен алысып, төрт аяғын тең таслап киятыр. Алдымда қара арғымақта кетип баратырған, қара шөгирмели ири қарақшыға жетиўге асығаман. Аралық жигирма қәдемге шекем жақынлады. Атып түсириўге де болады, бирақ мен қылыш пенен шапқым келип ғыжырданым қайнап киятыр.

Баспашы артына бурылып қарап қояды, атын қамшылап, алға умтылады. Мениң жийреним оныкинен жүйрик болып шықты. Қапталлап келип қылышымды көтере бергенде «жаным аға өлтирме» деп еки қолын көтерип бажырая қарады. «Душпанды аясаң өзиң жаралы боласаң» деген пәтли силтеген қылышым басын жулып түсти, үлкен геўде ат үстинен еңтериле қулады.

Усы ўақытлары аспан жерге қулап кеткендей болды. Шеп тәрепиме қарасам, қара ғарғадай қалықлап баратырған қарақшыларға алды бетинен және бир топар қызыл әскерлер қырғыйдай тийисип кетти. Илажы болмаған баспашылар атларының басын күн шығыс қублаға бурып қаша баслады. Душпанлардың алдынан шығып қылышларын көтерип урысқа кирискен, Жыланлы қаласында гарнизонда турған татар жигити Асановтың ротасы екен.

Көп шығынға ушыраған жөнейдшилерди Тахта қаласы қасында тас-талқанын шығардық. Аман қалғанлары жараланған жыландай жылжып қара қумға сиңип қутылды. Олардың бир бөлеги Смамут мазарлығы

қасындағы үлкен терең суўлы жаптың көпирин бузып кетти. Бул бизлердиң ҳәуиж алған топылысымызға азда болса иркиниш жасады. Көпирди дүзетиўге туўра келди. Себеби арбалар менен түйелерди ҳәм пушканы терең суўлы жаптан өткериўге болмайтуғын еди.

Көпирди оңлап өткеннен кейин Усақбег пенен Қулжан қарақшының аўылына келдик. Баспашылар балашағасын, дүнья-малын таслап қашыпты. Ҳаяллары басларына, үстилерине ер адамлардың кийимлерин кийип бетлерине күйе, ылай жағып аўылдың қасындағы мазарлыққа тығылған. Оларды жыйнап жыйналыс иследик. Қызыл әскерлердиң тыныш отырған елге, балашағаға тиймейтуғынлығын түсиндирдик. Ҳаял-қызларды жақсы сөзлер менен үйлерине қайтардық. Усақбег пенен Қулжан сардардың тийкарғы күшин усылай сапластырып Жыланлы қаласына келип он бес күндей дем алдық.

Көп узамай баспашылар Гөне Ургенч қаласын басып алыў ушын таярланып атыр, деген суўық хабар еситтик. Оны душпанлардан азат етиў ушын Хийўадан буйрық та келди. Эскадрон Гөне Ургенчке қарап жолға шықты. Гөнели хабаршы жолды баслап киятыр. Күндиз жасырынып турамыз, Гөне қаласына түнде кирдик. Шыйыхназар бай ҳәкимниң үлкен ҳәўлисине орналастық. Қаланы қоршап алған душпанлар бизиң бул ҳәрекетимизди сезбеди.

Шыйыхназар бай ҳәкимниң ҳәўлиси ески қорған сықлы бийик дийўаллар менен қоршалған. Арқа ҳәм қубла тәрепинде темир дәрўазасы бар, көп өжирели, үлкен сейисханалы жай екен. Еки күн өткеннен кейин еки мың атлыдай баспашылар қалаға басып кирди. Көшелерде қыян-кести саўашлар болды. Душпанлар көп, бизлер аз едик. Қатаң урыслардан кейин бизиң эскадрон Шыйыхназар байдың ҳәўлисинде қорғаныў урысын жүргизиўге мәжбүр болды. Олар қаншама қасарысып топылса да бул беккем қорғанды басып ала алмады. Қорған дөгерегинде көп санлы өликлерин қалдырып, қайта-қайта кейин серпилип турды.

Гөне Урғенчти басып алмақшы болған баспашылар Ханжөнейдтиң ең исенимли әскер басыларының бири Шыйқымсүйлин қарақшылары болып шықты. Оларға бизлерден дәкки жеген Усақ бег аз санлы атлылары

менен қосылыпты. «Душпанлар қаланың сыртындағы Қалназар ийшан мазарлығында мал сойдырып жеп мәслик қурып атыр»,—деген хабар алынды. Олардың бундай ислегенлерине қарағанда қоршаўда қалған қызыл әскерлерди менсинбесе керек. Бизиң әскер басшыларымыз тосыннан топылысқа өтип, баспашыларды басқыға ушыратыўды гөзледи.

Түски дем алыс ўақытлары эскадрон қаладан тез шығып душпанлар топланған мазарлыққа қарап умтылды. Шыйхымсүйлин менен Усақ бег күши аз эскадронды топылыс жасайды деп ойламаса керек. Мал сойдырып, табақ тартып, сырнай шертип ўағ-шағ болып атырған екен. Қызыл жаўынгерлердиң пәтли ураланған ҳүжими ҳаўлықтырып жиберди билемен, қыйда-қыйыс қашыў басланды. Олардың атларына минип үлгере алмағанлары бизиң қылышларымыздың астына түсти.

Мен өз жаўынгерлерим менен қаладан шыққан ўақытлары күтә кеўил аўдарарлық әжайып көринис көзиме түскен еди. Қала адамлары атлы, жаяў, қолларына балта, бел, темир жаба, бақан, таяқ көтерип бизлердиң соңымыздан ере баслады. Гөне Ургенч қаласының адамларының Ханжөнейд қарақшыларына болған өшпенлилигине мен усы сапар ҳайран қалдым. Бизлер душпанға топылған ўақтымызда изимизден шубырып киятырған олар душпанларға бизиң қарамызды көбейтип көрсеткен болыўы да мүмкин. Олар қарсылық көрсете алмай қашыў менен болды.

Бурынлары, мениң жас ўақтымда аўылымыздың ортасына келип қутырған ийт бүлдире баслағанда, аўыл адамлары қолларына не түссе соларды алып қәўипли ийтти жоқ етиў ушын ҳәммеси шуўласып, жәмленип умтылатуғын еди. Гөнелилердиң бүгинги ҳәрекети де тап сондай болды. Мийнеткеш халық Ханжөнейд баспашыларын қутырған ийтлерден де жек көретуғыны бизлерди шексиз қуўандырды.

Шыйхымсүйлин менен Усақ бег мазарлық дөгерегинде көп санлы өликлерин қалдырып «жан саўғалап» қаша берди.

Усы жерде болған саўашта өзим көрген және бир тамаша ўақыяны айтып берейин. Көп санлы баспашыларды қуўып салып қайтып киятырсақ қолларында

балтасы, бели бар еки жигит алдымыздан шығып, қолын шошайтып: «ана гүмбезли гөрде жасырынып атырған баспашылар бар. Бизлерди оқ атып жолатпай тур» деп хабарлады. Мен ойланып қалдым. Мәтқурбан атынан түсип көрсеткен тәрепке қарап жүрип бес атарын қолына услап атыўға таярлады. Биз Төребай екеўмиз оның қасына ердик. Мазарлықтың арасында аяқларымызды еплеп басып гүмбезли гөрге жақынлай бергенимизде оң тәрептеги ойылған гөрде бир нәрсе қозғалғандай болды. Таңланып бурылып қарасам үңирейген жерден төменде көзи қанасынан шығып, бақырайып жатырған адамды көрдим.

Бес атарымды таяп турып «шық» дедим. Қалтырап-дирилдеп үстин топырақ басқан бир муртлас қара дәпең гөрден шықты да еки қолын көтерди. Мениң қасымдағы Төребай маған қарап үнсиз күлимсирейди. Гөнели жигитлер, жуўырып келип оның бес атарын алып, өзин ура баслады. «Тиймең—дедим мен,—буларды қудайдың өзи урып қойған».

Усы ўақытлары Мәтқурбан гүмбезли мазардан еки баспашыны алдына салып алып келди. Батыр сымақ ханжөнейдшилер жеме-жемеге келгенде, өлимнен өлердей қорқып, усындай аўҳалға түсетуғыны да бар.

Эскадрон командири мени басшы қылып душпанлардың изине түсиўди буйырды, Елиў атлы жаўынгерди басқарып, қарақшыларды Қарақумның белес-белес бетлеринен асырып қуўып салып кейин қайттық.

Баспашылар бираз ўақытқа шекем Гөне Ургенчке қарап қәдемлерин баспады. Бизиң эскадрон жоқарыдан келген буйрық бойынша Гөнени душпанлардың тосыннан болатуғын топылысынан қорқып, гарнизонлық хызмет атқара баслады.

## 9.

Усы саўашлардан кейин бизлер бул қалада бираз турып қалдық. Изимизден Муўса Хабин баслаған пияда әскерлер ротасы келип қосылды. Түркстан фронтының Хийўа әскерлери бөлиминиң басшыларынан қосымша буйрық алдық. Онда усы еки әскерий бөлимге Гөне Ургенчте гарнизонлық хызмет атқарыў тапсырылған. Бизлер жети ай даўамында қаланы ҳәм оның дө-

герегиндеги елатларды душпанлардан қорғаў ўазыйпасын атқарып турдық.

Шынында да Гөне Ургенч Хорезм топырағының шеттеги бир қаласы болып, Ханжөнейд қарақшылары ушын бул әтирап ҳәм оның дөгерегиндеги аўыллар оларға оңай олжа болып көринетуғын еди. Бизлер болған жети айдың даўамында баспашылар қалаға басып кире алмағаны менен оның дөгерегиндеги аўылларға он төрт рет шабыўыл жасады. Биз оларды бирдейине үлкен шығынларға ушыратып қуўып таслап турдық.

Түркстан фронтының Хорезм бөлиминиң әскерий басшылары шеттеги қала ҳәм оның дөгерегиндеги еллерди душпанға бермеў ушын бирдейине ғамхорлық етип келди. Гөне Ургенчте турған әскерий бөлимлеримиз май айында жаңа буйрық алды. Онда Гөне Ургенч әтирапындағы баспашыларды биротала сапластырыў көрсетилген.

Бизиң эскадронымызды жаңадан келген Жумағулов деген командир басқаратуғын болды. Семенов басқа әскерий бөлимге жетти. Жумағулов маған бес жаўынгерди берип эскадронның алдында барлаўшылық хызметин атқарыўды тапсырды. Мәтқурбан өзи сорапып бизге қосылды. Гөне Ургенчтен жүз шақырымдай Қарақумды тереңлеп узақлағанымызда Ханжөнейдтиң барлаўшыларын узақтан көре басладық. Бул ала бултлы май айының бир күни еди. Олар бирде көринсе, бирде жоғалып, қара қумның қос аяқ тышқанларындай бизлерден узақлай берди. Белес-белес қумлардан өтип сексеўил, жыңғыл аралас пәскелтек тоғайлыққа жақынладық. Тәбият қандай жақсы. Қыста қысынып жатқан жер бурқанып терлеп-тепшип, жасыл жапырақларын жоқары көтерген. Жуўсанның жағымлы ийиси мурнынды жарады. Қарақумның еркеси қоянлар менен кийиклер алдымыздан қулақларын тикирейтип бир қарап қойып, тура қашады. Қалың сексеўилликлер менен жыңғылларды паналап көринип кетип атырған түлкилер менен қасқырларда аз емес. Бизлердиң излеп киятырғанымыз Қарақумның тәбият қасқырлары емес. Ханжөнейдтиң қанхор жыртқышлары. Усылай киятырғанымызда мениң сол жағымдағы сайдан еки адам тез атланып тура қашты. Мен оларды қуўып

кеттим. Қасымдағы Мәтқурбанлар кейнимде қалған еди.

Бир ўақта күн батыс тәрептен қалың қара булт дөнип келип, бул әтирапты қара көлеңке қаплады. Мениң қуўған еки баспашымның алдындағысы сексеўил-жыңғыл тоғайлыққа қарап көринбей кетти. Мен пәтли шабыс пенен тоғайлықтың шетине жеттим. Қарсы алдымнан маған қарап мылтық атыла баслады. Жолдасларым да изимди басып келип қалды. Мен усы ўақытта ғана өзимниң ақ көзлик пенен ойланбастан душпанлардың үстине барып қалғанымды сездим. Дәрҳал атымның басын бурып кейин қайтыўға шамам зорға келди. Артымнан атылған мылтық пытыралары қуўырмаштай шашырап атыр. Жолдасларым да шаққанлық пенен кейин шегинди. Мен усы ретте жамғырдай жаўған оқлардан аман қалғаныма еле таңланаман. Себеби, душпанларға отыз-қырық қәдемдей жақын келип қалғанман. Олар алдымдағы қара үйдей үйилген шоқ-шоқ жыңғыллардың арасында жатырған екен.

Совет әскерлериниң руўхый күши душпанлар ушын күтә қорқынышлы болғанын усы карадағы ўақыядан сездим. Мен жақынлап барған тоғайлықтың ишинде жүзге жақын баспашылар дем алып атырған екен. Еки адамы қашып барған ўақытлары бийхабар отырған олар ҳаўлығып қалған болыўы мүмкин. Мен кейин шегингенде түйелерине жүклерин артып үлгерип, сайдан-сайға түсип қалыңлықты паналап жыландай тез жылжып қарасын көрсетпей кетти. Бизлер оларды қуўмадық. Узақ аралықты басып өткен атларымыз да, өзлеримиз де шаршап киятырған едик. Бунын үстине олар оғада көп.

Әсте жүрис пенен тоғайлықтан шықтық. Узақтан көринген баспашылардың қарасы көбейе баслады. Олар қубла күн батыс беттеги бийикликке жақынлаған, бизлер болсақ төменги ойпаттамыз. Изимиздеги эскадронға да қарап қоямыз, еле көринбейди. Ханжөнейдшилер бизлердиң күтә аз екенлигимизге көзлери жеткеннен кейин қорқынышлары басылып, қарсы топылысқа өтиўди ойласа керек. Ал бизлер болсақ, артымыздағы эскадронға арқа сүйеп, кейин шегинбей алға қарап әсте жүрип киятырмыз. Мениң бағанағы қор-

қынышым басылған. Изимизден жәрдем жеткенше қорғаныў урысын жүргизиўди ойлайман.

Бир ўақытта топланып шоғырланып турған баспашылардан бир атлы адам бизлердиң алдымызды орап шапты. Мен аң-таң болып қарап турман. Оның бул ҳәрекетине бирден түсине қоймадым. Баспашылар менен бизиң арамыз кең майдан жазықлық еди. Изимнен жеткен Мәтқурбан мениң оң жағымда тоқтады. Ол меннен баспашыға қарсы ат қойыўға рухсат сорады. Тосыннан болған бул сораўға бирден жуўап бере алмадым. Мәтқурбан взвод командири, мен болсам киши бөлимшениң баслығыман. Барлаўға шығар ўақытта ол Жумағуловтан өзи өтинип қосылған. Жаңадан келген эскадрон командири оның тәртипсизликлерин сезип, еди сутка қатаң жазасын да берип үлгерген еди. Менменлиги басым алағайымлаў Мәтқурбан ишинен командирге өкпелеп жүрди. Сорапып барлаўға шығыўының себеби де соннан болса керек. Ол мениң келисимимди алмастан-ақ душпан тәрепке қарап атына қамшы басты.

— Бул бурын көрилмеген күтә қызықлы ўақыя болды,—деп Мәтекең күлимледи. Мен оның айтқанларының түсигин қалдырмай жазып алып отырман.—Буның соңы не болар екен деп таңлана көз тигип қарап турман. Екеўи де бир-бирине қарсы ат қойып киятыр. Бул көриниис ерте заманлардағы үлкен урысларда еки тәрептен алды менен еки жаўынгер жекпе-жек шығып, күш сынасатуғын саўашты ядыма түсирди. Узақта топланып турған Ханжөнейд қарақшылары менен бизиң арамыз бир шақырымдай болыўы керек. Мәтқурбан менен дүгиспекши болған баспашы аралары жүз, жүз елиў адымдай жақынлағанда екеўи де атларының басын бир-бирине қиялап шапты. Дәслеп бизге қарап умтылған қарақшыны анық көрип турман. Үлкен қара шөгирме, қызыл шапан кийген ири геўдели адам. Астына минген ешки бас, жалсыз, қызыл теке арғымағы қос қулағын тас төбесине тигип, кийиктей атлығып киятыр. Мәтқурбан минген көклен де қояндай секирмекте.

Усы бир қыйын-қыстаўлы ўақытта изимизден эскадрон менен пияда әскерлер ротасы жетти. Ҳәмме алдағы ашық майдандағы еки атлының ҳәрекетине кеўил

бөлген. Баспашы да, Мәтқурбан да мылтықларын жоқары көтерип шаўып баратыр. Аралары жүз адымдай жақынласқанда баспашы атынан секирип түсип, Мәтқурбанды гөзлеп атыўға бейимлести. Оның бул сумлығын тез аңлаған қарсыласы да ат жалына жабысып жерге жумалап түсип душпанын гөзледи Алдымыз кең, ашық тақырлық. Ҳәммеси көринип тур. Екеўиниң де атқан мылтығының сести тең шықты. Көрип турмыз, баспашының қазандай қара шөгирмеси басынан ушып түсти. Усы ўақытта Мәтқурбан жақын жердеги атына жуўырып барып секирип минип, оған қарай шапты. Усыны көрген бәримиз де атларға қамшы бастық. Пияда әскерлер узақтағы арқашта турған баспашыларға пушкадан снарядты жаўдырды. Топ оғынан өлердей қорқатуғын ханжөнейдшилер өлигине қарамай қарғйып көринген белеслердиң арғы бетине түсип жоқ болды. Оқ баспашының маңлайынан тийип желкесинен шығыпты. Ири қара дәпең қарақшы бир қырынлап жатыр. Аққан қара қан бетин бояп кеткен. Мен Мәтқурбанға сүйсине қарадым. Ол ат үстинде өзи жеңген душпанына ойлы түрде көз таслап тым-тырыс турды. Мен ишимнен оған «жаман минезлериң болмаса қайтпас қайсар батырсаң-аў», деп мақтаныш етемен. Шынлығын айтайын, мениң өзим де яки қасымдағы басқа жаўынгерлер де бундай ерликке тәўекел етпеген болар едик. Мәтқурбан тапқыр, өз ойына исенетуғын жигит еди. Оның өлимнен қорықпайтуғын батыр екенлигине әсиресе усы сапары ҳақыйқат исендим.

«Таўды-тасты жел бузар, жаман адам ел бузар» деген халықтың даналық нақылы бар емес пе? Ханжөнейд баспашыларына қарсы усындай ерлик ислеп басқа жаўынгерлерге үлги көрсеткен Мәтқурбан кейин қайғылы аўҳалға ушырады. Онда ерлик, тапқырлық, шаққанлық, палўанлық қәсийетлери менен бир қатарда минези қубылғыш, сәл нәрсеге ашыўланып, өзин тута алмай қалатуғын да минезлери басым еди. Ҳәр бир адамның заманласы, досты болмай ма? Мәтқурбанның да жақсы, жаманлы дослары көп болды. «Адам адамды бузады» деген дурыс екен. Сол жаман дослары оны жаман жолға салды. Үлкенли-кишили қәтелик

кимде болмайды, ал Мәтқурбан болса кейин оғада үлкен қәтелик ислеп, соның қурбаны болып кетти.

— Мәтқурбан ҳаққында буннан басқа да көп қызықлы ўақыяларды айтыўыма болатуғын еди,—деди Мәтекең сақалын сыйпап ойланып отырып,—ҳәзирше оны қоя турып эскадронымыз бенен пияда әскерлер ротасының басынан кеширген кейинги гүресли жоллары ҳаққында әңгимемди даўам еттирейин.

Гөне Ургенч дөгерегиндеги баспашыларды сапластырыўда бираз ўақыт машақатлы урысларды алып барыўға туўра келди. Бир күни мен басқарған кишкене әскерий бөлим мынандай ўақыяға дуўшакер болды. Гөне Ургенч қаласынан елли шақырым күн батыс қубла бетте барлаў жумысын атқарып киятырған едик. Түски ўақыт, алдымыздағы арқаштан өтип қалың тоғайлыққа жақынладық, оған кирмей арқа шетин жағалап жүрип терең сайлы қум ойпатлығының үстинен шықтық. Азаннан бери душпанлардың қарасын көрмеген бизлер усы ретте және бир аңқаўлық ислегенимизди билмей қалдық.

Төменнен атылған оқлар жыландай ысқырысты. Үлкен шуқырда шөгип атырған түйелердиң тасасында баспашылар буққыда жатырған екен. Мен дәрҳал кейин шегиниўге буйрық бердим, кейин душпанларды қоршаўға өттик. Еки тәрептиң атыспасы бир саатқа даўам етти. Он бир қарақшыны өлтирип, отызлаған түйени жүклери менен қолға түсирдик. Булар баспашылардың жұрттан талап алған гилем, кийиз сыяқлы ҳасыл буйым олжалары еди. Бизден бир адам қазаға ушырады, ол қоңыратлы Хожамурат Аллашев еди.

Хожамуратты мен күтә жақсы көретуғын едим. Ақ көўил бул ер жигит батыр жаўынгерлеримниң бири болды. Ол гейде ақ көзлик пенен ерлик те ислеп қоятуғын еди. Усы жақларын ойлап бирдейине өзимниң қасымда алып жүретуғын едим. Бул ретте ол мениң қасымда болмады. Душпанлардың үстинен тосыннан шыққанлықтан бизлер оларды тез қоршаўға алыўға кирискенимизде Хожамурат шуқыр ойпатлықтың екинши тәрепинде бийик қум үстиндеги сексеўилди паналап душпанларға оқ атып атырған екен. Бәримиз де жас жигитлермиз ғой. Жаслар урыста өзин ерлик пенен көрсеткиси келетуғыны тәбийғый қубылыс емес

ле? Усы кәрадағы саўашта ол да усындай ойда болған болса керек. Ол бирден орнынан турып жыңғылларды паналап оқ атып төмен түсе берди. Екинши тәрепте турып көрип қалдым. Оңлы соллы оқ атып киятыр. Алдында жақын жерде үлкен қаңбақтың астында жатырған баспашыны аңламаған болыўы керек, үстине келип қалғанда душпан урып түсирди. Хожамураттың қулағанын көрип отырған мен қаңбаққа қарап бес оқты изли-изинен жибердим. Баспашы да тым-тырыс болды.

Урыстың аты урыс. Жеңистиң шығынсыз болыўы сийрек ушырасады. Хожамуратты Гөнеге әкелип Шийхабрата мазарлығына үлкен ҳүрмет пенен жерледик. Марҳумның жаўынгерлик жолының естелиги ушын бесатардан изли-иизнен оқ атып салют бердик.

Гөне Ургенч әтирапындағы баспашыларды сапластырғаннан кейин Газабад, Қара-даш, Гөпе-арық дөгерегинде жүрген ханжөнейдшилерди жоқ етиў тапсырмасын алып және атландық. Бул тәрептеги майда баспашылар Шыйхымсүйлин менен Усақ-бег қарақшыларынан да сум, қашып урысатуғын ҳәккеден сақ бәлелер болып шықты. Олар ашық майданда бетпе-бет урыса алмады. Бирдейине тоғайларды паналап, барлаўшыларын буққыда таслап кетип, аңлыспа саўашлары менен эскадронды зер-зебилге салды. Мине усындай урысларда эскадронның бираз жигитлери ерлик пенен қазаға ушырады. Олардың арасында қоңыратлы Төребай, Мәдирейим, Бегжанлар да бар еди. Булар да Хожамуратқа усаған жаслары жигирма-жигирма үшлер арасындағы жигитлер еди.

Бизиң эскадронымыз Дарған ата әтирапындағы Ағажан ийшан баслаған көп санлы қарақшыларды қуртыў ўазыйпасын да табыслы атқарды. Усылай етип қатарында өзим болған эскадроным Ханжөнейдке қарсы улыўма халықлық гүресте үлкен ҳәм қыйын жаўынгерлик жолды басып өтти. Хорезм менен Түркменстан топырағындағы Ханжөнейд қара қуртларын қуртыўда мен төрт жылға жақын алдыңғы сапта болдым. Еки рет жараландым. Гражданлық урыс мениң оң аяғым менен оң қолыма өмирлик таңба салды, әсиресе, оң санымның гүре тамырын үзип өткен душпан оғы жазылмас мәңги майып қылды. Гейде мениң қур-

дасларым. «Мәтмурат ақсақ» деп те ҳәзил етеди. Буған мен намысланбайман. Себеби, мен Уллы Октябрь революциясының душпанларына қарсы гүресте ақсақ болғанман, буған мен қуўанып, өткен жаўынгерлик жаслық жылларымды ҳәр дайым көз алдыма келтиремен.

* * *

1923-жылы Түркстан фронтының Хорезм полкының әскерлери қатарынан босанып, елге қайттым. Қоңыратқа келгеннен кейин де парахат хызмет ислеўимизге мүмкиншилик болмады. Дәслепки ўақытлары ЧОН отрядының жаўынгери болдым. Ханжөнейд қарақшылары өзиниң душпанлық ҳәрекетлерин еле тоқтатпаған еди.

Қоңыратты баспашылардан қорғаў урысларында да мен және Мәтқурбан менен бирге болдым. Совет ҳүкиметине еле толық бағынышлы болмаған көлли яўмытлары бирдейине топылыс жасап турды. Қоңырат қаласы олар ушын олжа болып көринетуғын еди. Себеби Хийўа ханлығының ең шеттеги бул беглигиниң күн батыс-қубла жағын Үстирт таўлары орап алған. Оның аржағы шексиз саҳра. Душпанлар усы тәрептен тосыннан аңлып келип, топылыс жасап туратуғын еди.

Ханжөнейдтиң қолға түспей жүрген қанхорларының бири Яқшыгелди, әсиресе, Қоңырат халқы ушын күтә қәўипли душпан болды. Ол ҳәр жылы гүзде Қоңыратқа топылыс жасаўды өзиниң алдына мақсет етип қойған. Себеби: гүзде Қоңырат елиниң малы семирип, егинлери писеди. Умытпасам усы ретте де гүз айы еди. Яқшыгелдиниң әскер басысы Шалтай сардар жүз атлы болып келип Қоңыраттың қубласындағы Кийет, Тиркис елатларын таңлап алып талай баслады. Қаладан шыққан ЧОН отряды алға басып киятырған душпанларды қатты урыслар менен кейин қайтарып таслады. Саўаш Айранжаптың үстинде болды, арғы бетинде Шалтай баспашылары, берги жағында ЧОН ның жаўынгерлери. Арамызда Мәтқурбан да бар еди. Ол қалың боянлық қаплаған жаптың рашына минип тикке турды да, душпанлар бетке граната ылақтырды. Бирақ граната қолында жарылып, бармақларын жу-

лып кетти. Усы жердеги урыстан кейин ол «Мәтқурбан шолақ» атанды. Бул сапары да биз душпанларды қалаға киргизбей Үстирт таўлары бетке қуўып салдық. Мәтқурбан Хорезм полкиниң үшинши эскадронынан меннен жети ай бурын дем алысқа шығып, Қоңыратқа қайтып кеткен еди. Эскадрон командири Жума.уловтың оған дем алыс бергенше ҳәр қыйлы пикирлер айтылып жүрди. Гейпара адамлар жекпе-жек айқаста баспашыны жеңип, батырлық ислегени ушын десе, екинши биреўлер командирге жақпағанлықтан қуўылған дейтуғын еди. Бир айға кеткен ол қайтып келмеди. Қоңыраттағы жаңа ҳүкимет органларына өтиниш етип ЧОН отрядының жаўынгери болып алған. Хорезм полкиниң басшылары оның әскерий тәртипти бузғаны ушын трибунаға бермекши болды. Бирақ Қоңыраттағы Совет басшыларының өтиниши бойынша жазаланбай қалды.

Хорезм полкиниң қатарында Ханжөнейд қарақшыларына қарсы Қарақумның саҳраларында үш жылдай гүрескен Мәтқурбанның кейин баспашы болып кеткени мени көп ўақытлар қыйналдырып жүрди. Бул былай болған еди.

1928-жылы Мәдьяр Төреев кооперация товарларын урлаған жеринен усланып қамалатуғын ўақытта қашып кетти.

Мәтекең ошақтың үстинде турған «Беломор канал» папиросынан бир данасын алып отырып:

— Шылым шексем болама?—деди маған күлимсиреп қарап.

— Мәйли, шегиңиз. Сизиң папиросты услағаныңызды биринши рет көрип отырман,—дедим. Ол шырпы шағып, папиросын тутандырды да бир рет сорып тартып, түтинин артына қарап үплеп болып былай деди.

— Күтә қызықлы ўақыя ядыма түсти. Усындайда нәше ететуғыным бар, иним. Буны мен апаң өлгеннен бери үрдис етип жүрмен. Жақсы ҳаял еди, қартайған ўағымда, қасымда болмағаны маған аўыр тийип жүр. Қостарым ядыма түскенде, усы екеўимиз отырған өжиреге сыймай кетемен де папиросқа қолымды созғанымды билмей қаламан.

Мәтекең аўыр гүрсинип алып шылымды және бир рет түтинлетти де:

— Жалғызлық жаман жағымсыз, кесилген суўдай ағынсыз,—деп қойды да, гүррицин даўам етти.

— Мәдьярдың тийкары өзбектиң қанжығалы руўынан, тоғызыншы аўылдан. Бурынғы Россия қол астындағы Наўрыз болысы елатынан. Ата-бабасы дийхан болған, өзи жасында жалатайлықты көбирек ислеп, аўылда ийт урыстырып, балалар менен төбелесип, бузақылықтың неше түрин көрсеткен. Ер жетип жигит болғаннан кейин, Совет ҳүкиметиниң жаңа қурыла баслаған мәҳәли аўылдағы советлердиң активи болып көринди. Оннан кейин қалаға келип миллиционер болады. Усы хызметте жүрип урлық пенен шуғылланған.

1926-жылы Әўез бий дегенниң еки атын бирден урлайды. Оның бунысына Хорезм полкинен қайтып келген Мәтқурбан да қатнасады. Бизиң Қоңыраттан шыққан дәслепки батыр қызыл әскердиң бири болған Мәтқурбанның бузылып, кейин душпан болып кетиўине усы бир ойланбай ислеген ҳәрекет себепши болды.

Екеўи де усланып судланып кетеди, бир жылдан кейин қайтып келген Мәдьяр бурынғы бузақылықларын қайта ислеўди даўам еттиреди. 1928-жылы түнде дүканды тесип, көплеген гезлеме шытларды алады. Бунысы әшкараланып, қамалыў қәўпи туўғанда қашып үлгереди. Оның бул кейинги урлығына Мәтқурбан қатнаспаған.

Мәдьяр соннан кейин биротала баспашы болып кетти. Дәрья бойларындағы тоғайларда жасырынып жүрип, жолаўшыларды талады. Аўыл активлерин өлтире баслады. Мәдьяр ҳаққында қанша жаман гәплер айтсаң да арзыйды. Себеби ол өзиниң өскен елиниң жаўыз душпаны болып алды. 9-аўылда Ешкелди қыслағында түнги курста оқып атырған онлаған жас комсомолларды өз қолы менен қанға бояды. Усы күни түнде ол коммунар Ерниязды үйинде атып өлтирип, ҳаялы Ырысбийкени алып кетеди. Бесикте жаңа туўған баласы қалады. Аўылдағы комсомол ячейкасының секретары Тасқынбай Байзақовты қаладан кеш қайтып киятырған жеринде атып таслайды. Реҳимсиз жәллад Мәдьяр Төреев, өз аўылының адамларын усылай қанға бояўға шекем барды. Буннан бурын Хожели—Қоңырат гүзар жолында қарақшылық етип, онлаған жолаўшыны талап, көликлерин тартып алып өзле-

рин өлтиреди. Хожели коммунарларының командири батыр жигит Өтеген Оспановты қызыл қала тоғайларында шөптиң арасында жасырынып жатып ат үстинде атып өлтиреди. Шәрибай аталықтың өзин түркмен баспашылары өлтирген болса, еки баласы менен инисин Мәдьяр қуртып жибереди.

Қысқа ўақыттың ишинде Мәдьяр усындай жаўызлықларды ислеп үлгерди. Қанхорлық атағы пүткил республикаға жайылды. Оны услап жоқ етиў ушын кескин илажлар көриле баслады. Қоңырат, Хожели, Гөне Ургенч ОГПУ ларынан арнаўлы отрядлар шығып изледи. Қоңыраттың шеттеги аўылларында ЧОН отрядлары дүзилди. Қызыл қала, Шоманай тоғайлары тинтилди. Буны билген Мәдьяр Қарақум сахраларына шығып, Шалтайханға барып қосылды.

Енди мен Мәдьярды қалай услағанымды да айтайын. Бул жаңа папирос шегип отырғанда ядыма түсти. Бурын ҳеш кимге жәрия қылмаған ўақыя. Қоңыраттың ҳәкими Балабийдиң жазғы ҳәўлиси қаланың қубласындағы Жиңишке жаптың бойында еди. Онда бийдиң бала-шағасы турған. Бир күни кеште қас қарайған ўақытта Мәдьяр усыған келеди. Ҳәкимниң үлкен баласы оны жыллы жүзли күтип алады. Бир өжиресине мийман етип шай-аўқат береди, азып-тозып шаршап жүрген ол қурсағы тойғаннан кейин жыллы бөлмеде көпшикке басын қойып уйықлап қалады. Мәдьяр бийдиң бала-шағасынан қәўпи болмаса керек. Ханжөнейдке қосылып кеткен Балабийдиң үлкен баласы, атын умытып отырман ҳүкиметке қарсы болмаған, ол қалаға келип ОГПУ ға хабар етеди. Ҳәкимниң жайы қалаға онша узақ емес еди.

ОГПУ дың усы гездеги начальниги Максименко тез ҳәрекет етип, жигирма жигитти атландырады. Олар Бармақ батыр басқарған ЧОН отрядының ағзалары, милиционерлер Құдайберген Бекниязов, Бекет, Ағарыс, Дәўлетбай, Ибрайым, Досжанбай қусаған жигитлер еди. Таң атқанша үлкен ҳәўлини қоршап, таң алдында сырттан дәрўазаны ашыўды талап етеди. Мине усы ўақытта өзиниң қәўипли аўҳалда қалғанын билип, сум жаўыз Мәдьяр өлмеўдиң, қутылыўдың ҳәмелин излейди.

Ҳәкимниң жайы үлкен еди. Ески қорғанларға усатып салынған бийик дийўаллы, көп өжирели, атхана

ҳәм басқа да бөлимлерден ибарат еди. Дәрўаза ашылып, отряд ишке лап қойғанда Мәдьяр ҳәўлиниң батыс бетиндеги сыртқы дийўалға жалғастырып салынған қусханасына кирип үлгереди. Бийдиң бул қусханасы кишкене еки бөлме болып, төргиси бастырыўлы, алдыңғысының үсти ашық екен. Оның пәскелтек бир қапысы бар екен. Мине усы есиктиң саңлаўынан ҳәм дийўалдың жарықларынан гөзлеп атып, ол өзи турған жерге адам жолатпайды. ОГПУ начальниги буларға тирилей услап әкелиўди тапсырған, Бармақ батыр оны тири услаў былай турсын өлтириўге мүмкин болмайтуғынлығын билгеннен кейин қалаға Макисменкоға шабарман жибереди. Қолайлы жерге бекинип алып, қасына адам жақынлатпай турғанын, кешке қарай қутылып кетиў қәўпиниң бар екенин хабарлайды.

ОГПУ дың начальниги мени шақырып алып, усы жағдайларды түсиндирип айтып болып:

— Сени жибериўге районның басшылары усыныс көрсетти. Мүмкиншилиги болса тирилей қолға түсириў керек. «ОГПУ менен район басшылары кеширим береди, өз еркиң менен берилсең»—деп сырттан даўыслап үш рет айт. Егер көнсең мылтығыңды таслап сыртқа шық де, усылай алдап қолға түсириўдиң илажын қыл. Буған келиспейтуғын болса, басқа илажын ислеймиз» —деди. Өзим менен бирге Асан Үмбетовты, Сапарниязовты алып кетиўди тапсырды.

Үшеўимиз түски ўақытлары жолға шықтық. Бул ноябрь айының дәслепки күнлери еди. Ойланып киятырман, күтә қыйын тапсырма, себеби Мәдьяр сум, рейимсиз адам. Мениң алдаўыма көне қоярма екен? Қоңырат—Хожели гүзар жолы тайғақ, атлардың тағасы болмағанлықтан абайлап жүрип киятырмыз. Жолдың еки жағындағы сорлақ кешеги жаўған жамғыр менен бетине дузы шығып аппақ қардай болып атыр. Шығыс беттеги Бекжаптың бойындағы гүжим тереклер қараўытып көринеди, еле жапырақларын түсире қоймаған. Олардың ҳәр бири узақтан Балабийдиң нәҳән қара шөгирмесине усайды.

Күн батыс беттен узағырақтан Атамурат бегдиң үлкен ҳәўлиси бўлдырап көринип тур. Усылай ойланып киятырып Айранжаптың көпирине де келип қалыппыз. Бул кәрада буннан он жыл бурын Ханжөнейдтиң қарақшылары менен саўаш болғанда оқ тасып

жүргеним ядыма түсти. Көпирден өткеннен кейин 3-аўылдың жолына шығып, аттың басын Балабийдиң ҳәўлисине қарай бурдық. Ҳә демей оған да жетип келдик. Жигитлер ҳәўлиниң ишинде ҳәр жерде, тасада қусхананы қоршап сийреклеў оқ атып аңлып турған екен. Мен Бармақ батырға Максименконың тапсырмасын айттым. Оның менен қалай ҳәрекет етиўди келисип алдым да, иске киристим.

## 11.

Бийдиң қусханасы дәрўазасы қублаға қараған ҳәўлиниң күн батыс бөлегиндеги арқа тустағы сейисханаға жалғас турыпты. Оның шығысқа қараған дийўалы әдеўир жарық. Мәдьяр усы кәрадан ҳәм қубладағы кишкене қапының саңлақларынан оқ атып, бизиң жигитлерди жақынлатпай турған екен. Мен арқа беттеги атхана үстине зәңги менен шығып, әсте қусхананың бастырыўлы өжиресине миндим. Мениң аяғымның астындағы қусхананың дийўалы пәслеў еди. Оның алдындағы ашық өжиреге жақынламастан, күтә сақлық пенен ҳәрекет етип, шошайып шығып турған ағаш арқалы төменге ысырылып түстим. Қусхана дийўалының жарығының тусына қапталлап келип азырақ өкшемди басып алдым. Оннан кейин даўыслап сөйлей басладым.

— Мәдьяр, мен Әўезов Мәтмуратпан, ҳәзир қаладан келдим. Мени саған райком, райисполком, менен ОГПУ дың начальниги Максименко жиберди. Олар сени қарсылық етпей өз ерки менен берилсе кеширим беремиз,—дейди. Усыны хабарлаў ушын мен келип турман «Адасқанның айыбы жоқ, қайтып жолын тапқаннан соң» деген ата-бабаның нақылы бар. Тентекликти қой иним, «жалғызлық жапалаққа жарасады», жарағыңды таслап шық, өзиңниң ел-халқыңа қосыл.

Усыны айтып тың-тыңладым. Бир кесе шай ишимге шекем сес шықпады, қозғалып ары-бери жүрген аяғының тысыры ғана еситиледи. Жигитлер узағырақта мылтықларын беккем услап, таса-тасада «не болар екен»—деп тым-тырыс тур.

— Мәдьяр бармысаң? Мениң айтқанларымды еситтиң бе? Және айтаман,—деп жаңағы гәплеримди даўысымды көтерип қайталадым. Оннан кейин мына сөз-

лерди қостым.—ОГПУ дың начальниги мынаны тапсырды: Бизиң кеширим беретуғынымызды үш рет тәкирарла, өз ерки менен берилмейтуғын болса жоқ етип қайтыңлар,—деди. Ақылсыз емессең ғой, тез ойланып бир шешимге кел. Бирақ усы турған қусқанадан аман шығаман деп ойлама.

Буған және мына өтириклерди қостым. «Максименко менен район басшылары да келетуғын еди. Төрткүлден телеграмма алыпты азанда, Шалтайға қарсы бир полк атлы әскер жиберген, пулеметлар менен ататуғын тобы бар—дейди. Оған қарсы атланысты Қоңыраттан баслайтуғын болса керек, олар Хожелиден бери қарап кеше шыққан. Максименко ҳәм район басшылары соларды күтип алайын, деп Топатқанға келип қалды.

Буны мен Мәдьярды қорқытыў ушын қосып айттым. Және тың-тыңлай басладым. Аздан кейин дийўалдың жарығы тусынан оның қарлыққан ири даўысы шықты.

— Мәтеке, Қылышбайды шақыр. Мен дәслеп соның менен сөйлесейин,—деди. Мен ишимнен қуўанып турман. «Жыллы-жыллы сөйлесең жылан ининен шығады»,—деген усы емес пе?

— Бул кәрада Қылышбай жоқ, сен маған инанбай турсаң ба? Мен саған Қылышбайдан кеммен бе? Буннан еки жыл бурын түрмеде отырғанда жақсылық еткенимди умыттың ба? Ағайин-туўғанларыңның әкелген аўқатын түрмениң алдындағы қараўыл алдырмай турғанда, өзиңе апарып бергенимди ядыңа түсир,—дедим.

Мәдьярдың Қылышбайды алдырып бер деўиниң сырын мен кейин билдим. Ҳәзир сол туўралы айтып берейин.

1929-жылы гүзде Қоңыраттың жат-жамайлары бас көтерип, Мәдьярға қосыларда усы көтерилистиң басшыларының бири Қылышбай болды. Қылышбай бурын Балабий ҳәкимниң нөкер басшыларының бири еди. Ол жаңадан дүзилген Совет ҳүкиметин жек көрди, колхоз дүзимине қарсы шықты. Биз Мәдьярды қоршап атырған усы күни ол ҳәкимниң жазғы ҳәўлисиниң күн батыс жағындағы онша алыс болмаған Бирқулақ қыслағындағы өзиниң жайында еди. Мен оны шақырғым келмей жаңағы өтиригимди айтып, кеўлин басқа жаққа бурмақшы болдым.

Қылышбайға да ОГПУы менен районлық ҳүкимет-

тиң исеними жоқ еди. Бирақ оның сырын ишине жасырып қолайлы моментти күтип жүргенлигин мен билмейтуғын едим. Мәдьярдың «Қылышбайды шақыр» дегенине қарағанда оның менен астыртын байланысы бар екенлигин усы ўақытта аңлап қалдым.

Мәдьяр аздан кейин есиктен сыртқа басын шығарып еки-үш рет дөгерекке қарады да және кейин шегинип кетти. Оны усы ретте атып түсириўге болатуғын еди. Келискенимиз бойынша ҳеш ким буны ислемеди.

— Жарақларыңды таслап сыртқа шық,—дедим мен.

— Мәтеке, ишке кире бер, өзиң атпасаң, мен тиймеймен,—деди. Даўысы узағырақтан гүңгирлеп еситилди.

— Мен мине бес атарымды қойдым, ҳәзир бараман, деп оң қолымды көтерип, жигитлерге «келиңлер»—деген белги бердим. Ҳәммеден бурын қасыма Ибрайым Тәжимов пенен Асан Үмбетов жетип келди. Екеўине, «изимнен ерип кириңлер, мени ататуғын болса оннан бурын сизлер атып таслаңлар»—дедим. Қандай тәўекел ислесең де жан татлы ғой, усы ўақытта қорқыныш та пайда болмай қалған жоқ.

Қусхананың қапысын ашып, басымды суғып едим, төрдеги екинши бөлмениң есиги алдында Мәдьяр тур екен. Басында Көлли яўмытларының сопақ ақ елтири шөгирмеси, үстинде гөне қызыл жийекли шапан, аяғында балтырын ала жип пенен таңған түркпени шоқайы бар. Белинде қос атар. Шегир көзлери үңирейип кеткен. Еки жағы қуўсыйып сақал мурты өскин көринди. Қолында жарағы болмағанлықтан мен босағадан атлап ишке кирип, оған қарап жүрдим. Мәдьяр да адымын кең таслап маған қарай көзи жасаўрап емпеңледи. Мен қушағымды ашып көриспекши кейпимди билдирип келе бердим. Ол да жақынлап қолтығыма кире берди. Мен қаўсыра қушақлай бергенде бирден кейин қарай жулқынды, мен тас қылып услап, жибермедим.

Мәдьярдың булай ҳәрекет етиўине мениң кейнимнен лап қойып ишке кирген жарақлы жигитлер себепши болған екен.

Мәдьяр меннен көп киши еди, сол жылы жаңа отызға келген болыўы керек. Артымнан келген жигитлер бас салып усламағанда мени ишке қарап тартып алып кетиўи ямаса қушағымнан шығып, жарағына жетиўи де мүмкин еди. Жигитлер оған күтә ашыўлы

екен, үстине жудырықты, мылтықтың қундағын жаўдырды. Мен арашаласам да көп ўақытқа шекем күш бермеди. Баспашы таяқ жеп ҳәлсиреп қалды. Мен жигитлерге бақырып урыстым, соннан кейин олар басылайын деди. Бирақ, «атып таслаў керек, мениң қолыма бер, өзим баўызлайман, буған ийт өлими тийис. Бийдиң жайында дарға асып өлтириў керек» деген гәплер түмлы тусымнан еситилип турды. Асан Үмбетов Мәдьярдың ишки өжирениң аўзында сүйеўли қалған бесатарын алғанын маған жоқары көтерип көрсетти.

Баспашы жерде сулап жатыр еди. Аздан кейин есин жыйнаған Мәдьяр суў сорады. Дәрҳал алдырдым. Үлкен самарға қуйылған суўды таўысып ишти. Буннан кейин турғызып белиндеги еки қатарды босатып алдық, ишки жағынан байлаған наган менен үлкен қара қанжарды шешип алып, қуралсызландырдық. Еки қолын артына байлап атырғанда ол маған қанталаған суўық көзлери менен қарап:

— Мәтмурат, шайтан екенлигинди билмей қалдым. Тири болсақ еле көрисермиз,—деди. Енди мениң өтирик айтып жалыныўымның кереги болмады, үндемедим. Қоңыратлыларда адамға жаңадан лақап ат тағыў қыйын емес, соннан баслап мени қурбы-қурдасларым «Мәтмурат шайтан» дейтуғын болды. Ҳәзир де мени сыртымнан усылай атайтуғын болса керек адамлар.

Бул Мәдьярдың дәслепки усланыўы еди. Қоңыраттан қашып кетиўи мүмкин—деген қәўип пенен судланғанға шекем оны Шымбай түрмесине жиберди. Көп узамай Шымбай түрмесинен қашыпты деп еситтик. Сум, ҳийлекер Мәдьяр түнде қараўылды шақырып «ишим аўырып тур, саралайман»—деп алдап шығады. Қайтып киятырып қараўылды тас гербиш пенен урып жығып, жарағын алып қутылып кетеди. Буннан кейин Гөне Үргенч қаласынан усланып айдап алып киятырғанда Досжан, Әбдилпәт деген еки милиционерди алдап, Досжанға пышақ урып, бул сапары да қутылып кетеди.

1929-жылы Қоңырат пенен Тахтакөпир баспашыларына бас болып Шалтайханға қосылмақшы болып баратырған жеринен бизлер Қызыл қалада изинен жетип атыстық. Усы жердеги болған урыста мени аңлып жатып атқан Мәдьяр екен, мен буны кейин еситтим. Ол меннен өшин алмақшы болып бир неше рет қалаға

жасырынып келип кеткен, бирақ мени қолына түсире алмаған. Бул гәплерди мен кейин баспашылардан қайтып келген Жарылқаған Жәдигеровтың өз аўзынан еситкенмен.

Усыдан кейин ол Қарақумда жүрген қанхор Шалтайға барып қосылады. Оннан арнаўлы тапсырма алып Қоңыратқа келип өзиниң қатарын көбейтеди. Бул дәўирде районда колхоз дүзиминиң басланайын деп атырған мәҳәли еди. Жат-жамайлардың үгити менен колхоз дүзимине қарсы ҳәрекет басланады. Мәдьяр усыннан пайдаланып 1929-жылы Қоңыратта бүлгиншилик туўдырады. Гейбиреўлер оған өз ерки менен ерсе, гейбиреўлер байлардың, ийшан-моллалардың алдаўына ерип қосылып кетеди.

Мине, усы күнлери Мәдьяр өзине белгили Қоңырат жигитлеринен Мәтқурбан менен Қылышбайды излейди. Мәтқурбан оннан қашып қала дөгерегиндеги тоғайларда жасырынып жүрген еди. Бир күни түнде Мәдьяр оны тосыннан қолға түсиреди. Мәдьяр ат үстинде, ол жерде турады.

— Мәтқурбан,—дейди ол,—мениң алдымда берген антыңды умытқаның ба?

Не ислерин билмей төмен қарап ойланып турған Мәтқурбанның ядына бурын түрмеде отырып антласқаны түседи. Ант әсирлер бойы адамлар арасында жоғалмай киятырған ески дүньяның қатаң заңы емес пе? Кимде ким антын бузса оған аяўшылық жоқ екенин Мәтқурбан жақсы түсинеди. Өзиниң Мәдьярдың еркине берилип оның урлығына қатнасқанын биринши қәтелигим деп билсе, екиншиси түрмеде отырғанда қушақласып көрисип, «буннан былай өлгенимизше бирге боламыз, қашан да болса бизлерди түрмеге қамағанлардың геллесин аламыз» деп антласқан. Азаматшылығы жағынан еле Қоңырат халқына белгили болмаған, жас жағынан да киши коммунарлардың өзлерин қамағанына дәслеп Мәтқурбан да намысланған. Урлықтың соңының қорлық екенлигине онша әҳмийет бермеген. Өр көкирек өжет Мәтқурбан өзиниң келешеги ушын қәўипли жолға түскенлигин кешигип аңғарған. Ойланбай ислеген усы қәтеликлери, мине Мәдьярдың алдында еңсесин төмен түсирип, аўыр аўҳалда қалдырып тур еди.

Мәдьярдың ашыўшақ, шурт минезли тәкаппыр адам екенлигин билетуғын ол өзин қыл көпирдиң үстинде

турғандай сезеди. Қарсылық етип сәл қыймылдаса атып таслаўы да мүмкин. Дәслеп арысландай атылып аттан аўдарып таслап, аяқ қолын бууып милицияға тапсырыўды да ойлады. Бирақ Мәдьярдың өзине қарағанда күши басымлаў екенлигин, буның үстине ол бесатарының аўзын қаратып турғанын, еске алып, ойлаған ойы иске аспай қалса, усы кәрада жан тапсыратуғынын айқын билген Мәтқурбан дәслепки ойынан қайтыўға мәжбүр болады.

— Мәке, басла, изиңе ердим!—дейди. Мине усы түннен, усы күннен баслап Мәтқурбан, Хорезм полкиниң бурынғы жаўынгери баспашылар қатарына қосылады. Мәтқурбан душпанлар тобында болғанда ол өзиниң үлкен қәтелик ислегенине ыза болып өкинип жүреди. Буны мен баспашыларға ериксиз қосылып кетип кейин қайтып келген Жарылқағаннан еситтим. Ол оған оңашада ат үстинде жылап киятырып усы сырын айтқан. Бирақ Мәдьярға билдирмеўди қатаң тапсырған.

Мен бул кәрада Мәтқурбанды биротала ақлағым келип отырғаным жоқ,—деп Мәтекең маған қарап суўық демин алып қойды. Мен де бир блокнотты толтырып, екинши блокноттың биринши бетин ашып қойдым. Арада аз ўақыт тым-тырыслық болды. Буннан кейин Мәтеке өз-өзинен күлип қойды да шежиресин даўам еттирди.

— Адамларда узақ ўақыт айтылмайтуғын сыр болады гой,—деп баслады ол гүрриңиниң даўамын.— Менде де бир сыр бар. Буны енди саған айтпасам болмас, бул гәп те Мәтқурбанға байланыслы. Мен Хорезм полкинен қайтқаннан кейин төрт жыл ЧОН отрядының жаўынгери болып, баспашыларға қарсы гүрескенимди айтқанман. 1927-жыл менен 1930-жыл арасында Қоңыратта түрме начальниги хызметин атқардым. Түрмеге түскен адамларға Томар көлде егин ектиремиз. Томар көл ҳәзирги Чапаев атындағы салыгершилик совхозының Үстүрт таўына жақын боз кеңислик. Ал, халық бул кәраға баспашылардан қорқып көшип келмеген ўағы. Бул отызыншы жылдың дәслепки айлары болыўы керек. Томаркөлдеги егислик жерлерди көрип кешки ўақыт қалаға қайтып киятырған едим. Жаңа жап деген кишигирим өзектиң көпиринен өте бергенимде алдымдағы қалың шатлықтан бир атлы шығып, жолымды тосып тура қалды. Тосыннан болған бул аўҳал ме-

ни ҳаўлықтырып таслады. Мәдьяр шығар деп ойладым да дәрҳал арқамдағы асыўлы киятырған бес атарымды алмақшы болдым. Арамыз онша қашық емес еди.

— «Мәтмурат шайтан» кешиктиң!—деген даўыс қулағыма тийди. Алдымдағы адамға таңлана қарадым. Сести таныс болған менен ким екенлигин айыра алмай турман. Астында қарабайыр узын мойын түркмен арғымағы. Басында қара шөгирме, үстине кийгени қазақы шийдем. Оң қолында маған қарап тутқан наганы бар. Сақал, мурты өскин адам.—Танымай турсаң ба мени?—деп ол атының басын бурды. Қарсы алдымда келип турғанда оның ойнақшыған сур көзлери көзиме түсти.

— Мәтқурбан маймыл!—деп ериксиз күлген болдым. Ол наганның аўзын енди маған қаратыўды қойып, күлимсиреп:

— Үшинши эскадронның взвод командири өзинин киши командири менен ушырасып турғанын қалай көресең?—деди. Мен шынында да ҳаўлыққан едим, не деримди билмедим. Адамның ойы ушқыр емес пе, қыран қус бийик шоққыларға тез пәрўаз етпей ме? Мениң ойыма Мәтқурбан маған душпанлық көз-қарас пенен ушыраспаған шығар деген пикир келди. Егер ол Мәдьяр болғанда мени аңлып турып-ақ атып түсирген болар еди. Қандай да бир тәғдир себепли ушырасып турған болыўы керек, деп мен оған бираздан кейин:

— Саламатсаң ба? Танымай қалдым, әпшериң өзгерип кетипти,—деп күлимсиреген болдым.

— Аўа, тек әпшерим емес, ишки жан-дүньямда өзгерген. Солай болмаса усылай жүремен бе?—деди қарлығып сөйлеп. Соннан кейин мениң қорқынышым басылып, еркин сөйлей басладым.

— Қәтелестиң ғой, Мәтқурбан,—деп мен басымды шайқадым.

— Оны өзимде билемен. Гейпара ўақытлары өлгим де келеди, илаж не? Биреў атпаса өзиңди өзиң өлимге қыя алмайды екенсең,—деп қамығып кемсеңледи. Аздан кейин баладай көзиниң жасын жеңи менен сүртти. Әкем бирдей жасымда маған «Ақмақсаң» дейтуғын еди, дурыс айтқан екен, ҳақыйқат ақмақтың өзи болдым. Ядыңда бар ма, Хийўада мен бес пақсалы Нурабылла бийдиң жайына қолыма еки қанжар услап өрмелеп мингенде, сениң төменде турып «Мәтқурбан

маймыл» деп шақалақ атып күлгениң. Сениң қойған бул атыңды хорезмли жаўынгерлер маған кейин лақап ат қылып тағып жүрди. Ҳәзир мен маймыл емеспен, қанлы аўыз қасқырман. Усы кәрада сени атып кетиўиме де болатуғын еди. Мен оны ислемедим. Сениң менен бирге өстим, бирде Ханжөнейдке қарсы гүрестим. «Еси кеткенниң еси түстен кейин енеди» дегендей, кеширилмес қәтелигимди енди билип жүрмен, жан дүньям қазандай қайнайды. Совет ҳүкиметиниң, Қоңырат халқының қәдирин билмедим.

Усы гәплерди айтып турған Мәтқурбанды мен аяп кеттим. Биреўлер көрип турған жоқ па екен?—деп әсте айнала дөгерегине көз қыйығын таслапта қояман. Бир ўақта Мәтқурбан еки алақаны менен бетин басып өксип, өксип жылап жиберди. Усы ўақытлары оны атып таслаўыма да болатуғын еди. Себеби ол ҳақыйқат баспашы болған адам ғой. Мениң түсимниң өзгергенин сезген бе деймен, көзлериниң жасын тыйып.

— Мәтеке, мени өз қолың менен өлтирип кет!—деп қушағын жайды.

-- Мәтқурбан, бала болма? Есиңди жый, ОГПУ ге өз еркиң менен барсаң мүмкин кеширим берер,—дедим. Мәтқурбан басын шайқады.

— Енди маған кеширим жоқ...—Усы гәпти айтып ойланып турды да:—Бизиң ағайинлер саў ма?—деди.

— Ҳәммеси де саў—саламат. ОГПУ оларға тийген жоқ,—дедим нени сорағысы келип турғанын сезип.

— Хош бол, кетемен, узағырақта қалыңлықтың ишинде мени жолдасларым күтип тур. Әрманым, сениң менен ең болмаса бир ушырасыў еди. Сол мақсетиме еристим, бул да нәсип болған жоқ. Туўған-туўысқанларға, мени билетуғын жигитлерге сәлем айт, Сениң менен де ең ақырғы ушырасыўым, хабарласыўым шығар бул.—Усы гәплерди айтты да Мәтқурбан атына қамшы урып, қалың шатлықтың арасына кирип кети. Аз ўақыт ойланып турдым да мен де атымды желдирип, қалаға қарап қустай уштым.

Жол бойы Мәтқурбанның келбети көз алдымда турды да қойды. Сөйлеген сөзлери қулағымнан кетпеди. Жаслық дәўиримизди Қоңырат қаласында бирге өткерген, Қарақумда баспашыларға қарсы бирге урысқан жерлесимниң бул аянышлы аўҳалы мазамды алып, узақ ойландырды. Ол өзиниң қәтелигин түсинип, ишки

жан дүньясына аўыр жара түскенин кеш сезгенине мен енди анық исендим. Бул аўҳалды барғаннан кейин ОГПУ басшыларына айтайын,—деген жуўмаққа келдим.

Қоңырат қаласы Ханжаптың еки бойындағы бийик төбешикке жайласқан. Әсирлер бойы өзиниң басынан ҳәр қыйлы машақатлы дәўирлерди өткерген туўған қалам маған узақтан үлкен қорғандай болып көринди. Оның үстинен көтерилген түтинлер көп санлы қатарласқан узын ақ тереклердей аспан әлеми менен ушласып атырған сыяқлы. Усылай киятырғанымда мен жаңағы жип түйди ойымнан және айығыўға туўра келди. Адамның ойы оғада үлкен теңиз ғой, ишине түсип кетсең тереңине бойламайсаң, қәлегениңше қалқып жүзе бересең. Дәслепки қызғын ойымнан пәсине қайтыўыма еки себеп болды. Биринщиси жақында районлық милиция бөлиминиң начальниги Мәжитов пенен сөз алысып қалғаным ядыма түсти. Өр көкирек, қатал минезли ол маған «Енди усындай ислесең, жуўапқа тартаман» деп ескерткен. Бул аўҳал былай болған еди. Марқабайдың түрмеде отырған туўған-туўысқанларының изинен келген ағайинлери менен ушырасып, әкелген азық-аўқатларын алдырғанман. Буны мен Мәжитовтан рухсатсыз ислеген едим. Мәжитов мениң бунымды билип қойыпты, биреў айтқан болыўы керек. Бул мениң дәслепки ойымнан шегиниўге мәжбүр етиўдиң биринши себеби болса, буның үстине маған Мәтқурбанға толық исенбеўшилик пайда болды. Ол еки минезли, тез қубылып өзгерип туратуғын адам ғой. Оның усы минезлери мени ертең қыйын аўҳалға түсирер—деп қорықтым.

Улыўма айтқанда бул Совет заңының қатаң орнап турған ўақыты еди. Себеби жаңадан дүзилип атырған ҳүкиметке қарсы баспашылардан да басқа ишки жатжамайлардың ҳәрекети күшли еди. Өзиң ҳақ болғаның менен аяғыңды сәл қыйсайтып бассаң, өз ҳәрекетиңниң қурбаны болып кетиўиң де мүмкин. Мине усы тәреплерин ақыл тәрезисине салып Мәтқурбан менен бул ушырасыўымды пүткиллей умытыўды өз алдыма мақсет етип қойдым. Буны ҳақыйқатында да орынладым. Бүгин саған ғана ашық айтып отырман,—деди Мәтекең маңлайының терин қолындағы жупқа орамалы менен сыпырып отырып.

## 12.

Буннан бурын мен Хорезм полкинен елге қайтқаннан кейин баспашыларға қарсы гүреске қатнасқанымды айтқан едим. Қоңыратлы Мәдьяр баслаған қанхорларға қосылған Мәтқурбан ҳаққындағы гүрриңим айтайын деген тийкарғы ўақыяларға азырақ иркиниш иследи. Енди, солар ҳаққында сөз етпекшимен. Совет ҳүкиметин қолламаған байлар, ийшан-моллалар жаңадан дүзиле баслаған колхоз қурылысына қарсы душпанлықларын даўам еттирди. Дийханларды, қаллашларды колхоз болыўға қарсы үгитледи. Бул ўақытлары Мәдьяр Қарақумда жүрген Шалтай хан менен байланыс ислеп үлгерген. Мәдьяр Қоңыратқа жасырынып келип, байлар, молла ийшанлар менен сөз бириктирип көтерилисти уйымластырды. Ол тек Қоңыратлы бузақылар менен шекленип қалмастан дәрьяның арқа бетине өтип Тахтакөпирли жат-жамайлар менен де байланысын күшейтти. Усының нәтийжесинде 1929-жылы сентябрь айында Қоңыраттан алпыслаған адам Мәдьярдың изине ерип, баспашыларға қосылды. Сондай-ақ тахтакөпирли Барлықбай болыс пенен Жәлий мақсым баслаған бир топ баспашылар да көтерилис ислеп, Совет ҳүкиметине, колхоз қурылысына қарсы шығады. Бул еки районнан бас көтерген баспашылар Қызыл қала массивинде бас қоспақшы болған. Мәдьяр Қоңыраттағы өзиниң дослары Қылышбай, Абыллахожа, Сапарбайқул ҳәм басқаларға ҳәр бир қышлаққа барып, өзлерине адам қосып алыўды тапсырып, өзи тахтакөпирли баспашыларды күтип алыў ушын тез Қызыл қалаға атланыпты.

Қоңыраттағы партия совет органларының басшылары Тахтакөпир менен Қоңыраттан шыққан баспашыларды бир-бирине қоспаў ушын бир қатар әмелий илажларды иске асыра баслады. Райондағы коммунарлар менен ЧОН отрядының ағзаларын еки группаға бөлип, бирин Қылышбайларға қарсы гүреске атландырып, екиншисин Қызыл қалаға қыстаўлы жиберген еди. Усы екинши бөлимде мен де болдым. Ўақыт салқынлаў, гүз айы еди. Бизлер түни менен жүрип, азанда Қызыл қалаға жеттик. Мәдьяр тахтакөпирли баспашыларды күтип алып, Қылышбайларға қосылыў ушын атланайын деп атыр екен. Еки тәреп ғажжа-ғаж урыс-

ты баслап жиберди. Баспашылар менен бизиң арамыз онша алыс емес жыңғыллықты, қамыслықты, шатлықты, ойлы-бәлент тусларды паналап атысып атырмыз.

Мен бир топар ЧОН отрядының жигитлери менен буққыда қатар атысып атыр едим. Оң қол тәрепимде Емберген, сол қол бетимде Шонтыбай бар. Урыс узақ ўақыт даўам етти. Душпанлардың позициясы бизлерге қарағанда қолайлы еди, олар қалың жыңғыллық пенен шатлыққа жасырынып, урысты даўам етпекте. Еки тәрептиң анлыспа урысы кишипесин ўақтына шекем даўам етти. Өз орнынан көтерилип алға умтылған Шонтыбайға оқ тийди. Мен кейинги жигитлерге оны алып кетиўди тапсырдым. Ыңырсыған Шонтыбайдың сести бираздан кейин тынды. Ол қәўипли позициядан узаған еди.

Мениң қарсы алдымда 50—60 қәдем қашықлықта ертлеўли ақ боз ат сийреклеў қамыслықтың арасында отлап жүр. Оның алды бетиндеги шоқалақ жыңғыллықтың арасынан биреўдиң басы көринип кетти. Мен ойланбастан орнымнан тикке турдым да бес атарымнан шоқ жыңғыллыққа қарап оқ атып келе бердим. Жаңағы қара енди шоқ келте қамыслықтың арасынан және көринип кетти. Мен соған қарап мылтық атып жуўырдым. Жақынлағанда бесатарымның сести шықпай қалды. Қызыў менен оқларымның таўсылғанын да билмеппен. Қарсы алдымда төрт-бес адым жерден жалаңбас, шыйратылған мурты қулақларына жеткен, дәпең қара маған қарап шошқадай ғорсылдап умтылды. Атайын десем оғым жоқ. Көзлери үкиниң көзиндей қызарған семиз баспашы қара қанжарын көтерип, маған жақынлап та қалды. Атыўға оның да оғы таўсылған болыўы мүмкин. Басқа илажым болмады, бесатарымның қундағын керилип турып силтедим, оң ыйығына қатты соққы тийген ол, бир аўнап турды да және маған айыўдай тәп берди. Алысыўға болар еди, қолында қанжары бар, буның үстине мен аўыр ақсақпан, оң аяғымды жерге тиреп тура алмайман. Өлим көзиме көринди. Бул өз өмиримдеги қорқынышларымның және бири болды. Еңсеси гүжирейген баспашы маған қанжарын урмақшы болған ўақытлары көз алдымда бир нәрсе жарық ете қалды. Баспашы томардай аўдарылып түсти. Қуяш нуры менен шағылысып жарқ еткен Ембергенниң қылышы екен. Дуғыжым баспашы-

ның геллеси домалап жерге түскен ўақта мениң шеп қолыма бир нәрсе сарт етти. Денем уйысып көзимниң алды қараўыта баслады. Соннан кейин не болғанымды билмеймен.

Көзимди ашып есиме келсем, мен узыныма түсип жатырман, қасымда бир неше жарақлы жигитлер отыр. Шылпылдап сууға тийген ескектиң сести шығады. Шеп қолым аўырады, қатты таңып таслапты. Аздан кейин өзимниң қайықта баратырғанымды сездим. Қоңырат емлеўханасында он күн болдым, врачлар қолымды кесип тасламаса болмайды деп уйғарыў шығарыпты. Мен буған келисим бермедим. Қапталдан атқан душпан оғы билегимнен жоқары қарымды тесип өткен екен. Көп узамай өзимниң келисимим бойынша мени Шымбай кеселханасына жөнелтти. Усында емленип жатып мен өзим менен бетпе-бет ушырасқан муртлас, жалаңбас, дуғыжым баспашының тахтакөпирли Бекберген қанжарлы екенлигин еситтим.

Жолдас, дос—деген, ким болсаң да барлық ўақытта керек екенин мен сол ўақыядан кейин жақсы түсиндим. Шымбай емлеўханасында қолымды кестирмей жазылып Қоңыратқа қайтқаннан кейин Емберген менен ушырастым. Ол сол күни болған ўақыяны былай деп айтып берди.

— Душпанлар менен бизлер күтә жақын жерден атысып атыр един. Сен өрре турдың да оқ атып алдындағы қалыңлыққа қарап қоян аўлаған адамдай жүре бердиң. Тосыннан болған сениң бул ҳәрекетиңе мен таңланлым. Бирақ ўақыт өткериўге болмайды. Мен де изиңнен көтерилдим. Сен дийдилеп атып баратырған баспашының еки тәрепинен де, саған қарап оқлар атыла баслады. Сен буны өзиңниң мылтығыңның сести менен билмеген болыўың керек. Мен изиңнен соларды гөзлеп атып жүрдим. Сен иркилип қалдың, оғыңның таўсылғанын да билдим, саған жеткенде мениң де бес атарымның бес оғы түўесилди. Қайтадан оқлаўға ўақыт жоқ. Қылышымды суўырып алып, қанжарын көтерип умтылған баспашыны шаўып үлгердим. Сол ўақытта саған оқ тийди, мен сени қушақлап жабыса қуламағанда екеўимиз де бул күнлери тири жүрмейтуғын един. Изимизден жеткен жигитлер аңлып атып атырған душпанлардың үнин өширип үлгерди. Буннан кейин талып атырған сени кейин алып шықтық.

— Рахмет достым, мениң өмиримди аман сақлап қалғаның ушын ырзаман саған!

— Тек маған емес, Қоңырат жигитлерине десең дурысырақ болады.

— Дурыс айтасаң, бизиң Қоңырат жигитлериндей азаматлар бар ма? Сол сапары сениң қылыш урғаның белгили Бекберген қанжарлы деген баспашы екен.

— Айтаман-аў, еңсеси шошқаныкиндей гүжирейген бир бәле көринип еди, көзиме.

Қызыл қаладағы болған саўашта тахтакөпирли Барлықбай болыс баслаған баспашылар қоңыратлы коммунарлар менен ЧОН отрядының жаўынгерлеринен жеңилип тоғайларға сиңип жоқ болды. Усының нәтийжесинде еки тәрептен шыққан баспашылар бир-бирине қосылыў мүмкиншилигинен айырылды. Бирақ олар Шоманай тоғайларында бас қосып, оннан кейин Қарақумға, Шалтайға кетипти.

Қызыл әскерлер менен Түркменстан ЧОН отрядының жаўынгерлери Қарақумда Шалтайдың қашып урысқанына қарамастан изли-изинен соққы береберeди. Советлик күшлерге дадимал айта алмайтуғынын билген Шалтайхан Иранға өтип кетиўге уйғарады. Мәдьяр баслаған баспашылар Қоңыраттан бир-бир ҳаял алып қайтамыз деп кейин қайтады. Мине олар усы сапары өзлериниң басларына жетеди. Көтерилистен кейинги жети айдан соң 1930-жылдың март айында Мәдьяр Тахтақайырда, Қылышбай баслаған баспашылар Ҳәкимата көллеринде өз тәғдирлерин тамамлайды. Мәдьярды Подьячев Тахтақайыр аўылларының биринде атып өлтирсе, соннан төрт-бес күн кейин Қылышбайларды Марқабай қырғынға ушыратады. Марқабай Қоңырат ОГПУ ның олардың арасына жиберген барлаўшысы екен. Бул аўҳалды мен усы ўақыядан кейин билдим. Мәжитовтың маған қатты урысқанының сырына да сон түсиндим. Оның маған сыр ашылмасын дегени екен.

Буннан кейин де 1934-жылға шекем биз қоңыратлы қызыл коммунарлар, ЧОН отрядының жаўынгерлери майда баспашылар менен гүрестик. Улыўма айтқанда мен он бес жылдан кейин ҳүкимет берген қарыў-жарақты өзине қайтарып тапсырдым. Жезденниң—жаўынгерлик жоллары, мине усындай,—деп Мәтекең өзи-

ниң өмир шежиресиниң дәслепки бөлегин усылай тамамлады.

Мен де қолымдағы жазыўға толы қос блокнотты қалтама салып ақсақалдың жүзине сүйсине қарадым. Ат жақлыдан келген, қалың қаслы, үлкен қара көзлеринде өмир оты сәўлеленип турған Мәтекең маған әпиўайы аўыл адамы емес. Уллы Октябрьдиң отлы жылларының қайтпас қайсар қаҳарманы сыяқлы болып көринди.

* * *

**Мен бул гүресли жыллардың шежиресин Мәтмурат Әўезовтың өз аўзынан жазып алганман. Әлбетте, мениң бул мийнетимде ақсақалдың жаўынгерлик өмирин толық қамтып жаздым деп айта алмайман. Бирақ, бираз хызметлерин сәўлелендирген болдым. Бунда ойдан қосылған ўақыя жоқ. Ҳәммеси де шынлық.**

***Қоңырат 1987-жыл***

## ТӘСЛИМ

*Ҳүжжетли повесть*

### Биринши бөлим

Маңғыт арнасындағы Күйик көпирдиң ғырра арқа жағасында турған қорған узақтан буллырап көринеди. Усы қорғанға көз тигип киятырған жийрен арғымақтағы жас түркмен жигити суўыққа тоңғанлықтан тақымын қаттырақ қысып, атының саўырсына қамшы тартып жиберди. Пәтли арғымақ жүрисин өзгертип, қос аяқлап шаўып кетти. Қорғанның дәрўазасы үстинде турған қараўыл оны узақтан көрген еди. Азаннан бери тамның басында арман-берман теңселип жүрген қараўыл мылтығын ийниниен алды да, дийўалдың тесигинен шаўып киятырған атлыны нышанаға алды. Атлы оның мылтығының қараўылына гә илинип, гә қаймығып келеберди.

Үстине гөнелеў тон, басына қара шөгирме кийген, сақал муртын ақ қыраў басқан түркмен жигити қорғанның алдына келди. Атынан түсе бергенде жоқарыда турған қараўыл:

— Қандай хызметлер менен киятырған адамсаң?— деди.

Дәслеп сестиң қайдан шыққанын билмегенликтен жигит дөгерегине жалтақлап қарады. Тамның басындағы адам гәпин екинши рет тәкирарлағанда ол жоқарыға қарап:

— Мен Жунайдханның шабарманыман, Темиралыханға ушырасыўым керек,—деди.

— Азырақ иркилип тур,—деп қараўыл демде көринбей кетти. Аз ўақыттан кейин ҳәўлиниң ағаш дәрўазасы шыйқ етип әсте ашылды. Атлы адам ишке кирди. Иштен шыққан еки нөкердиң бири хабаршыны ишке қарап баслап алып жүрди де, екиншиси оның атын байлаўға кетти. Шабарманды баслап киятырған адам узын қараңғы дәлизден өткеннен кейин алдындағы жаңа қапыны ашқан ўақытта үлкен мийманхананың төринде отырған онлаған адам көринди. Есиктен төрге шекем текиметлер төселип тасланған. Жайдың ортасындағы ашық ошақта жуўан ағашлардың томарлары гүрлеп жанып тур. Төрдеги үлкен ғалы гилемниң үстинде таза сары тон жамылған, ири геўдели, жүзинде бужыр-шешек дағы бар бир адам отыр. Ол қолтығындағы үлкен көпшикти қапталына қойып, геўдесин көтерип тикленди.

Ишке кирип еңкейип сәлем берген жигиттиң еки көзи ойнақшып иргедеги сүйеўли турған бесатарларға, дийўалларға қыстырылған қылышларға жалтақлап қарай береди. Оннан кейин ол сары тонлы ири кисиге қарап:

— Мени Жунейдхан жиберди, яшы уллы. Хан ағаның ҳәмири бойынша сиз ертең азанда Бедеркентте болыўыңыз керек екен,—деди.

— Неше адам менен барыўымыз шәрт?—деди Темиралы.

— Бир өзиңиздиң баратуғынлығыңызды айтты.

— Қандай ислер менен шақырғанын билесең бе?

— Оны маған айтпады.

— Күн суўық,—деди ортада отырған хан ат сабылтып келген жигитке қарап.—Шай-суў ишип, жылынып ал.

— Асығыспан, ағалар. Маңғыттағы Юсуп ийшанға да барыўым керек еле. Иззетиңизге қуллық, хан аға,—

деп шабарман дастурханнан нан аўыз тийип, шығып кетти.

Жунейдхан хабаршысынан кейин ойланып қалған Темиралы хан оң жағындағы жумалақ жүзли, қызыл шырайлы, муртлас кисиге бурылып:

— Юсуп ийшанды шақырыўына қарағанда, пинҳамы ис болғаны ғой онда,—деди.

— Тез арада атланыс болатуғын шығар.—Бул оның күйеў баласы ҳәм жақын кеңесшиси Шайман.

— Атланыс болса ҳәммени шақырыў керек ғой,—деди ханның шеп жағындағы ат жақлы, түси суўық муртлас қара киси. Бул оның әскер басыларының бири ҳәм жақын ағайини Ерқара батыр деген адам.

— Жүнейдтиң қыстаўлы шабарман жибериўиниң мәнисин мен түсиндим. Хийўада Сайд—Абдулла хан тахтан қулатылып, ҳүкимет бийлиги большойлардың қолларына өтипти,—деген Таганның гәпинен кейин, Темиралы шаян шағып алғандай селк етип:

— Не дейсең, сен, ырас айтып турсаңба?—деп шетиректе отырған қайың, қара ат жақлы кисиге бурылды.

— Қылышбай қаласының белгили ақсақалынан еситтим,—деди ол.

— Бағанадан бери неге айтпай отырсаң?—деп жекиринди хан.

— Айтыўға пурса бердиң бе? Салықты аз жыйнадың деп дәпине бергениңнен кейин ядымнан шығып кетипти.

— Қалпал гәп шығар,—деди ол басылып.

— Ҳәзирги заманда не болмайды дейсең. Ырас шығар,—деп Шайман оған қарады.

— Назар!—деди Темиралы орнынан турып, есик бетте от жағып, шай демлеп жүрген жас жигитке.

— Тез атлан да Маңғытқа шап. Юсуп ийшанға барып, усы айтылған хабарды анықлап қайт. Басқаларына рухсат. Ертеңниң арғы күни кеште меннен хабар алыңлар.

Ҳәмме орынларынан турып тарқаса баслады.

Кийинип сыртқа шыққан Темиралы есигиниң алдындағы Маңғыт арнаның ырашына минип, дөгерекке қарай бираз ўақыт ойланып турды.

Бүгин күн суўық еди. Арқа беттен есекен ызғырық самал адамның әпшерин қуўырып баратыр. Сөйтсе де

Хийўада болған ўақыяны ойлап парасаты болмады. Жунейдке қосылып Испандияр ханды өлтиргеннен кейин, Жунейд оның батырлығын жоқары баҳалап; қазақ әскерлериниң ханысаң!—деп хатлап, пәтиўа басып, жарлықты қолына берген еди. Жунейд пенен Сейид Абдулладан кейин «Хорезмниң үшинши ханыман»—деп ишинен қуўанып жүргенде, Сейдтиң тахтынан қулағаны оған оғада аўыр тәсир етип турған еди.

Темиралы хан атанып, үлкен дәрежеге ерискен ол 1918-жылы ҳәзирги үлкен қорғанды Қытай—Маңғыт халқына, қамшы ҳәм жарақтың күши менен салдырып алды. Қорған қысқа ўақытта—төрт айдың ишинде питкерилди. Қоршаўда қалып урыс болған ўақытлары кеминде еки-үш жүз атлы нөкерлер бираз ўақыт урыс алып барыў мүмкиншилигине ийе боларлықтай етип салынды.

Қорғанның ишинде көплеген мийманхана өжирелери болып, суў менен тәмийин ететуғын үш тас қуйысы да бар. Өзиниң бул жаңа мәканын ол Хийўа қаласынан кем көрмейтуғын еди. Сейд Абдулла турған оғада үлкен беккем қорғанның большойлардың қолына өткенине әжепленген Темиралы артына бурылып қарады. Алдындағы жаңа қорғанның бийик дийўаллары ыдырап, қулап баратырған сыяқлы болып көринди. Оның аржағынан есап-сансыз қызыллар шуўлап, ҳүжимге өтип киятырған сыяқлы қулағына қорқынышлы ҳаўазлар еситилгендей болды да турды.

* * *

Бедеркент қышлағы қасындағы Жунайдттиң қорғанында бүгин үлкен мәсләҳәт басланды. Бул кәрağа қарақшылық жолын таңлап алған, Жунайдтиң жаўызлығын қоллап-қуўатлаған көплеген гелле—кесер жыйналды. Бийиклиги алты метр, дийўалының қалыңлығы бир ярым метр, пақсаларының жоқарысында мылтық ататуғын гезе-гезе көзгенеклери бар бул қорғанды Жунайд 1918-жылы Испандияр ханды өлтирип тахтын басып алыў жеңиси мүнәсибетине бағышлап салдырған еди. Хийўаның ханы Испандиярдың иниси Сайд—Абдулла болса қуўыршақ хан есабында сақланып турды.

Өзин-өзи Хорезмниң ханыман, деп жариялаған Кур-

банмамед·сардар (Жунейд) бул үлкен қорғанды алты ай ўақыттың ишинде мийнеткеш халықты ериксиз зорлаў арқасында питкерип алды. Мийманлар қабыл ететуғын, нөкерлерин сақлайтуғын көп санлы, өжирелери, бир неше жүз атлар сыятуғын сейисханалары бар. Қорғанның қубла ҳәм арқа бетинде үлкен еки темир дәрўазасы болды. Кешки ўақытлар Англия байларының сыйлыққа берген электр движоги менен жақтыланып турды. Усылай етип бул Хийўада еки ханның ҳүким сүрип турған аласапыранлы, жаўынгершилик ўақты еди.

Февраль айының бүгинги күни жүдә суўық болды. Жунейдтиң әскер басылары жыйналып, гүрриңлесетуғын сарайына жарақлы, түси суўық сардарлар бүгин оғада көп жыйналды. Төбесинде пәтиги бар оғада үлкен миймanханаының ортасында жағылған сексеўил лаўлап тур. Ҳәмме дийўалларға арқасын берип, еки-үш қатар болып жайғасып отыр. Бул кәраға түркмен жеринен Тахта қаласына жақын Измыхшыйыр қышлағының ири байларының бири Ғуламалы—Бек. Жыланлы қаласына қараслы Қарахожа аўылының атақлы байы Аннабала, Тмич аўылының ақсақалы Ахмед бек, (лақабы бойынша Усақ бек). Гөне Үргенч қаласына жақын турған Ғазақур қышлағының ҳәкими Яқшыгелди, Гөне Үргенч елатының атақлы байы Ғошамамедлер жыйналған еди.

Жунейд ханға еликлеп өзиниң айналасына көплеген гелле—кесер қарақшыларды топлаған Темиралы хан, Қарақалпақ байлары менен ийшан-моллаларының қуўатлаўы арқасында жаўызлық жолына түскен Ханмақсым да келди. Түркменлердиң урыспаз, басқыншы геллекесерлери Шәмли кәл, Шәррик, Дурды-қылыш, Дурды-қазы сыяқлы атақ қумар бузақылары да бар.

Мәсләҳәт жайына жыйналғанлардың алдына дәстурхан жайылып шай қойылған. Бүгинги күнниң суўығы соншелли, ортада от лаўлап жанып турса да, шайнеклерден қуйылған ыссы шайлардың бурқыраған пуўлары түтиндей жоқары көтерилип турды. Сарайда отырған ақсақаллар, ҳәкимлер, кәтқудалар, бийлер Жунейд ханның келиўин күтип, төрдеги кишкене темир қапы тәрепке жалтақлап қарайды.

Түски ўақытлары төрдеги қапы шыйық етип ашылғанда, арғы беттен түси суўық онлаған жарақлы түрк-

мен жигитлер ишке кирди. Олар еки бөлинип дийўалды жағалап тикке турды. Булар Жунейдтиң қара басын қорғайтуғын нөкерлер еди. Олардан кейинги адамлар қәдемлерин әсте басып келеберди. Басына әреби ақ телпек, ийнине маўыты жийекли жаңа сары тон жамылған, жасы алпысты қуўсырып қалған бул кисиниң Жунейд екенлигин ҳәмме таныды. Орынларынан өрре турған адамлар басларын төмен ийип, сәлем берди.

Үлкен өткир ала көзлери сынаптай ойнақшыған ол төрде турған тахқа асықпай келип отырды. Оның кейнинде киятырған сары мәлле шапанға оранған ақ сәллели, ис мурын көсениң Юсуп ийшан екенлигинде көпшилик айнымай таныды. Ийшан ханның оң жағынан орын алғанда, оның қасына келип, иймек мурынлы таныс емес бир адам келип отырды. Жунейдтиң баласы Ешши менен пашшабы Лепес тахтың сол жағына саққа жигинди.

Тах үстинде отырған Жунейдтиң ашыўға толған көзлери жалтырап, сарайдың ишинде турғанлардың ҳәр бирине қадалды. Оның бул көз қарасы ғәллеханаға жиберилген пышықтың тышқанларға атылайын деп турғаны сыяқлы болып көринетуғын еди. Ол қолын көтерип, «отырыңлар!»—деген белги берди. Ҳәмме өз орынларына жайғасты.

— Сизлерге жаңа суўық хабар айтпақшыман!—деди ҳәр бир сөзин салмақлап сөйлеп, Жунейд:—Хийўада ханлық қулатылған. Кеңес ҳүкимети мәмлекетти басқарыўды өз қолына алған. Қаланың орталық көшелерине қызыл жалаўлар тигилип, «Жоғалсын ханлық тутым, жоғалсын Жунейд хан!»» деген сүренлер жазылған.—Жунейд усы гәпти айтып қабағын үйип аз ўақыт көпшиликке қарап турды. Аздан кейин ол, және сестин бәлент көтерип сөйледи. «Өлетуғын ғарға бүркит пенен ойнайды», дегенди билетуғын шығарсызлар. Хийўаны большойлар алып Сайд—Абдулланы тахтан түсиргени менен Қарақумханы Жунейдтиң ким екенлигин сизлер билесизлер. Аллатала биз тәрепте. Сизиң менен биз алланың ҳәмири менен атланыста жүрмиз. Бизди Түркия, Англия, Германия қусаған еллер қуўатлап атыр. Биз Мухаммед Пайғамбардың әўлады, мусылманның үмметимиз. Мусылман дүньясының қәсийетли орны Хорезмди динсизлерге бергенше өлгенимиз жақсы. Кеше Ираннан шабарман келди. Түркия менен Англия еки

жүз түйеге артылған оқ, жарақ жиберипти, мен оны Шырышлы қудығының басында күтип аламан. Ҳәммесин де сизлерге бөлистирип беремен. Бирақ, билип қойыңлар, еле қатарымыз аз. Соңлықтан сизлерге жаңа жарлық етемен. Бүгиннен баслап бурынғыдан да бетер қатаң жазалаў атланысларын жүзеге асырасызлар. Кимде-ким бизлерге қосылғысы келмесе, оларға өлим, мал-мүлки талан-тараж етилетуғын болсын. Урысыў ушын нөкерлерди көбейтиўимиз керек. Оларға керекли азық-аўқат, кийим-кеншек, көлик, халықтан тартып алынсын!

Хийўада ханлық тахтының қулатылыўы менен қатар жаңадан ҳүжимге өтиў ҳаққындағы Жунейдтиң айтқанлары күшли тәсир еткен көпшилик уясы бузылған ҳәрредей ҳәрекетке өтип өз-ара ғаўырласып кетти. Жунейд Юсуп ийшан менен оның қасындағы адамға сөз бермекши болып турды да, және өз мәртебесиниң уллылығын киширейтпейин деген ой менен әскер басыларына өзи жарлық бериўди даўам еттирди.

— Ғуламалы, ортаға шық!—деп шақырды Жунейд. Үстине қызыл мақпал жийекли тон кийген, қус мурын, семиз қара орнынан турып ортаға шықты. Тон ишинен байланған еки қатар оқ, оң қолына услаған англия он атары жалтылдап турды. Қошқардың мүйизиндей шыйратылған қара муртын шеп қолының саўсақлары менен таўлап қойып, Жунейдтиң ҳәмирин күтти.

— Сизге Жыланлы қаласының дөгерегиндеги аўыллардан нөкер жыйнаў, азық-аўқат тайынлаў иси тапсырылады. Талапты қатты қойыңлар. Бирақ, атқа минип жарақ услай алатуғын еркек тухымы бизге қосылатуғын болсын. Бизиң ҳәмиримизге көнбейтуғынлар болса, турған жеринде атылсын!

— Әжеп, тақсыр,—деди Ғуламалы.

— Сизге жуўап, ҳәзирден баслап мениң жарлығымды орынлай бериңиз. Тахта қаласы тәрепиниң нөкер баслығы иркилмей сыртқа шығып кетти. Буннан кейин Шамлини шақырды. Орта бойлы, қара домалақ томпақ, адам қәдемлерин тез басып, лаўлап жанып турған оттың қасына келип турды. Үстине мөрели көк шапан кийип, белине қос қатар байлаған. Адырақ көз, қысық шеке, жасы қырықлардан асқан ол, тағында отырған Жунейдке телмирип қарап турды.

— Сен де Тахта беттеги өз аўылыңа барасаң. Саған да Ғуламалыға айтқан гәп... Ҳеш ўақытта реҳимлилик болмасын. Атлана бериўиңе болады.

— Ахмедбек бармысаң?!—деди хан көпшиликке қарап. Сарайдың оң тәрепинде отырғанлардың арасынан көк ала жипек шапанға оранған, басындағы қара әреби шөгирмеси ғаўқыйған келте бойлы, қара пәрең арық киси түргелип ортаға шықты. Оның пышықтың көзиндей көзлери жылтылдап, бес атарын қос қоллап услап ханның ҳәмирин күтти.

— Аннабала екеўиңизге өз елиңиз Жыланлы тәрепти тапсыраман! Сизлерге адамды көп жыйнаўға, азық аўқатты мол етип тайынлаўға мүмкиншиликлер бар. Барлық ерикти беремен ҳәр үйден бир адам бизге қосылатуғын болсын. Екеў-үшеўден болса оннан да жақсы, олар өзлериниң аты менен келсин, көликлери жоқларға басқалардан тартып әперилсин!

Жунейд усыларды айта баслағанда, узын бойлы бултыйған қызыл шырайлы, жасы отыздан өтип кеткен, қызыл жүн шекпен кийип, белине түрме белбеў менен байлаған киси Ахмедбектиң қасына келип турды. Оның Аннабала екенлигин ҳәмме билетуғын еди.

— Мениң гәпиме түсиндиңиз бе?—деди хан оған қарап.

— Ҳәмириңизге қуллық хан аға! Сизиң жарлығыңыз ушын жан-тәнимизди аямаймыз!—деп ийилип тәжим етти.

Екеўине де жуўап берилди.

Тахта отырған Жунейд Яқшыгелдиниң атын атағанда, сарайдың сол тәрепиндеги адамлардың ортасынан узын бойлы, буўдай ирең қара қопа сақаллы адам орнынан турды, ол мақпалдан жийекленген қызыл елтири тонды ыйығына желбегей салғанлықтан, оның ишинен көринген бөз камзолының сыртынан буўылған қос қатар, қолына тутқан сүр бес атар жаўызлықтың бир белгисин қосып көрсетип турған сыяқлы еди.

— Сиз Қоңырат беглигине барасыз. Ондағы қарақалпақ, қазақ, өзбеклерди басқаларға қарағанда жақсы билесиз,—деп ҳийлекерлик пенен күлимсиреди хан. —Темиралы хан да сизиң менен бирге болады.

Яқшыгелди Гөне Үргенч беттеги яўмытлардың абыройлы басшыларының бири еди. Жунейдтен сораўсыз Қоңырат елиндеги қарақалпақ, қазақ, өзбек аўылла-

рын талай рет қанға батырып, басқыншылық еткенин Жунейд бирдейине есапқа алып, қатты жек көрип жүретуғын еди. Ҳақыйқатында да атақ қумар Яқшыгелди өзин-өзи хан деп жәриялап, үлкен қорған салдырып, ирети келсе Жунейдке қараслы болмаўдың жолын гөзлеп жүрген сум еди.

— Қоңырат беглигинде ел, жылқы, түйе, қой, қара мал, ҳәммеси бар. Еситиўиме қарағанда Қоңыраттың қубла бетинде көп санлы қазақ аўыллары қыслап атырса керек. Темиралы сол аўылларды көширип алып келетуғын болсын. Сақлықта ядларыңнан шықпасын. Қоңыратта да кеңес ҳүкимети дүзилейин деп атыр. Ол кәраға Хийўадан бир атлы эскадрон, бир рота пияда қызыл әскерлер жиберилмекши қусайды. Қалаға ҳүжим ислемей айнала дөгерегиндеги еллердиң үстинен ҳәкимшилик етсеңлер де болады.

— Есик тәрептеги топардың арасынан ири геўдели, сепкил бетли, қарапәрең киси алға шықты. Оның шегир көзлери ойнақшып Жунейдке қарады.

— Мәртебели ханымыз, сизден өтинишим мени Қоңырат бетке жибермеңиз. Оннан, басқа қайсы бегликке бар десеңиз қайылман. Ол жақта мениң ағайинлерим көп, сонлықтан қатаң жазалаўларды иске асырыў маған қыйынлаў болады.

Жунейд мыйығын тартып күлимсиреди.

— Баланың гәпин айтып турсаң, Темиралы батыр. Гәп өлим менен өмир ушын болып атырғанда сен ағайинлериң ҳаққында сөз етип турсаң. Гүрес майданына шыққан адамға «атаң да болса аяма», деген сөз бар емеспе? Сениң менен биз исламның байрағын жоқары көтерип, болшойларға қарсы шыққан. Хорезмниң мусылман үмметлеримиз. Бизиң изимизге ерип қуўатламайтуғын ағайын түўе, аға-ини менен де жарақ пенен сөйлесиўди ҳәмир етемен!—деп жекиринди де азырақ ойланып турып:

— Сен ақыллы адамсаң. Биз Хийўаны қоршап ишки қалаға кире алмай турғанымызда өз нөкерлериң менен қорғанның суў ағатуғын тоңыртқасына кирип, Хийўаны алыўға, зулым Испандиярды өлтириўге еткен жәрдемиңди мен умытпайман, Темиралы батыр.

Жунейд Хийўаны басып аларда ишке өтиўдиң есабын таба алмай турғанда Темиралы өз жигитлери менен тоңыртқадан ишке басып кирип, Жунейдшилерге

жол ашып бергени ырас еди. Бул кәра да туркмен сардарлары алдында ерлигин ядқа түсирип, исеним билдиргени ушын Жунейдке ишинен ырза болып, Темиралы тым-тырыс төмен қарап турды.

— Қоңыратты жақсы билесең,—деди Жунейд Темиралыға қарап сөзин даўам еттирип.—Яқшыгелди менен Ғошамәмедтиң күши жетпей жүрген Қыдыр батырды жигитлери менен алып қайтасаң. Буны ислеў тек сениң қолыңнан келеди.

— Ҳәси сөйлесем кеширим сорайман. Ҳәмириңизге қуллық,—деп Темиралы кейин шегинди.

Жунейдхан буннан кейин Ханмақсымға Әмиўдәрьяның арқасына өтип, нөкер жыйнап әкелиўге Қоңыраттың бурынғы ҳәкими Қутлымурат бийге (лақабы бойынша Балабий) Ғошмәмед пенен Хожелиге атланыўға тапсырмалар берип, изли-изинен жөнелтти.

Ҳәммеси кеткеннен кейин Юсуп ийшан менен оның қасындағыны алып қалып, басқаларға жуўап берди.

Юсуп ийшанның қасында отырған адам иймек мурын, орта бойлы алакөз жасы елиўге жақынлап қалған киси еди. Үстине Хийўаның қызыл жипек шапанын, басына әреби қара шөгирме, аяғына геўиш мәси кийип, алған. Бул адам Туркия ҳүкиметиниң Хорезмге Жунейд ханға жиберген кеңесшиси полковник Ахмед мырза еди.

Маңғытлы Юсуп ийшанның мешитинде турып ҳәрдайым Жунейдтиң қорғанына жасырын түрде келип, ҳалаўҳалды билип кеңеслер берип жүрди. Бул сапары оны ийшан менен бирге Жунейдтиң өзи шақырып алдырған.

— Көрдиңиз бе, Ахмед мырза, сиз ойлағандай бизиң арамызда ала аўызлық жоқ. Ҳәммеси мениң ҳәмириме бағынады. Сиз буны Туркия ҳүкиметиниң басшылығына айтып барыңыз. Бизге сизлер тәрепинен күшли—жәрдем керек. Большойлар қәҳәрли, қайсар душпан. Олардың урыс қуралы, адам күши оғада көп. Сонлықтан Туркия бизге Иран арқалы қураллы топылыс ашып жәрдем береме, деген үмитимиз де бар. Англиядан да усыны күтемиз. Бизге ҳәр тәреплеме ғамхорлық дәркар.

— Сиз айтқанлардың ҳәммесинде жақын ўақытларда ҳүкиметимизге жеткеремен,—деп Ахмед исенимли

түрде жууап берди. Юсуп ийшан да Жунейдтиң гәпин қууатлады.

— Хорезмди большойлардан аман сақлап алып қалсақ,—деди ийшан Ахмедке бурылып қарап:—Түркия менен бир мәмлекет есабында жасауымызға да болады. Юсуптың бул гәпин жақтырмаған Жунейд:

— Туумаған балаға киндик шеше излемей тура турайық. Түркия бизиң түрик тухымлас халық екенлигимизди мойынлайтуғыны ырас болса, Хорезмди динсизлердиң тырнағынан қутқарыудың илажын ислесин.

Ишки қапыдан сарайға кирген Непеспашшап ауқаттың таяр екенлигин хабарлады.

— Ендиги гәпти дәстурхан үстинде дауам еттиремиз,—деди Жунейд орнынан турып. Сарайдың төрине жайылған Түркмен ғалы гилемлерди басып, үңирейип турған кишкене есикке қарап баратырған олар инге жылысып кирип баратырған зәҳәрли жыланлар сыяқлы болып көринетуғын еди.

* * *

Хорезм менен Қарақалпақстандағы қазақ байларының ханы, деп аталған Темиралы еки жүзге жууық нөкерлери менен Қоңырат Беглигине Шоманай арқалы топылысқа өтти. Яқшыгелдибек басқарған төрт жүз атлы қарақшылар үстирт тауының үсти менен Ақшуңгил қолтығындағы жол арқалы төмен түсип Қоңырат тәрепке қарай қара қурттай өрди. Бул еки топар баспашылардың киятырғанлығын бул тәрептен ҳеш ким сезген емес.

Үстирт қырлары суўық болғанлықтан көшпели қазақлар гүзде Қоңырат беглигиниң қубла күн батыс әтирапын жағалай қыслап, бәҳәр шығыудан тағы қырға көшиу оларға үрдис болып қалған.

Бүгин де февраль айының соңғы күни, олар бәҳәрги көшиу исине таярланып, бир ауылдың адамлары екинши ауылға барып, хабарласып жүр еди.

Темиралының атлылары дәрьяны кесип өтип, Көкли көл менен Жүзтанапқа таң алдында жамғырдай қуйылды. Нөкербасылар Ерқара, Шайман, Жолман, Тағанлар шеттеги кишигирим еки ауылдың астан-кестенин шығарды. Қарсылық көрсеткен жигитлерди атып өлтирди. Мал-мүлкин талап, сәске уақтында он ша-

қырымға жуўық қашықлықта отырған Қыдыр батырдың аўылына қарап атларының басын туўрылады.

Кеше қаладан кеш қайтқан Қыдыр бүгин азанда кеширек турып, намазын оқып шайға отырғанда аўыл жигитлери Әбдиғалий, Бекиш, Пахратдийин, Тағайлар келип, күн шығар беттен мылтықтың сестин еситкенлерин хабарлады. Бул суўық хабардан әжепленген Қыдыр шай ишиўин қойып, ойланып қалды. Қыдыр орта бойлы, жасы қырықлардан асқан қайың, қара-пәрең киси еди. Өткир қара көзлери отқа қадалып сәл отырды да кийине баслады. Басына қызыл сур түлки малақай, үстине жаңа сур жүн шекпенин кийип, белине қос қатарын беккем байлап иргеде сүйеўли турған гүмис қундақлы бесатарын қолына алды. Усы ўақта сыртта шаўып киятырған аттың дүбирлиси менен «Жаў киятыр, атланыңлар» деген даўысты еситти. Ҳәммеси жуўырысып сыртқа шықты.

Ҳаплығып аттан түскен жас жигит:

—Баспашылар еки аўылымызды басып алды. Бир қанша жигитлерди атып өлтирди. Бизиң үй шетте болғаннан кейин, сайға түсип қашып шықтым,—деп жыламсырады.

— Яўмыт баспашылары ма?—деп сорады Қыдыр.

— Темиралы ханның қарақшылары болса керек. Олар бизиң онлаған үйге ат қойып киятырғанда: «Бизлер Темиралы ханның нөкерлеримиз, қарсылық еткенлерди жер жуттырамыз», деп қышқырған сөзлерин еситтим,—деди жигит.

— Бул күтә қолайсыз ғой,—деди Қыдыр жигитлерине қарап.—Темиралы бизге ағайын бола турып, неге буныңдай қылды екен?—деп таңланды.

— Оны Ханжунейд зорлап жиберип отырған болыўы итимал,—деди Әбдиғалий.

— Бизге қосыл—деп жазған хатына жуўап бермегенимиз ядыңызда барма, жасы үлкен?—деди Пахраддийин.

— Ҳәзирше ағайиншиликти қойған шығар,—деп Әбдиғалий алдындағы кишигирим төбешикке қарап жүрди.—Ақ туў алып алдынан шығыўымыз керек.

— Оннан да оған қосыламыз, десеңиз де болады!—деп Пахратдийин, оның гәпин жаратпады.—Анаў арқашты панапап атысыўымыз керек.

— Таған-бек, сен аўыл жигитлерине жуўыр. Сизлер

меннен бий жуўап оқ атып жүрмеңлер. Жаныл атырған отқа тамызық тасламай, сақлық етип көрейик,— деп Қыдыр Әбдиғалий менен теңлесип арқашқа қарай тез қәдем таслады. Жыңғыллы ойдың күн шығыс қубла бетиндеги бийиклеў арқаштың үстине шығып алға қарап турды. Ҳә дегенше онлаған аўыл азаматлары буларға келип қосылды.

— Мен не қыламан?—деп хабаршы бала оннан сорады.

— Ҳәзирше усы жерде бола бер. Уақыяның барысын көрейик.

— Арқа беттен ескен самал күшейе баслады. Керсендей төңкерилген аспан гүмбезиниң астында жақын жерден ушып өтип атырған қара бултлар ап-анық көринип тур. Жер үсти арық малдың жыртық-жыртық жаман териси сыяқлы алағат қар жамылған.

Узағырақтағы терең сайдан қара қумырсқадай өрип шыққан баспашылар шуўласып Қыдырлар турған тәрепке қарап ат қойды. Жақынлап қалған алдыңғы топары мылтық атып қыйқыўласып келе берди. Олардың бул ҳәрекетин көрип турған Қыдыр бес атарының аўзын жоқары көтерип бултларға қарап атып жиберди. Бул оның «тоқтаңлар, хабарласайық»—деген белгиси еди. Пәрманлары менен шаўып киятырған қарақшылардың алдыңғы бөлими атларының дизгинлерин тартып, бир жерге шоқлығысты. Азырақ уйлығысып турды да арасынан қыл мойын қара арғымаққа минген адам буларға қарап жүрди. Түркмени ақ бөрик кийген, үстинде сары тоны бар, ири ғеўдели баспашы жақынлап келип:

— Араңызда Қыдыр батыр барма?—деп даўыслады.

— Мен боламан!—деп Қыдыр жигитлериниң алдына шықты.

Арғымағын желдирип жақын келген баспашы:

— Аманбысаң,—деп мүләйимсиреди. Оған жақын барған Қыдыр:

— Ассалаўма әлейкум, Темиралыхан аға,—деп оның қолынан алды.

— Хорезмниң ханы Ханжунейдтиң ҳәмири менен атланып киятырман. Буның үстине саған өкпемде бар. Бизге қосылыўды сорап жазған хатыма жуўап бермедиң иним. Заман ҳәзир тәрезиниң еки басындай болып шайқалып тур. Бир басында бизлер, екинши басында

большойлар. Биз тәрепке өтиўиң керек еди. Сениң қосылатуғынлығыңды айтып, Жунейдти де исендирген едим. Исенимимизди ақламадың соның ушын шеткери аўылларыңды бүлгиншиликке салдым.

Бизлер исламның ҳақ туўын қорғаў ушын гүрес майданында қан төгип жүргенде, сениң отырыўың маған жақпады. Ушырасқанымыз жақсы болды. Узақ ўаз айтып турыўға ўақтым жоқ. Сеннен басқа биреў болатуғын болса исим басқа. Бир алланы умытып динсиз капир болғың келсе, ҳәзир оны айтасаң! Исламның әрўағын сыйласаң маған қосыласаң.

Қыдыр бул талаплардан кейин өзиниң қыйын аўҳалға түскенин билди. Қысынғаны соншели, маңлайынан шып-шып тер шықты. Қандай жуўап бериўдиң кереклигин ойлады, қарсылық етсе өзи емес, жигитлери менен аўылдың бала-шағалары да набыт болатуғыны көз алдына келди. Темиралының артындағы еки жүзден кем емес қарақшыларын көрип тур. Дәслеп тәсил ислеп көремен деген ойынан енди шегиниўге мәжбүр болды. Усылайынша не қыларын билмей турғанда Темиралы тағы:

— Биз большойларды Хорезмнен қуўып шығамыз,— деди.

— Әскер жағынан көмек бериў ушын Түркия таярлық көрип атыр. Ханлықты Жунейд қайтадан өз қолына алады.—Соңғы гәплерди Темиралы оған тәсир етиў ушын шама менен өз ойынан қосып айтты. Қыдыр қорықтыма ямаса оның айтқан гәплерине инандыма. бул жағы белгисиз:

— Сизге қосыламан!—деп қолын созды.

— Мине, енди ақылыңа жаңа ендиң,—деп Темиралы оның қолынан алып атынан түсип қушақлады,—«Адасқанның айыбы жоқ, қайтып жолын тапқан соң»—деген иним. Аўылыңды ҳәзир көшир, Гөне Үргенч беттеги Айыршағыл деген жерге барып қоныңлар.

Яқшыгелди бек Ат жолы ата беттеги Қара қойлы аўылларын басып алып, Айыршағылға көширип атырған болыўы итимал. Биз оннан кейин қалмаўымыз тийис.

Темиралыдан усы тапсырмаларды алып, Қыдыр кейининде күтип турған өз жигитлерине қайтты. Басқыншылар бул аўылда иркилместен күн батыс тәрепке өтип кетти.

Яқшыгелди басқарған төрт жүз атлы баспашылар Бөрижемес көли менен Тоқат ийшан дөгерегинде қыслап атырған Қарақойлы аўылларын басып алды. Душпанлардан хабары болмаған аўыл жигитлери қолларында бар жарақларын да пайдалана алмай қалды. Бул тәрептеги аўыллардың бас көтерген ақсақаллары Қуўандық оның жигит болған балалары Меңликул, Меңлихан, Алланазар батырдың балалары Әлимбай, Шегенбай, Өте ақсақалдың баласы Қазый, Байтилеў ақсақалдың баласы Арынғазылар аўылды бирдейине баспашылардан қорғап жүрген ер азаматлар еди. Булардың ҳәммеси де қарсылық көрсете алмай ғапылда қолға түсти.

Яқшыгелдибек Қыдырға қарағанда буларға жүдә қатаң талаплар қойды. Торға түскен шымшықларға усап илаж болмаған ақсақаллар, жигитлер бийгүна қан төгилмеў жолын гөзледи. Яқшыгелдиниң айтқанына көнип, өз аўылларын ҳәм қоңсылас аўылларды Айыршағылға көшире баслады.

Бул күнлери Қоңырат қаласында Совет ҳүкимети жаңадан дүзилип, басқарыў органлары қызыў шөлкемлестирилип атырған ўақыты еди. Тосыннан топылыс жасаған Жунейд қарақшыларының қылўасы қалаға тез жетти. Қалада турған бир эскадрон атлы әскерлер бул сумлықлы аўҳалды бир күн кейин билип атланды. Бирақ кешиккен еди. Олар Шоманай тәрепке шекем из қуўды, оннан ары кетсе, Қоңырат қорғаныўсыз қалатуғын болды. Әскерлер кейин қайтты. Айыршағылға көширилип әкелинген 500 үйден Темиралы хан еки жүзге жақын отряд шөлкемлестирип, оның басына Қыдырды басшы етип белгиледи. Қуўандық усы тазадан дүзилген қураллы күштиң кеңесши ақсақалы болып тайынланды. Адамлар көп узамай оны Қуўандық хан деп атап кетти. Жунейд пенен Темиралыға зорлық пенен қосылған Қыдыр басқарған отряд Жунейд буйрығы менен бир неше рет мийнеткеш халықты талаўға да қатнасып үлгерди. Дәслеп Исламның ҳақ туўын қорғаў ушын,—деп үгитлеген гәпине инанып қалған олар Жунейдтиң басқыншылық ҳәрекетлерин өз көзлери менен көре баслағаннан кейин, халықтың мәпин қорғаў ушын емес, Жунейд ҳәкимшилигин беккемлеў ушын отқа түсип жүргенлигин аңлады. Бунын үстине оның Ғошмәмед, Гүламалы, Усақбек, Яқшыгелди, Шаммыкәл, Шар-

рик деген нөкер басыларының бәри бурын Қоңыратқа басқыншылық еткен қанхор көлли түркменлеринен шыққан қарақшылар екенин Қыдыр өз көзи менен көрип, ишинен қатты толғанысқа ушырады.

Май айының бир күни Қуўандық, Қыдыр батырдың үйине келди. Аттан түсип жайласып отырғаннан кейин ол:

— Темиралыханнан хабар келди. Жунейдтиң буйрығы бойынша сениң менен биз еки жүз атлы нөкер алып Шырышылыда хан алдына тез жетиўимиз керек болыпты. Хийўада Кеңес Ҳүкиметиниң дүзилиўи түркмен сардарларына күшли тәсир еткен болса керек. Ғошмәмедхан, Ғуламалы, Аннабала сыяқлы Жунейдтиң әскерий басшылары бийтәреплик жолына түсипти. Жунейдти таслап кетсе керек, соларға қарсы үлкен саўаш болатуғын көринеди,—деди. От басында ойланып отырған Қыдыр еңсесин көтерип сөйлеп:

— Дәслеп биз Жунейдти таслап кетиўимиз керек еди, кешигипбиз Қуўандықхан. Бизге душпан болса да түркмен сардарлары дурыс ислеген. Сен билесең бе. Биз не ушын жанымызды аттың қуйырығына түйин қылып байлап жарақ көтерип Жунейдке ердик?

— Усыны өзим де билмеймен,—деди Қуўандықхан.

— Сенде хан, Темиралы да хан, Ғошмәмед, Яқшыгелди, Шаммыкәл, Шарри кәл де хан. Бул не деген көп хан? Халық: «Хан көп болса жаў көп болады, бий көп болса даў көп болады», деп дурыс айтқан. Буннан былай Жунейдтиң изине ере берсең, жаўласыў және де улғайып, бес жүз үйли шаңарақты гүбелектей отқа салып өртеп аламызба, деп қорқаман.

Қыдырдың бул гәплерин қунығып тыңлаған Қуўандық тикленип отырып:

— Хан—қарақшы, халық—сарапшы,—деген дурыс екен. Қыдыржан. Қысқа ўақытта қалай хан болып шыққаныма өзим де ҳайранман. Бунның соңы жақсылыққа жорылғай,—деп ойланып жүргенде сениң мынаў айтып отырған мәсләҳәтиң мени қатты уйқымнан оятқандай болып отыр,—деди.

— «Бай қасына барып көр, пақыр болмасаң маған кел, хан қасына барып көр, басың кетпесе маған кел», —деп ата-бабаларымыз дурыс айтқан. Усы Жунейд бир күни өзлеримизге аўыз салатуғын шығар, деп қорқаман,—деди Қыдыр оған тикленип қарап.

— Сонда не ислеуимиз керек?

— «Ҳәр кимниң өз жери Мысыр шәҳәри»,—елге қайта көшемиз.

— Қоңыратта да Совет ҳукимети дүзилсе керек. Қабыл етерме екен?

— Бизлер еле, қәўипли қылмыс ислеген жоқбыз. Кеширим берер, деп ойлайман.

— «Киси елинде патша болғанша өз елинде шопан бол», деген дурыс ғой. Сен не айтсаң мен соны қыламан, ерикти өзиңе бердим, Қыдыржан,—деди Қууандықхан оған үмитленип қарап.

Қыдырдың үйинде оңаша усылай келисимге келип орынларынан тура бергенде, Темиралыханнан және шабарман келди. Астындағы көк дөненин ақ көбик қылып шаўып келген жигит атынан түспей:

— Темиралыхан, аўылды тез Шырышлы қудығына көширип апарсын, деди: бул ис бүгиннен кешикпесин,— деп, Жунейдхан қатаң тапсырма берипти,—деген хабар жетип келди. Қууандық пенен Қыдыр бир-бирине азы кем ойланып қарап турды да, ишинен бир-бириниң ойларын түсинисип алғаннан кейин Қыдыр, шабарманға:

— Бүгин аўылды көширип, өзлеримизде еки жүз атлы менен Жунейдханның ҳәмирин орынлаймыз,—деп хабаршыны исендирди. Шабарман жигит атының басын бурып бурынғы жолына түсип және қустай ушты.

Темиралы хан Айыршағыл менен Шырышлы қудығының арасындағы Сарықамыс ойпатында өзиниң аўылында, өз нөкерлери менен турған еди. Хабаршы узап кеткеннен кейин:

— Темиралыханның аўылының бизлер менен бирге болмағаны да жақсы болды,—деп Қыдыр күлимсиреди.

— Усы ойымызды айтсақ ол да ойланбаспа екен?— деп Қууандық оған қарады. Күле шырай берип турған Қыдырдың қабағы үйилип қара пәрең жүзин булт басты:

— Ҳақ көкирек ақсақалсаң-аў, Темиралы бул гәпти есите қойса, көп узамай сениң менен мени ағайинлер бейиш пенен дозақтан да излеп таба алмас. «Сақлықты суңқардан үйрен» дегенди билесеңбе? Темиралы бизге ағайин болған менен ҳәзирги күнлери ханлық атаққа мардыйып не боларын билмей жүрген есер

адам. Буны тек биз екеўмиз билиўимиз тийис бул сырды.

— Сонда не қылмақшысаң?—деди Қуўандық таңланып.

— Мениң өз ойымша аўылды күн бата көширемиз де, қараңғы түскеннен кейин көштиң басын кейин қарап бурамыз. Түни менен көп асыўларды басып өтип. Қоңыратқа жолға шығамыз. «Қашпақ болсаң зымыра» дегендей, күн-түн тынбай жүрип отырамыз. Сен көшти баслайсаң, мен жарақлы еки жүз жигит пенен кейнинде жүрип, аўылдың Қоңыратқа аман жетиўин тәмийин етемен. Жунейд те, Темиралы да бизиң бул ҳийлемизди билсе қуўғыншы әскерлерди жибереди. Ким биледи, олардың қарақшыларына тосыннан ушырасып қалыўымыз да мүмкин. Мине, соның ушын да «атысатуғын жаўға арқаңды көрсетпе» дегендей, сен аўылға беккем болып қаша бер. Мен болсам тәўекелге сыйынып, қандай болса да душпанлар ушрасса саған жеткизбей жоқ етиўдиң ғамын жеймен.

— Бул қуп табылған ақыл, — деди Қуўандық. Буннан кейин аўылды Қоңыратқа қарай көшириўдиң илажы көрилди.

— Қуўандық кәрўан басы болған бес жүз үй, күн батар алдында Айыршағылдан қублаға қарап көш басын дүзеди. Май айының бул күни жыллы, аспан бултсыз ашық еди. Түйелер бозлап, жылқылар киснеп, қойлар маңырап, жәниўарлар Айыршағыл менен хошласып атырған сыяқлы дүбирлести. Күн батқан ўақытлары маллар да шуўласыўын қойып көштиң соңына тым-тырыс ере берди. Келискен ўәде бойынша Қуўандық қараңғы түскеннен кейин, гүзар жолдың бир пайтында көшти кейин бурды. Буған түсинбеген кейинги жақтағы адамлар ҳаплығып ат шаўып келип кәрўан басыға адасып баратырғанлығын хабар етти.

— Жигитлер! — деди үлкен нарды жетегине алып ат үстинде киятырған Қуўандық. — «Билек түрде мийнет ет, етек түрде елге жет» деген гәп бар. Буған түсинбейсизлерме?... Аўыл ақсақалының бул гәпиниң сырын сезген дәслепки шаўып келген жигит күлимсиреп:

— Қоңыратқа қайтып баратырмыз ба? — деп таңланып сорады.

— Мен адасқан жоқпан. Ханжунейдтен қашып ба-

ратырмыз, — деди әстелик пенен сыбырлап сөйлеп. — «Жаў жоқ деме, жар астында, бөри жоқ деме, бөрик астында», деген халық нақылы бар. Гәпке түсинген болсаңлар көшти тез жүргизиўдиң ғамын ойлаңлар, ҳәзирше бала-шаға сыр билдирмеңлер!

— Атланып кеткен аўыл жигитлери буны билеме? — деп сорады екиншиси.

— Бул ойласып исленген ҳәрекет. Олар көшти Жунейд қарақшыларынан қорғаў ушын атланды, узақта емес, — деди Қуўандық. Бул гәпти еситип қуўанышқа бөленген жигитлер өз көшлерине жеткенше асықты.

Усыдан еки күннен кейин Темиралының Ерқара баслаған отыз атлы нөкери Айыршағылға келип, Қуўандық пенен Қыдыр басқарған бес жүз үйли аўылдың зым-зыя жоқ болып кеткенине таңланды. Олар ойласып жақында жүрген көштиң изине түсип, ақырында олардың Қоңырат тәрепке кеткенлигин анықлады. Отыз-қырық шақырымға шекем кәрўанның изине түсип барлаў жасаған Ерқара Қыдыр менен Қуўандықтың сатқынлық ислеп қашып кеткенлигин билди. Бул хабарды Шырышлыға келип Ханжунейд пенен Темиралыханға хабарлады. Темиралы Сарықамыс ойпатынан асығыс түрде Шырышлыға көшип кеткенликтен бул ҳәдийсени еле билмейтуғын еди.

Жунейдханның ставкасы, деп аталатуғын үлкен ақ боз үйде Темиралы да отырған еди. Сыртқа қараўыллардан рухсат алып ишке кирген Ерқара, болған ўақыяны қысқа айтып берди.

— Не дейсен? Олай болыўы мүмкин емес! — деп Темиралы оған бежирейип қарап таңланды. Темиралы менен алдағы атланыслар ҳаққында ойласып отырған Жунейдтиң әпшери отқа күйген теридей бүристи. Жаңа ғана ол Қыдырдың еки жүз атлы нөкери көптен бери өзине қосылмай, большойларға да жәрдемлеспей, бийтәреп турған түркменлердиң Емирели руўын талаўға жибериўди уйғарған еди. Өзи болса шаўдырларды ўасўайран етпекши болып Темиралыны Хожели бетке атландырмақшы болып сөз байласқан еди.

— Бул не гәп? — деди Жунейд Темиралыға түнерип қарап. Тосыннан болған хабарға ҳаўлығып қалған ол, аздан кейин өзине келип:

— Ҳәр нәрсениң болыўы мүмкин, — деди таңланып Ерқараға бурылып.

— Ертең сенде қашатуғын шығарсаң? — деди Жунейд оған.

— Мен сизге қуран услап ант берген адамман, — деди намысланған Темиралыхан.

— Гейде сендей адамлар антын бир қаўынға да сатып кетиўи мүмкин. —Темиралы оның бул гәпин жақтырмады. Екеўи де бир-бирине қарады. Жунейдтиң үлкен ала көзлери Темиралының шегир көзлери менен ушырасқанда, соңғы ўақытлардағы жүрек төриндеги келиспеўшиликлер бир бирине сезилип турды. Бирақ Темиралы өзиниң жек көриўшилик сезимлерин жасырғысы келип:

— Қасқыр байлағанға, шошқа айдағанға көнбейди,—деген дурыс гәп. Қыдыр қасқырға, Қуўандық шошқаға мегзес адам. Мен оларды өзимизге зорлық етип қосып алғанман. Маған рухсат етиңиз, қуўып жетип сазайларын тарттырайын — деди Темиралыхан.

— Басқа бир атланысқа керек болып турсаң, дәслепки айтқанымды кеўлиңе алма. Қыдыр менен Қуўандық меннен қашып қутыла алмайды, — деди Жунейд. Буннан кейин Ерқараға бурылып «бүгиннен баслап мениң қараўымда боласаң. Темиралы буған қарсы болмайды, — деп мыйығын тартты. Ерқара қол қаўсырып: «Қуллық, — хан аға» — деп шығып кетти. Бул ҳәрекетлердиң ҳәммеси Темиралының жүрегине қатты қозғаў салды.

Усы ушырасыўдан кейин Қарақумның еки көкжал қасқыры арасындағы қатнасықлар бурынғыдан да бетер шийеленисе берди. Бирақ, сырларын қолларынан келгенше қупыя сақлаўға тырысты.

1920-жылы Хийўада ханлық тутым сапластырылғаннан кейин де Жунейд қарақшылық топылысларын даўам еттире берди. Кең саҳралы Қарақум олардың жаўызлық ислериниң мәканына айланды. Советлик жаңа турмысқа жаңа өмир дүзип атырған мийнеткеш халықты бүлгиншиликке салды. Бундай қарақшылық атланысларға Темиралы ханның нөкерлери де бирдейине қатнасып турды. Қызыл әскерлер менен қашып урыс алып барған Жунейд узақ ўақытларға шыдам берди.

1921-жылдың гүзи де келди. Өзине пәнт берип кеткен Қыдыр менен Қуўандық ханды хан Жунейд еле умытқан жоқ еди. Бир күни Шаррик сардар менен Ерқараны алдына шақырып алды. Бул азанғы шайды

шип болып, күнделикли жаўызлық ҳәрекетине кирисетуғын уағы. Узын бойлы, ат жақлы, теке сақал, жасы қырықлардағы яўмыт кирип келип, Жунейдке басын ийип сәлем берди. Басындағы үлкен қара бөркиниң шыйратылған әреби шашақларының астынан ойнақшып турған қара көзи ханға қадалған ол:

— Ҳәмириңизге қуллық, тақсыр, — деди. Төрде үлкен ғалы гилемниң үстине жайылған мақпал көрпешедеги Жунейд:

— Шаррик сардар, бир жумыс тапсыраман, орынлай аласаң ба? — деди оған сын көз бенен қарап.

— Қолдан келстуғын ис болса бежеремиз, — хан аға.

— Басқаларға исеним болмай, буны саған тапсырмақшыман. Өткен жылы бизге қосылып турып алдап қашып кеткен Қыдырды билесең бе?

— Аўа, тақсыр.

— Соны өлтирип қайтыў керек.

Шаррик аз ўақыт ойланып қалды.

— Неге үндемей турсаң, оннан қорқасаң ба? — деп Жунейд оған қарап қабағын үйди.

— Гәп онда емес, хан аға. «Аўлайтуғын аңды өз жериниң түлкисине алдыр», — деген гәп бар емеспе? Бул исти Темиралы ханға тапсырғанда жүзикке қас қондырғандай болар еди, — деп оған мүлайимсип, үмитленип қарады.

Шаррик ең исенимли әскер басыларының бири болғанлықтан хан оннан сырын жасырмады.

— Ол мәккар адам, Қыдыр болса ағайини, «Ғарға ғарғаның көзин шоқымас», — деп ойлайман. Соның ушын да бул әҳмийетли ўазыйпаны оның орынлаўы неғайбыл.

Темиралы хан ҳаққындағы Жунейдтиң жаңа пикирин еситкен Шаррик:

— Ондай болса бараман. Бирақ қай жерде екенлигин билмеймен ғой?...

— Қасыңа Темиралыдан да исенимли Ерқараны қосаман. Ол жол таўып апарады.

— Оны да Қыдырдың ағайини деп еситтим ғой?

— Ерқара ҳәзир мениң туўысқаным, — деп хан күлимсиреди. Оннан кейин Қыдырдың қәўипли душпан екенлигин түсиндирип оны тосыннан бас салыўы кереклигин айтты.

— Қолымнан келген нәрсениң ҳәммесин де орынлайман.

— Ерқараны алып кел, — деди есик алдында турған қараўылды шақырып. Көп ўақыт өтпей ол сәлем берип ишке кирип келди.

— Қыдыр менен Қуўандықтың қай жерде қоныс басып атырғанын билесең ғой? — деп оған исенип қарады Жунейд хан.

— Әлбетте, — деди ол. — Билемен.

— Шаррик сардарды баслап барасаң. Екеўинде гүм етип қайтыңлар.

— Хан ҳәмири, алланың ҳәмири, — деген хан аға ҳәммесин де орынлаймыз, — деп түлкидей жылмыңлады Ерқара.

— Үстиңдеги кийимлериңди тасла. Түркменше кийин,сениң ким екенлигиңди, ағайынлигинди танымасын — ағайинлериң, — деп хан мыйығын тартты. Буны Ерқара ханның маған ислеп атырған ғамхорлығы деп түсинди. Жунейд болса, Қыдырларды жоқ етиўде ағайинлери араласыпты,—деген гәптиң болмаўын гөзледи.

Усы күн түстен кейин Шаррик 36 баспашыны ертип, Ерқараның жол көрсетиўи менен және бир қанхорлық тапсырма алып атланып шықты. Олар Узбой дәрьясының батыл болған жағалаўы менен Талайхан ата, Жарты гүмбезге келип қонып ертеңине азан да Дәўқалаға қарап атланды...

Айыршағылдан қашқан Қыдыр менен Қуўандықтың аўылы саў-саламат Қоңырат әтирапына жеткеннен кейин, көпшилиги қырға көшип кетти. Қыдыр менен Қуўандық та олар менен бирге болып, 1920 жылдың жазында Үстирттиң Сам, Уллы Сам Қасарма усаған кең жайлаўларында болды. 1921-жылдың гүзинде Қоңыратқа көшип келип, жергиликли совет органларының рухсаты менен Қанлы көлге көшип келип қонысланды. Районлық ОГПУ истиң мәнисине жақсы түсингеннен кейин, екеўине де кеширим берген еди.

Сентябрь айының ертең базар күни деген күни аўыл жигитлери Қоңыратқа базарлаў ушын қой, түйе, жылқыларын айдап қалаға кетти. Қоңырат қаласы жигирма бес—отыз шақырым қашықлықта болғанлықтан, малларды бир күн бурын жол бойы жайып апарыў бурыннан дәстүр болып қалған еди. Аўылда бала-шағалар менен бирге Қыдыр, Қуўандық қалды.

Қанлыкөл ойпатындағы Қыдыр менен Қуўандықтың аўылы онлаған үй еди. Сентябрь айының таңы қалың думан менен атқан ўақыт шырт уйқыда жатырған бул аўылға қарай отызлаған атлы киятыр. Олардың алдында Шаррик пенен Ерқара. Яўмытша кийинген Ерқараны сырт беттен қараған адам түркмен қарақшыларынан ажыратып алыўы мүмкин емес. Екеўиниң алдында төрт-бес қәдем жерде жабағы жүнли арық ғунанда баратырған адамға Ерқара:

— Ҳәй, сумырай, бизлерди алдап киятырған жоқсаң ба? — деди онша қатты сестин шығармай. Ол атының басын тартып турып:

— Қуда бир, рәсиўли ҳақ усы сайдың бойында. Думан болмағанда үстинен түсиретуғын едим. — деди даўысы қалтырап шығып. Бул кеше жансыз қылып жиберген адамы Султан деген киси еди. Кеше түстен кейин Қыдырдың аўылына келип, аўыл жигитлериниң базарлап кеткенлигин, Қуўандық пенен Қыдырдың аўылында екенлигин анықлап, Шаррик пенен Ерқараға хабарлаған. Шоманайдың Әзлер баба деген жеринде усы хабарды еситкен булар түн ярымында атланып, жарысып киятыр.

— Егерде өтирик айтсаң, саған бир оқты шығын қыламыз, — деди Шаррик оған жақынлап келип.

— Оллаҳий-биллаҳий шыным, мени мәмелек айландырмаса усы сайдың бойында, алдымызда шығар,—жалғыз қара басының ғамын ойлап еки тәрепке де бирдей хызмет ислеп, Әзлер бабадан малын бағып отырған Султан сумырай лақаплы орта жастағы киси еди бул. Артында бес атарларын қус ататуғын аңшылардай тайынлап киятырған екеўине жалтақ-жалтақ бурылып қарап, атып таслайма, деп зәрреси қалмай баратыр.

Еле күн шыға қойған жоқ еди, Қанлыкөлдиң қубла күн шығыс бетиндеги сайды жағалап киятырған баспашылар жақын жерден булдырап көринген қара үйлердиң төбесин көрди.

— Мине, алдымызда, ағалар, — деди Султан кейин бурылып, оларға ыржыйып күлип қарап. Оның қуўсыйған ат жақлы, көсе келбети маймылдың әпшерине усас еди.

— Басқа үйлер болар, — деди Ерқара.

— Усы берги шетки түңлиги қара, үзиги ақ Қыдырдики.

— Қуўандықтики қайда? — деди Шаррик оған.
— Оныки аўылдың арғы жағында.
— Еки батырсымақ аўылын қорғаў ушын пана болып отырған ғой, — деди Ерқара Шарикке қарап.
— Енди мен кетеберсем болама ағалар?—деп Султан сумырай екеўине жалтақлады.
— Неге асығасаң, қойыңа қасқыр шаўып атырма?— деп оған қарап Ерқара қабағын үйди.
— Малымды өзим бағатуғын едим, Әзлердиң тоғайында ырасында да қасқыр көп, еки күнликте үш қойымды жоқ етти.
— Жунейд қасқырларының Қыдыр батырдың қойларына қалай тийгенлигин көрмейсең бе? — деди Шаррик күлип.
— Рухсат етиңиз, Шаррик сардар, мен қан төгилиўди көрген жоқ едим,—қорқып турман—кете берейин.— деп ат үстинде геўдесин ийип өтинди.
— Олжа керек емеспе? — деди Ерқара оған.
— Не дейсең? — деп оның айтқанына түсинбей қалды.
— Кете берсин,—деди Шаррик.
Султан сумырай кейин бурылып, сайға түсип қайтып кетти.
Ерқара менен Шаррик нөкерлерди екиге бөлип, шырт уйқыда жатырған онлаған үйди қойға шапқан қасқырлардай бас салды.
Таң алдында дәрет алып келип, енди намаз оқымақшы болып атырған Қыдыр, сырттан еситилген дүбирлиден сезикленди ҳәм дәрҳәл дастығының астындағы мылтығын алып сыртқа шықты. Узағырақта қараңлап киятырған атлыларды көрди де, ишке қайта кирип:
— Жаў келип қалды қашыңлар! — деп бала-шағасына хабар берди. Ағасының қорқынышлы сестинен шоршып оянған қарындасы Жипек қасында уйықлап атырған он жасар инисин жулқылап оятып, өзи тез кийинип, шешесиниң қара камзолын басына жамылып сыртқа жуўырып шықты. Инисин жетеклеўи менен шығыс беттеги сайға түсти. Жипек жасы он сегизге жаңа келген орта бойлы, қара көзли, қара пәрең сулыў қыз еди. Яўмыт баспашыларының, әсиресе, жесир алыўға қумар екенлиги билетуғын ол қолға түсип хор болмаўдың илажын ойлап қашты. Бирақ ол сайдың

арғы жағынан қанқумарлардың киятырғанын аңламады.

— «Қыдыр, сақлықта хорлық жоқ», деген ой менен есиғиниң алдынан ор қазып қойған еди. Ҳаялы, Ырза, қарындасы Жипек үйден шығып кеткеннен соң, ол таярлаған шуқанағына түсип, душпанларын күтип жатты. Жақын жерде атылған мылтықтың сести оның зәрресин ушырды. Көп узамай онлаған баспашы ат ойнатып есигиниң алдына келди. Қара үйдиң алдындағы он бес метр қашықлықтағы шуқырда жатырған Қыдыр алдыңғы еки атлыны қабатлап турып гөзлеп, бес атарының шүриппесин басып қалды. Мылтық атылмады, бес атардың қулағын қайта-қайта қайырып басып шүрппени тартты. Дәслепки сүрилип барылған оқ исинип, кепленип қалған еди, оқ қайта шықпады. Өзиниң мергенлигине исенетуғын Қыдырдың төбесине музлы суў қыйылғандай болды. Баспашылар ишке мылтық атып үйдиң үзигин қылышлап, «Қыдыр батыр, мәрт болсаң шық,» деп ҳүким етип турған еди. Тасаланып жатырған жериниң арты қалың майда қамыслық, соған кирип жасырынбақшы болды да, және бул «Қыдыр батыр деген атыма ылайықлы болмас» — деп ойлап, душпанлары менен бетпе-бет гезлесиўге бел байлады.

Баспашылардың екеўи атынан түсип қара үйдиң есигин түрип кирмекши болғанда, арт бетинен ол:

— Бийәдеп болмаңыз, үй меники, рухсат сорамайсызба? — деди Қыдыр. Оның қайдан шыққанын билмеген қарақшылар дәрҳәл ортаға алып, бес атарларының аўзын оған қаратты. Үй ийесиниң жарақсыз екенлигин көрген Ерқара ат үстинде турып:

— Атып таслаңлар, — деп түркменше буйырды. Яўмыт тилинде шала сөйлеп турған атлының сестин таныған Қыдыр оған бурылып:

— Ерқарамысаң? Буларды баслап келип, Ерқарахан деген атыңды шығармақшы болдың ба? — деди... Усы ўақытта туў сыртынан атылған мылтық, сести гүрип етти. Қыдыр қақ жаўырынынан тийген оқтың күши менен теңселип барып Ерқараның атының аяғының астына қулады...

Думан ашылып, шығыс беттен қуяш көтерилди. Қанлыкөлдиң үстине де жаңа шашырап шыққан күн нуры жарқырай баслады. Бул ўақытта Қыдырдың қа-

рындасы сайдың бойындағы қалың ажырықтың үстинде қулашын керип, тәғдир уйқысы менен сессиз жатыр еди. Маңлайынан тийген оқтың қаны қара пәрең жүзин бояп, қыздың қызыл қаны қуяш нуры менен жылтылдап, ағып қойыў қара шашына былғанып атыр.

Жипек уйқылы ояў ҳаўлығып қашқанда алды бетинен қарақшылардың киятырғанын сезбеди. Оларды көриўден бурылмақшы болғанда атылған оқ маңлайын тесип өтти. Қызды атқан Ерқара еди. Буннан бир жыл бурын Жипектиң қолынан шай ишкен Ерқара ол жазықсыз қызды усылай өлтирди. Атынан түсип оның Жипек екенлигин билди. Бирақ, ол сырын басқаларға сездирмеди. Қасындағы жигитлери «Қызды атпаўыңыз керек еди» деп оған кеширек ескертти.

Жипектиң он жасар иниси,—апасы қулаған ўақытлары зәрреси ушып оң тәрептеги қалың қамыслардың арасына кирди. Оның изинен атылған мылтықлардың оғы пишенликти жапырып жыландай ысқырды. Бала аман қутылып кетти.

Онлаған үйдиң күн батар бетиндеги Қуўандықтың бала-шағасының ҳәсиретли даўыслары узақтан еситилип турды. Еле жыйналмаған төсектиң үстинде геўдесинен оқ тийген Қуўандық жаны шықпай қырылдап сөйлеп жатты. Оны атқан Шарриктиң өзи. Атынан түсип келип намаз оқып турған Қуўандықты атқан Шаррик Жүнейдтиң тапсырмасын орынлағаннан кейин тез үйден шығып, атына минип аўылды талаўға, адамларды өлтириўге буйрық берди.

Қуўандықтың үш қызы бар еди. Үлкени он беске жаңа келген Айхан, оннан кишиси бес—алтылардағы Қанымжан, соңғысы Балымжан. Есейип қалған Айхан әкесиниң өлим үстинде қыйналып атырғанын көрип оған бойын таслап зар еңиреди. Қуўандық қызына: «Жылама қызым, баспашылар алып кетеди, қапталыма жасырын» деди. Қыз әкесиниң айтқанын тыңлап оның қанлы қолтығына кирип тығылды. Ҳаялы Айша менен басқа қызлары оның қасында шуўласып жылап отырды. Шарриктиң ҳәмири бойынша ишке кирген баспашылар көзди ашып-жумғанынша үй ишин күйе түскендей етти. Өлим үстинде жатырған Қуўандықтың қасындағы Айханды олар аңламады. Сәске ўақтында Шаррик пенен Ерқара баслаған Жунейдтиң қарақшылары, тоғыз адамды өлтирип, аўылдың мал-мүлкин

талап, Шоманайдың тоғайлары менен Үстирт таўына қарап зымырады.

Жунейдхан өзиниң сумлықлы ойын усылай иске асырды. Буны Темиралыхан кейин билди.

Шаррик пенен Ерқараны атландырғаннан кейинги еки ҳәпте ишинде Жунейд қайғы басқан адамдай қабағын үйип үнсиз жүрди. Бул күнлери ол атланысқа да шықпады. Жасырын тапсырманың қалай орынлағанлығын билиўге жүдә ҳәўес болды. Олардың кешиккени де оның кеўлине дәрт салды, көп узамай қуўанышлы хабарды да еситти. Усындай күнлердиң биринде түски ўақытлары Темиралы ханның келгенин хабарлады.

— Келсин! — деди жақтырмағандай кейип пенен Жунейд. Бираздан кейин ири геўдели, бетиндеги шешектиң дақларын кир басып қараўытқан Темиралы сәлем берип кирип келди.

— Үш қудықтан жылан шықтыма, Шырышлыға шапқылаўың көбейди ғой, — деди Жунейд оған күлки менен ашыўды араластырып тикке қарап. Өзиниң бул ушырасыўына кеўли толмай турғанда мына гәп оның жамбасына ийне тыққандай болды.

Шай үстинде Ханжөнейд, Шаррик, Қыдыр менен Қуўандықтың аўылына қалай барғанларын, қалай өлтиргенлерин толық айтып берди.

— Сизиң жәрдемиңизсиз-ақ қасқыр менен шошқаны жоқ еттик, — деди Жунейд Темиралыға.

Темиралы үндемеди. Оның қолынан ҳәр бәлениң келетуғынлығын бурыннан билетуғын еди. Бул атланысқа Ерқараны Шаррикке ертип жибергенининң мәнисин енди жақсы түсинди. Жунейдтиң мақсети Ерқараны көтермелеп, Темиралыға қарсы қойыў еди.

Тентек, ожет, сум қазақ ханының қубылмалы минезлерин билетуғын Жунейд Темиралыдан, усындай әдиn-өзине айлап салыў менен қутылғысы келди. Ерқараны қазақлардың ханы, деп жәриялаўды да ойлаған еди ол.

Дастурхан үстинде бираз гәплер қозғалды. Тоғыз адамның өлтирилгенлиги, жүзге жақын түйе, жылқы мыңнан аслам қой-ешки менен көплеген хожалық дәскелериниң талап алғанлығын сөз етти Жөнейд. Қыдырдың қарындасын ғапылда атып өлтирилгенлигин гәп еткенде Жунейд басын шайқап:

— Тирилей әкелгениңизде бир әжеп болатуғын еди, — деп күлип қойды. Темиралы Қыдырдың қарсылық көрсете алмай тосыннан өлимге ушырағанлығына таңланып, үлкен ойда отырды. Жунейдтиң қуўанышы менен Темиралының тынышлығын сырттан кирип келген қараўылдың:

— Шаўдырлардың бир адамы келип тур. Сизге жолыққысы келеди, — деген хабары бөлди.

— Кирсин, — деди Жунейд жақтырмаған кейип пенен. Аздан кейин орта жастағы яўмыт сәлем берип кирип келди.

— Жаман гәп денеге кирген тикен сыяқлы болады екен, — деди. Темиралы оған таңланып қарады. Жунейд мыйығын тартып күлген болды:

— Соңғы ўақытлары келиўиң менен кетиўиң көбейгеннен кейин айтып отырман.

— Жарақсыз адам мешеў, оқсыз мылтық кесеў, — дейди халық. Оқ сорап келип отырман.

— Оқты аўқат қылып асып жейсизлерме? — деп Жунейд оған және қабағын үйип қарады.

Қызба қанлы Темиралы оның бул гәпине артық шыдап тура алмай орнынан турып кеткиси келип геўдесин көтере берип еди, тура алмады. Бурылып қараса Жунейд шекпениниң пешин басып қалған екен. Усы ўақытта сырттан Шаррик пенен Ерқара кирип келди. Жунейд орнынан тик турып, оларды үлкен қуўаныш пенен күтип алды. Шеп жағынан орын көрсетти. Темиралыға қарама-қарсы отырған Шаррик пенен Ерқараның жүзинде менменлик пенен күлкиниң белгилери сәўлеленип көринди. Ерқараны Жунейдтиң жүдә абырайлы адам сыпатында қабыл етиўиниң қандайда бир жасырын сыры бар екенлигин сезген Темиралы ашыўын басып оны билгиси келди.

— Жол болсын, жигитлер, — деди Жунейд күлимсиреп.

— Жолымыз болды, — деди Жунейдке күлимсиреп қарап, оннан кейин Темиралыға көз қыйығын таслады.

— Мен бурын еситкенмен. Анығын айтабер, бул да еситсин, — деди Жунейд Шарриктиң ойына түсинип.

— Қыдыр менен Қуўандықтың геллеси алынды, — деди Шаррик.

— Мәккарларға сол керек еди, — деди Жунейд ор-

нынан турып керегениң басындағы еки жаңа шапанды алды. Мөрели қызыл шапанды Шарриктиң, көгин Ерқараның ийнине жапты. Олар ушып турып бир-бириниң үстиндеги хан сыйлаған кийимлерге көзлери жаўтаңлап қарап, ханға шын кеўиллеринен алғысларын айтты. Буннан кейин:

— Арзыңды, айт,—деди Жунейд Шаўдырға.

— Мениң он еки түйемди Сизиң нөкерлер жаңылысып айдап алып кетипти. Соны сорап турыппан, хан аға, — деди ол босағаға арқасын берип отырды.

Жунейд ериксиз күлип жиберди.

Оның күлкиси ҳақыйқат емес еди. Арыз етип келген адамға ашыўының келгени соншелли, қәҳәрин ҳийлели күлкиге айландырды.

— Сизге мал керек, басқаларға жан керек, — деди Жунейд оған суўық көзлеринен жек көриўшиликтиң сезимлерин атқылап. — Жунейд исламның ҳақ иси ушын большойлар менен гүресип атыр. Бизге әскерлер ушын азық—аўқат керек. Ал, шаўдырлар болса өзлериниң қара басларының ғамын ойлап, бизге адам жағынан да, мал жағынан да жәрдем бергиси келмейди, буған келиспеймиз. — Жунейд усы гәпти айтты да жәллат Непести шақырды. Сырттан суўық ала көзли, бетиниң шеп жағында үлкен ойық тыртығы бар жарақлы дәпең қара кирип келди.

— Мына шаўдырды ийтлерден шығарып сал,—деди.

— Әжеп тақсыр, — деди ол.

Арыз айтып келген адамды ертип сыртқа шықты. Аз ўақыттан кейин арт беттен гүрс етип атылған бес атардың сести еситилди.

Жунейд «ийттен шығарып сал» деген гәпиниң сырын жақсы билетуғын Темиралы бийгүна адамның атылғанын сезди. Непес бираздан кейин қайтып келди.

— Темиралыға бес жүз оқ бер,—деди оған Жунейд.

— Қуп болады, тақсыр. Ҳәзир аласызба? — деп оған бурылды.

— Асығып отырған болыўы керек, ирикпей берип жибер.

Темиралы бурынғы жан дosты Жунейдтиң ордасынан салқын хошласып, кеўилсиз сыртқа шықты. Есик алдында асылып атырған түйениң гөшине мирәт етпегенине ишинен өкпелеп, оқ алыў ушын атына минип Непестиң изине ерди.

Ханжунейдти Англия менен Түркия бирдейине қуўатлап турды. Олар жас совет ҳүкиметине қарсы гүрестиң Қарақумдағы тийкарғы тиреги Жунейд деп есаплады. Хорезм менен Қарақалпақстанға Октябрь революциясының бахыт қуяшын түсирмеў ушын Қарақум қарақшысы Жунейд пенен оның атаманлары Темиралы қусаған геллекесерлерди жан-тәни менен қуўатлады. 1920—1921 жылы Түркия менен Англия еки рет ҳәр бири еки жүз түйелик оқ-жарақ жиберди. Қарыў-жарақ жүкленген кәрўанларды Жунейд Шырышлы, Палшықлы қуйыларының басында күтип алды.

Сырт еллердиң көмеги менен Жунейд қарақшылары Қарақумның шексиз саҳраларында гезип жүрип, жас совет ҳүкиметине қарсы урысты жүргизе берди. Буған Темиралы хан да өз нөкерлери менен бирдейине қатнасып турды.

Әсиресе, 1924-жылы Жунейд ушын үлкен атланыс жылы болды. Туркия менен Англия жиберген 270 түйеге артылған оқ-жарақ, оның руўхын көтерген еди. Бунын үстине Хорезмниң байлары, молла ийшанлары ҳәм ҳәр қыйлы жаман кейиптеги адамлары бас көтерип, жас Хорезм ҳүкиметине қарсы шықты. Хорезм байларының қоллаўы менен Жунейд өзиниң қарақшыларының санын он мыңнан он еки мыңға шекем көбейтти. Жаңа турмыс қурып атырған Хорезм қалаларына, аўылларына талаўшылық атланысларын күшейтти. Кеңес-ҳүкиметин қоллаўшыларды аўылы менен жоқ етип, мал-мүлкин талап ала берди. 1924-жылдың басында Ташаўыз, Шабат, Ғазабат, Ханқа, Ҳазарасп қалаларын басып алып, 19 январь күни Хорезмниң пайтахты Хийўаны қоршады. Усылай етип, жас, жаңа қәддин тиклеп атырған Советлик Хорезмге үлкен қәўип туўдырды.

Хийўадағы Кеңес ҳүкиметиниң басшылары коммунистлер менен комсомоллардың мийнеткеш Хорезм халқының қоллаўы менен Жунейд қарақшыларына пайтахты бермеди. Қаладағы аз санлы қызыл әскерлерде қарақшыларға қатаң қарсылық көрсетип, олардың қалаға басып кириўине тосқынлық етти. Усы күтә қыйын аўҳал Түркстан фронты әскерий басшыларына да тез жеткен еди, Түркстан фронты әскерий басшысының орынбасары Н. С. Кутуяков басшылығында 82—83 атлы әскерлер бөлими тез атланысқа шықты.

Буған Қазақстаннан Ферғана баспашыларын сапластырыў ушын жиберилген 4 — Ақтөбе атлы әскерлер полки де келип қосылды. Полковник Кутуяковтың басшылығындағы бул совет әскерий бөлимлери күнитүни тынбай жол жүрип Хийўаға жетип келди. Қарақумның қарақшысы Жунейд қызыллардың Әмиўдиң тасқанындай күшли топылысына төтепки бере алмай, қум сақраларына қарай қашты.

Түркстан фронты қызыл әскерлериниң усы тарийхый атланысы Жунейд пенен Темиралы ушын үлкен соққы болды. Жунейд Шырышлы қудығы қасында, Темиралы үш қудық дөгерегинде қызыл әскерлерден бурын көрмеген соққыны жеди. Жунейд пенен Темиралының нөкерлериниң көпшилиги қашып кетиўге мәжбүр болған еди.

Арадан үш ярым жылға шамалас ўақыт өткеннен кейин 1927-жылы Жунейд Ираннан бери қарай қайтып өтип, талаўшылық урысларын және даўам еттирди. Бул сапары да оны Англия менен Туркия ҳүкимети көп санлы оқ-жарақ пенен тәмийин етип, қоллапқуўатлады. Совет ҳүкимети Жунейд қарақшыларын биротала сапластырыў ушын арнаўлы илаж ислеп шықты. Түркстан округиниң үлкен еки бөлими әскерлери Қарақумға рейдке шықты. Бир бөлим әскерлери қызыл Арбаттан топылса, екинши бөлими Ташаўыз арқалы атланыс жасады. Кең Қарақум массивиниң еки тәрепинде қыятырған қызыллар Жунейд қарақшыларын искенжеге алып қыса баслады. Қашып урыс жүргизген Жунейд Шырышлы, Палшықлы қудықларын таслап кетиўге мәжбүр болды. Аэропланлар қуўып жүрип баспашыларды бомбалады.

Қарақумның ҳәр бир ой шуқырын бес саўсағындай жақсы билетуғын Жунейд өз бағытын Иранға қарай бағдарлады да, Шегараға жақынлағаннан кейин Каспий теңизи тәрепке қарай кетти. Еки күнлик суўсыз сақраны басып өтип, қызыл әскерлерге изин таптырмады. Бул ўақытта азық-аўқаты азайған, әсиресе, шөлистанда суўдан тарыққан қызыллар кейин шегинген еди.

Арнаўлы барлаўшылар жиберип, қызыл әскерлердиң Хийўаға қарай кеткенин анықлаған Жунейд бир айдан кейин Шырышлы қудығына қайта көшип келиўине мәжбүр болды. Каспий теңизи тәрептеги жаңа

макан суў болмағанлықтан қолайсыз болды. Атлар менен түйелер шөлден қырыла баслады. Бул тәрепте таярланған суўлы қудықлар жоқ еди. Жунейд Шырышлы қудығы массивине, Темиралы Үш қудыққа қайтып көшип келди. Екеўиниң арасы бир ярым күнлик қашықлықта болды. Буннан былай Қарақумнан шығып Хорезмге — Совет ҳүкиметине қарсы урысыўдың пайдасы аз екенлигин түсинген Жунейд Иранға биротала өтип кетиўге бел байлады.

Шырышлы қудығы менен Үш қудықты паналап күн көрген Қарақумның еки қарақшысы бир күни жәнжеллесип қалды. Жунейдтиң ордасына келген Темиралы Иранға өтиўди қәлемеген еди.

— Қарақумда қалып күнелте алмайсаң, болмаса большой болғың келеме? — деп жекиринди Жунейд Темиралыға...

— Картайдым, сүйегимниң Хорезм топырағында қалыўын қәлеймен, — деп жуўап берди ол. Буны Темиралы шын айттыма ямаса өтирик айттыма? Әйтеўир Иранға бармаўдың илажын иследи. Жунейд рухсат етпеседе өз гәпинде турды.

* * *

Қарақумның белес-белес қумларынан асып киятырған жалғыз атлы песин ўағында кесе арқаштан өтип үлкен сайға түсти. Астындағы қайшы қулақ қара арғымағы аш болғанын билдирип, аяғының астындағы жуўсанға аўыз сала берди. Отлақлаў жерге келип атынан түсип, узын арқанның ушындағы темир қазықты жерге сиңирип, аяғы менен тепкиледи. Усыдан кейин бес атарын қолына услап, арқаштың бийиклеў жарына шығып, бир жанбаслап отырды.

Ўақыт гүз айы болғаны менен күн жыллы еди. Үстиндеги сыртқы жүн шекпенди шешип қумның үстине төседи де, еки-үш күннен берги қаза болған намазларын оқый баслады. Бул Жунейд хан ордасынан кеўилсиз қайтып киятырған Темиралы еди. Бөз бешпентиниң сыртынан еки қатар буўған, басындағы ғаўқыйған түркмен ақ бөрки ийшанлардың сәллесине усаған ол, еки қолын қулағына апарып тик турған ўақытлары усы Қарақумға биреўдиң қағып кеткен қаўын қарақшысына мегзеп кетти.

Қаншама диншил болса да намазды өз өмириниң артықмаш мийнети деп санайтуғын ол бурын буның менен онша көп шуғылланбады. Жаўгершилик атланыслардан қолы да тиймеди. Тек жасы үлкейип ғаррылық еңсесине минип алғаннан кейин қудайдан қорқып, ериксиз оқып жүрди. Бүгингиси де усының бири еди.

Жасынан ядланып алған намаз сүрелерин қаншама тәртипли түрде дурыс айтаман десе де жаңылыса берди. Кеше Жунейдтиң алдынан иренжип шыққаны ядына түсип, буннан былай оның менен дослықтың ала жибин биротала үзиўге бел байлап атланған. Иранға өтпекши болған Жунейд буның Қарақумда қаламан, — деген өтинишин итибарға алмады. Бул ойдан биротала ўаз кешиўди талап етти. Бурын бирдейине кеўилли түрде күтип алатуғын оның усы ретте үлкен ала көзлеринен жек көриўшилик нышанларын аңлатып қалды. Кетеринде түски аўқатқа да мирәт етпеди. Кеўли қалған адамларын ең жақыны болса да жоқ қылатуғын гезлерин билетуғын ол оннан қорықты.

Оның ойын усы намаз оқып турғанда «Буннан былай не қылыўым керек» деген сезим жеги қурттай жеп турған еди. Таң намазын оқып болып, енди қаза болған намазларын оқый бергенде, өзи турған сайдың арқа беттеги қолтығынан шыққан кийикти қуўып киятырған үлкен көк жал қасқырға көзи түсти. Усы ўақытлары кешеден бери ҳеш нәрсе жемегени де ядына келди. Туяқлары қумды шашып қустай ушып баратырған кийик бир ўақытлары намаз оқып турған Темиралыға қарап бурылды. Ким биледи, жәниўар адам тәрепке қарап қашсам қасқыр кейин шегинип, жаным аман қалама деп сезиндиме, болмаса изинен қалмай киятырған әжелден сасқалақлап бурылдыма, әйтеўир жүз метрдей жақынлап та қалды. Кийикти қуўып алқымлап қалған қасқыр адамды көрип сескенген болыўы керек, сәл-пәл иркилди де оның алдын узақтан ораў ушын қубла бетке қарап зытты. Усыларды көрип турған Темиралы оқып турған намазын бузып, қапталында жатырған бес атарды алды да кийикти гөзлеп атып жиберди. Қояндай секирип киятырған жәниўар тоңқалақ аса жығылды. Жан әўлады менен және турып секире бергенде мылтықтан тағы от көшти. Ал-

дыңғы аяғы серреңлеп қумға аўнап жатты. Буны көрген көк жал қасқыр бийиклеў қумның басына барып шоңқайып отырды. Темиралы кийикке қарай жуўырды. Оқ тийип еле жаны шықпай тыпырлап атырған жанлы жәниўардың тамағынан аққан қаны тыйылған соң кийикти арқасына қағып салып турып узақта шоңқайып отырған қасқырға көз қыйығын таслады. Усы ўақытта жыртқыш тумсығын жоқары көтерип еки рет улыды. «Заңғар, маған пайымды таслап кет» — деп атырған шығар, — деп күлдиде кейин бурылып жүрди. Сайдың жағасына келгеннен кейин кийиктиң ишек қарнын алып таслап, сексеўил жағып бир сатанын кабап қылып жеп тойып алды да, өзинен-өзи «бөри азығы менен ер азығы жолда» деген, деп хошамет берип орнынан турды. Кийиктиң қалған жағын аттың қанжығасына байлап, тойып турған қара арғымаққа минип сайды бойлап жортып кетти.

Жуўсанлы сайдан шығып Үшқудыққа жақын жолаўшының ядына буннан былай не қыламан деген бағанағы мазасын алған ой және түсти. Жунейдхан кетеринде оған: «Яңбырды бизге тез жиберип ал» деген сөзинен де гүманланған еди. Қыстаў иси болса маған неге айтпайды, қандайда бир сумлықлы сырды меннен жасырып, тапсырма бермекши шығар, — деп ойлады. Сонда ол не тапсырма бермекши, Янбыр менен Ғарлыны неге маған қосты, деген ойлар және оның жүрегиниң бурынғы жарасын қоздырды.

Жунейд хан буннан бир жыл бурын өзиниң күтә исенимли нөкерлери Яңбыр менен Ғарлыны оған жәрдемши етип берген еди. Кеңес әскерлери Жунейд ханды еки урыста-ақ қыйратып тийкарғы күшин жоқ етип жибергенинде, буннан былай Иранға көшип өтиўден басқа илажы қалмады. Усы урысларда өзи дүзген нөкерлери де көп шығынға ушырап, қалғанларының бир бөлеги қашып кеткен еди. Мине усындай қыйын күнлерде Жунейд Янбыр менен Ғарлыны оның көшине қосқан. Соннан бери еки түркмен де өзи қай жерге барып қонса, буларда сол жерге барып үйлерин тигип, малларын бағады. Дәслеп «Жунейд мени аяп жиберген көмекши нөкерлери екен», деп түсинген ол кейин оларды өзиниң ис ҳәрекетлерин, минез қулықларын аңлаўшы, Жунейдтиң жансызы екенлигин аңлай баслаған еди. Ал, кетеринде «Янбырды маған жиберип

ал» деўинде де жасырын сырдың барлығын сезген ол қалайда болса усы екеўинен тез қутылыўды дурыс көрди. Мине, усы ойлар ишки жан дүньясын түтиндей пысқытып киятырып Үш қудыққа жеткен еди. Сууўы мол, үш қудығы бар бул сонша жер баспашылардың қәўипсиз жасаўы ушын тәбияттың өзи соғып берген қорғаны сыяқлы орын. Хорезм менен Қарақалпақ еллеринен талап алынған мал-мүликлер де усы қараға сақланып жүрди. Бирақ қаншама алыс, оңаша жер болғаны менен қызыл әскерлер Жунейдти буннан бир неше рет қуўып шыққан екен.

Бирдейине Жунейдтиң қапталында қарынға жабысқан талақ сыяқлы ҳәрекет етип жүретуғын аз санлы нөкери бар Темиралы соңғы ўақытлары усы Үш қудықты маканлай баслады. Үш қудық ойпатының берги алдында түйе бағып жүрген Назарды көрип даўыслап шақырды. Дәслеп таңланып қарап турған ол өзиниң хожайыны екенлигин танып астындағы атын шапқылатып жетип келди.

— Ассалаўма алейкум, хан аға, аман киятырсызба? — деп атынан секирип түсип Темиралының қолынан алды.

— Саў-саламатсызба, бизиң үй-иш, бала-шаға аманба? — деди хан.

— Ҳәммеси өзиң көргендей.

— Қандай хабарлар бар?

— Айтарлықтай ҳеш нәрсе жоқ.

— Ешим менен Есбосын сиз тапсырған қараўыллықты ҳәр күни атқарып жүр. Олар айлана дөгерек тыныншлық дийди. Гей күнлери қақпанларына түскен кийиклерди әкеледи.

Қашып кеткен нөкерлеринен қалған Есбосын менен Ешимди Темиралы қараўыллыққа қойған еди. Олар үш қудықтан ҳәр бир күни онбес, жигирма ҳәттеки отыз-қырық шақырымларға шекем барлаў жумысларын жүргизип қайтып жүрди.

— Ғарлы менен Янбыр кешеден бери қудықты бизге беретуғын емес. Қудықтың сууўы да аз. Түйелер менен жылқылар қанып суў ише алмай жүр. Түркменлер өнер көрсете баслады, — деди Назар.

— Бүгин түйелериңди қудықтың басына ерте апар, мен де боламан, — деди ашыўы қатты келген хан.

Назарға жуўап берди. Өзи де аз ўақыт ойланып турды.

Янбыр менен Ғарлы бүгинде түйелерин ерте әкелип, қудықты меншиклеген еди. Сәл соңырақ келген Назар түйелерин қудықтың басына ийнрип, шелегин алып келди.

— Гезек бизики, шелегиңди тарт, — деди Янбыр оның қолын услап.

— Бул қудықты Ханжунейд Темиралы ханға берди. Қудық бизики, алды менен мен суўғараман, — деп Назар да оған дәпинди. Янбыр келте, семизшең, қызыл шырайлы, жасы қырықларға келип қалған адам еди. Үстине гөне тоз шапан, басына қара шөгирме кийип, бес атарын бирдейине ийнинен түсирмейтуғын, ол Назарға қабағын үйип:

— Хан ағаның түйесин бурын суўғартпайтуғын сен кимсең өзиң? — деди сестин көтерип, усы ўақытта Ғарлы келип оған дәпинди.

— Әй, надан, не сандалап турсаң өзиң? Бул ханның қудығы, суў керек болса қазып ал, болмаса қудықтың басын босат.

Узын бойлы, муртлас қара пәрең жасы отызлардың дөгерегиндеги Ғарлы Назарды ийтерип жиберди. Шалқасына жығыла жазлаған ол екеўине қарсы тура алмайтуғынлығын билгенликтен жағасына асылып жудырықласыўды ойласа да, оған бармады. Сестин бәлент көтерип сөйлеп өзиниң азапланғанлығын хан атасына сездиргиси келмеди.

Үшқудық ойпатынан күнбатар бетинде ярым шақырымдай жерде қонып отырған Темиралы хан усы аўҳалдың боларын дәслеп билип ғамланып үйден сыртқа шығып турған еди. Ол көп шыдап турмастан баласы Қаналыны шақырып алып:

— Сағалдай сақ болып таяр турыңлар, усыны Тағанларғада айтып бар, ҳәзир бир ўақыя болады, — деди де өзи қудық басында жәнжеллесип атырғанларға қарап жүрип кетти. Әкесиниң мипезин жақсы билетуғын баласы өз үйиниң арқа батыс бетиндеги Тағанның үйине қарай жуўырып кетти.

Темиралы қудық басына жақынлап келгенде Янбыр Назардың шелегин ылақтырып таслағанын көрди. Салдур-гүлдир етип қулағынан тикендей кирип басына балта менен биреў урып жибергендей болды.

— Жигитлер, бул не шаўқым, — деди ол ашыўын зорға басып.

— Мына Назар тентек бизге түйе суўғартпайды, — деди ана екеўи.

— Тентекке неге келтек бермейсизлер. Ақмақ, сен неге жәнжел көтересең? — деп оған жекиринди. Хан ағасының бағанағы гәпине қарай өзимди қоллайды, деп турған Назар қатты шыққан сестинен қорқып, жүзине жалт бурылып еди, оның үлкен қара қасларының арасынан көринген сол көзиниң еки рет қысылғанын көрип қалды. Қорқынышы сап болған ол қудықтың басына жақын келип:

— Ҳәмириңизге қуллық, хаң аға, не буйырсаңыз? — деди.

— Басқа қудықлар тазаланбады ма? — деди еңкейип суў алып атырған Яңбырдың қасына келип ол.

— Биз тек усы суўлы қудықты зорға тазалап алғанымызды билмейсизбе, хан аға? Анаў еки қудық еле тазаланған жоқ, оларға қызыл әскерлер уў менен басқа да нәрселерди таслаған ба, — деймен, батып атыр, — деп қолындағы суўы толы шелегин наўаға апарып қуйды.

— Ғарлы, сен барып сол қудықларды байқап қара, тазалаўға болама екен, — деп оған буйырып айтты. Жунейдтен басқа ҳәзирги бул карадағы басшы Темиралы болғанлықтан қарсылық етиўи мүмкин емес екенлигин билетуғын ол отыз-қырық метр жердеги қудықларға қарап жүрип кетти. Темиралыда көринип турған жарақ жоқ еди. Ийнинде бес атары былғаңлап, суўды еркин тартыўға қыйыншылық туўдырып турғанын көрген Темиралы оның ийниндеги мылтықты өзи босатып алып Яңбырға күлип қарап:

— Қашан көрсең ийининен бес атары түспейди, суў алғанда да солай. Қудықтан большой шығып қалар дейсең бе? — деп мылтығын үш-төрт адым жерге апарып қойып келип: — енди суўы толы шелеклерди тартасаң, — деди. Ойында ҳеш нәрсе жоқ Яңбыр қудыққа және еңкейе бергенде қасында турған ол, шеп жақтағы сүйенген қолын ишке қарата тайдырып жиберип аяғын көтерип қалғанда, оның аўыр геўдеси қудықтың тереӊ суўына барып гүмп етти. Темиралы ғаррылығына қарамастан бул ҳәрекетлерин пышықтай жылдамлық пенен тез бежерди. Буннан кейин оның

бес атарын жерден қағып алып, қулағын қайырып, кетип баратырған Ғарлыны гөзледи. Өзиниң мерген екенлигине исенетуғын ол көп қарап турмастан атып жиберди. Екинши қудыққа жетер-жетпестен Ғарлы ет бетинен қулады. Усы ўақытта Темиралы қудыққа да еки оқ жиберип үлгерди.

Яңбыр менен Ғарлының үйи қудықлардың күн шығар бетинде еки-үш жүз қәдем жерде еди. Бул ўақытта сезип қалған олардың ҳаяллары «Ўай-ўай» лап зарлы даўыс шығара баслады.

— Олардың түйелерин өзимиздикине қосып аўылға айда,—деп буйырды Темиралы Назарға. Көзди ашып жумғанша усы ўақыяның пайда болғанына еле инанбай турған Назар шырт уйқысынан оянғандай болды. Оның сестинен қорқып, жуўырып барып жийрен жорғасына минип, жигирмалаған түйени қырғый тийгендей етип қуўа баслады.

Ғарлы менен Яңбырдың бала-шағасы қудықлардың басларына келип шуўлап атырғанда Темиралы хан үйлерин тез жығып, жүклерин түйелерге артып көшип кетти.

Үш қудықтың әтирапынан үш-төрт шақырымдай узақлағаннан кейин Темиралы баласын шақырып алып:

— Бир шақырымдай кейинде жүр, қуўғыншы болып қалыўы мүмкин. Атлы адам көзиңе түссе маған хабар бер! — деп тапсырды. Баласы барлаўда қалды. Өз ойының биринши мақсетин орынлаған ол көшти баслап Үшқудықтан узай берди, узай берди...

Қарақумның ишкерисиндеги Шырышлы қудық ойпатында қоныс басып атырған Жунейд Темиралы келип кеткеннен берли мазасын алған бир ойды сыртқа шығарыўға мәжбүр болды. Азанғы шайды ишип болғаннан кейин өзиниң ақ үзик жапқан қара үйинде бираз ойланып отырды да, есик алдында турған шабарманын шақырды. Орта бойлы, ат жақлы ала көз жас жигит ийилип сәлем берип кирип келди. Бурын бирдейине үйдиң төринде үлкен ғалы гилем төселген шайы көрпешениң үстинде отырып ҳәмир ететуғын хан ошақ басында тик тур. Оның үлкен қара көзлери шатнап, еки жағын жүн басқан қара сур бети бултлы аспандай түнерип кеткен еди.

— Ерқара менен Өре сардарды шақырып кел, — деди.

— Әжеп! Қуллық хан аға, — деп шабарман гейдесин басы жерге жеткенше ийип, оннан кейин сыртқа шығып кетти. Жунейдтиң ашыўлы айтқан ҳәмирин орынлаў ушын шабарман Өре сардар менен Ерқараның үйине қарап жуўырды. Жунейд бираз ўақыт ойға кетип теңселип турды. Темиралыханның соңғы ушырасыўы оның көз алдына келди. Бурын еки бети нарттай қызарып күлимлеп келетуғын ол соңғысында қызыл шырайлы қара пәрең жүзи күн алған теридей қараўытып кеткен екен. Үлкен қабақлары қатыўланып, шегир көзлери өлген қойдикиндей жансыз қарап турды. Бурын бәрҳәма «хан аға», әжеп орынлайман» нан басқаны айтпайтуғын Темиралы бул сапары айтқан мәсләҳәтлерине дәслеп көнгиси келмеди. Гәп арасында оның жүзине тикленип қарағанда шегир көзлери от шашып, кирпиклери қайшыланып өзине ашыўлы қасқырдай дәпинип турғанын сезип қалды. Ишки жан дүньясындағы түтеп турған ойын сездиргиси келмеген Темиралы өзиниң тикленип қарағанын бул көринисин жақтырмаған Жунейд, изинен тез дәрҳал сезип, мүләйимсип күлимсиреди. Қазақ ханының қуўғыншы жибериўди ойлаған еди.

Бөтен таў деп аталатуғын усы пәскелтек таўдың шығыс бетиндеги қолтықта дем алыўды Темиралының өзи таңлады. Изимнен қуўғыншы келмей қалмас, — деп ойлаған ол арт жағынан келетуғын Жунейд қуўғыншыларының өзиниң қурған «қақпанына» түсириўди гөзлеп усы кәраны қолайлы көрди. Өзлериниң турған жериниң күн батыс арқасы тик жарлы таў, оған бул дөгеректиң душпанлары бетлей алмайды. Ал қуўғыншылар келеди деп гүманланған тәрепиндеги кесе арқаш қуўысты айлана ораn жатыр. Бул кәра қорғаныў ушын күтә қолайлы орын.

Бирдейине «сақлықта қорлық жоқ», — деп түсинетуғын Темиралы хан усы жерди таңлап, адамлары жүклерди түйелерден түсирип атырғанда өзи арқаштың усы жерин урыс бола қойған ўақытта атысатуғын орынды да баслап Қаналыға қаздырды. Қаналы әкесиниң ойына түсинип оның қасынан өзине де мылтық ататуғын орын иследи. Олардың бул жерде жатқанын қазылған шуқырдың алды жағында өсип турған сек-

сеўиллер де көрсетпейди. Баласының орынларына кеўли толған Темиралы:

— Бәрекелла, бул кәрадан бизди ҳеш бир мерген ата алмайды. Саған және тапсырма: шай ишип, аўқатланып алған соң келген изимизден бираз узаққа шекем барлап қайт. «Сақлықта қорлық жоқ»— деген, балам. Ханжунейд қарап жатпаған шығар. Бир сумлықтың өрмегин әлле қашан өрген болыўы керек. Соған түспейтуғын болайық.

— Қанша шақырымға шекем барып қайтайын? — деп сорады баласы.

— Бир-еки шақырымнан узақ кетпе! Қуўғыншы бизиң изимизди басып келе бериўи мүмкин. Сонлықтан келген жолдан басқа тәрепке бурылып жүрме, сақ бол, балам, — деди. Қаналы атына минип, арқаштан төмен түсип жүрип кетти.

Темиралы қосқа келгенде Таған, Назар, Ешим, Ермеклер шай үстинде қызыў сөйлесип отыр екен.

— Бурын Жунейдтиң нөкери болдық, бүгин мине оннан қашып баратырмыз. Өмир, дүнья қызық екен-аў, — деди Таған. Оның гәпин еситкен Темиралы:

— Буннан да жаманлары болыўы мүмкин. Патшалардың балалары әкеси менен урыс қылған дәўирлерде болған. Адамлар бүгин дос болса, ертең қас болып та кетеди, — деди салмақлап сөйлеп.

— Ханжунейдтен ажырасып кетиўимиз надурыслаў болды, хан аға, — деди Таған еркин сөйлеп.

— Сен нени билесең, — деди оған көзин алартып қарап, —ишкен шайыңа, жеген тамағыңа қуўанасаң. Мине, ҳәзир де түйеңди қумға жайып, ханнан хабарсыз отырсаң, усы ўақытлары Жунейд үстиңе келип қалса ол сени аяп қоярма екен? Мен болсам усыны билип, душпан келип қалғанда қорғаныўдың ғамын излеп киятырман. Сен болсаң үлектей аўзыңнан көбик шашып, ҳәр нәрсени былшылдап отырсаң. Буннан былай хан Жунейдтиң кереги жоқ, ол тирилей өлген адам. Менде оның алдаўына түсип, өмиримде үлкен қәтелик иследим. Өз елимиз, өз жеримиз турғанда Иранда бизиң немиз бар. Иранға барып дийўана болғанша өз елинде, өз жеринде қылмыслы болып өлгенимиз артық. Мен Ханжунейдтен усы мақсетим ушын шетлеп киятырман. Бирақ, буны мен кеш иследим. Қыдыр батыр менен Қуўандықтың айтқанын қылма-

дым. Олар дурыс иследи, өзлери Жунейдтиң сумлықлы дузағына түсседе үш мыңға жуўық жаны бар, бес жүз үйли елди аман алып қайтып, Совет ҳүкиметине тапсырды. Сениң менен биз болсақ, мине, Қарақумда қаңғып жүрмиз. —Усы гәплерди айтқан Темиралы бирден жекиринип, — тез атысатуғын орын таярлап алыңлар, — деди. — Жунейд кеше достымыз болса, бүгин душпанымыз. Саат сайын дөнип турған қәўиптен басларыңызды, бала-шағаңызды қорғаңлар.

Темиралының бул айтқан гәплери, әсиресе, Ешим менен Ермекке күшли тәсир етти. Екеўи де орнынан турып арқашқа қарап қәдемлерин тез басты. Таған буны ислеген жоқ. Олардың изинен бақырып:

— Маған да орын ғамлаңлар, мен ҳәзир бараман, — деди. Оннан кейин ханға: — «Яшуллы айтқаның дурыс. Балықтың жаны суўда, дегендей,—басқа ойым жоқ. Мениң жаным да сениң менен бир», — деди. Темиралы от басына отыра бергенде Тағанның бурынғы әлипайым шырайы өзгерип, көзлеринен қандайда бир жек көриўшилик ушқынлары атқылап-атқылап жиберди. Буны Темиралы сезген жоқ.

Ҳаяллар асқан түйениң гөшин бир табақ қылып көтерип әкелип Қыдырбай екеўиниң алдына қойды. Таған ханның қасына отырып тойғанынша тез аўқатланып алды да қолын сүртип, мылтығын асынып Ермек пенен Ешим тәрепке жүрип кетти.

— Екеўин жибер, келип аўқатлансын, — деди хан оның изинен бақырып. Көп узамай Ешим менен Ермек келип Темиралы отырған дәстүрханнан аўқатланды. Ҳаяллар болса жақын жерде өз машқаласы менен болып атыр. Олар менен Назар ҳәм Қыдырбай бирге болды.

Бөтен таўдың арғы бетине тасаланған күн еле бата қойған жоқ еди. Қубла—күн шығыс беттен арқаштың үстине шаўып шыққан Қаналы «қуўғыншылар киятыр!» — деп хабар берди. Өз ойының дурыс болғанына Темиралы таңланған да жоқ. Қапталында шешиўли жатырған қос қатарды тең буўынып бес атарды қолына алып, баласы таярлаған орынға қарап қәдемлерин тез басты.

Қаналы атын төменги тасаға байлап, әкесиниң қасына жуўырып келди. Бул ўақытта Темиралы баласы таярлаған орынға келип түсип, узақта киятырған жи-

гирмаға жуўық атлыларға бес атарының аўзын қаратып жатыр еди. Әкесиниң шеп жағындағы шуқырға түскен баласы.

— Аттысамызба, — аға? — деди.

— Басқа не илаж, қараўылға илингенди аман жибермеў керек. Бүгин бизлер ушын өмир менен өлим гүреси болажақ, — деди. Усы гәплерден кейин баласы да демин ишинен алып урысқа таярланып, мылтығын душпанларға гөзлеп жатты.

Арқашқа еки-үш жүз метрдей жақынлап келген атлы адамлар аз ўақыт шоғырланып қандайда бир ойласықтың аўқамында турды да оннан кейин және бери қарап ен жайып, жақынлап келе берди. Темиралының бул карада екенлигин олар Қаналының ҳәрекетинен ҳәм қуўыстан шығып турған түтиннен сезсе керек. Олар жақынлаған сайын алдыңғыларын Темиралы таный баслады. Көк қасқа атқа минген екеўдиң сол жағындағысының үстиндеги кийимлеринен Ерқара екенлигин билди. Оң жағындағы түркмен ақ шөгирме кийген қара мойын арғымақтағының Өре сардар екенин де көрип турды. Бул екеўименен он жылға жақын дәслеп Испандияр ханға қарсы, кейин большевиклерге қарсы зәңги қағыстырып жүрип гүрескенлери ядына түсти.

Көк қасқа атқа минген жолдасларынан бөлинип шығып, еки жүз адымдай жақын келип, қолын көтерип бақырып сөйледи:

— Темиралы аға, — деди ол: даўысының барынша бақырып. — Ҳәммемиздиң басшымыз Жунейдхан сизди шақырып атыр, қандай қәтелик ислесе де кеширим беремен. «Совет ҳүкиметинен жақсылық күтпесин. Иранға бирге өтемиз, ол тәрепте тыныш ҳәм бахытлы жасаймыз» деп атыр. Бизлерди усыларды айтып, ертип қайтыңлар деп жиберди, — деди.

Арқаш бетке қулағын салып тыңлап турған Ерқара жуўап болмағаннан кейин жаңағы гәплерди еситпеген шығар, — деп және қайталады. Оның бул гәпин Темиралының күн батыс жағында, арқаш бойындағы сийрек сексеўиллердиң арасында турған Тағанлар да анық еситти.

— Ерқара дурыс айтып тур, — деди Таған қасындағы Ешимге, — соларға барып қосылайық. Оның бул гәпине таңланған Ешим:

— Усы гәпти шын айтып турсаң ба? — деди. Минези жуўас Ешимди онша менсинбейтуғын Таған:

— ОГПУ дың қолына түсип, дарға асылғың келеме ямаса Иранға өтип бахытлы жасағың келеме? — деп тикленди.

— Иранында өзиң барабер, мен туўған жерим Туранда қаламан.

Ешимниң бет әлпетинен өзине деген ашыўды сезген Таған күлимсиреп қыялға кете баслады.

— Ешим, урысқа таярланамыз, усы сапары батырлығыңды өз көзим менен көргим келди.

— Сени сынап көриў ушын айтқан едим. Ҳақыйқат ер жигит екенсең, деп жуўҳаланды. Усы ўақытлары гүрп етип атылған мылтықтың сести шықты. Көк қасқа арғымақтың үстинде отырған Ерқара шалқайып барып ат үстинен аўнап түсти. Усыны көрип турған Таганның көзи булдырап тынып, жүреги дүрсилдеп үсти-үстине урды. Аздан кейин көзин ашып қарап еди, көк қасқа арғымақ дизгинин шубалтып, кейин шапқылап баратыр екен. Узағырақта турған атлы адамлар дәрҳал атларынан түсип урыс жағдайына өтти.

Ерқараның Темиралының оғынан қаза тапқанын Таған биреў айтпай-ақ сезди. Бунындай қашықлықтан адамды атып түсириў тек оның қолынан келетуғын еди. Сумлығы менен мергенлиги жағынан Жунейдтиң өзин ҳәрдайым ҳайран қалдыратуғын Темиралы Ерқараны атып түсирди. Ерқара Тағанның досты еди, талай саўашларда өзиниң батырлығы менен басқаларды таңландырған, оның бүгин өз ағайини Темиралы ханның қолынан қаза тапқанлығы Тағанның жүрегин өртеп турды.

Ерқараның аттан қалпақтай ушып қулағанын, Көк қасқа арғымақтың туўлап кейин серпилгенин көрип жатырған Темиралы:

— Көк қасқа жақсы арғымақ еди, бери қарап қашпағанына иренжип атырман, — деди баласына бурылып қарап.

— Аға, Ерқара ағайнимиз емеспе? Оны неге аттың? — деп әкесине иренжиди баласы.

— Усындай ўақытта ағайин болама?! — деп жекиринип оған бурылды. Қапалы тым-тырыс болды.

Жунейдтен қатаң тапсырма алып киятырған Өре сардар Темиралының бул қылықларына ашыўы қатты

келип, енди урыстан басқа илаждың жоқ екенлигине жақсы түсинди. Нөкерлерине саўаш майданына шығыўға тәртип берди. Бөтен таўдың қуўысында пана-лап атырған Темиралыны қоршап алып жоқ етип жибериўге бел байлады. Атларды жақын жердеги сайға апарып, бир-бирине байлап бәнтледи. Темиралының күтә мерген екенлигин жақсы билетуғын Өре сардар оны буққы менен барып жоқ етиўге буйрық берди. Оның нөкерлери арқаштың алдыңғы тәрепинен қанат жайып қоршап ҳәр бир шуқыр менен бийикликти, сек-сеўил менен қарабарақты пана етип алға жылыса берди. Бул ўақытта күн Бөтен таўдың арғы жағына қарап батып баратырған еди.

Темиралы қараңғы түспей Жунейд жиберген нөкер-лердиң басшыларын жоқ етиўди әрман етип асығып күтип жатты. Оларды жоқ етсем, қалғанларын үрик-кен қойдай қашыраман, — деп ойлады. Түнге қалса өзлерине қәўип туўатуғынлығын сезди. Себеби, олар көп, өзлери аз еди. Өре сардар өз күшиниң көплигине исенип Темиралыны қараңғы түспей қуртып, бала-шағасы менен мал-мүлкин қолға түсирип, Жунейдке олжа менен барыўды гөзледи.

Еки тәрептиң аралары жақынлап, мылтықлардың сести үсти-үстине шыға баслады. Бирин-бири көрсе болғаны ата берди. Ермек Темиралының шығыс бе-тинде жалғыз өзи үлкен сексеўилдиң түбинде отырып, алдыңғы тәрепинен еңбеклеп киятырғанларды гөзеп атып атыр. Таған Ешимди өзиниң батыс тәрепиндеги бир түп жыңғылды панала п оқ атыўға жиберди. Бө-тен таўдың төменги етегинде хан Жунейд баспашыла-рының өзли-өзиниң саўашы кем-кемнен усылай қыза берди.

— Өре сардар бизге жақынлап киятыр, — деди Темиралы баласына. Оны ушырып түсириў маған қо-лайсыз болып тур. Ол анаў кишкене төбешиктиң арғы сен тәрепинде жатыр, басқаны қой, соны гөзле. Өрени оққа ушырсақ басқасы қорқынышлы емес, — деди ба-ласына буйырып.

Әкесиниң айтқан гәпин орынлаў ушын Қаналы дүмпешикти бес атарының қараўылынан жаздырмады. Жыландай жылжыған Өре дүмпектиң оң жағынан алдындағы шоқ жыңғылға жылжып өте бергенде Қа-налы мылтығының шүрппесин тартып қалды. Сардар

аўдарылып түстиде, сүйретилип жыңғылдың тасасына кирип көринбей кетти, дүмпешиктиң шеп жағынан жылысып киятырған еки адамды гөзлеп атып сеспестен қатырған Темиралы баласына:

— Сардар қайда? — деди.

— Оған тийди, жараланған болыўы керек, дүмпешиктиң берги жағындағы жыңғылдың түбинде жатыр.

Шоқ жыңғыл Темиралыға анық көринди. Мылтығының аўзын оған қаратты. Бул ўақытта сол қолының шығанағына Қаналының оғы тийген Өре өзин атқан кисини урып түсириў ушын аңлып жатырған еди. Бес атарын гөзлеп қараўылына илинсе екен, деп оны анығырақ көриў ушын еңсесин сәл-пәл көтере бергенде, биреў айбалта менен урғандай сарт ете қалды. Өре сардар оннан арғысын сезбей жан тапсырды. Оның маңлайын ойып кеткен Темиралының оғы еди.

Ермек өзине жақынлап келген еки адамның алдыңғысын атып жығып, соңғысын гөзлей бергенде, өзине қатты соқлыққан бир нәрсениң күши менен оң бүйирине қарап қулады. Ақырғы оғын ата алмай қалды. Ол алдында еңбеклеп киятырған екеўдиң шеп жағына жақын келип қалған үшинши адамды сезбеген еди. Ермек усылай қаза тапты.

Ешим арқаштың баўрайындағы шоқ жыңғылдың тасасында отырып, алдыңғы беттен жылжып киятырған душпанлары менен қатты саўаш апарды. Жақынлап келип қалған биреўин жүрегиниң тусынан гөзлеп атып, ҳәрекетсиз қалдырды. Таған буққы таслап дөңнен асырылып киятырғанларды көрседе, көрмесе де ата берди. Оның ойын бөлип мазасын алған нәрсе Ешимге өз сырын айтып қойғаны болды. Өрелер тәрепке өтпекши болған өзиниң ойын Ешим қашанда болса Темиралыға айтып қояр, — деген қәўип тынышын алды. Темиралының күтә қатал, сум рейимсиз екенлигин жақсы билетуғын ол Ешимди не қылсам екен, деген жаман ойдан айырылмады.

Күн батыўға айланды, атыспа болып атыр. Өзиниң оң тәрепиндеги шоқ жыңғыл оның көзине бәледей болып көринеди. Бул карадан Ешимниң геўдеси гә көринип, гә-көринбей кетип турды. Усындай пайттың биринде Таған Өрелер тәрепке қаратып атып атырған бес атарының басын жолдасы жатқан шоқ жыңғыл бетке бурды. Ешим орнынан турып екинши бир жың-

ғылды паналай бергенде Тағанның бес атары гүрс ете қалды. Шеп жағында жатырған Таған тәрептен атылған оқты сезген Ешим ол жасырынып атырған сексеўилге бурылып қарады да ет бетинен қулады. Жығылып баратырғанда екинши атылған оқ және тийди.

Өре сардарды гүм қылғаннан кейин Темиралы нөкерлерге бақырып:

— Жунейдтен келген түрикменниң жас жигитлери, кейин шегиниңлер, мениң айтқаныма түсиниңлер. Сизлер маған қанша жақынласаңлар сонша өлим сизлерди күтип тур. Исенген басшыларыңыз Өре менен Ерқара бейиш пенен дозақтың төринен өз орынларын алды. Жунейдке меннен сәлем айтыңлар! Тағдирдиң, бизлерди усылай етип айырғанына ренжимесин. Қалған жағын о дүньяда ушырасамыз. Жигитлер, егер мениң айтқанымды ҳәзир қылмасаңлар, Жунейдке мениң сәлемимди жеткеретуғын адам сизлердиң араңыздан табылмай қалама деп турман. Қанша қалған екенсизлер, өзлериңизди санап көриңлер.

Темиралының бул айтқан гәпин тири қалған нөкерлериниң басым көпшилиги еситип жатты. Өзлерине тири жасаў да керек екенлигин жаңа түсинген олар екеў-екеў сыбырласып ойласып, кейин шегинди, бул ўақытта геўгим түсип айлана дөгеректеги қараңғылық пердеси қаплаған еди. Өз орынан қозғалмай отырған Темиралы олардың ҳәрекетин бақлап, тың-тыңлады. Бираз тынышлықтан кейин олардың узағырақта жыйналғанын, гүбирлесип сөйлескенлерин аңлап орнынан турды. Шама менен олар усы тәрепте деп болжаған Темиралы баласын қасына шақырып, өз мылтығын усынған бетке, бирге оқ атыўды буйырды. Екеўи қатар турып дүркин-дүркин оқ атты. Бөтен таў қойнаўы қосарлана шыққан сести менен түн ишинде гүңиренип, түркмен жигитлериниң зәрресин ушырды.

Сайдың жағасында өз-ара ойласып, бир жуўмаққа келе алмай турған онлаған адам тум тустан оқ шүйкилдеп өте баслағанда әжелханада турғандай сезилди. Бөтен таўдың усы қолтығы өзлериниң гөри секилли болып узақтан үңирейип, қап-қара болып көринип турды.

— Кеттик! — деди тири қалған он адамды санаған жас жигит. Қурбан. — Ханлардың ерки ушын өлип кете бермейик.

Ҳәммеси де атларына минип, өлген жолдасларының көликлерин жетеклерине алып сайға түсти. Бөтен таўдан тез қашықлаўға асықты.

Өзиниң дегенине ерискен Темиралы қосқа қайтып келип дүңнен бир тостаған муздай суў қуйдырып ишип шөлин басты. Ермек пенен Ешимлерди излеп кеткен баласы Тағанды ертип қайтып келди. Екеўиниң қаза тапқанын хабарлады.

— Ермек пенен Ешимниң қазасы ҳақланды, жақсылап көмемиз, — деди Темиралы.

Қыдырбай менен Назарды қасына шақырып алып:

— Сизлер мылтық атыўды билесизлерме? — деп сорады. Бул екеўиниң усы ўақытқа шекем мал бағып, от жаққанынан басқа кәсиби болмаған еди.

— Мен мылтық услап көрген жоқпан, — деди Қыдырбай.

— Мен азлап билемен, — деди Назар.

— Екеўиң бүгин таң атқанша қараўыл болыңлар, анаў атыспа болған Арқашты жағалап жүриңлер сылт еткен сес болса маған тез хабар етиңлер. Ертең таң азаннан және жолға шығамыз. Мен шаршадым, уйықлап дем аламан. Таған менен Қаналы да шаршаған болыўы керек. Барыңлар, — деп рухсат берди.

Екеўи Арқашқа қарай кетти, Темиралы түйеден түсирилген жүкке арқасын берип отырып, бираздан кейин қур-қур уйықлады. Таған өз қосына кетти. Қаналы суўып қалған аўқаттан бир-еки асады да, суў ишип бираз ўақыт әкеси отырған жердиң дөгерегинде гезип жүрди. Ол өзинен-өзи усы урыслардың неге кереги болды екен, — деп ойлады. Бул қан төгилиўлерге тек Ханжунейд емес, әкесиниң де себепкер екенлигин ядына түсирип, бираз ўақыт ой толғаўларында болды. Түн ярымында ол әкеси арқасын сүйеп уйықлап атырған жүктиң екинши жағына келип отырып дем алды.

## Екинши бөлим

Қарақум саҳраның Каспий теңизи тәрепинен шыққан азғана көш тынбай түни-күни жол жүрип киятыр. Бағдары күн шығыс арқа бет. Өркеш-өркеш қумлар, сексеўилли, жыңғыллы сайлар, шөп шықпаған қырлар майдан, кең далалар күн сайын артта қалмақта. Қа-

рақумның сыйқырлы шөлистаны жеткермей қашып баратырған сыяқлы. Көш басында Темиралы хан.

Өткен жылы гүзде Ерқара менен Өре сардарды жоқ еткеннен кейин батыс беттеги Қарақумның адам аяғы басылмаған бир түбегине барып жасырынған еди. Бир жылдай Жунейдке изин көрсетпеди. Мине, енди өз мақсетин орынлаў ушын асығып киятыр. Бүгин март айының думанлы күнлериниң бири; Кешеден бермаған күн суўықлаў болды. Түйелер менен атлардың шаршап басқан аяғының астындағы қалың қар ғырыш-ғырыш етип сынады.

Олардың үстилериндеги адамлардың да еңселери төмен түсип, шаршаған түйелер менен атларға өз ойларын, өз мұңларын қосқан сыяқлы. Тек ғана көштиң алдында киятырған еки атлы бойларын тик услап, анда-санда атларына қамшы урып «шуў-шуў» деп қояды. Екеўиниң минген атларыда киятырған көликлерге қарағанда туяқларын шийрақ басып алшаң-алшаң етеди.

Көш алдындағы узын мойын, қамыс қулақ қумысқа бел қара арғымақтың үстинде үлкен геўдели, қара-пәреңнен келген бетинде шешек дағлары ғуж-ғуж болып қарайып көринген адам, тереқ ойға шүмген сайын үлкен қой көзлери тикке алдындағы ийретилип жатырған қумның арғы шетине қадалды. Басындағы әреби қой терисинен тигилген шөгирме үстиндеги қара мақпал жийекли сары тон, оның ишинен жүн шекпенниң сыртынан байлаған қос қатар, тақымдағы ат жабыўдың арасында басы шошайып көринетуғын бес атар, Қарақум қасқырларының бири екенин танытқандай. Онын шеп жағындағы көк қасқа қуў мойын ябыда қыр мурынлы үлкен қара көзли, ат жақлыдан келген, жасы қырық пенен елиўдиң арасындағы киси ыңылдап қандай да бир қайғылы наманы ядына түсирип киятырған сыяқлы; Оның басындағы сеқ-сеқ қара шөгирме, үстиндеги жаўын-шашын күнлери кийетуғын қой терисинен тигилген қара жамылған, ердиң басына баўын қыстырып тақымына қысқан бес атар, бул муртлас қараның киятырған адамнан да қәўипли қанхорлардың бири екенинен дәрек береди.

Айлана дөгерек аппақ қар, қарақум үстиндеги думан ашылып, батыс беттен самалдың жыллы леби әсте есе баслады. Қарақумның қушағында киятырған

бул кишкене көштиң басшылары ҳаўа райының өзгере баслағанын да сезетуғын емес, узақ ойдың машақатына берилип, екеўи де өзлериниң өмир жолларының қыян-кести қыяметлерин ядларына түсирип киятыр. Булардың алдыңғысы — Темиралыхан, кейингиси — оның ең жақын нөкер басы Таған еди.

1914-жылы биринши жер жүзилик урыс басланғанда Темиралы елиў жасқа шыққан еди Қазақстанның Темир аўылының жергиликли көшпелилериниң бири болған ол урланған малын ҳүкимет орынлары билип, қамалыў қәўпи туўғанлықтан Хорезмге қашып келди. Ғайратлы палўан Темиралы Әмиў бойындағы Жумыртаў дөгерегине келип макан басып, Испандияр ханның қойын бағады. Еки жылдан кейин Ханжунейд қарақшыларына қосылып, түркмен сардары Хийўаны қамағанда Темиралы ишки қаланың дийўалының астындағы тоғыртқадан бир топар жигитлерди баслап қалаға өтип, Испандияр ханды өлтириўге қатнасты. Оның бул ерлиги ушын Жунейдхан оған өз мөрин басып гуўалық берип Хорезм қазақларының ханы деп жәриялады.

Сол дәўирдиң әжайып ҳәмелине қолы жеткен Темиралыхан буннан былай совет дүзимине қарсы гүресте Жунейдханның, Хан мақсымнан да абырайлы әскер басыларының бири болып алды. Бурын ата-бабалары бирдейине көшип жүретуғын ол Жумыртаўдың, берги етегине оғада үлкен жай салдырып, сыртын, бийик дийўаллар менен қоршап өзинше беккем қорған ислеген болды. Жасының үлкейип кеткенлигине қарамастан бир гедейден Қалжан атлы жас қызды тартып алып, екинши ҳаял етти. Мийнеткеш пухара халықты талап мал-мүлкин көп етип жыйнады. Он жылға жақын Жунейдхан атланысларында бираз нөкерлерин басқарып Хорезм менен Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметин дүзиўге қарсы қатаң саўашлар алып барды. Сөйтип жүрип Иранға да еки рет көшип өтип қайтты. Бул елде күн көриў күтә қыйын екенлигине көзи жеткеннен кейин, қалай да болса, туўылып өскен топырағында жер басып жүриўди әрман етти. Ол енди өзиниң көп жасай алмайтуғынлығын да сезди. Қолдан-күш, аяқтан-дәрман кеткен ол алпыс бес жастың уша басына шықты. Бул ғаррылықтың соңғы көши емеспе. Ең жақсы көретуғын өзине усаған баласы Қаналысын

Иранда тентиретпей Совет топырағында қалдырыўды үмит етти. Себеби баласы өзин жақсы көрген менен баспашылық ҳәрекетлерин үлкейе келе жек көрди. Атланысларға қатнаспады. Өзиниң аўыр қылмысларынан аўлақ болған баласын жаңа ҳүкимет тәрбиялар деп ойлады. Қандай жазаға тартса да, өзин кеңес ҳүкимети алдында тәслим еткиси келди.

Мине, усы ойлар, мақсетлер менен Темиралыхан Жунейдтен жасырынып, Арал теңизи бетке қарай көшип киятыр. Қара арғымақтың үстинде шойыннан қуйып қойған тулғаға усап тым-тырыс отырғанының мәниси де усы еди. Оннан артырақта киятырған ат жақлы, муртлас қара Тағанның да өз ойы болды. Темиралыны өлтирип, Иранға өтиўди қәледи. Оннан қутылыўдың жолын излеп, көп ўақытлар батына алмай жүрип, усы бүгин өзин де, баласын да атып таслаўға бел байлаған еди. Назар менен Қыдырбайдың қәўипли душпан емеслигине көзи жеткен ол, карўан басыны аңлыўда болды. «Әкесин атсам баласы қол қаўсырып қарап турмас» деген ой айтқанын қылмай киятыр. Муртлас қара, бир-еки рет артына кесе қойып көзин оннан айырмай ат үстинде отыр екен. Ең соңғы рет жасырынып қарағанын сезип қалған жас жигит астына минген жийрен атты тебинип шаўып жақынлап:

— Таған аға, не ойлап киятырсыз. «Қара қусты» атқыңыз келе ме?— Ойымды билип қойды ма,— деп гүманланған Таған:

— Ол қандай қара қус? — деп оған тикленип қарады.

— Мынаў не?—деди алдырағында кетип баратырған әкесин көрсетип. Буны айтқанда оның қара көзлери оттай жанып, Тағанға қадалған еди.

— Бала, сен буныңдай аўыр гәпти екинши аўзыңа алыўшы болма, —деп тақымындағы мылтығын суўырып алып жоқары көтерди. Усы ўақытлары бала да бес атарының аўзын оның бүйирине қаратты. Ериксиз күлген Таған оған қарап жымыйып турып:

— Сынап көрип едим, Темиралы ағамнан кем болмайды екенсең, түпәлам! — деп бес атарын қайтадан тақымына басты.

Тағанның кеўлиниң төринде қандайда бир жасырын сырдың бар екенлигин көзиниң шаншыўлы қарасла-

рынан аңғарған бала оған аўыр бир гәп айтқысы келди де және сақланып үндемеди.

Қаналының Тағанды аңлығанына ярым айдан көбирек ўақыт болды. Оның былай ислеўине анасының айтқан бир гәпи дәнекер болған еди. Бир күни үш қудықтан түйелер менен атларды суўғарып турғанда суўға келген анасы оған: «оңашада бир нәрсе айтпақшыман, балам соны ядыңнан шығарып жүрме»— деген. Оннан кейин көзине жас алып турып әсте сөйлеп: — әкең әдептен мениң айтқанымды қылмады. Жунейдке қосылды, жаман жолға түсти. Буннан былай әкең не болса сол болсын, мен сениң жалғыз жанынңнан қорқаман. Бир-еки айдан бери Таған бузылып жүрген сыяқлы. Сырын сездиргиси келмеген менен жүрис-турысы, минез-қулқы өзгерип баратыр. Айлана дөгеректе жаў жоқ болса да жарағын күни-түни қолынан түсирмейди. Усыған қарағанда жаман ойда ма деп ойлайман. Бул сум ширкин әкеңди бир күни муқ қаптыратуғын шығар сирә, әкеңниң көзин жойса, саған да мийримлилик етпес, бек бол, балам. Бул сырды «ханға айтайын десем шаўқым көтерип, бәримизди уйқы-туйқы қылама, деп қорқаман» — деди. Анасының усы гәпи жүрегинен беккем орын алған Қаналының оны қадағалап, сақ болып киятырғаны да усы еди.

Өз ойының ушы-қыйырына жете алмай ат үстинде қара қустай қонып отырған Темиралыхан арт жағынан шыққан баласы менен Тағанның сестине атының басын бурды.

— Не гәп, қәўипли ҳеш нәрсе жоқпа? — деп әтирапқа қарады.

— Қаналы менен ҳәзиллесип атырмыз, хан аға. Балаң жигит болып қалыпты, быйыл нешеге шығады? — деп жуўҳаланды ол.

— Жигирмадағы жигит жас болама, бирақ сениң менен мениң ерлик ислериме қарсы, буны балалықтан көремен. Усы жағы болмаса Қаналыжан жас емес ғой, — деди ғарры жөтелип қойып. Бала әкесиниң гәпин жақтырмай атының басын бурып турып қалды. Екеўи гүрриңлесип алға қарай жүрди.

— Таған, — деди азырақ ойланғаннан кейин Темиралы ларсылдап жөтелип. — «Ат басына күн туўса аўызлығы менен суў ишер, ер басына күн туўса етиги менен суў кешер», деген халық сөзи дурыс екен. Ке-

шеги қанлы атланысларда мен демиме нан писип турған Темиралы хан атандым. Қолымнан келди, қонышымнан бастым. Бүгин, мине Қызыл әскерлердиң мәжбүрлеўисиз, ОГПУ дың өзине тәслим етиўге баратырман. — Усы гәпти айтқан ол оған бурылып қарады. Таған оның бул сөзине инанарын да, инанбасын да биле алмай ойланып қалды. Аздан кейин.

— Аты-жөнимизди өзгертип адамы аз, ушы-қыйыры жоқ, даланлық арқалы қалмақ жерине барып мал бағамыз, бизди ҳеш ким танымайды, дегениң қайда?— Хан да өтирик сөйлей ме екен? — деди,

— Ол да дәслеп дурыслаў көринген еди, бизиң ол ойымызды қызыл әскерлердиң отрядлары болдырмас.

— «Мешкей деген жақсы ат емес», баспашы деген атағымыз бар. Қоңыратқа барсақ ОГПУ атып таслайды ғой?

— Илажым жоқ, қолым менен ислегенимди басым менен көтеремен. Атпаўы да мүмкин, өзлеримиз барып тәслим болсақ.

Таған және үндемей қалды. Оның аўыр ойға батып енсеси төмен түскенин көрген Темиралы:

— Барлық гүнаны өз үстиме аламан, саған шаң жуқтырмайман. Маған не ислеседе көнемен. Сен ҳаўлықпа, Таған нәтийде бир-еки жыл тюрьмада болып қайтарсаң, меннен жассаң ғой. — Таған дәрҳал пышақтың жүзиндей өзгерип:

— Ақыллысаң ғой хан аға. Бул айтқаның да дурыс шығар, әйтеўир мени ақласаң, сол жақсылығыңды өлгенимше умытпайман, — деп оның ойына келискен болды. Бирақ, ишинен «сени еки-үш күннен ары узатпай муқ қаптыраман», деп өзине-өзи тәселле берди.

Темиралыханның еки-үш үйден қуралған кишкене аўылы Сексеўил сайға келип қонғанда киши песин еди. Кешке қарай күн қатты суўық болды. Арқа беттен ескен ызғырық самал хан үйиниң қабат-қабат қылып тутқан шийи менен кийизлеринен өтип, хан менен ханшаның қалың көрпе төсеклеринде аралады. Арқасын суўық самал тоңдырған Назым Темиралыға тығылып жатып:

— «Батыр аңқаў, ер гөдек» — дегенди билесеңбе, ғаррым, — деп қулағына сыбырлады. Ҳаялының өзи ҳаққында бир гәп айтпақшы болып жатырғанын аңлаған хан оған қарап аўдарылып түсип:

— Мен ҳаққында бир гәп айтпақшысаң ғой, қандай ойың бар, жасырмай айта бер! — деди.

— Ғаррым-аў, мениң ойлайтуғыным сениң менен Қаналыжанның ғамы ғой. Сен большойларды қәўипли душпан дейтуғын едиң. Ҳәзирги ең сақлық ислейтуғын жаўың Таймас табанба, — деп ойлайман. Назым «қәйним», деп Тағанға усылай ат қойған еди.

— Буны қалай сездиң? — деди Темиралы суўық демин алып.

— Жүрис-турысына қарағанда ол кешеги сениң Тағаның емес, бурынлары жарағын бизиң үйге де қойып кете беретуғын еди. Кейинги ўақытлары қолынан түсирмейди. Сен аңламайтуғын шығарсаң. Бирдейине еки көзи сенде. Ҳәр бир басқан қәдемиңди аңлыйды. Бунысы өзинше сездирмеген сықлы болғаны менен маған ҳәр күни усылай көринип турады. Сақ бол, ғаррым, сақ болсақ, сақлықта ҳеш бир қорлық болмайды.

— Сонда ол антын бузғаны ма?

— Ант-суў ишиў деген илажсыздан исленетуғын нәрсе ғой. Өзиңе қарамайсаң ба, Жунейдке берген антыңды әллеқашан умытып кеткен жоқсаң ба?

— Бул айтқанларың да дурыс, — деп Темиралы және суўық демин алып гүрсинип ойлана баслады. Өзинен жигирма жас киши Таған—Қытай Маңғыт елиниң белгили баў кескен урыларының бири болды. Халықтың мал-мүлкин урлап тынышлықты буза бергеннен кейин Маңғыт ҳәкимлери оны услап дарға аспақшы болып атырғанда бул иске өзи араласып, оны өлимнен аман алып қалды. Бул 1916-жылы болған еди. Қолынан ҳәр нәрсе келетуғын Тағанды Темиралы өзиниң ең жақын нөкер басыларының бири етип тайынлады. Мине, соннан бери Таған Темиралы ханға ҳақ кеўили менен хызмет етип, ханның өмирин қорғаўшы ҳәм нағыз гелле кесер нөкерлериниң баслығы болды. Темиралыдан пәтия алып: «буннан былай сениң менен геўдем де, жаным да бир, өлсек бирге өлемиз» — деп ант берген ол енди өзин өлтириўге таярланып жүр екен. Темиралыны усы ойлар узақ ўақыт мазасын алып уйқысын қашырды. Түнниң ярымына шекем жөткиринип, көзи илинбей жатты. Күн батыс беттеги Тағанның ылашығынан жас баланың жылаған даўысы биразға шекем келип турды. Өз үйиниң оң жағындағы малайы

Қыдырбайдың ылашығынан да оның анасының жөтелгени жийи еситиледи. Гейде ызғырған самалдың шуўылдысы менен еситилмей де қалады.

Ертеңине азанда Темиралы уйқысынан кеш оянды. Төсектен басын көтерсе ўақыт сәске болып қалған. Қыдырбай түңликти ашып от жағып атыр екен. Қара үйдиң қапталына салынған төсектеги баласы Қаналы да, оң тәрептеги жыйналған жүктиң алдындағы тоқал ҳаялы Қалжан да кишкене баласын қушақлап еле уйықлап атыр. Үй ийеси буны узақ жол жүрип шаршағанлықтың кесапаты деп ойлап, бурынғыдай бақырмай әсте «турыңлар түс болыпты» деп өзи ошақ басына келди. От жағып отырған Қыдырбай:

— Таған көшип кетти, — деп хабарлады.

— Не дейсең? — деп орнынан ушып турған ол, дастықтың қапталында жатырған бесатарына асылды. Хожасының бул ҳәрекетин ерси көрген хызметкер ҳаўлығып қалды да:

— Узақта емес бир шақырымдай жерге барып қонып атыр. Сизге бир нәрсе айтпақшы болып келип еди, уйқыңызды бузғысы келмеген болыўы керек, кейин қайтып ылашығын тез жығып, көшиўге ҳәзирленди.

— Неге көшип атырғанының себебин саған айтпадыма?

— Ол мени жек көреди ғой.

— Неге? — деди хан таңланып.

— Өткен жылы аты менен түйесин суўғармаған едим. Оған қолым да тиймейди, сиз жумсағанлықтан. Соннан бери екеўимиз пышық пенен тышқандаймыз. Мени жеп қойғысы келеди, тек сеннен қорқады.

— Барып шақырып кел, заңғарды, — деди Темиралы мылтығын иргеге сүйеп қойып. Бул ўақытларда оның ғарры аюдың даўысындай гүрилдеген сести менен оянған үй-ишиниң адамлары орынларынан турып кийинип болған еди.

— «Сумлықты ала тана баслайды» дегендей», айттымғой, ағасы, усы таймас табан ирип-ширип жүрген адам.

— Атасына нәлет оның! «Таймас табан» деп екинши рет тәкирарлама! — деп урысты ҳаялына хан. Оннан кейин Қыдырбайға,—неге силейип турсаң, тез оны шақырып қайт,— деп тапсырды.

— Сол мақауға барыуға қорқаман. Кейинги ўақытлары көз қарасы әжептәуир.

— Мен барып келейин, аға, — деди баласы Қаналы.

— Саған басқа ис бар, — деди де:

— Назар қайда?— деп Қыдырбайға қарады.

— Үйде азанғы шайын ишип атыр. Шақырайын ба? — Хан басын ийзеди.

Қыдырбай шығып кеткеннен кейин баласына:

— Назар көликлерди жөнлеп бақпайма, деймен. Атлар менен түйелер өлейин деп тур. Бүгин өзиң бағып көр. Жарағынды алып кет; Назардың атқаратуғын қараўыллығы да ядыңнан шықпасын. Онша узақта жүрмейсең ғой, қолайсыз жағдайлар болып қалса мылтық атып хабар бер.

Әкесиниң бул жумсаўының сырына түсинбеген баласы «ҳәммесин орынлайман, аға», мылтығын алып сыртқа шығып кетти. Аз ўақыттан кейин орта бойлы, ақ қуба жас жигит сәлем берип ишке кирди. Бул Назар еди.

— Бүгин сениң кәсибиңди Қаналыға тапсырдым, сен отынға бар, ири сексеўилден бир түйе отын әкел. Қыдырбай үй жумысларында болсын. Оған шекем Тағанды шақырып қайт, — деди Темиралы.

— Әжеп болады, хан аға, — деп Назар шығып кетти.

Азанғы шайға отырып күйеўине ҳаялы үйде унның түўесилгенлигин, бүгин асатуғын гөштиң де жоқлығын айтты.

— Биз қудай қарғаған адамлар болдық ғой, — деди хан қабағын үйип.

— Енди не илаж қыламыз? Нансыз қалай отырамыз.

— Бурынлары ата-бабаларымыз сүт, гөш пенен мыңлаған жыл турмыс кеширген емес пе? Анаў қоспақ атанның ботасын сойғыз. Қыдырбай, сен ҳаялларға бас болып усы исти бежер, — деди.

— Шубаттан қағыламыз ғой, түйе суў алып кетип, — деди Назым қыйналып.

— Қудайтала илажын табар,— деп ол ҳаялына тиклене қарады.

Темиралы бир-еки кесе шайды ишип орнынан тура бергенде, ҳаялы жүктиң арасындағы ораўлы нағанын алып усынды, Хан оған таңлана қарап:

— Назым десе назымсаң-аў, мен айтпай-ақ ойымды билесең. — деп оның оғын санап көрди де, қойнына тықты.

Бул ўақытта сыртта Тағанның сөйлеп киятырған даўысы да еситилген еди. Темиралы дәрҳал өз орнына барып отырып шақырылған адамның ишке келиўин күтти. «Әссалаўма әлейкум, тақсыр хан аға!», деп Таған есикти ашып кирип келди. Оның берген сәлемине жуўап қайырмастан үй ийеси:

— Азан менен қандай түрткиге түсип жүрсең? — деди оған сурлана қарап. — Ямаса қонған жериңнен жылан шықтыма? —Сырт пишининен сада көрингиси келген оған ханның бул айтқан гәпи етлерине ийне тыққаннан кем көринген жоқ. Усындай иретлерде қазандай тасып төгилетуғын ол бурын ағасы буныңдай етип күтип алмағанлықтан шийшедей шарт сына жазлап турып және өзин тоқтатты.

— Үйлеримиз жақын еди ғой, жылан шықса сиз де бул карада отырмаған болар едиңиз. Биз кеш келгенликтен бийиклеў жерге қоныппыз, түнги суўық жас балаларды аязлатып таслай жазлады. Соның ушын сексеўилли қалыңлыққа барып қондық. Сизде сол кәраға көшип барсаңыз күтә қолайлы болар еди, — хан аға. —Бул гәплерди еситкенде Темиралының қой көзлери сонаның көзиндей шекшийип, оның суўық сур жүзине қадалып турған еди. Қанша мүләйимсиген менен Тағанның өткир ала көзлеринен атылған өшпенлиликтиң ашыўлы нышаны билинип турды.

— Бурын сен мениң ҳәмиримниң қулы едиң, енди маған буйыратуғын болдың ба? Неге мылтығыңды қапталыңнан тасламайсаң? Мени өзиңниң душпаның,—деп есаплайсаң ба?

— Жарақты қолдан түсирмеўди өзиң үйреттиң хан аға, — «Жаў жоқ, деме жар астында, бөри жоқ деме, бөрик астында» деп бирдейине ескертип жүрген өзиң емеспе? Мен сизге қонған жериме бар, деп буйырып атырған жоқпан. Бул жерге қарағанда ол жақсылаў екен. Жаз-сайға қыс-қырға қонба, деген бар емеспе?

Өзине бағыныцлы болса да минезиниң шатақ екенлигин бурыннан билетуғын хан, оған буннан артық қатты келмеди. Гей ўақытта артықмаш писken сүттей тасып төгилетуғын ол басына «қус болып қонған» қыялдың жетегине ерип сумлана баслады.

— Ондай болса журтыңа қайта бер, бираздан кейин өзим де барып көремен. Қонысың жақсы болса, биз де көшип барамыз, — деди. Тағанның бул көшиўиниң сырын тек өзи билетуғын еди.

Таған босағаға сүйеп қойған бес атарын алып сыртқа шықты. Дөгерегине көз қыйығын таслап еди, бота сойып атырған Қыдырбайдан басқа ер адам көринбейди. Назар менен Қаналыны қайда жиберди екен, деген ой келди. «Қолымнан келсе Темиралыны усы екеўин менен қосып көзин жойыўым керек», — деп ойлады. «Ханның тек өзин атқаным менен мени Қаналы сөзсиз жоқ етеди. Оған Назар бирлеседи. Үйине қарап кетип баратырған Тағанның усылар мазасын алып басын қатырды.

Темиралы бурын өзине бүгингидей дәпинген емес еди. Дәслеп қатты келип, бирден жуўасыўы да оны гүманландырды. Қандайда болса бир жаманлықтың өрмегин қурып жүрген өрмекши шығар, деп ойлаған ол «кешиктирмеўим керек» деген сөзди даўыслап айтып жибергенин де аңламай қалды.

— Не? — деп сөйлеп киятырсаң, балам? — деген анасының сести менен еңсесин көтерсе, үйине келип қалған екен.

— Апа, ҳеш гәп. Тоңып қалыпсаң, үйге кирип от жағып отырсаң болмай ма?

— Түсиң бузылып кетипти, балам, өзиң қандай да бир суўық гәп еситип киятырған жоқсаң ба? Темиралы хан емес ол қара жылан! Усыған қосылма, деп мен әзал бастан қақсаған едим, енди соннан қутылыўдың жөнин тап десем де айтқанымды етпейсең, сорлы балам. Бүгин түнде көшип кетейик. Мен өзим оннан жаманлықтан басқаны күтпеймен, — деп Ажар қамығып жылады.

— Апа, қамықпа, бир илажы болар, сениң айтқанларыңа соң түсиндим. Менде қәтелик болды, апа, кешир мени? Қалайда болса оннан қутылыўдың жолын излеймен. —Анасын қолтықлап, ишке киргизди. Ошақтың басында төрт жасар баласы Темиралы, жети жасар қызы Қатыш тоңып бүрисип отыр. Үлкен ҳаялы Дәметкен бесиктеги нәресте Көшкинбайды емизип атыр. Киши ҳаялы есабындағы Жаңыл сырттан сексеўил әкелип от жағып жүр.

— Жаңыл, — деди ол үйден шықпақшы болып тур-

ған киши ҳаялына, — үйдиң дөгерегиндеги сексеўиллерге тийме, олар қашып кетпейди, ҳәзирше ық болады, алысырақтан әкел. Сен отын жибин менен балтаңды алып кетебер, мен соңыңнан бараман. «Шатақ шал» (хан ағасын кейинги ўақытлары ол усылай атайтуғын болған) қонған жеримизди көрмекши.

— Атанға минип кетейин бе?

— Жалғыз саўын нарға ғарғадай қонбақшымысаң?—деп оған ала көзи менен қарап еди, Жаңыл үндемей сыртқа шығып кетти. Баласы менен қызына қарап турған Таған улының атын Темиралы деп қойдырғанына ишинен қыйналып жек көрип турды.

— Таң атпай үйди көширемен, — деп шайыңды да ишкен жоқсаң балам, Күн суўық, денең жылысын, ыссы суў иш, шай — деп үйде ол да жоқ. Мениң тыққышлап жүрген аз ғана тақаным бар еди.

— Көшкинбай жылай береди, өкпесин түнде суўық алып кетпесе болар еди-аў, — деп Дәметкен әсте бесиктен былай жылысты.

— Өзиң жаман үйреттиң, бирдейине қушағыңа басасаң, баланы олай тәрбиялаўға болмайды. Жетим тоқлыдай өзи еркин өскени жақсы, — деди Таған қайнап турған қуманнан бир кесе суўды қуйып алып.

— Еки жастағы баланы өз бетинше қалай жибериўге болады?

— Және туўайын деп, отырған жоқсаң ба? Сонда не қылмақшысаң, Көшкинбайды? Баўырыңа баса бересең бе?

— Мениң бала туўғаныма қарсы болсаң өзиңди тый, — деди де, енесинен қысынған Дәметкен күлимсиреп сыртқа шығып кетти...

Қара қоспақ түйениң жазысына балта менен арқанды байлап секирип минип алған Назар да, отын әкелиў ушын жүрип кетти...

Ол Тағанның үйи қонған сайдың сыртындағы арқашты жағалап күн батыс тәрепке қарай киятыр. Еки көзи Таймас табанның ылашығы бетте. Оның дәрти Жаңыл. Орта бойлы, қара пәреңнен келген, қарамықтай қара көзли, қыпша бел Жаңыл оның жүрегинде сүйгилик отын жаққанына бираз ўақытлар болған еди. Жатса да, турса да сыр минези таныс емес тутқын қыз алдынан шығатуғын емес. Оған өзиниң қалай ашық болып қалғанында билмейди. Талай ирет оңаша

гезлеспекши болып жолларын тосса да, ушырасыўдың илажын таба алмады. Усы киятырғанда ең болмаса сыртынан тулғасын көриўди әрман етти.

Тағанның хан үйинен тез шыға қоймағанлығын билген Назар, түйесиниң басын тартып әсте жүре баслады. Усылай киятырғанда Тағанның ылашығынан қызыл мақпал камзол кийген ҳаял есиктиң алдындағы сексеўиллерди омырып бир жерге жыйнай баслады. Оның басына тартқан қызыл қоңыр түрмесиниң ушы ескен самал менен желбиреп турды. Ҳақыйқат Жаңыл екенин таныған Назар түйесиниң басын тартып, оннан көзин айырмады. Ара узағырақта болғанлықтан шырайы анық көринбесе де оның балтаны ылақтырып таслап өзине аз ўақыт зейин бөлгенин аңлағандай болды. Усы минутлары кеўили тосыннан болған қуўаныш пенен йошып кеткен ол қара қоспақтың алдындағы өркешин қушақлап алды. Қушағы өркеште болғаны менен көзи Тағанның үйи тәрепинде. Өзин Жаңылды қушып турғандай сезди. Ҳаял оған қәддин бурған аўҳалда узақ турмады. Жыйнаған отынды қушақлап үйге кирип кетти. Назар түйесин әсте жүргизди де ылашық бетке және бир неше мәртебе бурылып көз таслады бирақ қызыл мақпал камзол менен түрме орамал қайталап көринбеди.

Таған қонып отырған сайдың арқа бетинде еки шақырымдай жердеги ойда уйысқан қалың сексеўилди көрген Назар түйесин тусап, отын шаба баслады. Қолы балтада, көзи сексеўилде болғаны менен ядынан Жаңыл шығатуғын емес. Усы аўҳалда отынды қанша ўақыт шапқанын өзи де билмейди, бир мәҳәли «ҳармаңыз» деген сести еситип артына бурылып қараса Жаңыл күле шырай берип тур. Усы минутларда Назардың қуўанғаны соншелли, көзинен жыллы жас шыға жазлап барып зорға иркилди.

Өзиниң — Жаңыл— Жаңыл! — деп еки-үш рет тәкирарлағанын да сезбеди.

— Мениң ҳармаңыз дегенимди еситтиңиз бе? —деп ол жымыйып күлди.

— Аўа, бар болыңыз! Саламатсыз ба? — Бул гәплерди айтқанда Назардың жүзлери тандырдан шыққан шөректей қызарып турды.

— Ҳәзирше денимиз саў, Назар. Бағана үйдиң тусынан өтип баратырып неге иркилип турдың?—Дәслеп-

ки ҳаўлыққаны басылайын деген жигит қолындағы балтаны таслап, оған қарап бир-еки адым атып турып:

— Жаңыл! — деди ойланып, бирақ, сөзин даўам етпеди.

— Айтабер, неге үндемей қалдың?

— Урыспайсаң ба?

— Мен неге урысаман, — деп ол таңланып қарады.

— Мен сени жақсы көремен.

Жаңыл шақалақ атып күлип жиберди. Оның күлкисиниң күтә кеўилли болғаны соншелли, қызыл шырайлы жүзинде қуяш шуғласы ойнап турған сыяқлы болып көринди оған. Бәрҳәма қабағы үйилип, шырайын бирдейине ҳәсирет басып жүретуғын Жаңылдың усы бир күлкисинен ишки жан дүньясының ҳәзирги шадлығын сезип өзиде ериксиз күлип жиберди. Бираздан кейин кеўил хошын иркип:

— Мен қандай да бир қәўипли нәрсени айтпақшы шығар, — деп ойласам, сен басқа бир нәрсени айтып турсаң ғой!

— Солай, деп ойлайсаң ба? — деп Назар бултыйды,

— Мени қалай жақсы көресең? — деп Жаңыл оған көзин тикти.

— Оны өзим де билмеймен, бирақ сен жудырықтай жүрегимниң төринен орын алып шықпайсаң.

— Таганның тоқалы екенимди билмейсең бе?

— Өз еркиң менен емес...

— Оны қайдан билесең?

— Олай болса басыңа неге ақ жаўлық тартпайсаң?

— Мениң адамгершилик намысымды қорғап жүргенимди тек сен түсинген екенсең,—деп Жаңыл бираз ойланып турды. — Ол өзиниң еркин маған күшлеп, болса да мойынлатқысы келеди. Бирақ, анасының арағa түсиўи арқасында оған ерисе алмай жүр, бирдейине анасының қасында жатаман. Мен оған тири турғанымда ойыншық болғым келмейди.—Бул гәплерди айтқан Жаңылдың жүзи бозарып, қара көзлери бир тәрепке қадалып, кеўил «дуўтары» шынлықтың, адамгершиликтиң сазын шертип турғандай еди.

— Мен енди сениң ишки жан сырыңды бурынғыдан да тереңирек түсиндим, — деди жигит кеўли толып.—Сонда неғып шыдап жүрсең, қашып кетпей?

— Жалғыздан жалғыз қалай қашарсаң, — деп Жаңыл ойланып арқа бетке ойлы түрде қарап турды.

— Мен жолдас болсам ше?

— Сени жолдас болады, деп ойламадым. Ханның ең исенимли қулларының бири емессең бе? Қыздың «Қул» деген гәпи қулағына убыжық болып еситилген Назар:

— Мени онындай бийшараларға санамаңыз! Мен ханға әлле қашан орнымды сыйпатар едим, жипсиз байлап жүрген биреў бар.

— Ол ким? — деди қыз, — қорқақлығыңба?

— Жаңыл, ол сен—сен! — деп жигит оған қара көзлерин қадады. Бир-бирине жаңа түсиниксен еки жастың көзлери ишки жүрек сезимлерин оятып, биразға шекем ажыраспай турды. Бурыннан да Назардың көз қарасларынан хабары бар Жаңылға енди үлкен үмит, беккем исеним пайда бола баслады.

— Назар, — деди қыз оны қушақлағысы келип. Бирақ, қызлардағы уялшақлық минез оны иркип, оң қолын көтериңкиреп барып төмен түсирди. Жигит оның көз қарасынан сүйиўшилик ушқынларын сезип:

— Жаңыл, — деп қушағын ашты. Қыз анасына еркелеген жас баладай оның қушағына кирип солқылдап жылап жиберди.

— Қашайық, — деди бираздан кейин солығын басқан Жаңыл. Өзин жалғызбан,—деп санайтуғын қыз ойламаған жерден ғамхор табылғаннан кейин кеўили босап кеткен еди.

— Мен таярман, Жаңыл.

— Ығбалымыз пуш болмағайдағы, — деп көзиниң жасын басына тартқан орамалының ушы менен сүртти.

Жүрек әрманлары уқласқан еки тутқын усылай келисти де, келген жумысларын тез питкериўге асықты. Өз түйесиниң жүгин питкерген Назар жолдасына көмеклести. Темирдей қатты сексеўиллер бүгин буларға қаўынлардың пәleклерин қопарғандай көринбеди...

Қыдырбай ботаны сойып, Қалжан екеўи жиликлеп боламан дегенше күн түс те болып қалды. Арқа беттен шыққан қара булт жарқырап шығып турған күнниң көзин қаплап, бираз ўақыт айлана-дөгеректи ала көлеңке басты. Жаңа ерий баслаған қар үстине жамғыр себелеп, бир сәтте ала-булағай болды. Ботаның етин Қыдырбайдың үйине жыйнап алғаннан кейин Темиралы оннан ярым жилик гөшти дәстүрханға салып Таганның жаңа журтына қарай жүрди. Өзиниң жасының

әдеўирге барып қалғанын сезетуғын хан, Тағанды ҳийле менен қақпанға түсирмесем пәнт жермен, — деп ойлаған еди. Бул сумлығын ең жақын көретуғын Назымына да айтпады. Аяқларын аннан-саннан басып терлеп-тепшип Таған қонған сайға да жақынлады.

Бул уақытта Таған үйиниң қапталынан бир аты менен еки түйе, бир тайлағына ықтырма қора ислеп атырған еди. Темиралыны көрген ол ҳаялы Дәметкенге:

— От жақ, шай қайнат, «шатақ ғарры» киятыр, қутлы болсынға! — деди.

Күйеўине көмек берип жүрген Дәметкен дәрҳал үйине отын апарып, шай қайнатыўға киристи. Жақынлап қалған Темиралы даўыслап:

— Таған, мына қолымдағы гөшти ал, ғарры адамға үлкен жүк екен. Ажар келинге бос келмейин деп киятырғаным. Сизлерге Назым бир жилик гөш қойыпты, оны өзиң алып кетерсең. — Оның гәплерине инанған Таған адымын қатты-қатты атлап алдынан шықты. Шуберекке оралған гөшти қолынан алып алдына түсип емпеңлей бергенде қулағы шың етип, арқасынан бир аўыр күш қағып жибергендей болды. Буннан кейингисин ядына түсириўге шамасы келмей, артына бурылып қараса, гөш бериўши сақый нағанды гезенип тур екен. Ол және атты. Тағанның қолындағы дәстурхан төмен түсти. Еси аўып, көзи булдырап, дәрманы қурып баратырған ол «Ғапылда қалдым» деген сөзди айтыўға тили зорға келип, қумға гүрс етип жығылды. Атылған нағанның сестин иште отырған Ажар еситти. Бирақ, не екенлигин билмей орнынан ҳаўлығып турып:

— Келин, не сумлық болып атыр, бир жаман нәрсениң сести шықты ғой!, — деди енеси. Көзи булдырап ҳеш нәрсеге түсинбеген Дәметкен гә-қумда жатырған күйеўине, гә-Темиралыға ҳүрейлене қарады. Сулап жатырған күйеўи екенлигин билгеннен кейин: — Ўай-ўай, хан ата, бул не сумлық? — деп күйеўине қарап бақырып жуўырды. Ол Тағанға жақынлап, еңкейип үңиле бергенде Темиралы оны да атты. Оқ басына тийген ҳаял шекесинен бурқ етип шыққан қанға қолын апарар-апармастан теңселип барып қулады.

Ойлаған мақсетине жеткен Темиралы буннан кейин қәдемлерин керип басып үйге кирди. Ажар етегине асылған бала менен қызды ийтермелеп сыртқа

шықпақшы болып атырған еди. Үйге кирип келген оны көрип:

— Шырағым-аў, аманлықпа? Не нәрсе? Келин менен бала қайда? — деп ҳүрейи ушып ҳаплығып оган бежирейип қарады.

— Балаң менен келиниң бейишке қарай кетти. Өзиңди дозақ шақырып атыр! — деди көзлери қан талаған хан.

— Не дейсең? Түсинбедим, жүрегим аўзыма тығылды ғой! Жер ойылып, аспан үстиме түсип баратырған сыяқлы! — деп кемпир зары-гириян бола баслады. Апасының қорқынышлы даўысынан бала менен қыз да шоршып шырлады. Хан Ажардың геўдесин гөзледи. Наған тарс етти. Кемпир жанып турған оттың үстине қулады. Жаўлығы менен көйлеги күйе баслаған апасының аяғынан тартқылап жылаған Қатыш пенен Темиралыға изли-изинен еки оқ жиберди. Ошақ басындағы еки нәресте де тым-тырыс болды. Тәнлеринен аққан қызыл қан отқа ағып түтей баслады. Усы ўақытта бесиктеги нәрестениң шырқырап уйқысынан шоршып оянған сести шықты. Оннан хабары жоқ хан қойнына салған нағанын қайтадан шығарып, бесиктиң үстине жыртқыш қустай атылды. Наған атылған ўақытта оның да сести тым-тырыс болды. Ошақтың басында талтайып турған Темиралы ханға алты адамның өлими шыбын шелли болмады. Оның қанталап қызарып кеткен көзлери үй ишиндеги бууат-бууат көрпе төсеклерге бир қатар қадалды да, сыртқа шықты.

Өзиниң жаўызлық мақсетлерин орынлап, Таған менен Дәметкен жатқан қумның басына мардыйып шыққанда түйеге отын артқан Жаңыл да жақынлап қалған еди. Жаўызлық сырларын паш етпеў ушын кимниң де болса көзин жоқ етиўге әдетленген хан Жаңылды да өлтирип кетиўге тайынланды.

Ҳеш нәрседен хабары жоқ тутқын қыз түйени шөгерип, буйдасын қазыққа байлады да, отынды түсириў ушын Тағанга айтпақшы болып үйге қарап жүргенде ылашытын қанталында турған оған көзи түсти. Оннан қорықтыма ямаса сыйладыма, не қылғанын өзи де аңламай қалды, дизесин бүгип сәлем берди. Буннан кейин есикти түрип басын суқты да түси суп-сур болып кейин серпилди.

— Тоқта! — деди Қаҳхор оган жақынлап. — Сени

де тәғдирдиң иси күтип тур. Атаман. — Жаңыл артына қараса нағанның кишкене қара аўзы өзине бағдарланған екен. Шыны менен өлип кетемен бе? — деп қорыққан қыз Назарға берген ўәдеси ядына түсип, қалай болса да өлимнен қутылыўдың ҳәмелин ойлады. Дәрҳал жуўырып келип аяғына жығылды.

— Өмириң узақ болар, бир өлимнен қалдың. Бул үйдегилердиң өмир шырасы алланың ҳәмири менен өширилди. Сен бул жерде көргенлеринди тисиңнен шығармайтуғын боласаң. Саған қойылатуғын шәрт усы, — деди.

— Ҳәмириңе қуллық хан ата, ақ түйени көрген жоқпан, — деди. Жаңыл қарап турып көз жасын сүртип.

— Енди сен булкәрада турма, бизиң үйге бар да Қыдырбайды жибер. Ол мени шақырып атыр, десең тез келеди. — Қус болып ушып кетиўге илажы болмай турған қыз жуўырып кетти.

Жаңылдың соңынан қарап турған жаллат өзиниң жасының үлкейип кеткенлигине қарамастан оның сулыў пишимине қызығып, өз ишинен «енди өзимдики болдың» деген жуўмаққа келди. Қум үстинде «айқасып атырған» Таған менен оның ҳаялының өлигине көзи түскен Темиралы «Бул алланың буйрығы, мен айыплы емеспен, жаратқан жан ийесиз ҳеш нәрсени ислей алмайман, алла-тала усылай буйырып турса илажым қанша», — деп өзиниң қобалжыған кеўлин басқан болды. Буннан кейин қыз кеткен тәрепке көз таслап еди, оның қарасы көринбеди, қашып кеттиме, деген де ой пайда болды.

Бир үйли жанның қанын суўдай шашқан Темиралы асығып адым атып киятырған Қыдырбайды қасына шақырып алып:

— Ким маған қаслық ислесе тәғдири усындай болады. Бул алланың ҳәмири. Бир қудайсыз ҳеш нәрсе болған емес. Өликлерди дәрҳал қумға көм, анаў түйениң отынын түсирип, үйдиң ишиндеги затларды соған артып үй жаққа апар. Бул жерде бир нәрсе қалатуғын болмасын. Барғаннан кейин Тағанның үйин дурыслап тигиң де Жаңылға тапсырың. Ол енди бизлик болады. Қашан, қайда болсаң да бул кәрадағы ҳәдийсе ҳаққында тисиңнен шығарыўшы болма!

Қаналыға да айтпа? Мен ҳеш нәрсе билмеймен дей-



сең! Түсинбедиң бе? Буны тек саған исенгенликтен айтып отырман.

— Яқшы, — деди суўық демин зорға алган Қыдырбай еле ҳеш нәрседен толық хабардар болмаса да Таған менен бир ҳаялдың қум үстинде ҳәрекетсиз жатырғанын көрип ханның бул хожалыққа өлим дузағын қурғанын кем-кемнен аңғара баслады, зәрреси ушқан ол Темиралының алдында мелшийип турғаннан көре, өзиниң қорқынышын сездирмеў ушын шөгип жатырған түйеге қарап жүрди. Жәллат болса, Тағанның өлигиниң қасы менен жүрип жерде жатырған төшти көтерип үйине қарай бурылды.

Темиралы тәўир-ақ узақлап, қарасы көринбей кеткеннен кейин Қыдырбай үйге киргенде және зәрреси ушып қорықты. Отта шала күйип жатырған Ажар менен ошақ айналасындағы қанға боялған, балалардың сыйқы зәрресин ушырды. Ол бетин басып, өкирип жылап жиберди.

Темиралыхан Жунейид пенен бирге болған 1916-жыл менен 1924-жыллар арасында еки-үш жүзге жақын хожалық болып бирге көшип жүретуғын еди. Совет әскерлериниң искенжесине түсип, Иранға еки рет өтип келгенде де еки жүз атлы нөкер, жүзге шамалас хожалық болды. Ал, Жунейдхан Иранға соңғы рет өткенде үш жүз атлы нөкери бар еди. Усылай қашып-посып жүргенде ең жақын деген нөкер басшылары ҳәр қыйлы себеплерди таўып алдап қашып кете берди. Буннан бир-еки жыл бурын дөгерегинде он бес хожалық, қырыққа жуўық нөкери болған болса, кейин ен жақын досты Таған ҳәм бир-еки хожалық хызметкерлери қалды. Қызыллардың барлаўшыларының қуўғынынан бас саўғалап ойдан-ойға тығылып, аш-әптада қаңғып жүрип усы кәраға жеткен еди. Тийкарғы мақсет кеңес ҳүкиметинен кеширим сораў, бирақ оған жетпей атырып Тағанның қаслығы сезилип, оны да жоқ етти. Енди ҳаўа райы сәл-пәл жөнленсе туўры Қоңыратқа көшип барып, алдында-қандай жаза күтип турса да қайыл болыў еди.

Темиралы бул ойынан және қубылмалы ҳаўа райындай тез айныды. Жаңылды үшинши ҳаял етип алып, Маңғыстаўға қарай көшип, оннан кейин Гурьев арқалы қалмақ далаларына өтиўди және әрман ете баслады. Бул өзиниң ишки жасырын сыры болды. Усы

мақсетин орынлаў ушын ҳаўа райының қатаңлығына қарамастан көшиўди дурыс көрди. Кешеги Таған ўақыясынан бери, әсиресе баласы Қаналы өзине наразы екенлигин сездирип жүр. Күшиниң, абырайының барында тез жолға шығыўға тайынлықлар көре баслады.

Түски аўқатына ботаның геллесин астырып жеп, сүйегин жақсылап мүжиген Темиралы аўысқан сарқытты есик беттеги Қалжан менен табақлас болып атырған Жаңылға усынды.

— Қалжан менен екеўиң сарқытты жесин деп, атырман. — Кеше өзин өлтирмеген себебин жаңа түсинген ол табақты алып үнсиз кейин шегинди.

Сарқытты ийбе менен еңкейип алған Жаңылға:

— Бахытлы бол, Жаңылжан, — деди хан.

— Бизиң ғарры күннен-күнге ҳөнер шығарып киятыр, — деди Қаналы әкесиниң қызға «жан» сөзин қосып айтқанына.

— Өшир үниңди, бәтшағар! — деп хан бар даўысы менен бақырып жиберди. Усы бир қатты шыққан сестен зәрреси ушқан Қалжан менен Жаңыл алдындағы табақларына да қарамай сыртқа зытты. Оның ашыўы келгенде ҳеш нәрсени көзи көрмей, өгиздей сүзип кететуғын минезлерин олар билетуғын еди. Еки ҳаял да хан үйиниң сол тәрепиндеги кешеги Жаңыл ушын арнап тигилген Таған ның ылашығына барып қорқынышларын басты.

— Сени дүньяға перзент етип шығарған мен, — деп жекиринди және баласына.

— Дүньяға шыққан адамның бәрин қырып жоя бериўиң керек пе?

Бурын оның бетине қарап аўызын ашпайтуғын ол аўқат үстиндеги ерси қылықларын бетине айтпақшы болған еди.

— Мен басқа кимди қырыппан, өзимниң душпанымды жоқ еттим. Тағанды мен усылай етпесем, ол ертең мени де, сени де, ҳәттеки, анаңды да жәннетке жибермекши болған. — Бул гәплерди айтқан ғарры сөзине шақалып, жөтел қысып буўлығып қалды.

— Тағанның өлими басқа гәп, бийгуна анасы, ҳаялы, жас нәрестелериниң саған қандай жазығы бар еди? — деп Қаналы да сестин қайта көтерди.

— Оларды ертең маған гуўа болсын дейсең бе? Булай ислеў бурыннан киятырған жол! — деп әкеси орны-

нан турды. Кийеўиниң минезлерине жақсы түсинетуғын үлкен ҳаялы ушып турып қуманды алып:

— Хан батыр, босқа ҳәўлирме қолыңды жуў, ушынып қаларсаң, — деп алдына ләген тутты. Дәстурханға қолын сүртип болғаннан кейин қамығып «ақырзаманда әкесине баласы ақыл берди», деген усыдағы, деп кийинип, белин буўып атланыўға таярланды. Бул ретте пәтия қылмады.

— Қаналы еле бала ғой, оның айтқаны да дурыс, күтә надурыс еткенсен. Таған өлсе муқ қапсын, бала-шағасына реҳимиң келмегени маған да қатты батып отыр. — Назым усыны айтты да баласына қарап ымлап, бул жерде турма, дегендей белги берди. Әкесиниң азапланғанын көрип турған Қаналы керегениң басында турған қақпанды алып:

— Апа, мен аң аўлап қайтаман, — деп шығып кетти.

— Ғаррым, — деди Назым оның белбеўин шешип,— дүньяның не болып баратырғанына түсинбейсең бе?

— Дурыс айтасаң, түсинбеймен!

— Дүньяны бузатуғын да, дүзейтуғын да өзиңдей адамлар. Өзиң жақсы болсаң қудай да, қудағай да тыныш. Мениң айтқанымды қылмай Жунейдке қосылып алып, қанша бийгүна адамлардың қанына қалдың. Буның кейини не болды? Кирерге тесик таба алмай, қара басың қаңғып қалыў алдында турсаң. Меннен артық саған ғамхор дос жоқ. «Дос жылатып, душпан күлдирип айтады» деген халықтың әдил гәпин умытпа, шабазым. Ҳеш жаққа шықпа, өз үйиң өлең төсегинде дем ал.

Қырық жылдан көбирек жубай болған ҳаялының гәпи ханның тентек минезлерин жуўасытқан болыўы керек, төрге барып сылқ етип бир қырынлап жатып узақ ойға шүмди.

* * *

Қараңғы түн. Қарақумның шөлистанлы ойпатының сексеўилли ойында бир қара үй, еки ылашық қараўытып көринди. Олардың дөгерегинде байлаўлы турған алты түйе, бир тайлақ, бес ат меңиреў түнде бири жатып, бири түргелип турып уйықлап тур. Түн жыллы, арқадан ескен самал бәҳәрдиң хабарын берип турған

сыяқлы. Қыдырбайдың ылашығынан әсте сыртқа шыққан адам аз ўақыт тың-тыңлап турды да, есиктиң алдында байлаўлы турған атқа қарай жүрди. Ийесин таныған жәниўар басын көтерип қулағын тикти.

Демин ишинен алып аттың мойнына асылып турған адам ҳеш қандай аңлыўшының жоқ екенлигине исенгеннен кейин атты ертлеп, айылын қатты тартты. Оннан кейин жақын жердеги қоспақ түйеге жазысын салып, буйдасын шешип, аттың қасына әкелип байлады. Бул жумысларды питкергеннен кейин ортанғы ылашықтың қасына келди де ергенекти ийтерди, ашылмады, иштен берик бекитилген. Ылашықты әсте жағалап шийдикөтерип қолын созып еди, жақын жерде жатқан адам сезилмеди. Оннан кейин қамшысының сабын суғып барлаған ўақытлары: — кимсең? — деген сыбырлы сес шықты.

— Жаңыл, мен Назарман ғой, есигиңди аш, неге қатты бекитип қойыпсаң? — деди қараңғы түнниң хожайыны. Иргеге таянып келип сыбырлаған келиншек:

— Қамшың қорқытып жиберди ғой, қатты уйықлап атырған екенмен, шоршып кеттим.

— Есикти аш, кийин тез қашамыз.

— Қолға түсип қалмайық, шатақ ғарры бағана келип мазамды алды. Өтирик айтып, уў жалап зорға шығарып жибердим. Соннан кейин қорқып есикти мықлап бекиткен едим, сақ бол, ол аңлып жүрген болмағай. — Назар отыра қалып тың-тыңлап еди, қәўипли ҳеш нәрсе сезилмегеннен кейин есиктиң алдына барды. Кийинип сыртқа шыққан қызға:

— Ҳеш нәрсең умыт қалған жоқ па? — деди.

— Нем қалатуғын еди, жалғыз жаным саў болса болғаны, шын азатлыққа шыққанымыз болғай, — деп ертлеўли атқа қарап екеўи бирден жуўырды.

— Ат екеўимизди аўырсынар, сен түйеге мин, мен атлы жүрип жол табайын.

— Пияда жүр десең де қайылман. Ханның қурсаўынан қутылсам болды. — Жигит Жаңылды түйеге көтерип мингизди де, узын буйданы қолына беккем етип байлап атына минди. Булар әсте жүрип үйлердиң сыртына шықты. Назардың астындағы жийрен жорға да алға талпынып қәдем таслап жолды өндирип киятыр. Бул жигиттиң аты еди. Қашанда болса қашарман, деп ойлайтуғын ол жуўас жийренди аздырмай баққаны

бугип алдынан шықты. Жаңыл минген қара қоспақта маңтаңлап басып аттан қалыспай желип киятыр...

Азанғы ўақытлары Темиралыхан уйқысынан оянып тан намазын кешигип оқып, жаңа шайға отырған еди. Сырттан кирип келген Қаналы менен Қыдырбай түслери бозарып, Назар менен Жаңылдың қашып кеткенлигин хабарлады. Кесеси қолынан түсип кетип, шайы дәстүрханға төгилген хан, шегир көзлери патлыйып:

— Не айтып турсызлар? — деп бақырды.

— Назар менен Жаңыл қашып кетипти, деген жоқпыз ба? — деди баласы. Темиралы орнынан гүйбеңлеп турып атырып:

— Бул не деген сумлық, ыраспа, буған мен инанбайман?—деп орынынан турып белбеўин бууып, бесатарын керегеден жулып алып қос қоллап алдына тутты да сыртқа шықты. Түнде барып сөйлесип кеткен Жаңыл жатқан ылашық көзине оттай басылды. Жақынлап келип есикти түрип қарап еди, үйде ҳеш ким көринбеди.

— Назарға бек бол,—деп ескерткеним қайда?—деп хан Қыдырбайға оқлы көзлери менен алара қарады.

— Түнде бирге жаттық, мен уйықлап қалыппан, азанда апам оятып Назардың жоқ екенлигин айтты. Мен де не гәп болсын, Хан аға. Атлар менен түйеге көзи түскен Темиралы;

— Жийрен жорға менен қара қоспақ жоқ ғой.

— Солар минип кетипти.

— Енди қарап турыўға болмайды, екеўиңиз атларды таярлаң, үшеў болып қуўамыз. Жеткен жерде екеўиниң де геллесин алып, усы кәраға әкелип, тас етип көмемиз. Қыдырбай сен Таҳанның атына минип, өзиниң торы төбелине қарағанда ол қуўнақлаў болыўы керек. Ал, тез таярланыңлар, мен үйге кирип аз-маз азық-аўқат алып шығайын,—Темиралы үйге келип ҳаялына заўал салып, тез атланатуғынлығын хабарлады.

Қуўғыншылар изге түсип, жол танабын қуўыра баслады. Алда киятырған Темиралының көзине Жаңыл елеслеп, жеткен жерде Назарды атып өлтириўге нийет етип, арғымаққа тақымды басып-басып қояды.

* * *

Үстирт таўының шығысқа қарай жарланған жағасы Хорезм ойпатының батыс шетин узақтан орақтай орап

булдырап көринеди. Қулашын кең жайып атырған таўдың жийегинде төменнен жоқары қарап ийреңлеп созылған жыраларының көк таслары қара атлас шайы сыпатына енип, қуяш нуры менен жалт-жулт етеди. Таў басынан қарағанда Хорезм ойпаты көз нуры жеткен жерге шекем дәслеп жасыл түсте, узаған сайын қара түске енип булдырап көринип тур.

Әййемги Хорезм жерин, түркмен саҳраларынан баслап кең қушағына орап атырған Үстирт таўының көк жийеклерин тәбияттың тамаша көринислери менен адамның көз жаўын алады. Онша бийик болмаған усы таўдың Қулан қашқан қуўысында Жаңыл менен Назар дем алып отыр. Үлкен көк таслы жыраның орталығындағы ашықлықта сексеўилдиң шоғына ботаның гөшин қабап қылып писирген Назар орнынан түргелип қубла бетке көз тигип қарап турды да, қайтадан отырып:

— Жаңыл, ҳешким көринбейди, қорықпай—ақ қой, азда болса дем алайық, бүгинде түни менен жол жүрдик, ат пенен түйеде отлап дем алсын,—деди. Жаңыл алып келип берген пуўы бурқыраған қабапты бир бөлегин исликтен алып аўзына салып турып.

— Ким биледи, өлермен шатақ ғарры қуўып киятырған шығар, «сақ болсаң —сақларман» —деген ҳасыл сөз бар емес пе, көп иркилмейик.

— Дурыс айтасаң, ол ҳәўлирип изимизден қуўып қара арғымақтың үстинде жалпылдап шаўып киятырған болыўы мүмкин. Бизлерде жарақ жоқ, оның бир өзинде бир бес атар, бир наган, бир он атары бар. Атларды жөнекей отлатып барармыз,—деп орнынан турды. Таўдың жырасындағы кең қуўыста отлап атырған жийрен жорға менен қара қоспақ түйе басын жуўсаннан зорға көтерип, қашқынлардың еркине берилди. Жырадан шыққан екеўи етектеги гөне жолдың аңғарына түсип, алға қарай раўана болды.

Темиралының қашқынларды қуўғанына бүгин екинши күн болды. Жуўсанлы ойды жағалап кеткен екеўдиң изи Үстирт таўларына қарай бет алыпты. Темиралы да усы бетке қарай арғымақтың басын бурды. Қаналы менен Қыдырбай да оннан кейин қалмай бир қәлипте киятыр. Түски ўақытлары қуўғыншылар қашқынлар дем алған жыраға шықты. Назардың түйе менен атты

жайған отлақ ашық жырасына келип аттан түсти. Бираз ўақыт төменде издиң қайда кеткенлигин қарап жүрген хан олардың сексеўил жағып аўқатланған жерине де көтерилди.

— Мына кәрада дем алыпты, от жағыпты,—гөштиң қалдығын, сексеўилдиң сөнбеген шоғын аяғы менен ысырып көрсетти.

— Олар бизиң алдымызда алпыс-жетпис шақырым жерде кетип баратырған болыўы керек. Аты да, түйеси де шаршаған, көрип киятырман; аяқларын нық баспай, қыйсаңлап ҳалы қурып баратыр. Биз адасып қалмай дуўры изинен киятырмыз. Қыдырбай, бизиң аттың ериниң басындағы кешеги кеште қалған гөшти, аўысқан шубатты әкел, бир тойып алып және атланамыз,—деди де, Темиралы ҳалдан кеткендей отыра кетти.

Төменирек жырада отлап қалған атлар беттен қайтып келген Қыдырбай:

— Ериңиздиң басы бос, ҳеш нәрсе де жоқ ғой,—деди.

— Ҳаў, қалай болғаны, түсип қалғаныма мен бәрҳә алға қарайман, деп оның бары-жоғында аңламағанман ғой,—деп иренжиди. Еңсеси төмен түсип бираз ойланып турған ол басын көтерип:

— Аўқатсыз қуўып жете де алмаймыз. Мен тез қуўып жететуғын шығармыз—деп ойлап едим. Жаңылыссыппан. Қыдырбай, сен усы жерден таўдың үсти менен сексеўил сайға қайт. Түни менен, күни менен жол жүрип, үйден азық алып кел. Онысыз бизиң аўҳалымыз қыйын болады. Қашқынлардың совет ҳүкимети сорап турған еллерге шаршаған көликлер менен жетемен дегенше еле жети-сегиз күн керек. Бул әтираптың ҳәммесин де мен бес бармағымдай бәрин билемен,—деп Темиралы ҳүким етти...

* * *

Бул ўақытлары Назар менен Жаңыл Үстирт ғаўының «Тайлақ тайған» атлы төмен түсетуғын жолын кесип өтип, қалың жыңғыллықтың арасы менен кетип баратыр еди. Бираз жүргеннен кейин Назардың астындағы жийрен жорға турып алды. Шаршап дәрманының қурығаны соншелли ақ көбик терге малынып, қулағы салбырап кетти. Ал, Жаңыл минип киятырған қара қос-

йақтың да аўҳалы оннан артық емес еди. Атынан түсип оны жетелеген Назар жийрен жорғаның биротала болдырғанын билип;

— Жәниўарларға дем бермесек болатуғын емес, Жаңыл,—деди.

— Қуўғыншылар үстимизге келсе ше?

— Ондай бола қояр дейсең бе? Мынаў жыңғыл қалың, буннан былай изге түскен болса, адастырайық. Усы ажырықлы қалың жыңғылдың ишине тереңирек кирип дем алайық.

— Жолбарыс ямаса қасқыр шықса қәйтемиз?

— Алды менен адамның қасқырынан қутылып алайық. Басқасының бир илажы болар.

— Пышақ, балта да алып шықпаған екенбиз,—деп Жаңыл ойланды.

— Менде жарақ бар,—деп Назар жүн шалбарының қапталына байланған бир қарыстан узынырақ қанжарды көрсетти.

Буннан кейин екеўи ат пенен түйени қалыңлыққа қарап жетеледи. Бираз жерге барғаннан кейин ашықлаў қалың отлыққа көликлерин узын етип арқанлады да, өзлери өскин ажырықтың үстинде отырып дем алды. Қашқынлар да жүдә шаршаған еди. Бирақ, жаслық, пенен азатлықтың еркине берилгенликтен бир-бирине сыр билдирмей мәртлик етип киятыр. Қалың шөптиң үстинде ийинлесип жатырған қыз бенен жигит қурылдап қатты уйқыға кеткенлерин де сезбеди. Ашығып қалған түйе менен ат жерден басын көтермей отлай берди. Бираздан кейин күн батып айлана дөгеректи қараңғылық қаплады, қашқынлар буны да сезбеди. Жақын жерден шағаллардың улыған бир даўысы мың даўыс болып еситилип те турды, буны да олар сезбеди. Қандайда бир аңның алдынан жүрип өткенин көрип қалған түйе менен ат жерден басын көтермей отлап оқыранды. Буған да олар оянбады.

* * *

Темиралыдан қатаң тапсырма алып шыққан Қыдырбай диңкеси қурыған көк қасқаны мезгил-мезгил отлатып алып, кешеден бери тынбай жүрип киятыр. Жалғыз атлының ойына ҳәр қыйлы әрман түсип; «Наз-

ардың жолын қуўсам» деген қыял кеўлине йош берди. Темиралының абырайы, күш-қуўаты кемигенлигин сезди. Буннан былай оның қасында болыў өзине күтә қәўипли болып көринди.

... Сексеўил сайдан ханның үйиниң төбеси де көринди. Аздан кейин аттан түсип Темиралының үйине кирди. Назым төрде уршық ийирип, Қалжан жыртық камзолға жамаў басып отыр екен. Қыдырбайды көрип таңланған Назым;

— Аманлық па?—деп орнынан ушып турды. Жигит көрген-билгениниң ҳәммесин айтып, ханның тапсырмасының түсигин қалдырмай хабарлады.

— Әйтеўир, аманлық болса болар, қашан кетесең?

— Көк қасқаның дәрманы қалмады, енди ол узақ жолға жарамайды. Хан ағаның ҳәмири бойынша Тарлан Ябыны минип шүйдебас нарды жетегиме алып, таң алдында жүремен. Беретуғын азығыңды таяр етебер.

— Ботаның бир аяғын қуўырып, қапқа салып таярлап қояман, басқа азық жоқ,—деди. Назым қолындағы уршығын керегеге қыстырып атырып. Қалжан да жамаўлы камзолды жүктиң үстине ылақтырып таслап гөш қуўырыўға таярланды.

Қыдырбай ылашығына келсе, анасы буйығып жатыр екен. «Апа» деген оның сести менен оянған кемпир ҳаўлығып ушып турып:

— Жалғызым, қулыным, аман қайттың ба?—деп көзине жас алды.

— Қорықтың ба апа! Неге жылайсаң?

— Қорықпайтуғын күним жоқ, усы бир ийтке еремен,—деп әкең қайда кетти. Бир күни сеннен де айрылып қаламан ба, деп бүгин түни менен уйықлай алмай шықтым.

— Қайғырма апа, соңы жақсы болып кетеди,—деп оның қасына отырып Назымға айтқанларын тәкирарлады.

— Сонда және кетесең бе?

— Тисиннен шығарма, сездирме, биротала кетемиз. Мен шаршап келдим, түнниң ярымына шекем уйықлап алайын, сен таярлана бер.

— Ылашықты не қыламыз?

— Кереги жоқ.

— Әкеңниң көзин көрген шатпа еди ғой, балам.

— Басымызға бәле болады, өзлеримиз аман қутылсақ болар.

— Айтқаның болсын жаным.

Соңғы сөзлерди айтқан Қыдырбай дастыққа басы тийиўден қорылдай баслады. Кешке қарай Қалжан ярым қап гөш пенен шуберекке түйген жүўери тақанды әкелип таслады. Түнниң ярымында анасының түртиўи менен оянған Қыдырбай:

— Таң атып қалған жоқ па, апа?—деп сыбырланды.

— Ярым ақшам жаңа болған шығар.

— Таярмысың?

— Аўа. Назымлар әлле қашан уйықлап қалды. Гөш пенен тақанды әкелип берип кетти.

— Қайсысы?

— Қалжан.

— Ол ҳештеме деген жоқпа?

— Сен уйықлап жатқаннан соң не десин.

— Оны да бирге алып кетиўимиз керек еди.

— Әдептен ескертип қоймағаннан кейин енди қыйын ғой.

— Ол да бизлерге қусаған тутқындағы адам.

— Кешиктик, балам, ол да тири жан: бир илажын ислер. Ханның басынан бахты тайып баратырған жоқ па? Қалжан да бостанлыққа кешикпей шығар.

— Көре алмай кететуғын болдық-аў,—деп Қыдырбай суўық демин алды.

— Өлмегенлер көриседи, балам, тез кетейик. Балықтың жаны суў да дегендей бизиң тирегимиз усы түн емес пе?

Анасының бул айтқан гәпи тәсир еткен Қыдырбай сыртқа шығып тез жөнелиўдиң ғамын жеди. Үй ишиниң көрпе-төсегин, керекли мүликлерин нарға артты. Анасын қалың кийиндирип, оған мингизип, ханның азығын бир қапталына таңып, өзи Тарланды минип, түн қараңғылығына тез енип кетти...

* * *

Қанлы гүрестен де, ҳәм өмирден де, Назар менен Қыдырбайдан да пәнт жеген Темиралы хан, қара арғымаққа минип, кейин қайтты. Аты пүткил Хорезмге белгили Темиралы ханды сексеўил сайда жалғыз Назым

күтип алды. Қалжан отынға кеткен екен. Қыдырбайдың анасын алып, үй ишин көтерип қашқаны енди анық болды.

— Тарлан менен нар түйе қайда?—деди хан ҳаўлығып.

— Қыдырбай минип кетипти,—деди Назым.

— Неге бересең?

— Өзиң рухсат етипсең.

— Мен жеңилдим, аллатала маған қастың тиккиме цеймен,—деп ол үйге кирип өзин төрге таслады.

Ертеңине тәслим болған Темиралы баласы менен ҳаялының айтқанына көнип, туўры Қоңыратқа қарай жолға шықты. Оған енди буннан баска жол қалмаған еди.

## БАСПАШЫЛАР АРАСЫНДА

*Ҳүжжетли повесть*

### Ақсақалдың үйинде

— Ассалаўма әлейкум?

— Ўалийкум ассалам,—деди үй ийеси. Ол бойы еки метрге шамалас, жасы алпыс беслерге келген, еңгезердей қарапәрен киси еди. Сентябрь айының бүгинги күни онша салқын болмаса да малақай, үстине сур макентож, аяғына геўиш-мәси кийип алыпты. Көптен бери көрмегенликтен, дәслеп маған таңланып қарап турды да ойына бир нәрсе түскендей:

— Тағы баяғы гәп пе?—деп үлкен қара көзлери жыпылықлап күлимсиреди.

— Ақсақал, мениң дәртим сол ғой,—дедим оның бетине үмитленип қарап.

— Ишке кир.—Бул сапары оның онша қатал емеслигин аңладым да изине емпеңлеп ере бердим. Төрги жайға кирип зайыбы Жумагүл жеңгей төсеген шайы көрпешеге отырғаннан кейин ол:

— Мени гүнаға батыратуғын болдың ғой, иним,— деди де бираз ўақыт төмен қарап ойланып отырды. Оның үндемей отырғанында бир гәп барын аңлап мен де көзимниң астынан қарап отырман. Әллен ўақыттан

кейин оның әжим басқан түри маған бурынғыдан да бетер қараўытып көрингендей болды. Бир кесе чай ишим ўақыт өткенде геўдесин тиклеп, өзинен-өзи «гүна-гүна» деп гүбирленди.

— Сол гүнанды мен-ақ «арқалайын»,—дегенимде ақсақал ериксиз күлип жиберди.

Мен қалтамнан блокнотым менен қәлемимди шығара басладым.

— Япырмай, бала, өлген адамлар ҳаққында сөз етпеске өзиме-өзим шәрт айтқан едим. Мине, енди шәртимди бузбақшыман...

— Сиз темирдей төзимли адамсыз ғой, темир майысады, созылады, ал ағаш болса...

Мен усы гәплерди айтқанда оның еки ийни селкилдеп кетти, бирақ ишки сырын сыртқа шығармады. Бир неше минутлардан кейин:

— Япырмай, бала, желимдей жабысқақ екенсең, шәртим бузылса бир алла яр болғай, Қәне, не сорайсаң?—деди.

— Баспашылар арасында болған ўақытыңыздағы көрген-билгениңизди еситким келеди?

— Ядыма түскенин айта беремен. Бирақ, сеннен бир өтинишим, мен айтқан ўақыялардан шетлеп кетип жүрмегейсең.

Буған мен де ишимнен қуўана басладым. Өйткени бул қатал минезли, ески үрип-әдеттиң шырмаўығына елеге шекем оралып жүрген адам бурынлары мени талай мәртебе ренжиткен еди. Қоныраттан шыққан Мәдияр баспашыларды биротала қуртып жибериўге қатнасқанын басқалардың аўызынан еситкенмен. Ал, ҳәзир оны өзи айтыўға келисти. Ислам дининиң уўы мийине синген ол «өлген адамлар ҳаққында сөз етсем о дүньяда өзиме гүна» деп түсинип, олар ҳаққында бир де аўыз сөз айтпасқа шәрт еткенлигин меннен басқалар да билетуғын еди. Мине, енди бүгин батыл болған булақтың көзи ашылған сыяқлы. Ғарры қырық еки жылдан бери жасырып жүрген сырын маған ағытайын деп отыр. Көп жыллар даўамында усы бир жасырын сырды анық, толық билиўге қумартқан мен блокнотымның биринши бетине «Баспашылар арасында» деген ат қойып жазыўға киристим.

## Қәўипли жол

— 1929-жылы, жигирманы толтырып, жигирма бирге қараған жигит едим,—деп баслады Жарылқаған аға өз гәпин. —Әкем —Жәдигер, анам—Пердениң әлпешлеп өсирген әширеписимен. Өзимнен төрт-бес жас киши иним Оразалы үйдиң жумысларына, мен дийханшылыққа айналысаман

Сол жылы аўыллас жорам Әсен Нәметуллаев пенен шерик болып еки танап жерге тары ектик. Тарымыз да еткен мийнетимизге ылайық төңкерилип қалды. Сентябрь айының дәслепки күнлери-ақ тарыны орып-жыйнап, бир жерге қырман қыршып, гүдшеклеп түйекти де басладық. Бир күни шаңқай түсте Әсен екеўмиз үйге барып түсленбекши болдық. Ҳаўа ашық, күн ыссы еди. Мен ақжал ябыға ырғып минип, үйге қарап жортақлатып кеттим, Әсен изде қалды. Кийет жаптың көпириниң тусына келе бергенимде, ат суўғармақшы болып, жайпаўытқа бурылдым. Атым тынық суўға қанып, кейин шегине бергенде, күн батыс-арқа беттен дүбирлескен бир топ атлылар келип қалды. Буларды ЧОН отрядының жаўынгерлери шығар, деп мен де усылардай қурал-жарақ асынсам, деген ойда турғанымда:

— Ҳақыйқат ат қосшыны жаңа таптық,—деди қара ябыға минген муртлас, шегир көз, шийкил сары, жасы елиў-елиў беслерге келген семиз адам. Басында сопақ ақ бөрик, белине ақ белбеў буўған. Үстинде мәлле шапаны, ыйығында бесатары бар екен. Буның Абылла хожа екенлигин билмейтуғын едим.

— Ҳәне, алдымызға түс,—деди орта бойлы, қызыл шырайлы, басына қара шөгирме, үстине қызыл шапан кийген, ийниндеги мылтығын ердиң үстине кесе өңгерген адам. Бул Мәтқурбан шолақ. Буның мәниси Қоңыратты басып алмақшы болып келген хан Жөнейд қарақшыларына қарсы бир гүресте, ылақтыраман деген гранаты қолында жарылып, шеп қолының үш саўсағын жулып кеткен екен. Буның Мәтқурбан екенин билмеен. Бизиң аўылымызға ол талай ирет келген еди.

Мурты шаншылып турған Мәтқурбанның жүзи маған суўық көринди. Оның шеп жағында теке сақаллы, ақ бозлақ, жасы қырықларға келип қалған адам тур. Басында әреби телпеги, үстинде шылт жаңа қызыл

шапаны бар. Бул Қылышбай еди. Қылышбай қоңсылас Бирқулақ аўылының жигити.

— Не қылып турсаң мелшийип, жүр!—деди Абылла-хожа, шийкил-сары бети қуяшқа қарап турғанлықтан әбден тыржыйып.—Ямаса аттың қуйрығына байлапбақ-шымысаң?—Дәслеп ҳеш нәрсеге түсинбей тур едим, соңынан ишим музлап сала берди.

Атымның басын тартып, кейин шегинбекши болдым.

— Қашып кетейин деп қыялланыўына қара, атып тасла!—деп хожа Мәтқурбанға қарады. Бесатардың аўзы маған қарай бергенде, көзим тынып, ҳәл-дәрманым қурып, лал болдым да қалдым. «Атпаңлар!»—деп жалынайын десем, даўысым шықпайды.

— Адам атыўға асықпаңлар. Жәдигер ағаның баласы бизге қосылады. Келешекте батыр нөкерлеримиздиң бири болады,—деген даўысты еситип, көзимди ашсам, ол Қылышбай екен. Мәтқурбан гезенген мылтығын кейин тартып:

— Түс алдыма!—деди жекиринип. Жаңа ғана өлим елеси көз алдымда турғанлықтан, қорыққаным соншелли, алдына түсип, кете бериўден басқа илажым болмады.

Тосыннан болған бул ўақыяның мәнисине еле түсине алмай, топарласқан көп атлының арасында суўға түскен ғүбелектей илажсыз ығыса бердим. Ашамайлы аўылына қарай бағдар алып еки-үш шақырым узақлағанымызда үш-төрт топар атлылар изли-изинен келип қосылды. Ғаўырласқан қызбалы гәплер арасынан «атып кетиў керек еди» деген Абылла хожа менен Мәтқурбанның даўысын еситемен. Олар гә қуўанып, гә күлисип киятыр еди. Жылан жап деген жерде аз ўақыт иркилип, Абылла хожаның ўазын тыңладық. Ат үстинде мойнын созып сөйлегенликтен, сақалы шошаңлап, түкириги шашырап, көзи қызарып, көриктей гүўледи.

— Бүгин Кийет, Сағыр, Ышқылы, Сарсаң, Қанжығалы, Ешкелди, Ноғай, Қотыр аўылларының бизди қоллаған жигитлери келип қосылып атыр. Бул бизиң ҳақ исимиздиң басламасы. Тек биз, қоңыратлылар емес, Тахтакөпирден де исламның туўын көтерген азаматлары гүрес майданына шықты. Аллатала яр болып, пүткил Хорезм болшойбеклерге қарсы шығатуғын күнлер еле алдымызда. Мине, усындай бир әлематлы күнлерде

кимде-ким жарақ көтерип, атланысқа шықпаса, ол адам қуданың қулы, Мухаммедтиң үммети емес. Оның-дай ҳарамзада кәпирлерге бул Қоңыраттан орын жоқ. Олар қәҳәрли қылышымыздың зарпынан бүгин болмаса ертең желкеси қыйылады. Сизлер менен бирге ертеңги күни Қоңыратта Совет ҳүкиметин қулатып, хан заманын қайта тиклеймиз. Буны ислемесек болмайды. Колхозласыў деген бәлени шығарып атыр. Бир жылға жетпей бир аўыл бир қазаннан ас ишип, бир көрпеде жататуғын болады. Қатын-бала, мал-мүлик орталыққа қосылады Бул не деген сумлық! Биз усының алдын алыў ушын гүреске бел бууып шықтық. Бизиң жолымыз, сүттей ақ жол! Мине, усы жолдан тайсалмай жүрип, дин ислам қылышын қолға аламыз, дегенлер ант береди,— деп Абылла хожа көтерилип басылып сөзин жуўмақлады да қолтығынан шүберекке оралган бир нәрсени шығарып, қос қоллап көтерип турып;—Бизиң жолымызды қуўатлап, алдағы ғазабат саўашларда бирге боламан деген бәрше мусылманлар мына куранды маңлайына тийгизип ант етсин!—деди.

Мен Қылышбайдың шеп тәрепинде турған едим. Дәслеп Мәтқурбан, Сапарбай, Жуманазар, Пайзулла қуранды маңлайына тийгизип, ант етти. Мени ертип барып Қылышбай да қуранды маңлайына апарды. Неге екенин билмеймен, оның көзинен жас шықты. Мениң маңлайыма да қураның бир шети тийди. Тап усы ўақытлары тарс-тарс етип атылған мылтықтың сести шықты.

«Жыланлы» жаптың арғы жағындағы тереклердиң арасынан бизлерге қарап мылтық атып турған бир неше адамлардың бар екени сезиледи. Мәтқурбан изине ерген жигирмалаған адам атынан түсип, оларға ҳүжим жасады. Қылышбайлар оң тәрептен, Мәтқурбанлар сол тәрептен қоршамақшы болды. Бирақ, аз санлы коммунарлар қолға түсетуғынлығын билип, еки тәрепке де оқ жаўдырып, қалаға қарап шегинди де аз ўақыттан соң атларына минип, қалың тереклердиң арасына сиңип, көринбей кетти.

Усы кәрада болган баспашылардың биринши шекинисиўинде ОГПУдиң тергеўшиси, барлаўшы отрядтың баслығы Ғайып Ҳәкимбаевтың жамбасына оқ тийип жараланған екен. Бул сапары мениң қолымда мылтық

түўе, таяқ та жоқ еди. Мылтық атыўды да билмейтуғын едим.

Қызыл барлаўшылар тым-тырыс болғаннан кейин бизлер Ашамайлы аўылына келдик. Бул жерде бизиң топарымызға және бес-алты атлы қосылды, олар молла Рейим менен Дәўлетбайдың изине ерген усы қатардың адамлары.

* * *

Күн батып, қараңғылық пердеси әлемди қаплады. Ашамайлы жаптың ғырра қубла жағасына жыйналғаннан кейин, Мәтқурбан Абылла хожа менен Қылышбайға қарап:

— Ашамайлынын кәтқудалары бизди алдағаны ма? Кеминде жүзге жақын жарақлы жигит беремиз дегени қайда? Мейли, бүгин алдаса алдай берсин, бирақ ертең... аўылының күлин аспанға ушырамыз,—деп қәҳәрленди.

— Кәтқудалардан емес,—деди Абылла хожа ойланып.—Белгиленген жигитлер қорқақлық етип, бас саўғалап жүрген шығар сирә. Бәри бир, бүгин қосылмаса, ертең өзлери изимизден жетип келеди. Ал, енди иркилмей бул жерден тез кетейик, коммунарлар көрип қалар.

Аз ғана ойласықтан кейин Мәтқурбан, молла Рейим, Абылла хожа, Жуманазар, Қылышбай бизлерден бөлинип, Қостерекке тез жүрип кетти. Сол жерде Жиңишке, Қаңлы, Шамыра, Жаман Қоңыраттан қосылмақшы болғанларды күтип алмақшы еди. Ал, Сейтнияз қамар менен Сапарбай қул басқарған бизлер Ережеп контордың шығырына қарап жүрдик. Кеш те болды. Дөгерегимиз тым-тырыс, атларымыздың туяғынын тысырлысынан басқа ҳеш нәрсе еситилмейди. Қалың боянлықты жапырып өтип, тикенли шеңгелликке тырналып, бираздан соң ашықлаў алаңлыққа шықтық. Усы ўақта шеп жағымнан пискен қаўынның ийиси мурныма келди. Шарбы булытлы ай сәўлесин пайдаланып, төмен үңилсем, қаўын атызды жағалап киятырған екенбиз. Аттан секирип түсип, бир-екеўин алғым келип турды да және Сапарбай қул менен Сейтнияз қамардан қорқтым. «Қаўын урлыққа киятырсаң ба?»—деп кейип таслаўы итимал деп ойладым.

Әйне аўыр жатарда бизиң аўылдың күн батар тәрепинен айналып өтип, Ережеп контордың шығырына келип, дем алдық. Сейтнияз «атлардың ерин алмай уйқылай бериң, бирақ сергек болыңлар,»,—деп ескертти. Мен атымның узын қара қыл шылбырын бир түп жыңғылға байладым да орылған пишен дәстеси үстинде шалқама жатып едим, бираздан кейин уйқылап қалыппан.

Таң азанда Сейтнияз қамардың хәккедей шықылықлаған ашшы даўысынан шоршып оянсам, хәмме атларына жапа-тармақай жабысып атыр екен. Мен шылбырды шешип атланаман дегенше, басқалар шапқыласып, узап кетип баратырған еди. Хәммениң алдында Сейтнияз қамар. Кеше ғана өзин батырлар сыпатында көрсеткен орта бойлы, еки бети бүйректей киси артына қарап қояды. Үлкен қара бөрки шошаңлап, узын қара-ала шапанының етеги пәтпелектей желбирейди. Бул қашыўдың не екенине түсинбесем де, қорқыныш бойымды музлатып, мен де атымды қамшылай бердим. Артқы беттен гүрпилдеген мылтықтың сестин еситкенимизде ғана қашыўымыздың мәнисин аңладым. Атыспа күшейип, оқлар тумлы-тусымыздан шүйкилдеп өте баслады. Бурын буныңдайды көрмегенге ме, ямаса өлим қорқынышынан ба, тула бойым қалтырап, кешегидей болып тағы хаўлығып кеттим.

Алдымда кетип баратырғанларға жете берип, артыма бурылып қарасам, жигирмаға жуўық коммунарлар ат үстинен мылтық атып қуўып киятыр екен. Қашақашты енди көрдик. Олар бизлерди түни менен излеп, атларын шаршатып алған болыўы итимал, аздан кейин арамыз кем-кемнен қашықлай берди. Тың атлар тыңлығын көрсетти. Жаман Қоңыраттың қубла бетиндеги, Жантақлы сайға түсип қарамызды жасырып, Қостерекке қарап, лап қойдық. Күн көтериле дийдилеген жерге келсек, Мәтқурбан, Қылышбай, Абылла хожалар атларына минип, хәр жерде үрпейисип тур екен.

— Әскерлер, әскерлер!—деди хаплыққан Сейтнияз қамар.

— Қанша?—деди Абылла хожа күнбатар тәрепке хаўлығып қарап.

— Қырықлаған атлы. —Сейтнияздың бул гәпин жаратпаған Мәтқурбан ашыўланып;—Гәп әскерлердиң

көплигинде емес, сизиң қорқақлығыңызда. Неге атыспадыңыз? —деп ҳәкиреңледи.

— Таң алдында, биймезгил ўақытта келип қалды.

— Сиз бенен биз уйқылаў ушын емес, болшойларды жоқ етиў ушын атландық,—деген ўақытта Сейтнияз өзиниң айыбын түсинип, төмен қарады.

— Сапарбай, саған не болған?—деди Мәтқурбан.

— Жасы үлкенге исенемен деп, мен де басқыға ушырадым, —деди қызарып.

— Сапарбай,—деди Қылышбай шеп көзин қысып қарап,—Сейтнияз қорықсын, сеники не? Балабийдиң нөкери болып жүргенде, екеўимиз-ақ Шәррик ханның отызлаған қарақшыларын Қоңыратқа өткермеген едик ғой. Сондағы өр көкиреклигиң қайда сениң?

Мәтқурбан менен Қылышбайдың өктем гәплерин еситип турған Сапарбай қулдың қара-торы, шырайы, тандырдан күйип шыққан загарадай қарайса, Сейтнияз қамар бурыштай қызарып кетти.

— Басшы баслай билсе, он киси жүзди жеңеди. Мәтқурбан да, Қылышбай да дурыс айтып тур. Биз балшойлардан ҳәзирден баслап ат-тонымызды ала қашсақ, ертеңги күнимиз қалай болады?—деди Абылла хожа.

Абылла хожаның бул ақылгөйлик сөзлерин күн батыс тәрептен атылған мылтықлардың сести бөлип таслады. Бизлер және ҳүрейлене басладық.

— Кимде-ким қашса, ямаса қорқақлық етсе, өзим атып таслайман,—деди Мәтқурбан атынан түсип. Оның бул ҳәрекетиниң өзи ҳәммеге берилген буйрықтай еди. Қылышбай маған ҳәм басқа да бир неше жигитлерге атлардың қасында болыўды тапсырды. Еки жағасын жарланған қалың боян қаплаған кесе жапты паналаған отызға жуўық адам жақынлап қалған коммунарларды оқ жамғыры менен қарсы алды.

Сол күни ҳаўа ашық, күн ыссылаў еди. Қостерек әтирапының тынышлығы бузылып, ала-сапыран атыспа түске шекем даўам етти. Айнала-дөгерекке алақлап қарап, мен де отырман. «Бул саўаштың кейни қандай болар екен?—деген қорқыныш сезими кеўлимнен шықпайды. Басқы таўып қашатуғын болсақ атыма—Ақ жалға ҳәмме ден бурын қустай қонажақпан.

* * *

Түс аўа атыспа тым-тырыс болды. Қорыққанды қойып, буғып атырған орнымнан турдым. Ырашқа көтерилип, қалың боянлық арасынан коммунарлар бетке қарадым, ҳеш ким көринбейди. Бағана саўаш болған далаңлық бос жатыр.

Ымырт үйирилип, қараңғылық түскеннен кейин, Мәтқурбан баслаған бир неше адамлар ўақытша тосқаўылда қалды. Олардың арасында Сейтнияз қамар менен Сапарбай қул бар еди. Басқаларымыз түн «шапанын» жамылып, гөне жапқа түсип, қумырсқадай дизилисип кете бердик. Қылышбай өз-ара сөйлесиўди қадаған етти. Иркилместен жигирма шақырымға жақын жол жүрип, Шанияз шыйықтан шықтық. Түн тастай қараңғы. Басшымыз Қылышбай. Алдымыздан ушыраған салы қырманда дем алыўға буйрық берди. Түн аязлаў болды. Дәўлетбай менен Өтелбайды қараўыл қойды. Қалың сабанның ишине тышқандай синип кетсем де, бираз ўақыт денем жылымай жаттым.

Көзимди тарса жумсам да уйқым келмеди. Өзимниң ойнап-өскен аўылым көп ўақытқа дейин көз алдымда елеслей берди. Анам «Адаспа балам, адаспа» деген сыяқлы болады. Усылай бираз ўақыт жатып, көзимниң илингенин де билмеппен. Жаман түс көрип, шоршып оянсам, мениң тусымда, биреўдиң әсте сөйлеген сөзи еситиледи. Ол Мәтқурбан екен:

— Мәдиярдың бизге усыкәрада ушырасыўы керек еди. «Егер Шанияз шыйықтан таба алмасаңлар. Қызылқалада боларман»—деп еди. Сирә оны Қызылқаладан табармыз. —Бул сөзлерди айтып турған Қылышбайды даўысынан таныдым.

— Қараўыллар бийғам болмаса жақсы болар еди, —деди Мәтқурбан жөткирип.

— Исенимли еки жигит тур.

Буннан соң олар үндемеди. Шеп қол жағымдағы сабанлар тысырлап кетти де шүйкилдеген тышқанлардың сести шықты. Мине, биреўи қулағымның тусын тысырлатып маңлайымның үстинен жоргалап өтип баратыр. Усы ўақытлары бәденим түршигип кетти де, аўнап түсиўге мәжбүр болдым. Әйтеўир, бир ўақытта уйқылағанман...

Соның арасында Жумагүл жеңгей дәстурхан жайып чай қойды. Бизлер гүрриңлесип отырғанда ол нан жапқан екен, ыссы шөректиң шетинен алып чай ише басладық. Шығып баратырған ҳаялына ол;

— Аўқатыңды асықпай аса бер. Мен баспашылар арасынан қайтып келгеннен кейин жеймиз,—деди. «Қайдағыны айтатуғыныңнe,»—деп ҳаялы шығып кетти.

Азанда ерте атланып, Қызылқала тоғайлығына жеттик. Мәдиярлар дәрьяның жағасындағы майда шатлық арасындағы үлкен торaңғылдың қасынан табылыўы керек екен. Көп изледик. Бул жерде де болмай шықты. Қылышбай жол баслап ҳәммемиз жедел жүрис пенен Жаңақаланың үсти менен Шоманай тоғайлығына бардық. Бул кәрада да Мәдиярлар ушыраспады. Оннан кейин иркилместен қалың қамыслы Моншақлы ойпатлығына түстик. Мәдияр өзин қай жерден излеўдин Қылышбайға анық қылып айтса керек. Бурынлары Балабийдиң нөкери болған Қылышбай бул дөгеректиң ҳәммесин бес саўсағындай биледи екен.

Бирақ, қанша излесек те таба алмадық. Моншақлы көлинен Сыйыр кеткен тоғайына келип, қалың қамыслық арасына қондық.

Сейтнияз қамар, Сапарбай қул, Абылла хожалардың қоржынларында дүмшелери, нанлары бар екен. Күн батар алдында от жағып, чай қайнатып иштик. Буларға қосылғаннан кейин, биринши ирет зағара жеп атырып, аш болғанымды усы сапары сездим. Бир кесе чайды уртлағанымда, маңлайымнан тер буршақлап, көзиме қуйылды. Оны шапанымның жеңи менен сүртип қояман.

— Бөри азығы жолда—ертеңгимизди алла жеткерер. Дәстурхандағыны таўысып жеңлер, «сеники, меники» жоқ. Қазан-ошақ бир,—деди Абылла хожа.

— Алланың бергени артық болмайды,—деди Мәтқурбан оның гәпин жақтырмай.—Ҳәр ким бар азығын үнемлей берсин. Бүгинги күн ертең де керек.

— Дурыс айтасаң, —деди Сейтнияз қамар. Маған ала көзи менен қарап—«қап толса да дорбаша толмай жүрмесин» —деди. Мен дәстурхандағы зағараларды өгиздей гүйсеп отырғанымды енди сездим.

— Зағара түўе, мына баланың өзлеримизди де жеп

қоятуғын түри бар ғой,—деди ири геўдели Жуманазар. Ҳәмме шақалақлап күлди.

— Биз Совет ҳүкимети менен урысыўдың орнына, Жарылқағанның тамағын тойдыра алмай жүрермиз еле.

Бул гәплерди айтқан Сапарбай қул «сен не дейсең?» дегендей оң жағында чай ишип отырған Мәтқурбанға қарады.

— Жарылқаған бала,—деди ол маған,—гөрқаў болсаң, тамағын ушын сәл жерде өлип кетесең. Бүгиннен баслап жутқыншағыңның бир жағын қысыңқырайсаң. Бул Кийет аўылы емес, аз ишиўге, аз уйқылаўға үйрен, жасы үлкенлердин жылаўында болып, оларға атланарда, дем аларда инабатлы хызмет ислеўиң керек. Жасы киши дегенниң ўазыйпасы мине, усындай болады. Сени биз сол ушын алып шықтық.

Бурын бир адамнан буныңдай аўыр гәплерди еситип көрмегенге ме, ямаса Мәтқурбанның «гөрқаў» деген сөзи жаныма тийгенликтен бе, ҳеш гәп айтпастан турып кеттим. Ақжал атымның қасына барып, маңлайына маңлайымды тиреп турып қамсықтым. Бир қарасам тап оның да көзи жасаўрап турғандай көринди. Буған мен таңланайын дедим.

* * *

Таң атты, күн шықты. Уйқымды ашып, орнымнан турсам, Мәтқурбан, Қылышбайлар, Абылла хожаның артына дизилип намаз оқып атыр екен. Абылла хожа қызыл шапан кейип, белин ақ шыт пенен бууўып алыпты. Шеп қулағын сәллесиниң ушы жаўып, ыйығына түсип, салбырап тур. Оның усы турысы маған Қара қум ийшанның бел баласы сыяқлы болып көринди. Гүзги таңның аязынан қалтырап баратырман. Қатты уйқылағанлықтан жыңғыл төсегимнин жамбасыма батқанын да сезбеппен. Басымды көтерип тикленгенимде, Пайзулла менен Алламберген от жағып атыр екен.

— Түтетпей жағыңлар. Түтинниң душпанды «шақыратуғынлығын» билмейсизлер ме?—деди Абылла хожа намазын оқып болып. Мениң кешлеў турғанымды жақтырмаған Мәтқурбан маған жақын келди де;

— Атларды суўғарып, жем бериңлер,—деди. Атым-

ды атамаса да бул гәптиң маған тийисли екенин түсинип күндеги кәсибиме киристим. Көликлерди суўғарып, жем салынған дорбаларды басларына илгеннен кейин, қосқа келсем, ҳәммеси шайларын ишип болып, орынларынан турып атыр екен. Қылышбай қолыма ярым зағараны услатты да;

— Чай ишпедим деп иренжиме? «Қурсағың тойса, қурбан айт» деген. Ўақыт аз, бул кәрадан тез кетиўимиз керек,—деди. Өз аўылымнын адамы болған Қылышбай ағанын бунысына да ишимнен рахмет айттым. Оған болған кешеги өкпени умытып, зағараны ишки қара камзолымнын қойынына салдым.

Мәтқурбан менен Қылышбай оңаша турғанда оған Абылла хожа менен Сейтнияз қамар барып араласты. Бираздан кейин Абылла хожа бизлерге келип;

— Арыслан жүрекли азаматларым!—деп гәп баслады.—Аўыл-елди таслап, аллаталанын ҳақ жолына шыққанымыздагы тийкарғы мақсетимиз исламның шарапаты ушын большойлар менен урысыў, оларды Қоңыраттан, Хожелиден, пүткил Хорезмнен қуўып, ханлық дәўирди қайта тиклеў. Биз, мине, усы мақсет ушын көтерилдик. Бизге биринши ирет англичан,—деди де хожа —қәте болса қайттым, әстапыралла,—деп, сақалы шошаңлап, аспанға қарап еки қолын жайып, ишинен гүбирлеп бир нәрселерди айтты да, —бизге биринши ирет аллатала жәрдем береди, екинши англичан, олар Аўғанстан менен Иран арқалы Орта Азияға басып кирмекши. Хан Жөнейдтен кейинги бизиң бас тиреғимиз Шалтай бала, Шалтайдын ең жақын жәрдемшилеринин бири, өз аўылласымыз Мәдияр батыр. Бизлер мине, усы екеўин излеп баратырмыз. Мәдияр Тахтакөпир көтерилисин баслаўшыларды бизге қосыў ушын буннан төрт күн бурын арқа бетке өткен еди. Мине, соның ушын да биз екиге бөлинемиз.

Кимлер қайда баратуғынлығын, әлбетте, жаңа келисип алдық. Сонын арасында ҳәмме атландық. Абылла хожанын шубар ябысынын дизгини сыңғырлап жүрип баратырғанда. Мәтқурбан Сейтниязға;

— Қалған жигитлерге басшылық етип, Қоңыратқа өзим айтқан адамларды жибересең,—деп ескертти.

Абылла хожа, Мәтқурбан. Қылышбай, Жуманазар, Сапарбай қул, молла Рейим, барлығы болып он алты

атлы Шалтайға журип кетти. Олардың қарасы үзилиўден Зарлықты басшы етип, Әбдижәлил, Хожабай, Мәмбетсалый, барлығы төрт атлыны Сейтнияз хабар алып келиў ушын Қоңыратқа жиберди. Бизлер онлаған адам усы кәрада Сыйыркеткен көлиниң айналасындағы тоғайда Мәдиярды күтип, қараўыл қойып жасырынып жаттық.

Мәтқурбан менен Қылышбайға қарағанда Сейтнияз қамар қорқақлаў адам екен. Қоңырат пенен Хожелиниң ЧОН отрядлары тосыннан келип қалыўы мүмкин, деп ойлап өзине бағынышлы болып қалған бизлерди баслап қалыңлыққа тереңлей берди. Түнде қонып шыққан жерден бир шақырымдай тереңлей берди. Түнде қонып шыққан жерден бир шақырымдай қашықлықтағы жыңғыл аралас қалын қамыслыққа келип қос бастық. Мине, бираз ўақыттан бери шалшық суўлы Сыйыркеткен көлине жақын жерде айналып жүрмен. Айнала дөгерегим дүт тоғай. Арқа беттен есип турған самал тынып, аспандағы ала булытлар арқа бетке жылжып баратыр. Уллы сәскеликтеги қуяш нуры, қыздыра баслады. Сақлық пенен тыңлайман, мойнымды созып қарайман. Ҳеш ким көринбейди. Қара үйдей үйиншик жыңғыллардың арасы менен ат суўғарайын деп көлге киятырғанымда сайдағы айдын суўдын арғы жағасынан бир пада торайлар көринди. Мен атымнын дизгинин тежеп бираз ўақыт қарап отырдым. Үлкенлиги ийттиң төрт-бес айлық күшиклериндей болып қалған қара сур торайлар ғорқылдасып , бирбирин тумсығы менен түрткилеп, шапқыласып ойнап жүр екен.

Айдын суўдың күн шығар жағындағы жасқа менен қалын қамыстың арасынан шыққан ири мегежин басын көтерип берги бетке бир аз ўақыт қарап турды. Ол мени сезген болыўы керек. Келте қулақларын тикирейтип, бир орнында қатып тур. Мен әсте кейин шегинип шоқ жыңғылдын артына тасаландым. Анасын көрген торайлар қулақлары салпаңлап, шапқыласып қасына барды. Биреўлери баўырына кирип тумсығы менен емшеклерин түрткилеп емип атырса, гей биреўлери жағада қуйрықларын қамшыдай шошайтып томпаңлап шапқыласып жүр. Мегежин шалшық суўдың жағасындағы ылайға аўнай баслады. Анығырақ көриў

ушын тасадан шыққанымда сақ мегежин орнынан ытқып турып, маған қулағын тигип, бир қарады да жағадағы қалынлыққа қарап зымырады. Торайлар да шубырысып изине ерди.

Олар қалыңлыққа синип көринбей кетти. Колдиң арқа жағынан үйреклердиң ғаңқылдасқан сести келип турды. Көл жағасына келип Ақжалды суўғарып турып шошқалар кирген қалынлыққа және көз тасладым. Олар биротала көринбей кеткен еди.

Мен сол ўақытта жабайы шошқаларды биринши көриўим болғанлықтан оларға таңланып қарай берипепен. Ҳәзир ойласам бизлердиң сол жүрислеримиз де жабайы жыртқыш аңға мегзес екен-аў деймен.

## Мәдияр

Сыйыркеткен тоғайының қалыңлаў жерине орналасқанымызға бүгин үш күн болды. Еки-үш үйдиң орнындай жерге айнала пишен төсеп, үстине кийизлерди жайып жибердик. Ортадағы ашықлыққа от жағып, чай қайнатып ишемиз.

Абылла хожалар Шалтайға, Зарлықлар Қоңыратқа кеткеннен кейин арадан төрт күн өткенде, азанда он еки атлы жарақлы адамлар қосымызға келди. Көк қасқа арғымақтағы өткир шегир көзли, муртлас, сары басынлы киси Сейтнияз бенен қушақласып көристи. Басына көлли яўмытлар кийетуғын сопақ ақ бөрик, үстине қызыл қоңыр қазақы шекпен кийген, аяғында түркпенлердиң қайқы тумсық сары шоқайы, балтырына ақ алаша орап, сыртын қара жүн жип пенен шандыған. Шекпениниң ишинен белине байлаған еки қатар көринип тур. Бесатарды ердиң басына қыстырып, тақымына қысты. Бул Мәдияр екен.

Мен оны бурыннан билетуғын едим. Бирақ, бүгин үстиндеги кийимлери менен шырайы сусланып кеткенликтен бирден таный алмай қалдым. Оның Мәдияр екенлигин Сейтнияздың қуўжынласқан ўағындағы «Мәдияржан» деген сөзинен аңладым. Қалың муртының уш жағы шыйратылып, қошқар мүйизленип тур. Үлкен шегир көзлери нурсызланып, айнала дөгереги қызарып қанталасып кеткен. Мәдияр мениң бурынғы

көргениме ҳеш бир усамайды. Ол ўақытлары үстине қызыл мөрели шапан кийген, қаланың бас көтерген жигитлериниң бири болса, бүгин маған қан кешкен хан Жөнейд қарақшыларының басшысы сыяқлы көринди.

— Мәтқурбан, Қылышбайлар көринбейди ғой,— деди Мәдияр дөгерекке қарап таңланып.

— Сени излеп, Қостерек, Қызылқалада бармаған жеримиз қалмады. Таба алмағаннан кейин бизлерди усында қалдырып, өзлери Шалтайға кетти.

— Мен дәрьяның арғы бетинде Кегейли менен Шымбайдың арасындағы коммунарлар менен саўаш қурып жүрген едим. Надурыс қылған екен, бирге барғанда болар еди,—деди ол. Бул гәплерди айтқанда, ол даўысын көтерип, еңсесин тиклеп, шеп қолының саўсақлары менен муртын таўлап қойды. Зәңгиге ширенип, ердиң артына ығысып ойланып отырды да:

— Батырлық атланысларыңыздың бәрин де еситип атырмыз. Бирдейине жолың болсын, алла тала бахытыңды аша бергей,—деди Сейтнияз жалтаңлап сөйлеп.

— Қанша атлы болып шықтыңлар?

— Қырыққа жақын.

— Аз, аз,—деди Мәдияр гүрсинип,—деминде еки жүз атлы келиўи керек еди ғой.

— Бизлер Ашамайлы аўылына барғанымызда, қаладан коммунарлар келип, Ашамайлылар менен Қыпшақлылардың бизге қосылыўының ирети болмай қалды. Ал, Бир қулақ, Жаман Қоңыратқа болса, әскерлер жақынластырмады,—деди Сейтнияз.

— Ережеп орыс, Бекмурат шайтанлар өз адамлары менен сизлерге қосылыўы керек еди ғой.

— Ўәде еткен жерлердин жигитлериниң көпшилиги бизлер барғанда жасырынып, қашып кетипти.

— Табаным Қоңырат елатына тийсе болар, оларды ҳаялларының қозақларына көмемен,—деп Мәдияр белиндеги наганын суўырып алып, Қоңырат бетке қарап, көтерип шошаңлатып бети бозарып кетти. Аз ўақыт үнсиз турды да дөгерегиндеги турғанларға:

— «Сейтнияз қамар» —деп айтып киятырған адамым усы. Өзи мерген, Қутлымурат бийге нөкер болған өзбек жигитлериниң бири. 9-аўылдың Қамар елатынан

болғанлықтан, көп жыллардан берли Сейтнияз —Қамар лақабы менен пүткил Қоңыратқа белгили. Жасы ҳәммемизден үлкен. Сейтнияз аға деўге ылайықлы жас үлкенимиз, —деди.

Тыныш турған атлылар ғаўырласып түркпенше, қазақша сөйлесип, Қамарға жақын келип, ат үстинен сәлемлести.

— Булар,—деди Мәдияр Сейтниязға,—мениң зәңгилеслерим болады. Совет ҳүкиметин сапластырыў ушын бәри де бала-шағадан ўаз кешип шыққан азаматлар. —Жасы жигирма беслерге келген қысық шеке, алакөз, узын бойлыны көрсетип;—Шалтайдың туўысқан иниси Байрам батыр деген усы жигит болады,—деди. Оның оң жағындағы геллекленген қара талдың түбири қусаған муртлас қараны, «Шалтайдың исенимли жигитлериниң бири «Араз бала» деп таныстырды. Булардың қасында Өре мыртық Ағабайшеке, Жумат, Амангелдилердиң яўмыт арасынан шыққан баспашылар екенлиги үстиндеги кийимлери менен бет әлпетинен белгили еди. Олардан шетиреклеў турған үш адамның екеўи Қоңыраттың 3-аўылынан шыққан Гүмисбектиң балалары; ағайинли Жолман менен Шалтай деген қазақ жигитлери екен. Орта бойлы, иймек мурын, бет аўызын жүн басқан адамды Ийраннан келген Ҳажы бала деп таныстырды.

Мәдияр бизиң Кийеттеги аўылға буннан төрт-бес жыл бурын бир неше ирет келгенин билемен. Ол ўақытлары қаланың аўылсоветиндеги активлериниң бири еди. Таўық сойдырып жеп, шылым шегип, бизиң ғарры менен гүрриңлесип отыратуғын еди. Мен атына жоңышқа орып, салып жем беретуғын едим. Бир күни ол ағама;

— Балаң тил алғыш екен, маған атқосшы болсын, қалаға алып кетейин,—деди. Ағам оның бул гәпин жақтырмай;

— Мен диййхан адамман, Жарылқағанды саған берсем, атызда ким ислейди, Мәдияр-аў, чайыңды ишип болсаң, өкшеңди көтер,—деп күлди.

— Ойнап айтаман,—деди де Мәдияр орнынан турды. Мине, сол Мәдиярдың қолына енди қалай түсип турғаныма өзим де ҳайранман.

* * *

— Енди Мәдиярдың тәрийпи жөнинде айтып берейин, —деди Жарылқаған жөткирип, маған жақынлаў жылысып отырып.—Шапан базары көшесиндеги Ешимбет ақсақалдың дәрўазасынан кирген еки милиционер бир сапары ойнап жүрген балалардан Мәдиярдың үйин сорайды.

— Мынаў, —деп балалар ҳәўлиниң күн шығар бетиндеги еки өжирени көрсетеди. Милиционерлер дәлизге киргенде иште Мәдиярдың ҳаялы Жумагүл менен жәнжеллесип атырғанын сезеди. Тым-тырыс турып тыңлайды.

— Бирдейине «өлтиремен»,—деп көзиңди қызарта бересең. Мениң саған қандай жазығым бар. Урлығым менен ғарлығымды көрсең бетиме айт та қуўып жибер. Сениң есигиңе келемен деп қорлықтан басқа ҳеш нәрсе көрмедим ғой. Уры да, бузақы да өзиңсең. усыныңды қоймасаң дүканды тесип урлаған таўарларыңды ҳүкиметке көрсетемен,—дейди солқылдап жылаған ҳаял.

— Сеннен бурын көрсетемен, —деп Мәдияр ҳаялға тап бергенде милиционерлер де кирип барады.

— Қызба Мәдияр, өртенип кетерсең,—деп оны жайға кирип барған алдыңғы милиционер кейин шегиндиреди. Булар ОГПУ диң хызметкери Есемурат Төреев пенен Ырзабай дегенлер еди.

— Усы ҳаялды алғалы териме сыятуғын емеспен. Тили ашшы, дәрҳал жағана асылады, бийҳая,—деп Мәдияр келгенлерге шағынып, таңланып қарайды.

— Мәдияр,—дейди Есемурат күлип турып,—сен өзбексең, мен қарақалпақпан. Усы Қоңыратта қатар өстик. Бетиңе айтайын, минезиң шеплеў жигитсең, Жумагүлдиң иеси бар. Суп-сулыў келиншек. Усының изине түсип, биреўдиң хожалығын бузып, айырып алдың. Кешеги жақсы Жумагүл, бүгин тили ашшы, бийҳая болды ма, енди. Яқ, олай емес, жора, сен ҳаялға еле ески көз қарастағы адамсаң. Әттең, Жумагүл мениң қолыма түсерме еди...

— Есемурат қурдас, дурыс айтасаң. Мен «усының кеўлине қарайман» деп саў басыма саўда салып, күнде

азап көрип отырман. Жақсы келдиңлер, ҳүкимет адамларысызлар ғой, екеўимизди ажырастырып кетиңлер. Қудай да, қудағай да тыныш болсын,—дейди Жумагүл қамығып.

— Буны қалай көресең?—дейди Есемурат Мәдиярға қарап. Ол үндемей төмен қарап отыра береди.

— Урысты қойыңлар, болмаса,—деп Есемурат Мәдиярға «қамайман»—деген белги көрсетеди күлимсиреп.

— Мениң үйиме кәтқудалыққа келип турсаң ба? Я қаматыўға келдиң бе, неге аўызыңа келгенди өтлай бересең!—деп Мәдияр бақырып ашыўланады.

— ОГПУ начальнигиниң буйрығы бойынша үйиңе тинтиў жүргиземиз,—деп Есемурат қабағын үйип, рухсат етилген қағазды көрсетип, Мәдиярға далаға шығып турыўды буйырады.

Мәдияр Есемуратқа ашыўлы түрде тикленип қарап, аз ўақыт турады да, үндеместен сыртқа шығып кетеди.

Есемурат пенен Ырзабай дәлиз арқалы екинши ғәллеханаға кирип дийўаллардың түбин қаза баслайды. Аз ўақыттан кейин бойраға орап көмилген бууат гезлемелерди суўырып алады.

Есемурат милиция начальнигине жолдасын жиберип тергеўшини шақыртады. Жумагүл—«буны меннен көретуғын болды, енди мени өлтиреди» деп қорыққанынан қалтырай баслайды.

— Ҳеш нәрсе болмайды, ҳәзир қамалады,—деп Есемурат наганды қолына услап соның арасында сыртқа шығып Мәдиярды излестиреди. Ойнап жүрген балалар оның бағана жазғы қапыдан шығып кеткенлигин айтады. Мәдиярды қаматаман деп ойлаған Есемурат оның өзине пәнт берип кеткенлигине исенерин я исенбесин билмей лал болып қалады. Бул 1928-жылы болған ўақыя. Мәдиярдың кооперация дүканының дийўалын тесип ислеген урлығы бир бул емес еди. 1927-жылы Мәтқурбан Ҳәкимниязов екеўи еки ат урлап, бир жыл қамалып шыққан. Районлық ҳүкимет басшылары «дүзелер» деген ой менен жеңил жаза бергизип, тәрбиялаған. Мәдияр бул исенимди ақламай атырып, екинши ирет тағы урлық ислеген. Оның биротала баспашы болыўына соңғы урлығы себепши болған. Мәди-

яр усы кеткеннен қайтып келмей, ҳақыйқат қан төгиў жолына шығады.

Сол жылы Түркменстанның Гөне-Үргенч районында Мәдияр усланады. Оны Қоңыратқа әкелиў ушын еки коммунар жибериледи. Онын бири татар жигити Әбдилпәт Шәрипжанов, ал екиншиси өзбек Досжан Ғайыпов еди. Досжанның аты үлкен ҳәм күшлирек болғанлықтан Мәдияр соған мингеседи. Коммунарлар жолда бир қонып, ертеңине Қоңыраттың жолына шығады. Күн де ыссы болады. Хожели—Қоңырат гүзар жолының күн батар бетинен қаўыншылардың қослары көринеди. Соған барып қаўын жегиси келеди. Жолдан ярым шақырымдай жердеги шертекке келип атларынан түсип дем алады.

Қаўыншы ғарры атыздан еки гүрбек, бир гүләби үзип әкеледи. Әбдилпәт пенен Досжан узын гөне қара пышақ пенен қаўынды жарып кеселейди. Булардан төрт-бес адым жерде еки қолы байлаўлы Мәдияр;

— Досжан, Әбдилпәт,—дейди даўысын көтерип,—ҳүкиметке гүнәкар болған менен екеўиңизге жаманлық ислеген жоқ едим ғой. Мен кеше сизлерге дос, батыр Мәдияр емес пе едим. Қоңыратты талаўға келген Жөнейд хан баспашыларына қарсы сизлерди баслап геўдемди оққа тутып, талай ирет саўаш майданында ерлик көрсеткенимди умытқанларың ба? Кешеден бери еки қолым байлаўлы, ат бөксесинде қолға түскен қулдай сиресип киятырман. Екеўиңниң биреўиңиздиң миййримиңиз түспеди ғой. «Кемеши хан болды, биз нөкер болдық, қуданың қүдирети менен суў төкер болдық» депти бир хан минип киятырған кемеси суўға батыў қәўпи туўған ўақытлары дарғаның ҳәмирине көнип, көншилик пенен суўды төгип атырып. Сол хан айтқандай кеше маған урысларда жәрдемши болған екеўиңиз бүгин қаталлық ислеп киятырсызлар. Жаңылмас жақ, сүринбес туяқ болмас дегендей мени буншама қорлағанларың қалай, болды сизлердиң? Илаж не, жығылғанға жудырық деген усы шығар,—деп еңкилдеп жылайды.

Мәдиярдың усы сөзлери, әсиресе жылағаны коммунар Ғайыповқа тәсир етеди. Ол Мәдиярдың ислеген қылмысларының жаман екенлигин еле онша жақсы

билмейтуғын аўыл дийханы еди. Сонлықтан Шәрипжановқа;

— Қолын шешейик, қаўын жесин,—дейди.

— Болмайды, ОГПУ дың начальниги қатаң қырағылық пенен алып келиўди буйырды,—деп қарсылық көрсетеди ол.

— Мәдияр енди қашып гөрге барар дейсең бе? Адам баласы ғой. Шамаға келсе ҳазар бермей-ақ қояйық. Барғаннан соң талайыпан көре берер,—деп қоймағаннан соң Әбдилпәт өзинен үлкен жолдасына бойсынады.

— Шәрипжан ноғайдың баласы, мен сениң әкеңниң қолынан талай дуз татқанман. Жақсы көретуғын иним един. Өсип-өниўиңе жақсы, маған қаталлық ислей берме,—деп оның да кеўлин аўлайды Мәдияр.

Сөйтип оның қолын шешеди, үшеўи қаўын жейди. Шамалы, дем алғаннан кейин, тағы атларға минип жолға шығады. Мәдияр жолда «Досжанның арты отырыўға ыңғайсыз» деген сылтаў менен Әбдилпәтке мингескиси келеди. Бирақ, сақ татар жигити «атым ғунан, шаршап киятыр» деген бәне менен Мәдиярды өзине жолатпайды.

Күн батып геўгим түскен ўақлары, булар Қоңырат қаласының қубласындағы жолдың ғырра күн батар жағындағы мазарлықтың тусына келеди. Бул қалаға бир шақырымдай қубла тәрептеги Ешмурат бегдиң әўлийешилиги деп аталатуғын қалың жыңғыллық тоғайлық еди. Мазарлықтың шетиндеги жол менен киятырғанда Мәдияр Досжанның бүйирине пышақ урады. Ол атының жалын қушақлап қулаған ўақытта, Мәдияр да бирге жығылып, мылтығын жулып алып, қалың жыңғыллы мазарлыққа зып береди. Бул ҳәдийсе көзди ашып жумғанша тез болып өтеди. Әбдилпәт мойнына асқан мылтығын да ала алмай ҳаўлығып қалады.

Сумлығы басым Мәдияр еки коммунарлардың да ирети келген пайытта көзин жойыўды Гөнеден шыққанда-ақ ойласа керек. Мәдиярдың Көкликөлдеги қаўыншының қара пышағын кетер ўақытта сездирмей қонышқа тыққанын еки коммунар да аңламай қалған. Пышақ Досжанның сегиз көзине сағағына шекем сиңген екен. Ҳақ кеўилли, аўыл дийханы коммунар Ғайыпов усы аўыр жарадан жазылмай қазаланады.

Мәдияр усыдан кейин де Шымбай сорамында усланып қамалады. Шымбай түрмесинен есабын тауып қашады. Түнде «ишим ауырып баратыр, сыртқа шыққым келип тур»—деп түрмениң қапысына тыным бермей тарсылдатып ура береди. Мәдиярдың гәззап екенлигин билмейтуғын аңқау қарауыл, оны ишки қораға шығарады. Қайтып киятырғанда милиционерге сездирмей, қолтығына қысқан тас гербиш пенен оны урып жығып, мылтығын тартып алып қашып кетеди.

Мәдиярдың қанлы қәдеми де, усындай бузықлықлары да уақыт өткен сайын көбейе берген. «Әлбетте, мен буларды толығырақ кейин еситкенмен,—деп Жарылқаған аға буурыл сақалын сыйпап, муртын таулап қойды да;—Енди «Қасқа жол» уақыясы ядыма түсип отыр»,—деди.

* * *

Мәдияр Қоңырат тәрепке қарап ҳәкиреңлеп сөйлеп, ашыуын басқаннан кейин, Сыйыркеткен тоғайдағы киши-гирим ашықлықта аз уақыт дем алыуға ҳәмир етти. Ҳәмме атларынан түсти, чай қайнатылды, түйеге артып киятырған қойлары бар екен, соның бирли-ярымы сойылып, қуурдақ қуурылды. Барлығымыз да ауқатлана басладық. Сейтнияз қамар менен Байрамның ортасында отырған Мәдиярдың шегир көзлериниң қыйығы маған түсе берди.

Ауқатланып болғаннан кейин Мәдияр қасыма келди. Мен бул уақытлары орнымнан турып, ҳәмменин ҳәрекетине дыққатымды аударып, қандай жаңа буйрықлар болар екен, деп тур едим. Мәдияр маған қашығырақ жерден дуғыжым болып көринген менен жақын турған уақытлары орта бойлы, дембелше адам екен. Оның шырмауықтай шыйратылған муртлас бет әлпи, шегир көзи қос өкпеңнен өтип баратырғандай еди.

— Кимниң баласысаң?—деди ол шеп көзин қысыңқырап, бир нәрсени ядына түсиргиси келгендей.

— Әкесин танымассаң, Қийеттеги Жәдигер деген дийханның баласы,—деди Сейтнияз қамар.

— Таныйман,—деди Мәдияр күле шырайланып,—әкеси жууас, мусәпир адам ғой. Оның гүжиминиң астында отырып, талай сапары түсленип кеткенмен. Сени

қайжерде көрдим десем, сонда ушыратқан екенмен ғой. Быйыл нешеге келдиң?

— Жигирма бирге.

— Жигирма, жигирма бир жас,—деди ол маған және бир қәдем жақынлап,—сениң жасында адамның тауды қопарып, тасты талқанлайтуғын ўағы. Батырлық та усыннан басланады. Мен Мәдияр болып Қоңыратқа танылғанымда тап усы сениң жасында едим. Ҳәзир отыз бестемен, иним. 1919—1921-жыллары, оннан кейин де Қоңыратты қорғаў ушын болған саўашларда жан-тәнимди аямаған жас жигитлердиң бири болдым. Мине енди өз елимиз өзимизге буйырмай бальшойбеклерге қарсы гүрес жолында жүриппен. Жәдигердиң баласы болсаң, онда мениң иним екенсең. Ендиги тәғдиримиз бир болады. Бой-сының да келиседи. Қолыңды бер, қыяметлик иним бол,—деп маған қолын созды. Мен оған қолымды созып, көрискенимди де аңламай қалдым. Кейин ойлансам, бул көрисиў мениң Мәдиярға берген антым сыяқлы екен...

Мениң қолымда аўылдан шыққаннан бери жөнли жарақ та жоқ еди. Бийиклиги бойым менен тең тот басқан қара мылтықты қайдан тапқанын билмеймен, Қылышбай Шалтайға кетерде берди. Оның да атағуғын оғы жоқ. Қолыма услап турған қарыўдың жарамсызлығын көрген Мәдияр жақын жерде турған арғымақ атының ериниң басына илиўли турған бесатарды әкелип турып;

— Бул Хожелиниң бизди излеген отряд баслығы, Өтеген Оспановтың мылтығы, өзи таза, жақсы мылтық. Оны Қызылқаладағы урыста ат қойып келгенде атып түсирген едим. Оқ маңлайынан тийип, атынан тилсиз қулады.—Бул бесатар саған буйырған екен, иним, душпанына мийримсиз бол. Ҳаўлықпай атсаң, дәл тийеди, —деди.

Мен қызыл телетин баўлы бесатарды алдым. Шайға қанып, аўқатқа тойғаннан кейин Мәдияр барлығымызды «Қасқа жол» деп аталатуғын Үстирт таўының төменги түсерлигине баслап жүрди. Оның мақсети усы жол менен қырдан келетуғын кәрўанды талаў екен. Таўдың бул жериниң «Қасқа жол» деп аталыўы Хорезм ойпатынан Үстиртке шығыў ушын киятырған жолаўшыларға бийиктен көринген ийретилген жол

узақтан ап-анық болып ағарып турады. Мине, соның ушын да бул түсерликти ҳәм шығарлықты қазақлар «қасқа жол қулаўы» деп атаған.

Қасқа жолдың төменги саласындағы Басқалдақ өзегиниң бойындағы тоғайға келип қондық. Таң ағара бергенде, түнде қойылған барлаўшы таўдан төмен түсип киятырған кәрўанның хабарын айтып келди. Мәдияр «Атланыңлар, азаматлар!» деп хабарлағанда ҳәмме жатқан орынларынан өрре-өрре турып, атларына жуўырысты.

Таң ала геўгим ўақытта Қасқажол таўдан аққан булаққа усап ағарып көринип турады. Оннан төмен түскен кәрўан Басқалдақ өзегиниң бөгетине де жақынласқан еди. Мәдияр оларға қарап қыйқыўлап шапқанда, ҳәмме оның изине ердик. Жыңғыллы тоғай арасынан шығып, лап қойғанымызда кәрўанлар тым-тырыс болып үйрилисип турып қалды. Жүзге жақын түйеге кийиз, ший, тери және басқа затларды жүклеген қазақлар Гөне менен Хожелиге базарлап, ғәлле сатып алыў ушын киятырған екен. Булар Үстирттиң жыллы, отлақ жайлаўларында қысламақшы болып, қыс азығын таярлаўға киятырған киши жүздиң адай руўының кәрўаны болып шықты.

Мәдиярдың буйрығы бойынша жигирма бес адам усланып, қоллары арқасына байланды. Араз баланың топарындағы түркмен жигитлери менен бизлерге түйелерди тез Шалтайға жеткериўге буйырды. Өзи менен бирге Сейтнияз қамарды, Мәтсапаны, Оразалыны, Дәўлетбайды, Алламберген ашамайлыны алып қалды. Оның мақсети базаршыларды оңашада атып жоқ етиў сыяқлы еди. Бизлер түйелерди айдап кеткеннен соң, уллы сәске ўағында тосаттан түркмен жигити Әлийжан батыр баслаған отыз коммунар келип, ғажжа-ғаж саўаш болыпты. Бул келгенлер Түркменстанның Гөне Үргенч районының жигитлери екен. Қызыл коммунарлардың полат қурсаўына түскен Мәдияр еки саттай урыс қылғаннан кейин, шыдам бере алмай ҳәр ким өз алдына басларының ғамына кириседи. Мәдияр менен Сейтнияз қамар тоғайға сиңип кетеди. Алламберген менен Оразалыны коммунарлар услап алады. Жуўан санына оқ тийген Мәтсапа оқпанға түсип жасырынады. Коммунарлар кеткеннен кейин Мәтсапа пыяда бизлердиң изимизден жүреди. Жаралы болыўына қарамас-

тап ол қырық шақырым қашықлықты жүрип өткеннен кейин, бизлердиң арамыздан қашып кетип баратырған Қуден Алланов пенен Тәжимурат Бегимбаевқа ушырасады. Мәтсапа усылар менен Қоңыратқа қайтады. Қуден Алланов туўры ОГПУ ге келип, өзин баспашылардың зорлап әкеткенлигин айтып, ҳағынан сөйлейди. Оған көп кешикпей кеширим бериледи. Ал, Тәжимурат Бегимбаев Қуден Аллановқа усап ОГПУ ге барыўға батылы бармайды. Ол Мәтсапаның үгитине ерип және Сейтнияз ҳамарға қосылады. Сейтнияз ағалы-инили Хожабай менен Төребайды, Юсупбайды да үгитлеп, изине ертеди. Хожабайдың бул екинши ирет шығыўы еди. Булардың бузақылық жолға түсиўине Сейтеке аўылының сол ўақытлардағы жат-жамайлары Сарыбай бай менен молла Жуманазар себепши болған екен. Сейтнияз қамардың бул ҳәрекетлери ҳүкимет органларына сезилип, буларды сапластырыў ушын қаладан арнаўлы отряд шығады. Аренкель басқарған Қоңырат коммунарлары Сейтнияз қамардың топарын Малшыға жақын жерде қыйратады. Тәжимурат пенен Хожабайға оқ тийип өледи. Юсупбай мылтығын таслап, шуқырға түсип жасырынады. Төребай қамыслыққа қашады. Екеўи де көп узамай ОГПУ ға барып, өзлериниң қәтеликлерин мойынлап, кеширим сорайды. Оларға ғамхорлық жасалады.

Сыйыркеткеннен Қоңыратқа кеткен Зарлықтың изине ерген Әбдижәмил, Мәмбетсалыйлар көп узамай кейин қайтады. Себеби, қоңыратлылар олардың изине қунтыйып түсип алған еди. Тек Хожабай булардан бөлинип, жасырынып қалып қойған.

Ал Мәдияр болса, Қасқа жол саўашынан кейин топарынан айрылған қанлы аўыз қасқырдай ана тоғайдан мына тоғайға бой тасалап бираз күнлер гезип жүреди. Жекке-жарым жолаўшыларды талайды. Ақырында бир өзи қаңғып, Шырышлыдағы Шалтайға өлдимталдым дегенде зорға жетеди.

## Шалтай

Қасқа жол ўақыясынан хабарсыз болған бизлер суўсыз шөлистанның арасы менен бир неше күн жол жүрип қай тәрепте киятырғанымызды да билмедик. Бирде шөллеп, бирде ашлықтан өзегимиз талып жети

күн дегенде төрт жүз шақырымнан узағырақтағы Шырышлы қудығына шаңқай түс ўақтында жеттик. Бул Шалтайдың қоныс басқан мəканы екен.

Араздың айтыўына қарағанда, Қасқа жолдан шыққаннан кейин Айбүйир теңизиниң үсти менен Ибрайым ата —Қантирсек, Көкдəрья, Бастырмалы; Бөтентаў арқалы Шырышлының қумлы ойпатлығына келген екенбиз. Шалтайдың буншама узап, Қарақумның терең қушағына сиңиўине Гөне, Хожели, Қоңырат коммунарларының қуўдалаўлары себепши болған екен. Араз бала баслаған баспашылардың арасында қоңыратлылардан мен, Алламберген, Қутыбай, Қыдырбай, Аллаяр, Жолман, Шалтай ҳəм басқалар болды. Айнала дөгерегимиз теңиз толқынларындай өркешленген қум. Сайлар менен ойпатлардан сексеўиллер сағымланып көринеди. Шырышлы ойпатының ултанында еки үлкен қара үй, жигирмалаған ылашық, қослардың төбеси көринди. Аўылдың күн батар тəрепиндеги сексеўилли далаңлықта жайылып жүрген көп санлы түйелер көринеди. Əдеўир қашықлықтан келген қараўыл, Араз балаға Шалтайдың аўылда екенлигин хабарлады да, өзи кейин қарап шаўып кетти.

Сақшы аўылға барғаннан-ақ онлаған адам тез атланып, бизге қарап жүрди. Олардың алдында ақ боз ат минген, басында ақ бөрки бар, ийнине Хийўаның мөрели қызыл жипек шапанын жамылған биреў киятыр. Қызыл шырайлыдан келген, ат жақлы, муртлас, жасы қырықты қуўсырып қалған адамның геўдеси қасындағылардан бөлентлеў көринди.

— Шалтай, —деди мениң оң жағымда жақын жердеги Өре мыртық көзлери күлимлеп, Шалтай қырықелиў қəдем жақын қалғанда Араз бала, Байрам, Ағабай шеке, Жумат, Амангелдилер атларынан түсип, пыядалап жүрди. Бизлер де олардың бул ҳəрекетин тəкирарладық. Ҳəммеден бурын басы «жерге тийгенше» ийилип, Араз бала қол қаўсырып барып сəлемлести. Оннан кейин басқалары да изли-изинен аманласты. Шалтайдың қасындағы Қылышбай, Мəтқурбан, Абылла хожалардан басқасын танымады. Маған бийтаныс адамлардың Тахтакөпирден шыққан Барлықбай болыс, Шымбайдан Жəлий мақсым, маңғытлы Атажан сары,

Хожелидеги Пирим ийшанның ақлығы Имамматдин ийшанлар екенлигин кейин билдим.

Басшымыз Араз бала орта бойлы, мурынлы, исик қабақ, үстине қызыл жипек пенен, жийекленген сур шекпен, басына қара бөрик кийген жасы қырық беселиўлердеги түркмен еди. Шалтайға Қасқа жолдан жүз түйели базаршыны талап алғанлығын ҳәм Мәдиярдың сол кәрада базаршыларды жоқ етип болғаннан кейин Қоңыратқа кеткен үш жигитти баслап алып келетуғынлығын айтты.

— Урыс болған, кәрўан талаған жерлерде ҳәр ўақыт иркилиўдин кереги жоқ еди,—деди Шалтай қабағын үйип, ат үстинде ойланып сөйлеп.

— Мәдияр басшы болғанлықтан, қарсы болмадық.

— Қасқа жолға шекем не иследиңлер?

— Жүўери, тары артып баратырған аллыс түйели кәрўанды услаған едик. Елиў түйеси келген шығар. Он түйеге артылған жүўерини Моншақлының тоғайына көмдик.

— Шырип кететуғын жер емес пе?—деди Шалтай жаны ашыйтуғын адамдай.

— Қалың жыңғыллықтың арасындағы қумлық ғой, ширимес,—деп Араз оған қарады.

— Буныңыз орынлы болған екен,—деди Шалтай.— Қәне, жүриңлер, —деп ол атының басын бурды. Ҳәмме оның сонына ерди.

Баспашылар кәрўанды талап, түйе, кийиз, жүўери, тары ҳәм басқа да мүликлерди тартып алып, түйелерди Иран менен Аўғанстанға апарып оқ жараққа алмастырса, жүўерини аўқат, ат жеми қылады. Гезлемени кийим етеди. Қарақшылық жолында жүргенлер минген атларын бәрҳама бир бапта арықлатпай сақлаў ушын жүўерини керегинше береди.

Бәримиз Шалтайдың қос басқан жерине келгеннен кейин, отыз адам сыйысып жататуғын үй есабында кең ықтырма исленди. Буны Шалтайдың усы кәрадағы жигитлери тез қурып берди. Сексеўиллерди он еки қанат қара үйдиң қарамынан сәл үлкенлеў етип айландырып көмип, сыртын үлкен қалың кийизлер менен шийди араластырып еки-үш қабат етип орап таслады. Сөйтип ишине дәслеп жумсақ шөп, оннан кейин бир неше қабат ақ кийизлер төселди. Аўқат асылды. Жолда қонған жерлерде түнги аязға тоңғанлықтан мен Шырыш-

лыдағы «жаңа қонысга» шырт уйқыға кетиппен. Тоңыў дегенди сезген жоқпан. Азанда оянсам, узақ жол жүрип шаршағаным шығып, бойым жеңилленип қалыпты.

Чай ишип отырғанымда әке-шешем менен иним Оразалы ядыма түсип бир түрли болып кеттим. Әсен менен шерик болып еккен тары да көз алдымнан бираз ўақыт кетпеди. Аўылдың қызлары да жийде шақалардың арасынан қырман басында турған екеўимизге сығалап қарағандай болады. Әсиресе писте мурын, қара көз, қара торы қыз мени ымлап шақырып турған сыяқлы.

Усылар менен бирге баспашылардың қолына түскениме пушайман етип, Оразбай, Өтелбайға және басқаларға усап қашып кетпегениме өкинип, өзиме-өзим ырза болмай отырман. Маған да қашып кетип қутылыўға болатуғын еди. «Бүгин барсаң да, ертең кетсең де ОГПУ атып таслайды. Егер олар жоқ етпесе, бәри бир, биз алла таланың ҳәмирин аяққа басқанлар қатарында қашқанларды таўып, көзин ойып аламыз» деген Абылла хожаның ескертиўлери мениң жолымды байлай берди. Буның үстине Мәдиярдың Сыйыр өткен тоғайлығында қосылмағанлар, қашып кеткенлер ушын Қоңыратқа қарап «гөрлеринди ҳаялларының қозақларынан қаздыраман» деген ҳүкимли сөзи де мени ойландыра берди...

* * *

Гүздиң әйне соңғы күнлери еди. Бир күни Алламберген менен қудықтың басында атларды суўғарып тур едим. Айналасы тас пенен өрилген. Шырышлының қудығы терең, суўы мол, толысқан күнлери үш-төрт қулаштай тереңликтен суўды ғаўға менен тартып алыўға болады екен. Бизлер қыл арқан менен бес-алты қулаштай жерден суў тартып, ағаштан ислеген узын наўаға қуйып турмыз.

Шалтайдың адамлары изли-изинен атларын суўғарып атыр. Булардан кейин қоңыратлылар ҳәм басқа қалалардан қосылған баспашылар келип кетип атыр. Мен олардың ҳәр бирине дыққат аўдарып, басынан аяғына шекем көз қыйығымды таслап турман. Кийген кийимлерине, шырайларына қарағанда, бул жердеги адам-

лардың басым көпшилиги түркменлер менен өзбеклер екен. Қарақалпақлар менен қазақлар оларға қарағанда жүдә аз еди. Ғаўғаны тырмасып тартып атырған Алламбергенге;

— Бул жердегилердиң көпшилиги бардамлылар менен олардың жалпылдақлары, қара дийханлар дым аз ғой,—дедим не дер екен деп. Орта бойлы, буўдай ирең, басына кийген гөнетоз малақайы бир жағына қыйсайып кеткен ол суўды наўаға қуйып болғаннан кейин;

— Мен де усыны сеннен көп бурын ойлап жүр едим. Абылла хожалар бизди ертип шыққанда пүткил қоңырат; өзбеклер, қазақлар, қарақалпақлар көтериледи деген еди. Қәне, көтерилгени? Өзиң көрип киятырсаң, арамыздағы төрт-бес өзимиздей зорлыққа ушырағанлар болмаса Қоңыраттан қаллашлардан ҳеш ким жоқ. Тек бизлер екен қуры қомпылдыға инанып, журттан бурын елден шығып кеткен,—деп ол көтерилип сөйледи. Арт жағынан ат суўғарыўға келген еки нөкерли аңламай ол көпирип тур еди.

— Әсте, қара маңлай, бул гәплериңди еситсе геўдеңди бассыз қалдырар,—дедим. Алламберген тымтырыс болды да, ғаўға менен суў тартып шығара берди.

Алламбергенниң меннен бир-еки жас үлкенлиги болмаса, жеңил минезлилеў жигит еди. Ҳаслы Қанжап бойынан. Буны да мен сыяқлы дийханшылығына айланысып жүрген жеринде Мәтқурбан менен Сейтнияз қамар өзлерине қосып алған, нөкерлер атларын суўғарып кеткеннен кейин ол әсте сөйледи;

— Пақыр-пухараға қарағанда, байлар менен оның жалпылдақлары қудай, пайғамбарыңды бир тислем нанға сатып кететуғын адамлар ғой. Оларға тамағының тоқлығы, үстиниң пүтинлиги жақсы. Сонын ушын да олар балшойбеклерге жән-тәни менен қарсы. Мусылманшылықты, не қылсын олар. «Ура берсең, қудай да өледи» деп жүргенлер солар емес пе?

— Алламберген,—дедим мен оған тикленип,—алланың атына нусқан келтирме! Бул бир. Екиншиден, сен қәте сөйлеп турсаң.

Баспашылар дурысында ҳәмме жерден де бар. Бизлер менен бирге шыққан Зарлық. Қыдырбай, Реймбайлар Қоңыраттан емес пе? Гүсимбектиң еки баласы Жолман менен Шалатайды не қыласаң? Олардың мылтық шошайтып баспашы болғанына бираз ўақыт бол-

ған жоқ па? Дәрьяның арғы жағынан қосылған Барлықбай болыс, Жәлий мақсым баспашы емес пе?

— Ҳәй, сонда да аз ғой. Бизлер болсақ бир Қоңыраттың өзинен отыздан аслам адам бармыз. Маңғытлы, хожелиши, гөнели, ташаўызлылар да көп емес...

Алламбергенниң айтып турған гәпиниң дурыс екенлигин ол ўақытлары аңламаған едим. Қоңыраттан бардамлылардың көбирек баспашы болыўының тийкарғы себеби, бул қалада ири байлар, ислам туўын жоқары көтерген ийшан, моллалар көп болды. Олардың тәсири оғада күшли еди. Буның үстине Қоңыраттан қашып кеткен Қутлымурат бий—лақабы бойынша «Бала бий», молла Үбби ҳәкимлер еле де болса сол байлар менен астыртын байланысып турған... Ал, баспашы болып көтерилип шыққан Абылла хожа, Қылышбай, Сейтнияз қамар, Сапарбай қул, Мәдиярлар хан заманындағы Бала бий менен молла Үбби ҳәкимниң нөкерлери еди. Олардың хан заманын жан-тәни менен аңсайтуғынына ол ўақытлары мениң ақылым алыспаған еди. Ал, Қоңырат пухараларынан көбирек тартылыўының себеби, Аллаяр, Жуманазар, Пайзулла қусаған аўыл дийханлары Ислам дининиң шырмаўығына оратылып, Абылла хожа, Қылышбай, Сейтнияз қамар қусаған мәккарлардың алдаўына түсип үлкен қәтелик жасаған. Ал қудық басында гүрриңлесип турған бизлер өз еркимиз бенен баспашыларға қосылмасақ та исламның мийимизге сиңип қалған үрп-әдетлеринен атлап өте алмағанбыз.

— Сен неге баспашы болдың?—дедим, ҳәзил аралас, Алламбергенге күле шырай менен қарап.

— Не ушын мылтық көтерип жүргенимди өзим де билмеймен. Ал сен ше? —деди ол да күлимлеп.

— Аллаталаның ҳақ жолы ушын,—дедим шынымды айтыўға сескенип.

— Өтирик айтып турсаң, сени де маған қусатып ериксиз ат алдына салып айдаған. —Алламбергенниң бул гәпине утымлы жуўап таба алмай қалдым. Бул оның менен биринши ирет пикир алысыўым еди.

— Неге үндемей турсаң?—деди ол.

— Қырсығы басым адамның сақалы гегирдегине шығады деген дурыс гой. Бизлер бәлели қырсыққа дуўшар болған адамлармыз ба, деймен.

— Жаман айтпай жақсы жоқ, деген, Жарылқаған,

қапа болма жора, бир илажы болар. Бирақ туўған ел Қоңыраттан биротала шығынып кеттик-аў!—деп Алламберген арқа бетке қарап турып, гүрсинип суўық демин алды.

* * *

Алламберген Мәденов 9—аўылдағы өзбеклердиң ноғай руўынан еди. Келте бойлыдан келген, буўдай ирең, ақ кеўил бул жигитти аўылласы Сапарбай қул, Жуманазар, Мәтқурбанлар жүўери орып жүрген жеринен зорлап алып шыққан екен. Олар бизлердиң ат қосшылық хызметимизден пайдаланыўды нәзерде тутса керек. Ҳақыйқатында бизлер ат суўғарыў, ат ертлеў, шай қайнатыў, от жағыў, аўқат асыў қусаған жумысларды атқарып жүрмиз...

Күнлер өте берди. Әдепки ўақытлары жат көринген Шырышлының қумлы саҳрасына да көз үйренисти. Шырышлы Қоңыраттан төрт-бес жүз шақырым узақлықтағы Қарақумның бурын әсирлер бойы из түспеген саҳрасы. Бестесик пенен Сарықамыстан берман, Бөтен таўдан арман, Каспий теңизиниң Красноводск тәрепинде, Шырышлының арқаш-арқаш қумларын аралап жүрип, отқа жағыў ушын ири сексеўиллерди түйеге артып әкелемиз. Отлақ жерлерди излеп, атларды жаямыз. Суў тасыймыз, отын жарамыз. Әлбетте, бул ислерди бизлердей жас жигитлер ҳәм атақ-абыройы төменлеў адамлар ғана атқарады. Булар мен, Алламберген, Қыдырбай, Пайзулла Аллаяр, Жуманазарлар.

Бизиң «уямыз» Шалтайдың қатар турған еки отаўының күн батар жағында жүз-жүз елиў қәдем аралықта болды. Ақ үзик, ақ түңлик жабылған Шалтайдың үйлериниң еки жағында онлаған ылашықлар бар. Бул оның әскер басысы Араз бала, Оре-мыртық, Оре—әллен сыяқлы жақын адамларыники. Шалтай аўылының айнала дөгерегинде бизиң сексеўил «уямыздай» және бир бөлек онлаған қос бар. Булар Совет ҳүкимети десе қабақларын үйип, жеңлерин түрип, мушларына түкирип, аллаға жалбарынып жүрген Маңғыттан, Тахтакөпирден, Хожелиден, Ташаўыздан, Жыланлыдан ҳәм басқа да жерлерден келип қосылған батырсымақлылардыки еди. Мәтқурбан, Қылышбай кеште қоста болғаны менен күндиз Шалтайдың үй жағында жүреди. Олардың

аўыл арасында кеңес қурып, қандай да бир нәрселердиң жөн-жосағын кәмине келтирип атырғанын узақтан көремиз. Ҳәр күни бир түйе сойылып, гөши қосларға бөлистирилип бериледи. Шалтайдың өзи қой сойдырып, әскер басылары менен бирге табақлас болады.

Бир күни уллы сәске ўағында ойпатлыққа адамлар жыйнала баслады. Бизлерге де атларға минип, жарақлары менен келсин деген хабар жетти. Шалтай шақырса, кимде жан бар, ҳәммемиз де жаңа кийимлеримизди кийип, қатар бууўынып, мылтық асынып, атлырымызды тез ертлеп, Мәтқурбан менен Қылышбайға ерип бардық. Барсақ төрт жүздей атлы жыйналыпты. Бийиклеў ыраштың басында ақ боз атқа минип, ақ жипек шапан жамылып, басына әреби ақ телпек кийген Шалтай тур екен. Ири адам болғанлықтан ба, болмаса ҳәмме оны басшы деп таныганлықтан ба, бой-тулғасы ҳәммеден бийик көринеди. Шалтайдың оң жағында басында ақ сәллеси бар, сары мәлле шапанға оранған орта бойлы, сары сынлы, сақал-муртқа жарымаған түлки тумсық, жылан көз биреў он атарды ийнине асынып тастан соғылған адамдай қатып тур. Бул Хожелидеги Пирим ийшанның ақлығы, Имаматдин мақсым, яғный Шалтайдың ақылгөйи ҳәм қазысы екен. Оның шеп жағында жарақларын қолтықлап, Жәлий мақсым, Барлықбай болыс, маңғытлы Атажан батыр ҳәм басқалар дәрежеси бойынша өз орынларын алған. Имаматдинге зәңгилес Абылла хожа, Қылышбай, Мәтқурбан, Жуманазар, Зарлық, Сапарбайлар да барып қатарласты. Араз бала, Байрам, Өре мыртық, Өре әллен усаған Шалтайдың ең исенимли атлылары қурдың төменги етегинде оларға қарсы қарап, оң ҳәм шеп қанатты толтырып тур. Ортада онлаған үйдиң орнындай ашық майданша қалыпты. Бизлер де Араз баланың туў сыртына келип қосылдық.

— Хорезмниң ҳақ нийетли перзентлери,—деп баслады Иймаматдин мақсым нурсыз көзлерин байыўлының көзлериндей жыпылықлатып,—сизлер менен бизлер ел-халықтан айрылып атланғанда, той тойлаўға, ел гезиўге, сейил қурыўға шыққан жоқпыз. Ар-намыс майданына—Исламның «алтын отаўы» болған Хорезм ханлығын қайта тиклеў ушын жанымызды пидә етип шықтық. Динсиз кәпир—болшойлар дәслеп Хийўа ханлығын қыйратты. Мың жыллар даўамында биз мусыл-

манларға илим менен тәлим берип киятырған қәсийетли мешитлердиң периштелерин қашырды. Хорезмде Исламның шам-шырақлары болған моллалар менен ийшанларымызды ел арасынан қуўды. Қала менен аўыл ақсақалларының мал-мүлкин, меншикли жерлерин тартып алып атыр. Мине, енди колхоз деген бәлени де шығарды. Колхозға киргенлердиң мал-мүлки, қазан-табағы, қатын баласы да ортақ болады. Сениң, мениң, ҳеш кимниңде некели ҳаялы болмайды. Қысқасын айтқанда, улымызды урумға, қызымызды қырымға жибермекши. Бул қандай сумлық, мусылманшылықтың сап болғаны ма? Ата-бабаларымыздың кәраматлы әрўағының аяқ астына басылғаны ма? Ат үстинде турған әлеўметлер! Дин Хорезм ўәлаятын кәпирлерге аяқ асты етпейик. Бизге қудирети күшли бир алла жәрдем береди, қала берсе Англия, Туркия қуўатлап отыр. Еслериңизде болсын, жаў-жарақларымызды солардан алып атырмыз. Олар пүткил дин Хорезмниң ғалаба советке қарсы шығыўын күтиўде. Егер барлық Хорезм көтерилсе, алды менен Англия бизлерге жәрдемге келмекши.

Биз ҳәзирги ўақытлары көтерилистиң дәслепки нышанларын көрип отырмыз. Қоңыраттан Мәдияр, Абылла, Мәтқурбан, Қылышбай, Тахтакөпир, Шымбайдан Барлықбай болыс пенен Жәлий мақсым, Маңғыттан Атажан батыр бас болып қуданың қуллары, Мухаммедтиң үмбетлери бизге келип қосылып атыр. Қәҳәрли Хорезмниң уясы бузылған ҳәрредей шожыйтуғын күнлери алдымызда. Бүгин жүз атлы болсақ, ертең мың, арғы күни он мыңға жетемиз, буған гүман жоқ. Ата-бабаларымыз «қус қанаты менен ушады, қуйрығы менен қонады» дейди. Сол қуйрық-қанат—сизлер. Мине, соның ушын да алдымыздағы әлўан-әлўан ғазабатлардың сәрдары болатуғын ақыл-парасатлы баҳадыр басшы керек.

Имаматдин бул сөзлерди айтқанда көпшилик қобалжып, қозғалысып, оның бул гәпин мақуллаған ғаўырлы күшейди. Мақсым он қатарын жоқары көтерип, көпшиликти тынышландырды.

— Аўа, бизге басшы керек,—деди ол.—Ақыллы, батырлығы хан Жөнейдтен зият болса зият, кем болмайтуғын адам бизлердиң ханымыз болыўы тийис. Ондай адам арамызда бар. Ол мынаў турған Шалтай сәрдар. Мен бүгин сизлердиң алдыңызда Шалтайды

пүткил дин мусылман Хорезмниң ханы деп жәриялайман,—деген ўақытта ҳәмме мылтықларын жоқары көтерисип, сөзин мақуллап қоя берди. Бағанадан бери тыныш турған Шалтай көпшиликке қарап басын ийип, өзиниң ырзашылығын билдирди.

Шалтай гөне Үргенчтиң дөгерегиндеги көлли яўмытларының қара-шоқа тайпасының бағы руўынан шыққан адам екен. Ол дәслепки жыллары Совет ҳүкиметин қоллаған сыяқлы болып, совет әскерлери менен бирге Жөнейдке қарсы атланысларға қатнасқан. Қасқыр қашан да қасқырлығын ислейди, дегендей Жөнейд хан қыйратылғаннан кейин дәрхал изине нөкер ертип Қарақумға сиңип, Совет ҳүкиметине ашық қыр көрсетип, бес жылдан бери Ташаўыз, Жыланлы, Гөне Үргенч, Хожели, Қоңыраттың дөгерегиндеги еллерге топылып батракларды, коммунистлерди, комсомолларды өлтирип, халықтың тынышлығын бузып жүргенлердиң оданбасысы еди.

Қурдың ортасындағы ашықлықта ораўлы жатырған үлкен түркмен гилеминиң бүклемин Араз жуўырып барып жаздырып жиберди. Атларынан топтай домалап түскен Барлықбай болыс, Жәлий мақсым, Абылла хожа, Қылышбай, Мәтқурбан, Атажан, Өре мыртық ҳәм басқалар гилемди жайып, шетлеринен услады. Иматдинниң ишараты бойынша Шалтай атынан түсип, гилемниң үстине келип саққа жүгинди. Усы ўақытта отызға жақын адам гилемди көтерип. «Шалтай —хан! Шалтай—хан!»—деп шуўласты. Үлкен гилемди көтергенлер қурды айналып жүрди. Имаматдин атынан түсип, жақын келип, ишинен бир нәрселерди оқып, қол жайып ҳақ пәтиясын берди. Оннан кейин оның маңлайына қуранды тийгизип турып;

— Пүткил Хорезмниң ханы болдың. Қутлы болсын уллы мәртебең, Шалтай жан,—деди. Ҳәмме қайтадан шуўласып, жаңадан болған ханның әдебин тутып, пәйиик болып кетти.

— Қутлы болсын мәртебең! жолың болсын баҳадырым,—деп Имаматдин және дуўа оқып, еки қолы менен бетин сыйпады. Шалтай хан гилемнен түсип көпшиликке қарап;

— Мени Хорезмниң ханы деп сайлағаныңыз ушын сизлерге алғыстан басқа айтарым жоқ,—деди гүрилдеп сөйлеп. —Мени сыйлағанларың ушын, сизлерди де

алла сыйласын. Мен шарапатлы исламның жолына жалғыз басымды тигип жарақ көтердим. Пүткил Хорезм менен түркмен жеринде қәсийетли ханлық туўымды қайта орнатаман. Бул ушын арамызда аўыз бирлик, қатаң тәртип болыўы тийис. Кимде-ким жаўынгерлик тәртипти бузса, қорқақлық етсе, оның жазасы—өлим, ондайларға кеширим жоқ!...

Шалтай артына бурылып, Аразға бир нәрсе дегендей болып еди, ол жуўырып кетип, адамлар арасында турған орта бойлы муртлас қара кисини сүйреп әкелди. Хан оның ийниндеги мылтығын алыўды буйырды. Араз бенен Өре мыртық оның дәрҳәл мылтығын алды. Бул ислерге онша түсине қоймаған муртлас қара, Шалтайға жалтанлап қарай берди. Жипек шапанының қойнынан наганын суўырып алған хан, муртластың геўдесине таяп турып атып жиберди. Ол аз ўақыт тентиреклеп турып, гүрс етип жығылды. Көпшилик кейин серпилди. Наганды бөксесине қыстырған Шалтай жығылып жатырғанды көрсетип;

— Бул бизиң арамызда жүрген болшойлардың жансызы, бундайлардан буннан былай сақ болыңлар— деди. Өлтирилгенниң ҳақыйқатында да жансыз емес екенлигин бизлер соң еситтик. Жаңа хан ханлық дәрежесин қан менен жуўып белгилегиси келип, өзи жек көретуғын Мерет деген түркмен жигитин усылай жоқ етти.

* * *

«Аўылдың» алдындағы төбешикке жыйналған ўағымызда аспанды қырманда қалған сийрек пахталардай ала булыт қаплаған еди. Түски ўақытлары Каспий теңизи беттен және қойыў қара булыт шығып, Шырышлы ойпатының үстинде бираз ўақыт «саялы шертек» болып турды. Жаўын жаўған жоқ. Арқа беттен пәсенлеў самал ести. Шалтайды хан сайлап, кеўилди жәмлегеннен кейин Араз сәрдар көпшиликке;

— Сизлерге хан ағаның мирәти бар, дуз-дәмин татып, жақсылық нийет тилеп кетиўимизди сорайды,— деди.

Ҳәмме буны мақул көрди. Тынық суўда қалқыған шалаң қусап тыныш турған көпшилик «аўылға» қарап жүрди.

Шалтайды гилемге салып хан көтерген жер төбеликтиң ортасындағы сайдың иши еди. Шалтайдың үйиниң алдындағы ашықлыққа үлкен бес қазан асылған екен. Қазанлардың дөгерегинде жүрген түркмен жигитлери түйениң писken гөшин үлкен самарларға, шелеклерге салып атыр. Олардың гей биреўлери аттан түсип барғанлардың қолларына суў қуйып жүр. Адамлар төртеў-бесеў болып үймелесип, гез келген қумның үстине отырып, алдына әкелген гөшти жей баслады. Шетиректеги төбешик қумның үстинде Қоңыратлы бесеў отырдық. Оның бири шийкил сары, алақ көз, мөреси кеткен пахталы шапанның белин кендир жип пенен бууып алған Алламберген, екиншиси басындағы гөне бөрки ғаўқыйған, елтириси тозған гөнелеў тонын ыссыда да, суўықта да үстинен тасламайтуғын, орта бойлы, арықлаўдан келген Аллаяр көсе, төртиншиси еңсеси гүжирейген, қара пәрен дуғыжым, үстинде сур шекпен, басына түлки малақай, аяғына қызыл телетин етик кийген Қыдырбай еди, бесиншиси қәдимги мен. Бизлерге табақ жетпегенликтен гөшти гөне шелекке салып берди. Шелектиң түби тесик екен, сорпасы қумға саўлады.

Шелектиң ишинде түйениң басының бир шекеси, төстиң басы бар екен. Қалғанлары қара кесек гөш. Ҳәммесинен киши болғанлықтан мен гөшти туўраўға киристим.

— Жарылқаған, туўрамай-ақ қой, майдаланған гөш шелектиң тесигинен түсип қалар,—деди Қыдырбай. Бәримиз де күлип жибердик.

— Ханымыз сыйлапты, бас пенен төс салыпты,—дедим Қыдырбайға,—сен қазақсаң ғой, «атаның баласыман, басты маған бермедиң»—деп өкпелеп жүрерсең,—деп көзи бар шекени усындым. Олар және күлисти. «Буның дурыс,—деди Аллаяр,—қазақ болғанда да әлим тайпасынан. Былтыр бир тойда мен әлиммен, әлим ағаның баласы, табақты дурыслап тартпадың,—деп табынлар менен даўласып турғанын көргенмен»—Қыдырбай қызара бөртип шекени алды. «Усы жүрисимиз болса сирә сен Шалтайға күйеў боларсаң,»—деп сыбырлап төстиң бир бөлегин Алламбергенге услаттым. Табақласларым және дуў күлип жиберди.

— Әстерек,—деди Аллаяр бәримизге ала көзи менен қарап. —Түркменлердиң ашыўын келтиремиз. —Ны-

рықтан шығып баратырғанымызды сезип, бәримиз де жым болып аўқатты жеп тарқастық.

Шалтайдын хан болып сайланыўы Шырышлы ойпатындағы баспашы түркменлер менен ҳәр жерден жыйналған оның көп ғана тилеклеслери арасында ел талаўға большойларды жақлағанларды өлтириўге, дүзилейин деп атырған колхозларды тарқатып жибериў ушын диний-үгит, нәсиятты жүргизиўге Шалтай менен Имаматдиннен тапсырмалар алып атланысқа шыға баслады. Имаматдин қазылығы менен турмай Шалтай ханның ўәзири лаўазымын да атқаратуғын болыпты.

Сол күни-ақ Араз бала бас болған бир топ баспашылар түркмен аўылларына қарай жолға шықты. Шалтайдың өзи де үлкен атланысқа таярланды.

Қылышбай баслаған жигирма атлы қоңыратлылар ханның ҳәмири бойынша, түски ўақытлары бас ўәзирдиң пәтиясын алып, жолға шықтық. Олардын ишинде мен де барман. Мәтқурбан бас болған он беске жақын қоңыратлылар болса бизлерден бөлинип, Шалтайдың қарамағында қалды. Олар Шалтай менен бирге Иранға еки мың түйениң бир мың бес жүз басын жибермекши екен. Сөйтип ол жақтан оқ-дәри менен қарыў-жарақ әкелиў ҳәм англичанлар менен сөйлесип қайтпақшы болыпты. Ханның бала-шағасын қорғаў ушын қырық елиў атлы қалдырылды.

Бизлердиң Шырышлыдан шыққан ўағымыз қоңыр гүздиң ең соңғы күнлери еди. Күн батар арқа беттен тынбай ескен суўық самал еки күн удайына әбигеримизди шығарды. Басымда гөнелеў шөгирме болғаны менен үстиме кийгеним бөз көйлек, бөз бешпент, оның сыртында мөри кете баслаған қаралтым гөнелеў қызғыш шапан. Барлық кийимниң сыртынан «жамылғы» деп аталатуғын жеңсиз сырт кийимди бәримизге де хан бергизген еди. Бул қатаң қысларда қарлы, жаўынлы күнлерде ат үстинде жамылатуғын, суў-ызғар өткермейтуғын узын, үлкен, жақсы кийим екен. Мениң пайыма тийгени қара жип пенен жийекленген, қызыл қоңыр кийизден исленген гөнелеў жамылғы болды.

Үлгиси Кавказдың қара жеңсиз тоны қусаған жамылғы тоңдыратуғын емес. Қар, жамғыр жаўған күнлери оқ жарағың суў болмайды. Тек аяғымнан қорқаман. Қылышбайлар өзине қосып алған күнлери мен жалаң аяқ едим. Шырышлыға келгеннен кейин қайқы

бас түркмени шоқайлы болдым. Балтырымды ақ алаша менен орап қызыл жүн жип пенен тырмышлап алғанман. Жүрип киятырмыз, жүрип киятырмыз. Таўсылатуғын қум жоқ, сайрап атырған гүзар жол жоқ. Есапсансыз асырымлардан асып киятырмыз. Мен өзим қайда, неге киятырғанымызды еле толық билмеймен.

Шырышлыдан шыққаннан кейин Қасқа жол арқалы төменнен жүриўге бизиң басшыларымыз гөнели, ташаўызлы коммунарлардан қәўипсинипти. Себеби, бул коммунарды Мусахабин, Әлимжан деген батыр большевик командирлер басласа керек. Мәдиярларды да инннен-инге тыққан солар екен.

Он күн дегенде Жыңғыллы ойдың үсти менен Қараўымбет дузлығына жеттик. Шырышлыдан алып шыққан нанымыз таўсылып еди. Солай да аўқатланыўға туўры келди. Унды шелекке ямаса табаққа ийлеп, гөне тонлардың пешине зуўалалап, қумның үстине сексеўилди жағып, қоламтасына көмсек, тез ўақыттың ишинде қызарып писип шығады. Түйеге артылған ярым қапшық уннан алып, Алламберген екеўимиз Жуманияздың тонының шалғайына қамыр ийлеп, гүлше писирдик. Гүрлеп жанған сексеўилдиң үйилген шоғын ысырып таслап астындағы қумға зуўалалаған қамырды излиизинен қойып, қызарып пискенин ала бердик. Усылай етип, ярым қаптан көбирек көмеш писирдик. Қызарып пискен ыссы көмешке тойған соң Абылла хожа менен Қылышбай кеңес өткерди.

— Жигитлер, биз Шалтай ханнан үш тапсырма алып шықтық. Ең әҳмийетлиси Қоңырат халқы арасында «Хорезмди англичанлар басып алажақ. Шалтай хан топылыс жасайын, деп таярланып атыр» деген ғаўасат туўдырыў. Усылай етип, қатарымызды және де көбейтип алыўымыз керек. Оннан соң Совет ҳүкиметине қарсы халықты үгитлеў менен бирге олар арасындағы болшойбеклердиң, комсомоллардың, батраклардың көзин жойыў. Соңғы тапсырма, егер тири болса Мәдиярды излеп табыңлар. Мәдиярды тапсаңлар маған тез хабарын жеткериңлер деген еди Шалтай. Мен әсиресе жас жигитлерге мынаны ескертпекшимен. Коммунарлар, ЧОН отрядлары ҳәм Қызыл әскерлер менен қарсыласып қалғаныңызда қорықпастан, сасқалақламастан атысып, оқты босқа ысырап етпеў керек. Атып өлтирмеген менен олар сени аяп қоймайды. Қыйын-қыстаў жерлерде

«жаман адам жолдасына қарамайды» болып жүрмесин. Кәрўан талағанда да олжаны көп алыў, керек. Онысыз күнелте алмаймыз. «Бөри азығы жолда» деп ата-баба дурыс айтқан. Батраклар менен болшойларды, әсиресе комсомолецлерди аяп жүрмең. Аясаң басыңа солар жетеди, бирақ. Мениң айтарым усы,—деди Қылышбай.

— Басшымыз Қылышбай дурыс айтты,—деди де Абылла хожа ғоддаслап қоя берди. «Кемеге мингенниң жаны бир» деген. Қоңыратта бизиң өз адамларымыз бар. Бизлер соларды қоллап-қуўатлап баратырмыз. Шалтайдың нөкерин он мың адамға жеткергеннен кейин барлық Хорезм шуқыры бизики болады. Сол ўақытта сизлердиң хәр бириңизди Шалтай хан ҳәким, бий, нөкер қылып тайынлайды. Буған гүман жоқ. Барлығы да бир алланың баслаўы менен болып атыр буның. Алланың ҳәмирисиз ҳеш нәрсе болмайды. Мине, бизиң усы жүрисимиздиң өзи де қудирети күшли алланың ҳәмири шығар әлбетте.

Хат саўатымыз болмағанлықтан, диний уғымға жаслай исенип қалған бизлер оның айтқан гәплериниң бәрине инанғанбыз. Әсиресе, барлық болажақ исти бир алланың өзи баслайды,—деген үгитке жүдә ғана исенгенбиз.

Әне, сөйтип, бәримиз де «өлтирсек қазы, өлсек шейитбиз» деген уранды жалаў етип намазлыгер ўақтында Қараўымбеттиң дөгерегинен Қоқыратқа қарап бетледик.

## Ала аўызлық

Үстирттиң Арал теңизи беттеги кең қушағында Малшы ойпатлығы деген жер бар. Қоңырат қаласынан елиў бес-алпыс шақырым күн батыс тәрепте болып, гейпара орынларында қазан шуқыр айдыны, терең өзеклери де бар. Таў бети сексеўил, жыңғыл аралас шығатуғын сийрек тоғайлық. Мәдиярдың дәслепки баспашы болып шыққанында усы «Малшы көли» оның баспаналарының бири болған.

Қылышбай усы ретте бизлерди «Мәдияр менен ушырасармыз» деген ой менен Қоңыраттан алпыс шақырымдай арқадағы Малшының көлине баслап әкелди. Сол әтирапта Мәдиярды күн-түн излеп, басқан изин де таба алмадық. Сейтнияз қамар менен екеўиниң уш-

ты-күйди хабарсыз жоқ болып кетиўи бизлерди де гүманландырайын деди. Шынын айтсам, Шырышлыдан шыққанда батырсымақ болып ҳәкиреңлеген Қылышбай да Қоңыратқа жақын аўылларға барыўға қорыққан болыўы керек. Малшыдан узап қалаға жақынламады.

Усы кәрада айтып кетким келип тур, Мәдияр менен Сейтниязды қандай зер-зебилимиз шығып излесек, олар Қасқа жолда бөлинип қалғаннан кейин бизлерден де бетер зер-зебили шыққан. Сейтнияз болса коммунарлардың күшли топылысына дуўшакер болып, усы малшыдан Шоманай тоғайларына өткен. Ашлыққа шыдамағанлықтан өзиниң Ашамайлы аўылына жасырыным барып туўған-туўысқанларыникинде бир қанша күн жер төледе, гөне тамда жасырынып жатқан. Оған қәўип туўған ўақытлары 9-аўылдан шыққан жат-жамайлар молла Жуманияз, Төребай көсе, Сарыбайлар оны өз қәўендерлигине алып, жасырын сақлайды. Сейтнияздың 9-аўылда екенлиги районлық ОГПУ ге мәлим болған гезде Сарыбайлар оған алдын-ала ескертип қашырып жибереди.

Өзин батыр есабында тутатуғын Мәдияр болса Қоңыратқа онша жақынламай, Хожели, Қоңырат гүзар жолының тоғайлы дәрбентлерине жасырынып жүрип жолаўшыларды талап күнелтеди. Ол ҳеш ўақытта бир орында турмайды, жолаўшыны талағаннан ямаса өлтиргеннен кейин дәрҳал Қызылқала, Шоманай тоғайларына сиңип кететуғын болған. Жалғыз атлы қарақшыны услай алмай Қоңыраттың коммунарлары узақ ўақытлар ҳәлекшиликке түседи.

Бир иретинде Мәдиярдың батырлығы тутып, Қоңыраттың бурынғы ҳәкимлериниң бири Қутлымурат бийдиң гөне ҳәўлисине қарап кешки ўақытлары келеди. Коммунарлардың бир неше атлы қараўылларын көрип қалып тура қашады. Тоғайға кирип қашқан түлкидей зымырап Қасқа жолдан шығады. Шалтайға апарыў ушын жөнли олжа түсире алмай, сол қашқаннан барып Шырышлыдан, Шалтайдың аўылынан шығады.

Қулласы, Қоңырат халқының жылаған баласын қойдырған Мәдияр менен Сейтнияз қамарды излеп шыққан бир бөлек коммунар отряды ертеңине тосаттан бизлердиң үстимизден шықты. Бул ўақытта бизлер Малшының көли жағасына жақынлаў жерге жайғасып,

түски аўқатқа отырған едик. Қосымыз қалың қамыслықтың ишинде еди. Олар жаққан отымыздың түтинимен сезген болыўы керек. Қараўыл турған Барлықбай болыстың иниси Хожаназар таўып келип тез хабар бермегенде, коммунарлар бизлерди, қоршап алып жоқ етип жибере жақ екен. Дәслеп ҳаўлығыңқырап қалған Қылышбай қолындағы чай кесени ылақтырып жиберди де дәрҳал бизлерге «атысасызлар!»—деп ҳәмир етти. «Оларды бул қатарға дарыта көрмеңлер!»—деп буйырды. Дәрҳал оның буйрығына бойсынып көл жағасына келип атыса басладық.

Бизлерге қарсы киятырған коммунарлар отызға жақын атлы екен. Мен де бир шоқ қамыслықты паналап, оларға оқ ата басладым. Бул мениң биринши ирет атқан оқларым еди... Бурын бунындай иске үйренбегениминиң салдарынан мылтықтың сесинен қулағым питип, жүрегим ҳәўлирип, қандай ҳәрекет етип атырғанымды өзим де сезген жоқпан. «Қуры далаға оқты ысырап ете бермей, гөзлеп ат!» деди Қылышбай жекиринип. Шеп жағыма қарасам, ол бир түп жыңғылды паналап, дизерлеп атып тур екен. Бираздан кейин мен өзиме келип, алдымыздағы коммунарлардың ҳәрекетине кеўил аўдардым. Тикке лап қойып басып алыў мүмкиншилигине ийе болмағаннан соң, олар үшке бөлинди. Ҳәр бири сегиз, он адамнан ибарат кишигирим еки бөлим оң жағымыздан урмақшы болған ойын сезген Қылышбай онлаған адамға бас қылып Барлықбайды артқы тәрепке жиберди. Ал өзи бизлер менен әскерлердиң қалып қойған бөлегин қадағалады. Бизлер қалың қамыслықта, олар ашық майданда тикке ат қойыўға батына алмай көликлерин артқы бетиндеги сайға тасалап, коммунарлар буққы таслай баслады.

Көл жағасы 60—70 метрге шекем ашықлық еди. Арғы жағы бийиклеў ыраш. Усы бийикликке өкшесин тиреген коммунарлар оқ қуўырмашын қуўыра баслады. Бираздан кейин артқы беттен де атылған мылтықлардың пańқылдысы еситилди. Қоңыратлы әскерлер ыраштан бери өтиўине бизлер пурса бермедик. Урыс шараяты оларға қолайсыз, ал бизлерге қолайлы еди. Саўаш кешке шекем созылды. Коммунарлардың топылысына зорға шыдап, қараңғы түсиўден оқты ысырап еткенди қойып, бул қәўипли қоршаўдан қутылыўдын ғамын ойластық. Сол ўақытта Барлықбай тәрептен Аллаяр ке-

лип коммунарлардың оң жақтағы бөлигин зорға услап турғанлығын айтты.

— Үш топылысын зорға қайтардық, енди буннан артық шыдаў мүмкин емес деп отыр, Барлықбай,—деди ол.

— Шығын жоқ па?—деди Қылышбай бес атарынан атылған писенлерди шығарып таслап.

— Ҳәзир аманбыз.

— Бизлер де.

Аз ўақыт ойланып алған Қылышбай:

— Түнде ертерек өзектен арқа тәрепке өтиңлер. Бизлер де сизлерге қосылыўдың ҳәрекетин ислеймиз. Бирақта, душпанға сыр билдирмей қутылыўдың ҳәмелин етиңлер. Ярым ақшам шамасында көлдиң күн батар арқа жағында күтиңлер. Ол тәрепке коммунарлар түнде бара алмас,—деди. Бул сөзлерди Барлықбайға жеткериў ушын Аллаяр дәрҳал қамыслыққа сиңип жоқ болды.

Буннан кейин Қылышбай атыспа болған жерде; Жумақияз, Рейим, Дәўлетмурат үшеўин қалдырды да, қалғанларымызды қосқа баслап жүрди. Бул кәрада шалама-шекке аўқатландық та, ол-булымызды бөктергиге байлап, атларды әсте адымлатып, қараңғы түнде жүрип кеттик. Ҳәмменин алдында Қылышбай. Бул Мәдиярға қарағанда тынық, ҳәр нәрсени ойланып ислейтуғын адам еди. Мәдияр сыяқлы өжет емес, не билгенин ишинде сақлайтуғын сумның өзи.

Бираздан кейин булытлар сийрекленип аспан әлеми жақтылана баслады. Гөне көрпениң пахтасындай ыдараған булытлар батыс бетке ығысып баратыр, түн суўыта баслады. Гөне шапан қолыма муздай болып тийеди, атқа бөктерген жамылғыны кийиўгеде ўақыт қыстаў. Ўақыт өткен сайын тула бойым қалтырай баслады, үйдеги айдыллы көрпе менен пештиң ыссы қуўысы ядыма түскен ўақытта «Қандай бәлелерге дуўшар болғанман?» деймен ишимнен. Усылай тереқ ойға батып киятырғанымда, узақтан атылған мылтықлардың сести шықты. Бирақ, көп атылмады. Оның не атыспа екенлигин ҳәммемиз де ажырата алмадық. Буннан соң атларымыздың зәңгилигинен келетуғын тереқ суўлы өзектен еплеп өтип және қалың қамыслыққа кирдик. Шеп жағымыздан Барлықбайлар да бизлерге келип қосыл-

ды. Малшы тоғайының түпкиринде дөгерекке қараўыл қойып, түн ярымында зорға уйқыға кетип едик, жақын жерден ғарсылдаған мылтықлардың сести оятып жиберди. Бир мәҳәли шеп жағымдағы нар қамыслар оқтан жулынып тусти. Басыма дастанған қоржынды дәрҳал ердиң артына байлап, атыма ырғып минип алдым.

— Сақ болыңлар!—деди Қылышбай буўлығып жөтелип,—урықсатсыз оқ шығармаңлар!—Қалыңлыққа жирип және қаша басладық. Атылған мылтықлардың даўысы бираздан кейин тым-тырыс болды. Бир сааттай тың-тыңлап, ҳеш қандай қәўип-қәтерди сезбегеннен кейин, Қылышбай усы қалыңлықта иркилиўди мақул көрди. Дем алдық...

Малшы көлинде бизлерди қоршап, искенжеге қысқан Қоңырат коммунарларының арасында көплеген белгили комсомоллар, коммунистлер, қала ҳәм аўыл активлери болған екен. Мен олар ҳаққында баспашылардан қайтып келгеннен кейин еситтим. Олардың ишинде Хорезм полкының жаўынгерлери, бурынғы қызыл әскерлер Қудайберген Бекниязов, Мәтмурат Әўезов, Бағымбай Темирбаев, Палымбет Орынбаев, Емберген Қәлимбетов, Яқып Жаңабаев, Ибрайым Тәжиев, коммунар ҳәм ЧОН отрядының жаўынгерлери Мәтжан Қудайназаров, Таўжан Назарбаев, Қаржаўбай Артықбаев, Сыдық Ермағамбетов, Дәўлетбай Бегжанов, Әбдилпәт Шәрипжанов, Асан Үмбетов, Айтжан Бегжанов, Сағын Шоқпытовқа усаған ер жүрек жаўынгер азаматлар болыпты. Егерде Малшының қалың қамыслы, жыңғыллы тоғайы болмағанда, олар бизлерди жүндей түтип, жоқ етип жиберген болар еди.

* * *

Малшының көлиниң жағалаўында коммунарлардың үш күн-үш түн қамаўында болып, төртинши күни зорға дегенде қутылдық. Тоғайдың арасы менен жыландай жылжып, түлкидей жортып, бетлеримизди, қолларымызды қамысқа қыйдырып, азапты да аз көрген жоқпыз. Большевиклерге ор қазамыз деп жүргенде, өзлеримизге гөр қазатуғындай, тышқан тесиги мың тилла болды.

Ызғырықлы суўық гүз айының усындай түнлеринде қамыслардың шуўылдысы менен коммунарлар бизлер-

диң қайсы тәрепке сиңип жоқ болғанымызды аңламай адасып қалды.

Малшы көлиниң күн батыс тәрепиндеги Судочье көлиндеги тереңөзектен атларды жүздирип өткеннен кейин сийрек қамыслы қурғақлыққа шықтық. Бул сәске ўақты еди. Ҳаўа ашылып, күниң көзи көринди. Атларымызды байлап, өзлеримиз қоржынларға қол суғып, қолға илинген көмешлерди, тақанларды, сөк пенен пискен гөшлерди алып аўызларымызға өрли-ғурлы тығып атырмыз. Сыйқымыз адамға усаған менен ҳәрекетимиз үйдиң алдына жайған дәнге қонған шымшықлардай еди. Биреў «ғыйыт!»—десе болды «пыр» етип ушажақпыз.

Коммунарлардың қуўғынына түскен соңғы үш күн арамыздағы тахтакөпирли «батырсымақлар» ды қобалжытыпты. Олар бизлердиң шеп тәрепимизде өз алдына отырды. Өз-ара әсте гүңкилдесип қояды. Олардың не айтып атырғанлығына бизлер қулақ салмадық. Бирақ бүгинги ҳәрекетлери әсиресе маған ерсилеў көринди.

Басына үлкен қара шөгирме кийген, үстиндеги мөрели жаңа қызыл шапанының жийеклери қамыстың қияқлары менен сөтилген орта бойлы, муртлас, дуғыжым киси сөз баслады. Бул Жәлий мақсым менен зәңгилес, гиддиман баспашылардың бири еди.

— «Жаман айтпай, жақсы жоқ» деген,—деди ол, орнынан турды да, Қылышбайға жақын келип, — кеўиллериңизге келмесин, бизлер буннан былай бул «саўданы» қойғымыз келип отыр. Рухсат берсеңлер де, бермесеңлер де өз елимизге, өз жеримизге кетемиз, бизиң жигитлердиң жип түйдиси усындай, Қылышбай аға.

Тосыннан болған бул ҳәкис гәп Қылышбайға аўыр тийген болыўы керек, ол бираз ойланып қалды. Маңлайы түнлениң еңсесиндей дүңкийип, бет әпшери бузылып, шеп көзин оған сығырайтып қарап;

— Барлықбай!—деди қатты бир жөтелип қойып.— Жаман сөз жанға батады. Қанжығаға басты байлап, исламның ҳақ жолына шыққанымызда, сенлердиң буныңыз қалай?

— Бул тек мениң жанымнан шығарып атырғаным емес, мынаў отырған жигитлердиң уйғарыўы солай болып тур. Бизлердиң душпанларымыз дәрьяның арғы бетинде. Соңлықтан душпанларымызды өлтирсек те, ямаса қолында өлсек те сол жақта болыўымыз керек.

Ал енди сизлердиң ол тәрепке шығып, Тахтакөпирди бизиң қолымызға алып бериўге шамаңыз келмейтуғынын да шамалап турмыз, ақыры.

— Тек ғана Тахтакөпирди емес, Шымбайды, Хожелини, Ургенчти, Қыпшақты, Ташаўызды, Қоңыратты пәтамамы менен қосып, пүткил Хорезм шуқырын қайтарып алыў, болшойбеклерди Сырдәрьядан ары қуўып салып турып, оннан соң Уллы Хорезм ханлығын қайта тиклеў бизлердиң ҳәммемиздиң бежеретуғын шәртимиз. —деди Қылышбай оған тикленип қарап.—Шалтай хан сизге де, бизге де усылай айтқан жоқ па?

— Айтыўын айтты ғой, бирақ бул әрман тез иске асырыла қояр ма екен? Бизлер оған шекем өз елимиздеги душпанларымызды жоқ етип, мақсетлеримизди орынлап қайтқымыз келип отыр. Усылай ислемесек, Қоңыраттын ямаса Түркменстанның бир тоғайында болшойбеклердиң оғынан әрманда өлип кетемиз бе, деген қәўпимиз күшли.

Абылла хожа усы кәраға келгеннен кейин-ақ ыңқылдап наўқасланып, букке түсип жатыр еди. Барлықбайдың айтқанларына шыдамаған соң жатқан жеринен дәрҳал аўдарылып түсип, геўдесин зәрре көтерип отырып;

— Көп сөйлеўге шамам келмей атыр, Барлықбай иним. Айтып отырғаның адамгершиликке де, шариятқа да сыймайды. Қолына жарақ алып, аллаталаның ҳақ жолына шыққан екенсең, бирге болыўың керек. Бүйректен сыйрақ шығарғанша, жигитлериңе ақыл айт, түсиндир,—деди.

— Абылла аға,—деди орнынан турып келип гәпке араласқан Хожаназар,—«көп сөз, бос сөз» деген. Биз өз елимизге кетемиз. Мәйли, Барлықбай ақсақалды алып қала бериңлер. Қолға қурал алып шыққандағы мақсетимиз, бизлердиң мал-мулкимизди кәмпискелегенлерди қурытыўымыз керек. Олар бул кәрада емес, дәрьяның арғы жүзинде...

Оған аларып қараған Абылла;

— Сонда Барлықбай Тахтакөпирге хан болып. сен ўәзири болмақшысаң ғой, я?—деди.

— Оны бир қудай биледи.

— Егер де бөлинип кетсеңлер,—меннен жақсылық күтпең,—деди Қылышбай және қаттырақ жөтелип.

— Сениң гәплериңди еситип жүре алмаспыз. Ким-

ниң күниниң қай жерде питетуғынлығын бир алладан басқа ҳеш ким билмейди. Кетемиз, дедик кетемиз!—деп бағанадан бери тым-тырыс отырған Бекберген орнынан ушып турып еди, басқалары оған ерип кетиуге ыңғайласты.

— Мен сизлерге рухсат ете алмайман, ертеңги күни Шалтай ханның алдында өзиң жууап бересең, Барлықбай,—деди Қылышбай қабағын үйип... Қылышбайдың ашыуланғанын Жәлий мақсым намаз оқып турып сезген еди. Ол бағанадан бери қаза болған намазларын оқығанлықтан бул гәплерге араласа алмады. Намазының қазасын оқып болған Жәлий мақсым жайнамаз шекпенин тез жыйнады да:

— Қылышбай жан, сеники де дурыс,—деди мүнайимсип оның қасына келип.—Көпшилик болып жүргенге не жетсин. Бирақ патшаның ҳәмирин тәрк етиу де гүна. Абылла бизиң балаларға дурыс бақырып отыр. Бирақ бүгин кеткен менен ертең қайтып қосылады. Жигитлер өсип-өнген жерин сағынған шығар, төрт-бес күнге барып қайтсын,—деди еки тәрепти де келистирмекши болып,

— Меннен рухсат жоқ, бул ала ауызлыққа ертең Шалтай ханның алдында Барлықбай менен сен екеуиңиз жууап бересиз,—деди Қылышбай бети сурланып.

Хожаназар менен Бекберген атланған уақытта қалған тахтакөпирлилер де олардың соңына ерди. Хә дегеннен-ақ қамысларға көринбей кирип кеткен олардың атларының туяғының сести, қамыслардың патырлысы бираз уақытқа шекем еситилип турды. Қылышбай менен Абылла хожа екеуи еки жерде гөне томардай болып отыр. Бираздан кейин Абылла:

— Қылышбай, сол бузақыларды қууып жетип, жүуеридей орып тасласақ қалай болар екен. Шалтайға коммунарлар атты деймиздағы,—деди.

— Болмайды, «ғарға ғарғаның көзин шоқығанды» қайда көрдиң? Бәри бир, олар көп узамай қайтып келеди. Жәлий мақсым туура айтады. Шырышлыға барғаннан соң Шалтайдың өзи-ақ оларды жоқ етеди,—деди Қылышбай. Тап сол күни түнде қарауылға қойылған Рейим Төреев, Дәулетмурат Шамуратов, Жуманияз сарылар да бизлерден бөлинип қашып кетти. Булар да баспашыларға мен қусап зорлық пенен ямаса алдауға түсип қосылған Қоңыраттың жигитлери еди.

Үлкен ис питкерип, Шалтайды ҳайран қалдыраман деген Қылышбайдың да еңсеси төмен түсип, қәҳәринен қайтып қалды. Бурынғыдай ҳәкиреңлегенди қойып сыпайылана баслады... Оның бул сыртқы көриниси еди. Ишки жан дүньясында аўыр азаплы қайғы-ҳәсирети бар екенлигин сөзинен, қыймыл, ҳәрекетинен сезиўге болатуғын еди. Бирақ сум түлки буны сездиргиси келмейди.

* * *

Малшы көлиндеги қоршаўдан аман-есен шыққаннан кейин де коммунарлардың бизлерди қуўдалаўлары тоқтамады. Бир түнде бирден бурылыс жасап, Қараўымбет дуз кәни арқалы Үстирт жазықлығына шығып, таўдағы Диңли тумсыққа келип азырақ дем алдық.

Үстирттиң үстине қонған дәслепки түнде қараўылға қойылған Қуден, Оразбай, Өтелбайлар қашып кетти. Олардың бул қылўалары мени елеңлетсе де, бирақ, қашыўға батылым бармады. Бул ҳәдийсе Қылышбай менен Абылла хожаға бурынғыдан да бетер аўыр тәсийир етти. Жүзлеринен күлки, көзлеринен уйқы қашты. Астымыздағы атларымыз да, өзлеримиз де ашпыз. Диңли тумсықтан төмен түскеннен кейин, жыңғыллы тоғайға кирип, атларды отлақ жерге байлап, бир-еки күн дем алдық.

«Уллы Хорезмниң ханы» аталған Шалтайдан тапсырма алып шыққан әдеўир атлы болсақ та соңында төртеўмиз калдық. Бул Қылышбай, Абылла хожа, мен ҳәм Алламберген еди. Шырышлыдағы ҳәкимлердиң не ойлап атырғанларын ким билсин? Бирақ, Қылышбай менен Абылла хожаның салысы суўға кеткенине бүгин бир ҳәптеден көп болды. Абылла хожа кеселинен тәўир бола баслады. Бурынлары ҳәр күни ҳәккедей шықылықлап тынышлық бермейтуғын Абылла хожаға енди ҳайранман. Ол тым-тырыс болды да қалды.

Шырышлыдан үрген қарындай қомпыйысып шыққан болсақ та, Қоңыраттан суўға түскен тышқанлардай жаўрап қайтып баратырмыз. Өлтирген бир де батрағымыз жоқ, қатарымыз азайып, ҳайран болып киятырмыз. Ал, Мәдиярдың қайда екенлигин адам билмейди. Басшыларымыздың жуўасып қалыўының мәниси мине усыдан еди.

Бир күни түски уақытлары Қарабас көл деген жерде сайыз шалшық суўдан ат суўғарып турғанымызда арғы беттеги жыңғыллардың арасынан биреў шықты да, бизге қарап тикке жүре берди. Астында гүрең қазақы ябысы бар. Атқа отырысы бизиң таныс бир адамымызға уқсас. Жақынлап қалғанда, оның Сейтнияз қамар екенлигин ҳәммемиз де таныдық. Ол Абылла хожа ҳәм Қылышбайлар менен ҳаяллардай қушақласып көристи. Оның басындағы қара бөрки ийт талағандай собалақланып, шеңгел менен жыңғылдың бүршиклери жабысып қалыпты. Дөңгелек сулыў жүзи қуўарып, үлкен ала көзлери гиртийип уясына кирип кеткен. Бурынғыға қарағанда еңсеси түсип, үстине кийген қара ала шапанының етеги аяғындағы шоқайының басына шалынып тур. Ҳәмме менен аманласып болғаннан кейин ол сөйлей баслады.

— Сен екеўиңнен ҳеш нәрсе жасырмайман. Адам баласы басына не түссе, барлығын да көтере береди, көне береди екен,—деди ол.

— Соның ушын да ата-баба: «Бас қатты ма, ямаса тас қатты ма?»—деп надурыс айтпаған екен! Сениңше қайсысы қатты?—деп Абылла хожа оған сын көзи менен қарады.

— Бас қатты ма деп шамалап турман.

— Дурыс айтасаң, бас қатты.

— Бул жерде балтамтап айтысып турыўға болмайды, былайырақ шыққаннан кейин сөздиң жүйин ашарсызлар Қамар аға,—деди Қылышбай әсте жөтелип...

* * *

Ноябрь айының қыраўлы таңларының бири еди. Азанда Кетенлердиң батыс жағына шықтық. Бурынғыдай емеспиз, олжалымыз. Айдап киятырған жигирма бес түйемиз бар. Оларға жүўери, тары, кийиз артылған. Бул олжаны усы кәрада он күндей жол күтип жатып, қырға шығып баратырған қазақлардан талап алған едик. Ол Қылышбайдың басшылығы менен иске асты. Малшының көлиндеги әбигершиликтен кейин Шалтайға бос барыўдың есабын таба алмаған Қылышбай усындай олжа менен барыўды мақул көрди.

Кәрўанлардан талап алынған олжалардың арасында бир жаңа түркмени шарық, жүн салып тигилген қа-

зақы шийдем бар еди. Буларды Абылла хожа менен Қылышбай кийгиси келип еди, екеўине де үлкен болып шықты. Бирдейине суўыққа тоңып, гөне шапанның жеңи шығанағымнан сәл төмен түсип жүргенде, денемниң ирилигине гейде өзим де наразы болатуғын едим. Басқаларға үлкен болған шоқай менен шийдем ең соңында маған берилгенде қуўанып кеткеним соншелли, көзимнен жас шығып кете жазлады. Үлкен қара шегирме де табылды, бул да олардан аўысқан еди. Енди ҳақыйқат баспашылардың қандай да бир кәтқудасы сыяқлы геўдемди көтерип, қысынбай жүрдим. Буннан кейин тула бойым тәўир-ақ жылып, аяғым бурынғыдай тоңбайтуғын болды. Мениң өзгерген келбетиме сер салып қараған Абылла хожа ўаҳаҳалап күлип;

— Шалтай ханның тап өзи болып қалыпсаң ғой,— деди.

— Иниси емеспен бе?—дедим мен де ҳәзиллесип.

— Ақтеректей зоррыйған бәдбақты уллы ханымыз Шалтайға салыстырма, ҳүрметли хожам,—деп Сейтнияз қамар ләң урып сөйледи.

— Шалтайдың сыйқы усыдан артық па?—деп Алламберген сөзге араласты.

— Гәп сыйқы-салда емес, батырлықта. Жарылқаған деген жүрген бир ләўзе ғой. Питкерип атырған бир дыянатлы иси болмаса бунның. Бизлерге қосылғанына қанша ўақыт болды, соннан бери өлтирген «бузаўбасы» да жоқ. Дин исламның ҳақ иси ушын атланғаннан кейин, большевиклерди жоқ етиў, ҳәр бир мусылманның парызы,—деп ол Абылла хожаға қарап: «Мeники қалай?»—деди.

— Қуда дәргайында дурыс айтасаң,—деп хожа оны мақуллады.

— Тоғайдан-тоғайға қашқанымыз болмаса, ҳеш кимниң де Алпамыстай алып-урып атырғанын көрген жоқпыз,—деген ўақтымда, Сейтнияз қамар мениң бул гәпимди кек тутып, қурғақ шақадай шарт етип қоя берди.

— Тилиңди суўырып алайын ба?—деди ол маған аларып қарап.

— Әкеңдей адамның неге бетинен аласаң, — деп Абылла да үлектей гүркиреп қасыма келди. Хожаның бул сөзи пысқып атырған отты алыстырып жибергендей болды. Сейтнияз ийининен жулып алған бесатарын

маған гезеп, бес адымдай жерде дәпиниў менен қалшыйып тур еди. Мен де ердиң басына илдирген мылтығымды тез алып, аўзын оған қараттым.

— Ҳәй, бала, сеники не? Бурын ислемеген қылўаңды көрсетип турсаң ғой бүгин,—деди хожа.

Абылла хожа екеўимизди арашалап жүргенде, алда кетип баратырған Қылышбайдың қатты жөтелген даўысы шықты. Ол атының басын Сейтниязға бурып;

— Не қылып турсаң баланың исин ислеп! —деп оған тесирейип қарады.

— Мына бир бийәдеп доңызды атып таслайын деп едим. Қарсыласып бетимнен алып турғанына қара, буның,—деди.

— Сәл нәрсеге қыза берсең, үпелектей жанып кетесең. Адамға сабырлылық керекдур. Мылтықларыңның аўызы душпанларға қарайтуғын болсын!—деди Қылышбай екеўмизге де ҳәмир етип.

— Қылышбай,—деди Сейтнияз қамар ҳаплығып көкирегин басалмай,—Жарылқаған аўылласың шығар, солай да әдил гәп айтыўың керек...

— Әпиў етиң, Сейтнияз аға!—деди Қылышбай оның сөзин бөлип. Ата-бабаның «атың шықпаса, тоғай өрте» дегениндей мәзи бир пайдасыз қызбалық етип турсаң ғой. Саған бала менен бала болыў жараспайды. Сиз елге қәтқуда болған адамсыз, ақыры.

— Усыны бала деп турсаң ба? Көзине қара, адам алатуғын жолбарыстыкиндей шатнап турғанын, — деп қамар және қайсарланды.

Қылышбай арашаға түсиў менен бир пайытта маған шеп көзин қысып, басын шайқады. Ол ҳақыйқатында да бизиң аўылымызға жақын туратуғын қарақурсақлар менен бирқулақлардан еди. Буннан соң өзимсингенликти қойып, мылтығымды ийниме астым.

Бизлер усындай жәнжеллесип турғанда, түйелерди жетеклеген Алламберген узап кетипти. Қылышбайдың қәтқудалығы бойынша аттан түсип, қамардан әпиўлик сорап, қолынан алдым. Сойтип болып бәримиз де Алламбергениң изинен шаўып кеттик. Бирақ сол шекиснсиў бираз күнлерге шекем екеўимиздиң арамызды гүздиң ызғарлы самалындай суўытып жүрди. Сейтнияз қамардың маған көз қарасының еле жөнленбегенлигин сезип қайымымды таўып, атып таслай ма деп сақланатуғын да болдым.

Кетенлерден узақлағаннан кейин, көп күнлер жол жүрдик. Сол жүристен он бир күн дегенде Шалтайды гилемге салып хан сайлаған Шырышлыға тағы да келип жеттик. Ханнан қәтерсиз қудыққа жақынлай бергенимизде дауыл турып, жаўын жаўғандай әламат болды. Атылған мылтықтың оқлары қулақларымыздың тусларының ысқырып өтип атыр. Қандай кәсапатқа дуўшакер болғанымызды биле алмай ҳайран болып турғанымызда, Қылышбай;

— Неге мелшийип турсызлар! Атыңлар! Қудықтың басындағы қызыл әскерлерди көрмей турсыз ба? Алламберген, түйелерди кейин қарап айда!—деп буйрық берди.

Арқа беттеги өркешленген қумларға қарай шегинип, урысып баратырмыз. Еки түйеге оқ тийип, кейинде қалды. Егер қызыл әскерлер көп болғанда, усы иретте бизлердиң биреўимизди де қутқармайтуғын еди. Олар қудықты қорғап жатырған аз санлы адамлар болса керек. Сейтнияз қамардың байлап атқан оқларынан сесkенген олар алға қарай бетлей алмай, шоқалақ-шоқалақ қумларды тасалап, бираз жерге шекем қуўды. Қылышбай менен Абылла хожа да жән-тәнин аямай атысты. Әсиресе, Қылышбай ҳәммениң кейнинде жүрип, қызылларды жақын жерден атты. Қызыл әскерлер де көп жерге шекем изимизден қалмай ерип келди. Усы сапары мен де онлаған оқ шығарыппан, соның тийген-тиймегенин билмеймен. Қамардың «бизге қосылғалы бузаўбас өлтирген жоқсаң» деген сөзи маған қатты батқан еди. Қалай урысқанымды өзим де аның билмеймен. Албырағанымнан гөзлемей де ата бердим.

Алдымыз кеш болғанлықтан, қандай да бир сексеўилли сайға түстик. Бизлер көринбей кеткеннен кейин ғана олар қуўдалағанын қойды. Усылай етип Шырышлы қудығындағы саўаштан зорға дегенде аман қашып қутылдық. Сол күни тынбастан жүрип, таң алдында Қыйырторқа деген қалың сексеўилли қумлыққа жеттик. Бул кәрадағы Қыйырторқаның қудықлары суўлы, душшы екен. Шөл бастық... Қулласы, өз үйимизге келгендей рәҳәтленип қалдық, кийизлерди төсеп, жанбаслап жатып, дем алдық.

Ертеңине түс ўақытлары дем алып атырған жеримизге тумлы-тустан топылыс басланды. Мылтықлардың сайдың ишин жаңғыртқан паңқылдысы, адамлардың

қыйқыўласқан даўыслары, бизлердиң зәрремизди ушырды. Дөгерегимиздеги қумлардың үстине түскен оқлар бурқ-бурқ етип шаңғытып атыр... Гүўилдесип жақын келип қалғанлардың қызыл әскерлер емес екенлигин сезген Қылышбай атына минип, олардың алдынан қыйғырып шығып, епкинди зорға иркип алды. Булар бизден бурын Шырышлы қудығын үлкен саўаш пенен қызыл әскерлерге берип шыққан Шалтайдың адамлары екен. Бизлерди қызыллар деп ойлап, қоршап алмақшы болып, бирден ҳүжим еткен. Қудық ойпатта болғанлықтан дәслеп бизлерди ажырата алмаған. Бирақ ҳеш кимге де оқ тиймеди. Бизлерди ең дәслеп таныған олардың алдына түсип шаўып киятырған Мәдияр болып шықты. Ол Қылышбай, Абылла хожа, Сейтнияз қамарлар менен қушақласып көристи.

— Қамар аға!—деди Мәдияр оған қарап таңланып,—мен сени әлле қашан бейишке барып отырған шығар деп ойлаған едим, ығбалың жеңип, аман қалыпсаң ғой?

— Қасқа жолды ядыма салсаң, жығырданым қайнайды. Мәдияр жан, ол күнлери байтал түўе бас қайғы болған жоқ па?—деди Сейтнияз қамар оған.

— Солай болды, мен де минген атымды таслап, пияда қаштым.

— Солай етпегенимизде аман қутылыўымыз қыйын еди.

— Бир алла яр болды,—деп Мәдияр дөгерегине қарап ойланып турды да;—бизлерди сонда искенжеге қысқан гөнели Әлийжан баслаған коммунарлар екен. Асықпасын еле, оның суў қабақтай сопайған геллесин Қыйырторқаның қумына әкелип тығарман,—деди тағы. Оның шегир көзлери қызарып, бужырлаў жүзи суслаың кетти. Марапатланыўды жаны сүйетуғын бул гелле кесердиң минез-қулқынан хабардар Қамар;

— Қудай қәлесе айтқаның келеди. Әўмийин,—деп оған пәтиясын берди.

— Сиз қайда кеттиңиз сол сапары?

— Саған қосылыў ушын мен де азапты аз көрген жоқпан, Мәдияр жан. Билесең бе, Дәўлетбайды коммунарлар қамап услап алғанда, сениң шеп жағыңда едим. Шоқ жыңғылдың астында жатырған мен бул ўақияны өз көзим менен анық көрдим. Мәтсапаға оқ тийгенин

де сол жерде жатып билдим. Бирақ ыңқ етерге дәрманым қалмапты, себеби, комунарлар көп екен.

Мәдияр бираз ўақыт үндемей ойланып турды. Оның қалың қаслы қабағы гә үйилип, гә ашылып, шегир көзлери нурсызланып, қаны қашқан бетинде қатты шаршағанлықтың нышаны бар еди. Сөйтсе де ол шарапатлы ис питирген сәрдарға усап былайынша гәп баслады;

— Шалтайға келип қосылғанымыздан кейин Ашхабад пенен Ташаўыздың бес жүз атлыға жақын қызыл әскерлер, коммунарлар келип саўаш қурды. Шырышлыдан қуўып шықты. Олардың айрыпаланы[1] да бар екен. Аспанда ушып жүрип, қайсы қумлардың арасында жүргенимизди анық көрип, изимизге қунтыйып түсти. Әскерлер артымыздан қуўса, айрыпалаң төбемизден бомбалайды. Онлаған адам бомбадан қазаланды. Олардың арасында өзимиздиң жигитлерден де өлтени бар.

— Бизлерди ким?—деди Қамар таңланып;

— Томаркөлли Қыдырбайдың иниси Рейимбай бар.

— Алла ийманын берсин. жаксы жигит еди,—деп ат үстинде дуўа оқыды.

## Иранға өтиў ушын

«Жылан қорықса, инине тығылады» дегендей, Хорезимниң ханы қылып сайлаған Шалтай шөлистанлықты паналапты. Бурын адам аяғы тиймеген төбешик-төбешик қум болғанлықтан өзлеримиз-ақ «Қумтөбе» деп атадық.

Шырышлы ойпатындағыдай етип Шалтай бул жерде де еки отаўын қатар тиктирипти. Отаўлардың арқасында нөкерлери жататуғын жети-сегиз ылашықлар қыйсайысып тур. Қыс жақынлап қалғанлықтан, нөкерлер ҳәр бир үйдиң, ылашықтың қасына сексеўиллерди үйип таслапты. Усыған қарағанда бул жер бизиң буннан былайғы қыслаўымыз шығар деп ойладым· Тосыннан үстимизден шықпаса бул кәраға қызыл әскерлердиң жетиўи де неғайбил еди. Шалтайға қосылыўдан биз қоныратлылардан тез ҳәрекет етип сексеўиллерди жыйнап, қандек сықлы бир шуқырлаў орынға «алты қа-

[1] Айрыпалаң—аэроплан.

нат ақ отаўды» тигип алдық. Сырттан қараған адамға, бул да дәстандағы батырлардың ақ шатыры сыяқлы болып көринеди. Себеби, иши-сыртын жаңа кийизлер менен орап таслағанбыз. Көп узамай-ақ бизиң «ақ ордамыздың» ишинде де сексеўил гүрлеп жана баслады. Шырышлыдағыдай төсегимиз де, көрпемиз де, дастығымыз да журттан талап алған кийиз. Бир сапары сол жерде нағыслы ақ текийметтиң үстинде чай ишип отырғанына ксўили толған Мәдиярдың айтқанын мен еле умытқаным жоқ.

— Бәримиз бир адамның баласындай емеспиз бе?— деди ол Қылышбайға қарап, Қылышбай жөтел қыстап буўлығып қалғанлықтан ҳеш нәрсе айта алмай қалды.

— Аўа, айтқаныңыздай, бирақ әкемиз ким?—деди Мәтқурбан күлип.

— Әкемиз ким болатуғын еди Абылла хожа турғанда,—деди Мәдияр оған ҳийлекерлик пенен қарап. Шетиректе отырған Алламберген, дәстурхандағы көмештиң шетинен сындырып алып отырып;

— Әкемизди таптық, енди шешемиз қайда екен?— деп мырс етти. Ҳәмме дуў күлди.

— От жағыў менен аўқат асыўға қол-аяғы жеңил Жарылқағаннан қолайлы шешемиз болмас,—деди Жуманазар күлкисин тыйып. Усы ўақытта маған бурылып қараған Сапарбай;

— Арамызда бир де қызың жоқ ғой, апай, өңкей ул туўа бергенсең бе?—деп бир көзин қысып күлимсиреди.

— Қызларын Қоңыратқа таслап кетти!—деп Алламберген шақалақлады.

— Ҳәй, балалары да әкесине усамайды ғой,—деп Мәтқурбан ўаҳа-ҳалады, ҳәмме және күлип жиберди.

— Олай болса бирли-ярымы ойнастан болған шығар...

Алламберген усы гәпти айта бергенде;

— Жап аўзыңды, әлетий!—деп Мәдияр оған қарап қабағын үйди. Күлки бирден тыйылды. да қалды.

Ортадағы үш путлы темир ошақтың үстиндеги қазанда түйениң гөши қайнап тур еди. Арадан азырақ ўақыт өткеннен соң сазарып отыра бериўдиң есабын таппай Алламберген есиктиң алдында жатырған келсап пенен жүўери түйе баслады.

— Жарылқаған иним,—деди Мәдияр қарап ма-

ған,—бизиң аттың ер-турманын алып арқасын шамаллат. Онлаған күннен бери үстинен жабыўы алынған емес.

— Екеўимиздиң атымыз да қатар турыпты. Бизикинде жайластырсаң, — деп Мәтқурбан да ҳәмир етти. Мәдиярдың атын жалаңашлап, дорбасын басына иле бергенимде, бирден ала-сапырын болып кетти. Аспанда гүрилди күшейип, Шалтайдың үйлери тәрептен адамлардың шаўқымы, қорқынышлы ўағырлы шықты. Сол ўақытта Мәдияр атының қасына жуўырып келип, ер-турманды қайтадан атқа салып, асығып айылын тарта баслады. Мен телпегимниң төбесин басып аспанға қарап едим, көзиме ҳеш нәрсе көрине қоймады.

— Басың суўқабақтай қыйсайып не қылып турсаң? Айрыпаланды атып алажақсаң ба, тез қаш!—деп жекиринди маған. Мәдиярдың бул пәти маған қандай да бир қатал сезилди де, жуўырып барып, қостағы жарақларымды алып, атыма минип тура қаштым. Қайда баратырғанымды өзим де билмеймен, арқа тәрептеги өркешленген қумнан асып өтип артыма қарасам, меннен басқа қашып баратырған ҳеш ким көринбеди. Қарсы алдымнан шыққан ойға келип атымнан түстим де және аспанға қарадым. Бираздан кейин қос қанатлы бир «әжайып қустың» жоқарыда айналып ушып жүргенин көрдим. Шынын айтсам мен айрыпалаң дегенди усы ўақытқа шекем көрген емес едим. Мен қызығып қарап турғанымда, «әжайып қус» төменлеўден зуўлап ушып өтти де көринбей кетти. Сәлден соң мен турған сайдың үсти менен Шалтайдың аўылы арасындағы қумның үстине бир нәрсе гүрис етип түсти де, қумларды аспанға бурқыратып көтерди... «Әжайып қус» ҳарлап айланып уша баслағанда, атым тарбаяқлап үркип, дизгини қолымнан шығып кете жазлады. Шалтайдың аўылы тәрептен оған қарап атылған мылтықлардың сести жийи-жийи шығып атыр. Айрыпалаң аўылдың үстин және бир айланып уша бергенде, жер ләрземге келип шаңы аспанға көтерилип кетти. Қумлардың арасынан атылған оқлар да оған дарымады. Онын даўысы буратала семгеннен кейин ғана мен атыма минип, қосқа келдим. Бул ўақытта жақын жерлердеги сексеўиллердиң арасына жасырынған «батырлар» биримлеп сүйретилип шығып киятырған еди. Мениң менен ҳеш кимниң иси

болған жоқ. Ҳәр ким өзинше ишинен кәлиймәшадәт қайтарып, суўық демлерин алады. Шалтайдың үйлериниң орны босап қалыпты. Кереге, шаңарақ, уўықлардың сынықлары айнала дөгерекке пашақ-пашақ болып шашылып, бирли-ярым пысқып атырған кийизлерден қуйқаның ийиси аңқып кетти. Бираздан кейин қубла беттеги қумлардың арасынан Шалтай пияда келип ҳәммени жыйнады. Шалтайдың өз нөкерлеринен алты адам өлипти, оларды тез көмип мәкан өзгертиўге буйрық берди. Сорастырып билсем, айрыпалаң бомба деген бир нәрсе таслапты. Соннан үш ат, еки түйе жараланған екен, олар сойып алынды. Сөйтип бир саатқа жетпей-ақ Шалтай ханның кәрўаны етек-жеңин түрип, жолға таяр болды. Шалтайдың өзи бас болып күн батыс арқаға қарай бағдар алдық. Жүз түйеге жақын кәрўан үйретилип өркешленген буйра қумлардың арасында тым-тырыс кетип баратыр. Мәдиярдың соңына ерген қоңыратлылар әне усы кәрўанның қапталында үскинимиз қуйылып киятырмыз. Араз бала менен Мәтқурбан баслаған бир бөлек атлылар бес жүзге жақын жайдақ түйелерди алдына салып, бизлердиң шеп жағымызда, бир шақырымдай жерде батысқа қарап узап баратыр.

Әне, усы жүристен кейин алпыс шақырымдай узақлап барып үргин-үргин қум «таўлары» өркешлеп атырған төбеликтиң батыс жағындағы ойпатқа келип қондық. Ертеңине аспан әламатының даўысы және узақтан еситиле баслады. Ҳәммеден бурын Шалтайдың өзи тез көше баслады. Тым-тырақай болып еки-үш шақырым жердеги қалың жыңғылыққа тығылғанымызда айрыпалаң үстимизден ушып өтип баратырып және үш-төрт бомба таслады. Бул ирette бомбалар онша жақын түспегенликтен ҳеш кимге зыян етпеди. Айрыпалаң көринбей кеткеннен кейин, жыңғыллы тоғайдың арасы менен тағы қаштық.

Хорезмниң «ханы» Шалтай суўсыз саҳра қумлар «тецизинде» усылай бет алды қула дүзге қаша берди. Айрыпалаң ҳәр күни көринген сайын, Қарақум бизлерге тарлық ете берди. Айрыпалаңның соңынан көп санлы қызыл әскерлер отряды Шалтайдың соңына түсип «Жерге кирсең шашыңнан, аспанға ушсаң аяғыңнан

тартаман», қашып қутыла алмайсаң»,—деп жедел киятырғаны түсиникли болды.

Еки күннен кейин айрыпалаң үстимизде және пайда болды. Бизлердиң қоныс басқан жеримиз сексеўилли сай еди. Бул ирette ҳаўа әламаты бизлерди көрди де, бомбаламастан артына бурылды. Кейинде киятырған қызыл әскерлерге хабар бериўге кеткенин сезген Шалтай жан ийнине от түсип, ҳәммени асықтыра баслады. Енди Сексеўил сайдан сексен шақырым қубла батысқа қарап кеттик, үш күннен кейин бул кәрада да қаңбақтай домалатып қуўып шықты, бир жақсы жери—қызыл әскерлерге жеткермей киятырмыз. Жете қойса қандай аўҳалға ушырайтуғынымызды ким билсин?!

Олар қуўады, бизлер қашамыз... аспанда «әжайып қус» гүрилдесе болды, алды-артымызға қарамаймыз. Ўақыт өткен сайын тәртип бузылды. Салысы суўға кеткен Шалтай да әскерлерин бир қәлипте жаўынгерлик аўҳалда услаўды қойды. Әйтеўир бомбаның астында қалмай аман шықсақ соған шүкир етеди. Аэроплан бизлерди әлле қашан қыйрататуғын еди, егерде қалың сексеўил, жыңғыллық, өркешленген ойлы-бәлент қумтөбелер болмағанда. Апаттан аман сақлап киятырған панамызда, ғамхорымыз да усылар болды. Аэроплан көринсе болғаны, соларға барып тығыламыз, жан сақлаймыз. Ҳәзирше бизиң нанымыз да, анамыз да, әкемиз де қара қумның кең тоғайлы қушағы болды. Булар болмағанда Шалтайдың ордасы әлле қашан набыт болған болар еди. Қулласы кәлам, Шырышлы қудығын таслап қашқан Шалтай жети жүз шақырымдай жолды басып өтип, бир айдан аслам ўақыт зерзебили шықты. Жер жарылса кирип кетерлик аўҳалға дуўшакер етерлик аўҳалға усындай себеплердиң арқасында дуўшакер болды.

* * *

Қарақумның Каспий теңизи менен Иран елине жақын әтирапларда қашып жүргенимизге де еки айға жуўық ўақыт болды. Дәслеп жаўын, кейинен қақаман қара суўық болып, оннан кейин қалың қар жаўын, мазамызды қашырды. Солай да «қызыллар қай жақтан ҳәм қайсы ўақытта топылып қалады?» деген Шал-

тайдың қәўпи оғада күшли еди. Ҳәр куни онлаған атлы қараўыл қояды.

«Шалтайды Хийўада алтын тахқа салтанат пенен отырғызамыз»—деген Имаматдин мақсым, Абылла хожа, Атажан сары, Араз батыр, Өре мыртық, Жолман, Қылышбай, Мәдияр, Мәтқурбан, Сейтнияз қамарлардың еңсеси еки қарыс төмен түсип қалды. Ойлаған мақсетлериниң иске аспайтуғынлығына көзи жеткеннен кейин жүзлеринен күлки, көзлеринен нур қашты. Гейпара ўақытлары тамаққа таласып, сүйекке тәп берген ийтлердей ырылдасатуғын да болды.

Усындай күнлердиң биринде Шалтай үлкен мәжилиске шақырды. Атланып келсек ортадағы үлкен үш тай қазанға гөш асылған екен. Мосыларға қара чайниклер илинген. Шекеси қуўшыйған, зоң мурын, көзи патлыйған, аяқларына шарық, басларына ҳәр қыйлы бөриклер, үстилерине гөнели-жаңалы шапан, шекпен кийген жас шалтайшылар хызмет ислеп жүр. Ойпаттың қыр дөгерегине атлар байланыпты. Бәриниң де басларына дорба илинген. Ҳәр жерге жағылған отлардың қасында ийинлерине мылтық асынған түркпен жигитлери өз-ара сөйлесип тур. Асылып атырған аўқаттың күн шығар жағында елиў-алпыс адам ғыр айнала төселген шөптиң үстинде отыр. Орталарында жасы қырықлардан асқан, буўрыл-сақал-муртлы, шүңирек көзли бақсы дуўтарының қызыл пөпек тағылған басын күйип-писип былғаңлатып шертип, Мақтумқулының «Мәрт пенен нәмәртти айырар саўаш» деген қосығын айтып атыр екен.

Бизлерди орта бойлы, жаўырыны гүжирейген, ат жақлы, тананың көзиндей үлкен қара көзи ойнақшып турған түркпен жигити жыллы шырай менен күтип алды. Жас жигитлерин турғызып, бизлерди отырғызды. Бул Байрам еди. Бизиң оң жағымызда Өре мыртық, Амангелди отыр. Сол жағымызда маңғытлы Атажан сары және де басқа Хорезм ҳәм Түркменстаннан шыққан «батырлар» өз жигитлери менен қатар жайласыпты. Қулласы, бүгин Қызылқумның белгисиз бул жери қандай да бир той сыпатына енген. Шалтайды Шырышлыда хан сайлап, гилемге салып көтергеннен кейин, бундай жыйынды биринши ирет көрип отырман.

Жайғасып отырғаннан кейин, аўқатланып, чай иш-

тик. Түслигимиз еди. Көп ўақыт өтпей-ақ бағана бизлер төмен түскен қарлы төбешиктен Шалтай менен оның қасындағы адамлар көринди. Олар көпшиликке жақынлады. Шалтайдың бүгинги сыйқы Шырышлыдағыдай емес. Шот маңлайлы, қара қаслы қабағы дөңесленип үлкен көзлери суўы тартылған шалшық шуқырдай үңирейе баслапты. Басына үлкен қара шөгирме, үстине қаралтым шапан кийипти. Белине үш қатар байлап, ийинине жаңа сары сенсең тон жамылып, аяғына қызыл былғары етик кийген екен. Оның шеп жағында Араз, оң жағында Имаматдин мақсым мелле сары гүпиге оранып киятыр. Бақсы қосықты туўарып, белбеўинин ушы менен маңлайын сыпырды. Ҳәммеден бурын Мәдияр, Атажан, Абылла, Қылышбайлар қол қаўсырып алдына шығып, ийилиў менен қос қоллап көристи.

— Мениң нөкерлерим, қуданың қуллары, Мухаммедтиң үммитлери!—деп Шалтай көпшиликке қарады.— Бәримиз де ислам ушын атланып, гүрес майданына шыққанымызға бираз ўақыт болды. Дәслеп биз өзимиздиң жеңетуғынымызға исенген едик. Хорезм, қарақалпақ, түркмен елиндеги Совет ҳүкиметин талқанлап, ханлықты қайта тиклеўге болатуғындай еди. Енди қалай болатуғынын бир яратқанның өзи биледи. Мениң соңыма ерген жарақлы нөкерлерим бес жүз атлыдан аспайды. Буннан қала берсе, колхоз дүзимине қарсы пүткил Түркменстан, Хорезм, қарақалпақ еллери көтериледи. деген исеним ҳақланбады. Халықтын басым көпшилиги Совет ҳүкиметин қуўатлап кетти. Англичанлар Орта Азияны басып алыўға таярланып атырмыз, саған қурал-жарақ пенен бир қатарда әскер берип жәрдемлесемиз» деген еди. Бул да бос ўәде болды,—деген ўақытта Шалтай аўыр гүрсинип, аз ўақыт төмен қарап турды да;—Сәл күн жылыса қызыл әскерлер бизди искенжеге алады, бомбалайды, жоқ етиўге талпынады. Бүгиннен баслап басларымыздың ғамын етпесек, бәримиз де усы қумнан өз гөримизди табамыз. Енди бизиң бир илажымыз қалды, ол да болса Иранға, Аўғаныстанға өтип қолайлы пайытты күтиў. Маған ерип, Иранға өтетуғынлар мылтықларын көтерсин!...

Тосыннан болған бул гәп әсиресе қоңыратлы, маңғытлы өзбеклер менен қазақ-қарақалпақларды бирден ойландырып таслады. Шалтайдың өз топары, исенимли

жигитлери мылтықларын оң қолларына жоқары услап көтерди. Бир кесе чай ишим ўақыттан кейин Мәдияр да мылтығын жоқары тутты. Буннан соң басқаларымыз да оның ҳәрекетин қайталадық. Атажан сары менен Хорезмниң басқа да өзбек пенен қазақлары көпшиликке қосылды.

— Хан аға!—деди Мәдияр оң қолын төмен түсирип, қарыўын кесе услап турып.—Иранға өткенде аўҳалымыз қандай болады екен?

—Шегараға жақын жерлерден жер сорап алып, егин егемиз, дийханшылық етемиз, мал бағамыз.

— Қара басымыз жүрип, буны қалай ислеймиз?

— Мәдияр дурыс айтасаң, Иранда бизлерди Қарақумдағыдай етип өз еркимизге жибермейди. Сәл-пәл бузықлығымызды сезсе, егинге түскен мал усатып, елинен қуўып шығады. Мине, соның ушын ҳәр бир адамның өз хожалығы, қатын-баласы, мал-мүлки болса күн көриўге болады. Егер ҳаялың болмаса, Ираннан үйлениў қыйын, бир жесир ҳаялды жигирма-отыз түйеге зорға сатып аласаң!—Шалтай усы сөзди айтқанда көпшилик ғаўырласып, өз-ара сыбырласа баслады. Хан адамлардың ойын билгиси келгендей, аз ўақыт қасындағылар менен сөйлесе баслады.

— Хан аға!—деди Мәдияр тағы.—Биз, қоңыратлылар сиз бенен Иранға кетиўге қайылмыз. Бирақ, бизге елге барып өз ҳаялларымызды, бойдақларымыз ҳаял таўып және кийим-кеншек алып келиўге еки айға мәўлет етиўди сорайман.

— Бул орынлы гәп. Бул мақсетиңди мақуллайман, бирақ еки ай емес, бир айда ҳәммесин питкерип келиўге болады.—Шалтай мәслаҳатты созғысы келмей, қасындағы Имаматдин мақсымға қарады.—Мәдиярға басқа да үйленип келиўши жигитлерге пәтия бериң,—деди. Қос алақанын жоқары жайған ўәзир;

— Жортқанда жолларыңыз болсын, аман-есен ҳаял бала-шағаңыз бенен бизге тез қуўысқайсыз, үбирлишүбирли болғайсыз. Мениң бул ҳақ тилегимди периштелер әўмийин деп пәрўардигар қуўатлағай,—деп пәтия берди ол. Сөйтип, 1930-жылы февраль айының дәслепки күнлери болған бул мәжилисте бизиң Иранға өтиўимиз усылай шешилген еди.

* * *

Усы бир ойласықтағы мениң Шалтайды ең соңғы ирет көриўим болды. Хан Жөнейд, Қошымбет, Яқшыгелди, Ғуламәлий, Анна, Ханмақсым, Темиралы ханлардан өзин ақыллы деп билген ҳийлекер Шалтай усыдан кейин көп узамай өзи қазған орға өзи түсетуғынлығын ол ўақытлары биз де, ол да билмеген едик.

Шалтай өткерген мәжилистен бир күн соң Мәдиярдың басшылығы менен оқ-жарақты мол етип алып, «Қоңырат, қайдасаң!»—деп жолға шықтық. Жәми жыйналғанда он бес атлымыз. Аллаяр сары, Алламберген ҳәм мен. Бизге түркпен баспашыларынан Ағабий менен Амангелди және бир иранлы қосылды оның атын умыттым. Олар бизлерден бурын көтерилип шыққан Гүмисбектиң балалары Жолман менен бирге жүрген көлли түркменлер. Жолман менен Шалатай болса Қоңыраттың үшинши аўылындағы Гүмисбек деген қаллаштың балалары еди. Екеўи де Қоңыраттың байы Ешеке қырғыздың дийханы болған. Жасынан суғанақлыққа үйренген Жолман үлкейгеннен кейин де урлығын қоймайды. Шет-шебирде отырған биреўлердиң үйин талайды, малын урлайды, инисинин-де қолын суғанақлыққа үйретеди. Иниси менен биригип, усындай бузақылықларды көп ислеп, соңында милиция тәрепинен қамалатуғын болғанлықтан қашады. Мине, оларда еки жылдан бери Мәдияр сыяқлы баспашы болып кеткен.

Жолман менен Шалатай Үстирт арқалы Хорезмге ғәлле алыўға киятырған қазақларды бир емес, бир неше ирет талап, адамларды өлтирип, түйелерин алып Иранға апарып сатып турған. Шоқмарлы он атарды тақымына басқан сол Жолман ҳәзир бизиң алдымызда, Мәдиярдың шеп жағында киятыр. Жолман орта бойлы, қара пәреңнен келген шаққан жигит еди. Еки қулағы тикирейип туратуғын, үстине түйе жүн шийдем, басына түркмени бөркин кийип, жарағын бирдейине тақымына басып жүретуғын еди. Мәдиярдың оң жағында Қылышбай,—оның қасында Мәтқурбан шолақ бар. Қылышбайдың минези аўырлаў болса да, бирақ Мәтқурбан қызба,—шаш ал десе, бас алатуғынлардың бири еди. Бирақ баспашыларға қосылғаннан бери Мәтқурбанның ашылысып сыр айтқанын биринши ирет бүгин көрдим. Ол былай болған еди. Азық-суў, көрпе-төсек, жем ар-

тылған үш түйени алып жүриў Жолманларға тапсырылған еди. Шалатай бир күн жетегине алып жүрди де, екинши күни бас тартты. Алдымызда жүз қәдемдей жерде кетип баратырған Мәдияр менен Жолманның шаңқылдаған даўыслары еситилди.

Мен атымды тебинип жақынлаған ўақытта олар бир-бирине жекирингенди қойды. Мәтқурбан Шалатайдың жетеклеп киятырған түйелериниң буйдасын алып, маған услатып;

— Жарылқаған, түйелерди жетеклеў ушын да қырылысын қала жазладық. Бизиң Мәдиярдың минези де жаман, ал, Жолман да қалыспайды екен. Араға Қылышбай менен мен түсип зорға бастық. Ҳәзирше сен жетекле, Алламберген де көмеклесер,—деди.

Мәтқурбан усынған түйениң буйдасын алып атырып оған қарап едим, оның сары сынлы жүзи солғынланып, тикирейип туратуғын селдир сары мурты еринлерине жабысып, сур көзлери үңирейип кеткен екен. Басына кийген папағы, үстиндеги гөнелеў узын шекпени де бир түрли көринди. Мәтқурбан мениң менен сол күни узақ ўақыт бирге жүрди. Анда-санда бетине қарап қояман. Гүпти болған адамдай бир нәрсе айтқысы келип, маған сын көзи менен қарайды. Екеўимиз көпшиликтен кейиниректе қалып әсте жүрип киятырмыз. Шыдамы таўсылған болыўы керек, бир ўақытта қатарласып;

— Жарылқаған, аўылыңды сағындың ба?—деди күлимсиреп.

— Аўа,—дедим мен,—апам менен ағамды сағындым, аўыл-елди жек көретуғын адам бола ма? Егер ат суўғарыўға мен келмей, Әсен келгенде сизлер мени емес, оны ат қосшы етип жүрген болар едиңлер,—дегенимде Мәтқурбан шақалақ атып күлип жиберди.

— Неге күлдиңиз?

— Усындай гәпти мен де Мәдиярға айтқан едим.

Буннан кейин Мәтқурбанның сары сынлы жүзинен күлкиниң изи қашып бираз ўақыт үндемей жүрди де:

— Мени де сен қусатып абайсыз ўақтымда Мәдияр өз еркине көндирип, қатарына қосып алды,—деди маған тикленип қарап. — Бул айтылған гәплер ҳәзирше екеўимиздиң ортамызда қалсын, аналардың бирде биреўи еситип жүрмесин. Егер мен өле қойсам, сен Қоңыратқа барған ўағында мениң бул сырымды айтарсаң.

— Мениң тири қалатуғыныма көзиң жете ме, аға?

— Атыспаға көп қатынаспайсаң ғой,—деди күлип.— Баспашы болып көterилгенлердиң көбиси 2—9 аўылдың адамлары. Олардың ишинде де бурынғы бийдиң нөкерлери болғанлар, колхозға мал-мүлкин бериўди қәлемеген Абылла, Қылышбай, Сейтнияз, Сапарбай Жуманазар сыяқлылар бар. Олардың қурған өрмегине түскен бизлер усаған ҳақ кеўил, бирақ надан, қорқақ адамлар ғой. Билемен, сен ойламаған жерде қолға түстиң, ал, мен болсам Мәдиярдан қорққанлығымнан усындай болып жүрмен. Мәдияр баспашы болып шыққаннан кейин мени ҳәм Хожамуратты өзине қосып алыў ушын көп изледи. Биз екеўимиз де 1919-жылдан 1923-жылға шекем Хийўадағы Хорезм полкинде болып, Жөнейд хан басқыншыларына қарсы гүрескен қызыл әскерлер едик. Төрт жылға жақын душпанлар менен ғүресип, Хорезм полкинен қайтқаннан кейин Қоңыратқа келип, қызыл милиция, оннан кейин коммунар болып баспашыларға қарсы жан-тәнимди аямадым. Қалаға жақын 2-аўылда болған бир урыста мынаў қолымды да аўыр жарадар етип, соңғы ўақытлары Мәтқурбан шолақ атандым. Совет ҳүкиметиниң душпанларын өз душпаным, деп жүрген оған Мәтқурбанның мынаў енди өзи Совет ҳүкиметиниң душпаны болып алғанына қара,—деди ол өз-өзине ренжип аз ўақыт үнсиз қалып, оннан соң—Мәдияр ҳәр күни түнде келип тыныншлық бермегеннен кейин, Ақноғай аўылындағы Хожамуратларға барып жасырынып жүрдим. Еккен жүўери менен тарымды да жыйнап ала алмадым. Мәдияр мени, Хожамуратты, оның туўысқаны Бекмуратты излеп Ақноғай аўылын тындырмады. Бизлер жақын жердеги көлге кирип жасырынатуғын болдық. Хожамураттың алпысларға келип қалған Турдыбай соқыр деген ағасы бар еди, соның үйине үш күн қатарынан келип «Мәтқурбан менен инилериңниң қайда екенлигин айт» деп, азаплаған екен. Ең соңғы күни Мәдияр келип Турдыбай ғаррыны сыртқа шақырыпты. Көзи соқыр болғанлықтан тоғыз жасар баласы Пайзулланы жетеклеп үйден алып шығыпты.

— Мәтқурбан менен инилериңди айтпасаң, атаман! — деп ҳәкиреңлепти, үлкен көк аттың үстинде мылтығын кесе услап турған Мәдиярды көрмесе де, ғаррьы оған бир-еки адым жақын барып турып:

— Мәдияр, мени атқан менен ортаң толып, излегениң табылатуғын болса, мине, алдыңда турман. Мен енди

өлимнен қорқпайман. Сен кимсең, мениң еки көзим гөр, болмаса сениң бул қорлығыңа көнбес едим. Билесең бе, түркмен баспашылары Қоңыратты талай ирет өртеп талағанда, ҳәмме мал-мүлкин таслап көлге қашты. Сол ўақытлары мен өз үйимди, өз аўылымды таслай-ақ, баспашылардың талайының көзин жоқ еткен Турдыбайман. Енди солардың орнына өз аўылыңа, өз туўысқанларыңа сен баспашы болып келип турсаң, уятсыз. Мениң белимде қуўат жоқ екенлигин билип турсаңаў, зańғар. Соның ушын да усы сөзлерди айтып ақыретлеп турсаң, ат мени!—дейди ғарры оның атының жылаўын излеп қолларын сермеп, қәҳәрленип.

Ғаррының бул сөзлери оған тәсир ете ме, болмаса оның шапанының етегине жабысып, жылап жүрген баласы Пайзуллаға реҳими келе ме, әйтеўир, ғаррының аўыр сөзлерин Мәдияр кеширип ат үстинде сол қолы менен маңлайын тиреп, бир азырақ ойланып турады да оннан кейин кетип қалады.

Мәдияр кеткеннен кейин жақын жерде жасырынып жатырған бизлер Турдыбай ағаның үйине келдик. Ай жақты, аўыр жатар ўағы еди.

— Хожамурат, —деди ол инисине,—Мәдияр жаңа ғана келип кетти, сизлерди излеп жүр. Мениң айтар ақылым, сол бузақының дузағына түсиўши болмаң, көзине қан толып жүргенге қусайды. Оған ерип, баспашы болғаннан Ақноғай аўылының ийти болып жүргениң жақсы.

Усы гәплерден кейин мен түнде Сағыр аўылындағы үйиме қайттым. Жолда жаптың көпиринен өте бергенимде, бир гөне тамның арасынан шыққан атлы:

— Тоқта, болмаса атаман!—деп бақырды. Бул Мәдиярдың сести еди. Төбемнен муздай суў қуйғандай бир орында қатып қалдым. Қашыў ойыма да келмепти. Айдың жақтысында атлыдан пияда адам қашып қутыла ала ма? Жақын келгеннен кейин, ол мени таныды. Екеўимиз де бираз ўақыт тым-тырыс турдық.

— Мәтқурбан,—деди ол ашыўлы түрде,—мени неше ирет алдағаныңды билесең бе?

Мен үндемедим. Буннан бурын еки ирет өтирик айтып қутылғанман.

— Егер де,—деди ол тақмақлап сөйлеп,—бүгин де алдайтуғын болсаң,—ҳәзир өзиңди, оннан кейин ағаң

Яқыпты, барлық туўған-туўысқанларыңды атаман да жоқ етемен!

Мәдиярды енди өтирик айтып алдасам өзимниң де, туўған-туўысқанларымның да жоқ болып кететуғынлығына көзим жетти. Ҳақыйқатында сол ўақытта тәғдирим Мәдиярдың қолында тур еди. Жаман ойға да кеттим, илаж жоқ, қуралсызбан.

— Қайда баслайсаң? Жүр, кеттик!—дедим ақырында. Мениң усы гәпимди еситкен Мәдияр атынан секирип түсип қушақлады, маңлайымнан сүйди. Неге екенлигин билмеймен, даўыс шығармай солқылдап жылады. Усы ўақытлары екеўимиздиң бир жылға жуўық түрмеде отырғанымыз ядыма түсти. Бул 1927-жыл еди. Сонда нан усласып, дос болғанымыз оның да ядына түссе керек. Мен сол жылы Мәдиярдың сөзине ерип, оның бир урлығына қатнасқанман. Биреўдиң атын урлаған едик, екеўимиз де қамалдық.

— Мәтқурбан, ўәдеңнен жаңа шықтың, достым. Буннан былай өлсек те, тири болсақ та бирге болайық, қолыңды бер!...—Оның суўық алақанлары мениң қолыма тийди. Ел-халық, ағайин-туўысқанларды, өзимди тәрбиялаған ҳүкиметти таслап, усылай баспашы болдым,— деди Мәтқурбан суўық демин ишине тартып тағы жыламсырап.

* * *

Қантирсектен өткеннен кейин Устирттен төмен түсип, ықлап жүрдик. Бул аўыр жолда жүги азлаў семиз тайлақты сойып, қызыл қуўырдаққа тойып алдық. Аўысқан гөшин бөлисип, қоржынларға тықтық. «Бөри азығы жолында» дегендей бир күни түски ўақытлары Жыңғыллы тоғайға келип чай қайнатып ишип, аўқат асып жедик. Күн еле суўық. Ақша қарды ескектей есип киятырмыз. Атлардың жеми таўсыла баслаған еди.

— Мәдияр аға,—дәди Сапарбай оған жақынлаў келип,—мен қаптың түбин қағып, жемниң соңын атқа бердим. Енди не қылар екенбиз?

Қолын жуўып орнынан турып атырған Мәдияр мени шақырып:

— Анаў таўдың көк жырасын көрип турсаң ба?—деди үш-төрт шақырым батыс тәрептеги көк ала шайы сы-

патында жалт-жулт етип дөнип турған таўдың жыралы жийеклерине қарап.

— Аўа, көрип турман.

— Сониң арқа бетиндеги бөрикке усап, қарайып көринген жырада көмилген жүўери бар. Соны Шалатай менен барып әкелиң.

— Болады,—дедим мен атыма қарай жүрип баратырып. Аттың суўлығын салып атырғанымда, артымнан Мәдиярдың жекиринген даўысын еситтим. Бурылып қарасам, Шалатайға дәпинип тур екен.

— Жап-жас жигитсең, нең кетеди шаўып барып әкелгенде, — деди Мәдияр оған.

— Мен сениң қулың емеспен,—деди ол тикленип сөйлеп. Шалатай жасы жигирма бeслерге шыққан орта бойлы, қара торыдан келген ашыўшақ жигит еди. Оның бул гәпи Мәдиярға қатты тийди. Шалатайдың ағасы Жолман да жасы үлкеншилик етип, инисине ҳеш нәрсе айтпады. Сонлықтан Мәдияр оны атып таслаў ушын мылтығын қолына алды. Мәдиярдың аса қызып турғанын аңлаған Қылышбай дәрҳал қасына барып мылтығын услады, оған Мәтқурбан да көмеклести.

— Жибер, атаман: Гүмисбектиң аўзынан сарысы кетпеген жалатай баласына айтқанымды қылдыра алмасам, Мәдияр болып жүргенимниң не кереги бар?—деди қызып.

— Сабыр ет, «қыйсық ағаштың көлеңкеси де қыйсық» деген, сен оны жарақтың күши менен дүзете алмайсаң, — деди Қылышбай.

— «Ер жигит үйде туўылып, майданда өледи!» Жибериңлер, атысып-ақ өлейин,—деп соның арасында Шалатай да көтерилип кетти.

Мәдиярдың ашыўға бунындай болып жеңдиретуғынлығын мен бурын көрмеген едим. Бир сәтте сексеўилдиң шоғында қайнаған дүмшедей сақырлап күйип-писип:

— Жолға шықсаң, жолдасыңды таўып шық,—деген Мәдияр,—деди Мәтқурбан,—өзиңди сыйламаса, жаныңды қыйнама.—Жолман отызлардағы жигит еди. Мәдияр мылтықты көтергенде ол да отырған орнынан ушып турып, жыңғылға сүйеп қойған мылтығын алды. Бирақ ийтке айбат шеккен пышықтай, гә Мәдиярға, гә инисине жалтақлап қарап қояды. Себеби, ҳәмме Мәдиярдың тәрепинде еди. Көпшиликтиң тәўеллеси менен Мәдияр да тасып төгилген қазандай тез басылды.

— Мин атыңа!—деди Жолман инисине қабағын үйип қарап. Сөйтип, өзи де, қасындағылар да атланды.

— Жолман, сениң ашыўланатуғын орның жоқ, бир күн урыстың қырық күнге қырсығы бар деген. Ашыўды ақылға жеңдириў керек,—деди Қылышбай.

— Жасы уллы,—деди Жолман, ығарлап турып:— «Аўырыўын жасырған өледи» дегендей, мен жасырын сыр сақламайман.. Мәдияр бизди жек көреди. Буны көптен бери сезип жүрмен. Мен Мәдияр түўе, Шалтай ханға да басымды ийип, хызмет ислемеймен. Мәдияр бала емес ғой, сәл нәрсеге «атаман!»—деп мылтығын ала жуўыра берсе, аўыз бирлик бола ма? Өзимиз болсақ он-он бес адамбыз. «Айдағаның бес ешки, ысқырғаның жер жарады» дегендей, Мәдиярдың бул ҳәкиренлегенине биз көнбейтуғын адамбыз!—Жолман ғаз мойын, қайшы қулақ атына қамшы урып, шаўып, кетти. Басқалары оның соңына ерди. Олар қуйынлатып узап кеткен ўақытта Мәдияр:

— Қырып таслаў керек еди,—деп Қылышбайға бурылды.

— Сениң бул айтқаныңды Жолман аңсатлық пенен болдыра қоятуғын адам емес,—деди ол гүрсинип.

— Бесеўи бир жүрип үйренип қалған,—деди Мәтқурбан. Соңынан иреңжиў менен қабағын үйип турып: «қызбалықтың қырсығы усындай аўҳалларға ушыратады»,— деди Қылышбай ойланып сөйлеп.

Қылышбай Мәдиярдан төрт-бес жас үлкен, ойланып сөйлетуғын, ойланып ислейтуғын сум адам еди. Бурын Балабий, молла Үбби ҳәкимниң нөкери болғанлықтан басынан талай қыйын ҳәдийселерди кеширген түлкиниң бири. Ким биледи, егер Қылышбай араласпағанда да, аз ғана адам өзли-өзи қырылысыпта қаларма еди. Буның жақсы ақыбетине қуўанған Қылышбай:

— Биз жесир алып қайтыў ушын киятырмыз, ҳаялсыз Иранға бармаймыз, ҳаялдың жолы аўыр болады. Буннан былай ақыл менен ойланып ҳәрекет ислейик,— деди.

— Болады, Қылышбай аға, жесирдин жолы қанша аўыр болса да Қоңыраттың бир сулыўын, артыңа мингизбесем, маған өкпеле,—деп мырс етти Мәдияр өзиниң ерси ҳәрекетин мойынлаған болып.

* * *

Мен қолымдағы блокноттың соңғы бетлерин толтырып қалтамнан екиншисин алдым. Қызбалықтың қырсықлы ҳәдийсесин айтып болған Жарылқаған аға, баскийимин алып, қасына қойды. Сақал-мурты ала-буўрыл болған менен, шашлары тутас ағара баслаған. Оң қолын жоқары көтерип үлкен алақаны менен басын сыйпады. Биринши блокнотты толтырған тарийхый ўақыялардың ҳәммеси де усы бир аўыл дийханының ақ шашлы басына қалай сыйғанына ҳайран болып қарайман... Еле де ески уғымнан арыла қоймаған ақсақал усы бир шынлық қанлы жолды 46 жыл даўамында жасырып айтпай келгени де мени таңландырады. Бунын үстине сол бир жеркенишли өмир сырын избе-излилик пенен батыл айтып отыр. Мен Жарылқаған ағаға ишимнен ырзаман. Усы бир болып өткен шынлықты түсигин қалдырмай жазып алыўдан басқаны ҳәзир ойлап отырған жоқпан.

Жайдың ишин электр нуры жарқыратып тур. Биз гүрриңлесип отырғанда бағана жеңгей жағып кеткен. Жарылқаған аға алдындағы чайнектен чай қуйып ишти де «сууып қалыпты ғой» деп кесени орнына қойды. Оннан кейин маған қарап күлимсиреп:

— Ўақытты өткерип алыппан, қуптан оқып алсам қалай көресиз?—деди.

— Бул өз жумысың, ақсақал,—дедим оның кеўлине тиймейин деп. Ол орнынан турғанда мен де шамаллап сыртқа шықтым. Бираздан кейин қайтып келсем жайнамазын жыйнап атыр екен. Екинши бөлмеден келген Жумагүл жеңгей:

— Не қылдың, барған жериңнен аман қайттың ба?—деди бир бадия пуўы бурқыраған палаўды дәстурхан үстине қойып атырып.

— Еле қайта алмай атырман, кемпир. Чайың сууып кеткен екен, қайтадан ашшы етип демле. Аўқатқа тойып алғаннан кейин қайтыўдың илажын тезлетейин, сен де асығып турсаң ғой,—деп ол кемпири менен ҳәзиллесип алды. Бул гәпке мен де күлип жибердим.

Сары палаўды жеп, бир чайнектен көк чай ишип алдық. Жарылқаған ақсақал қарақустай қомланып отырып, әпсанасының кейнин және даўам етти...

## Жәнжелден кейин

Жәнжел болып екиге бөлингеннен кейин, түски ўақытлары бир шопанның қосында иркилиўге туўры келди. Жолманларда бул кәрада чай ишип түсленип отырған екен. Бизлер жақынлағаннан ,олар атларына минип көтериле баслады. Қылышбай менен Мәтқурбан излеринен жетип қосылыўды өтиниш еткен екен, Жолман «қалған кеўил шыққан жан менен барабар»—депти де кете берипти.

Бизлер де шопанның қасында иркилип чай иштик. Шопан узын, шырайлы, бетлестен келген, отызға жасы барып қалған түркмен жигити екен. Чай ишип отырған Мәдияр оннан:

— Тоғайың тынышлық па?—деп сорады.

— Ҳәзир қорқынышлы ҳеш нәрсе жоқ. Буннан бир ярым, еки ай бурын сизлерди излеген коммунарлар менен ЧОН отрядлары ызғып кетип еди. Бәри де меннен «баспашыларды көрдиң бе?»,—деп сорайды...

— Олар кимлер?—деди Мәдияр қабағын үйип.

— Ким болатуғын еди. Гөнедеги Әлийжан баслаған отызға жуўық коммунарлар еди. Усы дөгеректиң ҳәммесин он күндей тинтти. Олар кеткеннен кейин Хожелиден Темирғалиев, Бермағанбет Аманжолов баслаған отряд келип, бир ҳәптедей тағы усы қатарды аралады. Соңынан Қоңыраттан үш дүркин әскерлер келди. Дәслепки келген жигирмаға жақын орыс әскерлеринде атқа артқан қол пулеметлери бар еди. Қасқа жолға жақын тоғайда болып. Кантирсекке шекем барып қайтты.

— Мусылман жигитлеринен кимлерди таныйсаң?—деди Мәдияр асығып сөйлеп.

— Қайсы бирин айтаман, Қудайберген, Шонти бий, Таўжан, Мәтжан қотыр, Сыдық, Ешимбетлер бар еди. Бәри де сизлердей болып, усы жыңғыл қосқа түсип, чай ишип кетти.

— Бизлер ҳаққында не дедиң?

— Не деймен, көрсем көргенимди, көрмесем көрмегенимди айтамандағы.

— Бизге душпан екенсең ғой онда,—деди Мәдияр оны жақтырмағандай.

Онның бетине бурылып қараған шопан:

— Мен сизлерди жасырған менен олар инанбайды. Сизлер де солай, себеби мениң қосыма, болмаса усы

тәрепке келгенде атларыңыздың изи гүзар болып жатады, мен оны қалай жасыраман,—деди.

Мәдияр менен шопанның гәплерин Жуманазардың хабары бөлип жиберди. Ол гезеги бойынша бир шақырым қашықлықта қараўыллықта жүрген еди.

— Отызлаған түйеси бар кәрўан таўға қарап кетип баратыр, түйелериниң үстине артқан жүклери бар,—деди ҳаплығып.

— Кәрўанды иркиў керек,—деди Мәдияр орнынан ушып турып.—Жарылқаған менен Қыдырбай түйелерин алып кейнимизден жетер, басқаларың маған ериңлер.

Тез жолға шықтық. Отызлаған түйели адамлар усланған екен. Олар Гөнеден базарлап қайтып киятырған Үстирттиң Каспий теңизи жағында қыслап атырған қазақлардың адай руўының базаршылары еди. Ертеңине Үстирт таўының Бала әўлийе шығарлығы тусынан және жигирма бес түйели базаршы кәрўанлар усланды. Булар Хожелиге базарлап қайтып баратырған қазақтың табын руўларының адамлары екен. Еки күннен кейин Үстирт таўының Қараўымбет шығарлығында тағы да қазақтың табын руўының отыз түйели базаршылары таланды. Жуўери, тары ҳәм басқа да жүклер артылған кәрўанларын елиў шақырым қашықлыққа апартып, өзлерине жүклерди қумға көмдирип болғаннан кейин Мәдияр:

— Адамлар менен түйелерди не қыламыз?—деди.

Қылышбай Мәтқурбанға қарады, Мәтқурбан:

— Азат етиў керек, қайда кетсе, сонда кетсин, керегимизди алдық ғой,—деди.

— Адамларын атып таслаў керек,—деди Сапарбай қул тикленип сөйлеп,—бул қазақлар бизлерден қутылыўдан Қоңыратқа «таландық»,—деп айтып барады.

— Гәп мине усында болып тур,—деди Мәдияр.

Қарсыласпаған адамлардың қанын босқа төге бериўге шарият та қоспайды. Аларымызды алдық, не гүнасы бар булардың, жибериў керек деди Қылышбай. Мәтқурбан да Қылышбайдың бул сөзин мақуллады.

— Алыссаң атанды да алып урыў керек. Булар бизге дос емес, көзин жойып жибериў керек,—деди Мәдияр. Буны Сапарбай қул менен Жуманазар да мақуллады. Сол заматта тутқынлар топарынан бир адам бизлерге қарап жедел жүрип келе берди. Үлкен қара көзли, қыр

мурынлы, сақал-мурты аппақ, ат жақлы ғарры жақын келди де:

— Мәдияр қайсысыңыз боласыз?—деди.

Қылышбай ийеги менен оң жағында, алдырақта турған Мәдиярды нусқап көрсетти.

— Бас кеспек болса да тил кеспек жоқ шығар. Тыңла, Мәдияр иним, менин саған айтар арзым бар. Сөзимди сөйлеп болғаннан кейин, маған билгениңди ислей берерсең. Мен қыр қазағыман,—деп ғарры сөзин даўам етти, — атым Алпаўыт батыр деген. Арғы атам белгили Айшуўақ хан болады. Бизлер усыннан үш күнлик жолда Үстирттиң Тереңқудық деген жеринде қыслап атырмыз. Арғы мәканымыз бурынғы Оймаўыт, ҳәзирги Табын аўданы. Бай деген дизимде атымыз болғаны ушын кәмпескеден қорқып, ҳүкиметтен қашып жүрмиз. Аўылымызда қалған бала-шағаларымыз нан менен гөжеге зар болып отыр. Өткен гүзде де усы ала-сапыран болғанлықтан, базарлап, керегимизди алып қайтып баратырғанда сизлер таладыңлар. Кешегиниң алдындағы күни қаладан шыққаннан бери аўырып, түйениң үстинде бас көтермей жатыр едим. Буның үстине бүгин сизлерге тап болдық. Мен сизлерди дәслеп түркмен баспашылары шығар деп үмитсизленип киятыр едим. Көпшилиги өзбек жигитлери, Қоңыратлылар деген соң алдыларыңа келип турман. Қазақта «өзбек өз ағам» деген гәп бар. Жасың киши болса да «аға»—деп келдим, Мәдияр жан. Қәне, айтыңлар, биз қалай күн көремиз, бир тәрептен Совет ҳүкимети тықсырып искенже қысса, екинши тәрептен сизлер күн көрсетпесеңлер, бул қара жер үстинде бизге дос, көз жасымызды көретуғын адам болмағаны ма? Басымызға пананы Хорезм менен Түркмениң Қарақумынан, ары кетсе Ираннан излеп шыққанымызда, батырлар, айтыңлар, не болдық? Бизди тек бүгин емес, өткен жылдан бери талап атыр. Сизлер егер қудай жолын, ислам әрўағын қорғаўға шықсаңлар болшойлар менен урыспай, бизлердей мүсәпир базаршыларды талағаныңыз не? Бул уят емес пе? Бизди өлтирип, ертең о дүньяда қайсы бетиңиз бенен қанымыздан атлап, қыл көпирден аман өтпекшисизлер. Егер мусылман болсаңлар, бүгинниң де ертеңи бар, гүнасыз адамлардың қанына былғанбаңлар. Алған олжаларыңыз өзлериңиздики болсын, анаў үриккен кийиклердей үрпийисип турған сексенге жуўық жигитлердиң әкеси, анасы, ҳаял, баласы

үйлеринде жолларына айдай күтип қарап отыр. Ат минип, жарақ көтерип болшойбекке қарсы шыққан сизлердиң де туўған-туўысқанларыңыз, бала-шағаңыз бар шығар. Олар да бизлердикиндей күнде қудайдың жағасынан алып тилеклериңизди тилеп атырғанда, жазықсыз жанларды қыйнағанларыңыз дурыс па? Сизлердиң бул бассынғаныңызға мениң қорлығым келип тур,—деди ғәзепленген ғарры еки қоллап геўдесин ашып:—Алды менен мени атың,—деп, қублаға қарап, мойнына потасын салып, саққа жүгинип отырды. Ғаррының гәпи Мәдиярға күшли тәсир етсе керек.

— Ақсақал,—деди Мәдияр.—«Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табар» деген. Тез кейинине қайт. Жигитлериңиз азат. Бирақ, еки-үш түйеңизден басқасын алмаймыз. Сизлер де көликсиз қалмаң. Ал енди, қумға көмилген ғәлле хәм басқа да жүклер Шалтай ханның нөкерлери ушын керек, оны бермеймиз.

Алпаўыт ғарры ишинен гүбирлеп, бир нәрселерди айтып, оннан кейин ири даўысы менен узақ өмир, бахытлы жол тилеп бизлерге патиясын берди. Мәдияр алды менен қолын көтерип бетин сыйпады.

Базаршыларды босатқан соң Үстирттиң Пулжой қаласы тусынан қалың қамыслық көлге кирдик. Бул ғаррының пәтиясын алғаннан ертеңине сәске ўағы еди. Таў үстиндеги ызғырық артта қалып тоғайдың төрине ене бердик.

Қамыслы тоғай ишинде жүрип киятырмыз. Ақ тереклердей тикке шаншылған нар қамыслар алға барған сайын пашырлап сыныи олар мында деп жар салғандай бираз ўақыт зәрремизди ушырды. Уақыт өткен сайын үйренисип, қорқынышымыз пәсеңледи. Қалыңлық арасында киятырғанда, мениң ядыма Малшы көлиндеги болған ўақыялар түсти.

Нурбай түбек Малшы көлиниң күн батар арқа жағындағы Үргеге жақынлаў, ушы-қыйыры жоқ көлдиң терең түпкири екен. Гә муз үсти менен, гә қурғақшылық пенен дийдилеген жерге де жеттик. Бизлерди бул қараға баслап келген Мәдияр, қалың тоғайлы Нурбай түбекти бурыннан биледи екен. Айнала дөгерегин камыс қаплаған бир бийиклеў жердиң қубла етегине қоныс бастық. Нар қамысларды қушақ-қушақ орып әкелип, музга қалың етип төседик. Төрт-бес ағашты айландырып көмип, қыр дөгерегине түйеге артып киятырған шийлер-

ди тутып, иштен кийизлер менен орадық. Төселген қамыслардың үстине қабат-қабат кийиз жайдық. Ортада от жағыў ушын ашық орын қалдырылды. Буның бәрин де бизлер — жасы кишилер ислеп жүрмиз.

Қултан түспей-ақ, бул кәрада Қызылқумдағыдай жыллы қосымыз таяр болды. Қосымыздың күн батар жағындағы созылып жатырған арқашлаў жердиң төменги жийегине атларды қатара байладық. Усы жерде үш күн дем алып, бурын көрген жол азабын умыта басладық. Төртинши күни чай ишип болғанан кейин Мәдияр гәп баслады.

— Жигитлер, Шалтайға берген ўәдемиз бар, мине соның ушын да тез қайтыўға ҳәрекет етип, бир бирден жесир алып, усы кәраға жыйналыўымыз тийис. Егер ЧОН отрядларына, коммунарларға ушырассаңлар аяўшы болмаңлар. Алланың ҳақ иси ушын жанымызды мылтықтың аўзына байлап шыққанда өлсек те шейит болып кетемиз. Және бир нәрсени еслериңе саламан. Қашатуғын жаман ойы барлар ҳәзир айтсын, рухсат беремен, көптен азы, аздан сазы жақсы. Ал, маған билдирмей, қолайы келген пайытта түлкидей зытатуғынлар болса мынаў бес атар оның туқым теберигине шекем қуртады, — деп алдына кесе алып отырған мылтығын жоқары көтерди.

Оның бул гәпин Қылышбай менен Жуманазарлар мақуллады. Ҳәмме бираз ўақыт тым-тырыс отырдық.

— Не де болса, тез ҳәрекет етиўимиз керек,—деди Қылышбай басындағы қара шөгирмесин қос қоллап дүзетип болып, гүррениң қуйрығындай қара сақалын қысымлап услап.

— Бәримиз бир жүриўге болмайды, — деди Мәдияр Қылышбайға қарап. — Бөлек, бөлек болып шығамыз, сен Мәтқубан, Жуманазарды ертип Бирқулаққа барып қайтыңлар. Өз ҳаялларыңыз қолға түспесе, таңлап жүрмеңлер, басына жегде жамылған болса, атқа миңгестире бериңлер.

— Биз қараңғыда ҳәрекет етемиз. Қолымызға кемпир илинсе не қыламыз, — деди Жуманияз мырс етип күлип.

Бул гәп бизлерди шымшып алғандай болды. Ҳәммемиз де шақалақ атасып күлдик. Бул да көп ўақытлар өткеннен кейинги күлкимиз еди.

— Қурған аўларыңызға кемпирлер түссе Қара

қумдағы Абылла аға менен Сейтнияз қамарға апарып бересизлер, — деп күлди Мәдияр да эсте.

Буннан кейин Қылышбай менен Мәтқурбан, Жуманазар Алламбергенди атқосшы етип изине ертти де атланып кетти. Мәдияр, Пайзулла, мен қоста қалдық. Сапарбайлар кеткеннен кейин Мәдияр бесатарының шақпағын алып, майлап, тазалап болды да, белиндеги қатардан бес оқты салып, қапталына қойды. Сөйтип, от жағып жүрген маған:

— Жарылқаған, кешке шекем қараўыл бол, узағырақтан айлан. Отряд-сотряд көрсең тез маған хабар бер. Ал, Пайзулла, сен түйениң өркешлерин салып ғөш ас, мен бир майдан қыйсайып алайын, — деди. Мен мылтығымды алып, атыма қарап жүрдим.

Хә демей-ақ Нурбай түбектиң сийреклеў қамысларының арасына кирдим. Түски ўақытлары Нурбай түбектиң үстин қаплаған қалың булытлар батыс бетке серпилип кетти. Сол ўақытта таў жийеклериниң думанлы булдыр пердесин биреў жулып алып кеткендей көк таслы, қарлы жыралар жарық-журық етип шыға келди. Бир-өзим жүргеннен кейин «Қашсам қалай болар екен» деген ой пайда болды. Туўып өскен аўылым, ата-анам, иним көз алдымнан кетпей-ақ қойды. Мен ат суўғарыўға кеткенде сол сапары қырман басында қалған Әсен де «қайда кеттиң?» деп мени қол былғап шақырып турғандай бола берди. Бизиң гөне хәўлиниң күн батар жағындағы қоңсымыздың ер жетип отырған қызы да дәрўазасынан сығалап жүрген сыяқлы. Қоңырат қаласында сырнай шертилип, адамлар қызыл жалаў көтерип, көшелерде сап дүзип баратырғанға усап кетти. Сонлықтан, қамыстың арасынан шығып тикке Қоңыратқа қарап қәдем басқым келди. Бирақ, Мәдиярдың «егер қашсаң тұқым-теберигиң менен қуртаман, меннен қутылсаң хүкиметтиң өзи-ақ басыңды шаўып, гейденди үкиге тығады» деген сөзи мазамды қашыра берди. Бизлерден қашып кеткенлердиң хәммесин де «үйге басып», жақында атып таслапты, деген сөзлерди еситкен едим. Бул мениң қашыў ҳаққындағы ойыма таўдай тосқын бола берди.

Аңшының қақпанына түскен кийиктей көзим жаўдырап ойланып турғанымда, ақ жал торым және селк етип, үркип, пысқырып, бир нәрседен сезикленгендей басын бурып қулағын тикти. Атымның басы бурылған

тәрепке қарасам, жақын жерде, қамыслардың арасында ала шубар әжайып бир нәрсе кетип баратыр екен. «Жолбарыс» деген қорқыныш денемди түршиктирип жиберди. Ийинимдеги мылтығымды алып, атпақшы болып гезенгенимде, Мәдиярдың «душпанды көргенде балалық етип оқ атып жүрме» дегени ядыма түсип, бул қарадан қашықлаўға асықтым.

* * *

Жолбарысты көргеннен соң ол кәрадан қашыңқырап күн батыс тәрепке кеттим. Ҳәр қыйлы ойлардың басына барып кеште қосқа айналып келдим. Мәдияр аўқатын жеп болып қуптан намазын оқып тур екен. Пайзулланың басында бөрки, үстинде шапаны болмаса ҳаялдың нағыз өзи болып қалыпты. Бир дизерлеп қазанның басында отырып маған аўқат салып атыр.

— Қолыңды тез жуў, суўып кетер, гөши көп. Палаўдан кем емес, оңашада тойып ал, — деди мениң алдыма бир табақ жүўери гөжени қойып. Қолымды жуўып, киши-гирим табақты алдыма алдым. Түйениң сом гөшлерин туўрап, оң қолымның бес саўсағын терең батырып «жүўери палаўды» қуныға жей басладым.

Бирдейине атланыста жүргенликтен аўқаттың бул түри писириўге аңсат болатуғын еди. Қайсы жерге келип қонсақ та түйеге таңылған кели менен келсапты шешип алып, ат жеми жүўериден түйгишлеп, қаўызын кетирип, желпип-желпип шаңынан айырып, бир қайнаған гөшли қазанға саламыз. Гөштиң ширеси менен суўды өзине тартып алған жүўери гүриштей бөртип, пискен соң қойыўланады да аўызға салсаң таңлайыңда пал татыйды. Буны Мәдияр бир өзи баспашылық етип жүргенде көшпели қазақлардан, түркмен шопанларынан үйренипти.

Мен «жүўери палаўды» жеп бола келгенде Мәдияр намазын оқып болды. Астына жайған сыртқы шекпенин ийнине жамылып, ошақтың басына келди. Пайзулла сақырлап қайнап турған дүмшеден чай демлеп берди.

— Пайзулла, атлар менен, түйелерди суўғарып, жем бериң, — деди Мәдияр чайды кесеге қуйып қайтарып отырып. Оннан кейин маған қарап:

— Айнала-дөгерек тынышлық па? — деди. Ол усы гәпти айтқанда маған тикленип қарамастан, көп уйық-

лап исиигеи қабақларының астынан қой көзлерин қадады.

— Ҳеш ким көринген жоқ.

— Ал, бирли-ярым әскерлерди көргенде не қылар един?

— Сизге айтып келемен.

— Әне, соның маған жақпайды. Дәўдей бойыңа қарап, биринши көргенде «батыр жигит шығар», — деп қәтелескен екенмен. Барып турған ләўзе, поррық екенсең.

— Өзиңиз ғой усылай қыл-деген,-деп ашыўландым. Адамгершилик намысымды қорлап айтқан оның сөзлери жаныма батып кетти. Аўылда өзиме теңлес бир баланы да бетиме қаратып көрмеген едим, гүрессем жықтым, төбелессем сабадым. Сөйтип усы ўақытқа шекем ҳүрметлеген басшыма қатты иренжип, Мәдиярға тикленип қарағанымды өзим де аңламай қалдым.

— Ҳаў бала, көзлериң қан таласып кетти ғой. Мен саған бул гәпти «жанына батсын», — деп жорта айтып едим, Жарылқаған. Солай болыўың керек, — деп Мәдияр ақ кеўлин ашып күлди. — Ҳәзир ҳақыйқат тасты талқанлап, темирди үзетуғын ўағың усы, — деп суўыңқыраған чайды бир жутып болғаннан кейин және маған бурылды:

— Сениң менен сөйлесемен, — деп, ядыма өткен бир ўақыя түсип кетти. Саған соны айтып берейин. Итимал, меннен үлги аларсаң. Буннан он бес жыл бурын Қоңыратты Қошымбет ханның қарақшылары басып алды. Қаланы талады, өртеди. Бийдиң нөкерлери бес жүз атлы баспашыларға төтепки бере алмайтуғын болғаннан кейин Таллықтан өтип, атаўларға жасырынды. Қаланың байлары, саўдагерлери нөкерлерден бурын қашты. Бул гүздиң күнлери еди. Қаланың күн батар арқа жағындағы Қанжығалы аўылының бир шетинде бизиң жайымыз болды. Бала-шағаны Таллықтан өткермекши болып кетип баратырған әкем Төре маған:

— Баспашылар сәл басылса, түйегинди айдай бер, дөгеректен шаўқым шықса, өгизлериңди қалыңлыққа жасырып, өзиң де көринбегейсең, — деп тапсырды. Әкемниң айтқанын ислеп, жүўери қырманды түйеклеп жүргенимде еки атлы баспашы келип қалды. Өгизлерди жасырыўға үлгере алмадым. Мен түйекти айдай бер-

дим. Олар атларынан түсип, қырмандағы жүўерини көрди де тап мениң әкемдей:

— Еки күнге шекем айдап бол, — дегендей бир нәрселерди айтып, атланып кетип қалды. Гәплерине онша түсинбегенликтен, мен «енди келмейди ғой» деп, қорыққанды қойып түйекти айдай бердим. Еки күн өткеннен кейин екеўи түски ўақытлары және келди. Минген қара торы арғымақлары ақ көбик, өзлериниң үсти-басы шаң, уйқы көрмеген болыўы керек, көзлери шүңирейип кеткен.

Атларын теректиң саясына байлап маған чай қайнатып бериўди буйырды. Өзлери қырманның қасындағы мениң болып атырған қосымдағы гөне кийизди теректиң саясына жайып, шоқайларын шешип, дем алды. Мениң чай қайнататуғын ошағым да олар жатқан жерге жақын еди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ олар уйықлап қалды. Мылтықлары бас ушында терекке сүйеўли тур, қатарлары қасында. Қәйин атасының үйине келгендей еркин жатыр.

Кем-кемнен ҳәм қорқып, ҳәм ҳәўлирип баратырман. Көзим мылтықларда. Не ислсўим керек? Мылтықты алып, атқа минип, қашыўым керек пе, ямаса өлтирип болып кетсем бе екен?

Қысымлап киятырған қурғақ шөпшекти тасладым да, дәрҳал еки қолым менен сүйеўли турған еки мылтықты алып қасыма апардым. Еки көзим соларда. Биреўи бетине қонған шыбынды қақты, бирақ көзин ашпады. Мылтықлары оқлаўлы екен. Жақын келдим де, шетте жатырған қысық шеке, сүйир мурынлы, қара қапа сақаллыны жүрегинен байлап аттым. Ол шоршып аўдарылып түскенде, қасындағы теке сақаллы, узын арық киси ушып турып, мылтығына умтылды. Қолына талдың шақасы илинди. Ала көзлери аўдарылып маған тәп бергенде, қолымдағы бесатар және гүрп етти. Ийнеликтей узын баспашы тенселип турды да сақырлап қайнап атырған қуманның үстине қулады.

Еки қатар оқты, еки мылтықты алып торыға минип, тура қаштым. Сол қашқаннан Таллық өзегинен өтип, атаўдағы қалыңлыққа жасырындым. Қошымбет хан мени көп излеттирипти, бирақ таба алмады. Олар биротала кеткеннен кейин, Қоңыратқа қайтып келдим. Бул мениң он тоғыз жасымда ислеген дәслепки ерлигим. Жарылқаған, — деди Мәдияр. Мен қатты ойлан-

дым, — Ерликтиң атасы батырлық, батырлықтың атасы шаққанлық, шаққанлықтың атасы реймсизлик. Рети келгенде душпаның түўе, досыңа да реймсиз болыўың керек.

Ол бул сөзлерди айтқанда ошақтағы қамыстың шоғы сөнип, айнала дөгерек қараңғылана баслаған еди.

Мен кийизге оранып жатып Мәдиярдың «душпаныңа да, достыңа да реймсиз болыўың керек» деген сөзин және есиме түсирдим. Бул оның маған айтқан ақылы еди. Усыған түсинбей узақ ўақыт ойланып уйқыламай жаттым.

## Қанлы жол

Азанда Пайзулла да қараўыллықтан қайтып келди. Оның кийген тонының жағасындағы жүнлерине қыраў қатып қалыпты. Жасы жигирма беслерге келген орта бойлы, жалпақ бетли бул қара пәрең жигит Ешкелди аўылынан еди. Ата-бабасы жарлы дийханлардан, өзи де дийханшылық пенен кәсип еткен. Ол Сапарбайдың мәккарлығы менен баспашыларға дәслепки күнлериақ қосылған еди.

— Бүгин түн суўық болды, — деди ол атынан түсип келип, отқа қолын шаўлап атырып.

— Қудай да бизге қастын тигип тур, — деди Мәдияр азанғы намазын оқып болып, оттың басына келип отырып, — бир-бирден ҳаял алып кеткенше, күнди жылытқанда не қылады екен? Тоңғаныма қарамастан силейип уйқылаппан.

— Қысы қатты болса, жазы ыссы болады дейди ғой, — деди Пайзулла.

— Бизлер Иранға өтип кеткеннен кейин, Қоңырат ыссы болмақ түўе неге жанып кетпейди, — деди Мәдияр уйқыдан домбыққан бетлерин сурланып.

Мәдиярдың сәл нәрсеге тасып төгилген қазандай көтерилетуғынын билетуғын екеўимиз де үндемей отыра бердик. Буннан кейин оның да сөз бенен иси болмады. Атлардың үстиндеги жабыўларын алып аз ўақыт шамаллатып, қайта ертлеп, үкиден суўғарып келдик. Келсек Мәдияр қызыл былғары етигиниң сөтилген сирисин тигип отыр екен.

Түс ўағында саў етип Сапарбайлар жетип келди. Бир нәрсеге ашыўланғанда, оның қара пәрең жүзи

түтеп, үлкен қара көзлери шатынап туратуғын еди. Атынан түсип киятырғанда-ақ оның қатаң ашыўлы екенин сездим. Мәдиярдан алты-жети жас үлкен, бурын Балабийдиң нөкери болған Сапарбайдың шығысы иранлы еди. Ерте заманлары ата-бабалары урыста тутқын болып түскен. Жора-жолдаслары «Сапарбай қул», «Сапалақ» — деп атап кеткен. Ол мурны орақтай иймийип, қалың қара мурты аўзын жаўып, еңсеси түсип:

— Мәдияр, — деди саққа жүгинип отырып, тез-тез ҳаплығып сөйлеп, — ат минип, жарақ көтерип жүргеним қурсын, ҳаялым кетип қалыпты. Ағайын-туўғанларымды ОГПУ қалаға апарып, еки ай түрмеге салып азаплапты. Жақында аўылға милиционерлер, коммунарлар келип, түнде жайдың пәтигинен «мен» болып шақырған. Ҳеш қайсысы шықпағаннан кейин, азанда қалаға және алып кеткен. Еки күн азап-ақырет берип Мәдияр менен Сапарбайды услап бермесеңлер атамыз, — деп қорқытқан, — деди.

— Не дейди, сениң бала-шағаң менен не иси бар екен? — деди Мәдияр оның сөзин бөлип, бақырып жиберди. Сапарбайдың оң жағында отырған узын, арық Ернияз қорыққаннан селк ете қалды. — Жатқан жыланның қуйрығын басайын деп жүрген екен олар. Балшойбеклердиң бәрин де қыраман, жоқ етемен, — деп бақырды Мәдияр. Сапарбайға да усы керек еди. Сумлығы басым Сапарбай өзиниң ойлаған мақсетине енди ерисетуғынлығына көзи жетип:

— Нурбай түбекте буғып жатыўға болмайды. Жумагүл де бизиң аўылға күйеўге шығыпты,—деди.

— Ким дейсең?—Мәдияр тикленип қарады.

— Сизиң ҳаялыңыз. «Союз қосшының» баслығы Қудайберген Дүйсенов дегенге тийипти.

— Және қандай хабар бар? — деди ол төбесинен муздай суў қуйылғандай.

— Бәҳәр шыға колхоз болатуғын қусайды. Жаслар шөлкеми деген де дүзилген. Оның баслығы Дәўкен Жарылқапов деген аўылдың жас жигити. Ол саўатын толық ашып алыў ушын бизиң аўылда түнги курста оқыйды екен.

— Отряд жоқ па?

— Ҳәр ҳәптеде бир ирет қаладан келип туратуғын қусайды. Бирақ Ернияз деген бир коммунар аўылды

күни-түни қараўыллап жүреди екен. Тасқынбай деген комсомол жигит Ешкелди аўылында жаңадан жаслар шөлкемин дүзип, өзи усы шөлкемниң баслығы болыпты. Усы аўылда «Ленин жолы» атлы колхоз дүзбекши болып атырса керек.

— Екеўин де неге өлтирип келмедиңлер?

— Усы аўҳалларды сизге айтып ойласыўды мақул көрдик, — деди Сапарбай.

— Ҳә, яқшы болыпты, онда, — деди де Мәдияр муртын таўлап қойып, орнынан турып маған қарап: — Пайзулла екеўиңиз қоста қалып, қараўыллық етесиз. Бизлер Сапарбай, Ернияз, Қыдырбай төртеўимиз Бақсы аўылына атланамыз. Биз жоқта әскерлер келсе, аянбаңлар. Екеўиңниң де ерлик ислейтуғын ўақытларың жетти, енди, — деп Мәдияр қабағын үйди. Оның сур көзлери қанталап еринлери жыбырлады.

Бет әлпетинен қандай да бир қорқынышлы ўақыяның дереги сезилип турған сияқлы.

* * *

Бақсы аўылы Қоңырат қаласының арқа күн батар жағында 18-20 шақырым қашықлықта еди. Бууракан ата деген мазарлықтың айнала дөгерегинде Сарсаң, Ешкелди, Бақсы, Нөкис, Ноғай, Ештеке аўыллары бар еди. Булардан арқада Сағыр, Керейит, күн шығысқа таман Ақноғай, Қойлан ноғай, қубла тәрепте Қамар, Қәндекли, Қутым аўыллары жайласқан. Өткен жылғы көтерилген баспашылардың көпшилиги усы аўыллардан шыққан еди. Қанжап пенен Бүйирли жаптың арасындағы кеңисликте Бақсы ҳәм Ешкелди аўылы бирбирине сыбайлас қонған еди. Мәдиярлар Нурбай түбектен атланып кеткеннен кейин усы аўылды шабады. Мен буны баспашылардан қайтып келгеннен кейин, өз көзи менен көрген, аўыл адамларынан толық еситтим. Солардың сөзи бойынша айтып берейин.

Бақсы аўылының маллары паладан ерте қайтады. Аўылдың күн батар тәрепинен қуптан намазын оқыған molланың да даўысы шығып турады. Күн жыллылаў болды. Моржалардан шыққан түтин узын ақ тереклердей тикке жоқары көтериледи. Сол сапары ораза тутқан ғаррылар менен кемпирлер аўыз ашарға отырған ўақыт екен. Есигиниң маңлайшасына қадалған қызыл

жалаў желбиреп турған Жарылқаптың жайына түнги курста оқыйтуғын жаслар жыйнала баслайды. Қәлем, қағазын қолына услап келген келте бойлы, сары сынлы, арқасы қунышлаў балаға күлимлеп қарап турған Дәўкен:

— Сейтмамут, жасың нешеде? — деп сорайды.

— Он төртте.

— Комсомолға еле жаслаў екенсең.

— Арба айдайман, атқа минип шаба аламан. Сонда жас боламан ба? — дейди ол.

— Ойласып көрермиз, көпшилик мақул десе, жаслар шөлкемине ағза етип аламыз.

— Азмаз саўатымды ашып алайын, — деп Сейтмамут күледи.

— Сейтмамут, — дейди Дәўкен және. — Сениң әкең Алламберген жақсы киси ғой, Сапарбай баспашы алып кетпекши болғанда бармай қалыпты. Атаң бақсы болғанлықтан аўылымыз «бақсы аўылы» атанып кетти. Атаңдай сен де дуўтар шертип дәстан айта аласаң ба?

— Еплеп, — дейди Сейтмамут күлип.

— Ата кәсибинди үйрен, Ештеке аўылына бақсы боласаң, оннан кейин ол елат «бала бақсы» аўылы болып кетеди.

Бул сөзлерди ҳәзил ретинде айтып турған Дәўкен бираз ўақыт ойланып қалды. Орта бойлы, бийдай иреннен келген он тоғыз жастағы комсомол шөлкеминиң секретарының сулыўшық жүзинен қандай да бир иренжиў кейиплери сезилип турады.

— Бир жериң аўырып турған жоқ па, Дәўкен аға? — деп сорайды Сейтмамут оннан:

— Хеш гәп, — дейди оған Дәўкен күле шырай менен бурылып, — бүгин оқымай-ақ қойсақ деймен.

— Неге, мен өз атымды жаза алатуғын болдым. Оқый берейик. — Усы гәплерди айтып турған Сейтмамутқа шөлкем секретары бир күлип қарап қояды да басқа гәп айтпайды.

Сол ўақытта узын бойлы арық, жасы он сегизлер шамасындағы бала жигит булардың қасына келеди. Бул Дәўкенниң қыз апасы Айжанның иниси Орынбай еди. Жетим қалған Орынбай көп ўақыттан бери оның менен бирге ойнап, бирге өскен бала.

Аўыл дийханы Дәўкенниң әкеси Жарылқап еки жа-

йының бирин түнги курс мектебине берген еди. Китапларын қолтығына қысқан Орынбай күлип сөйлеп:

— Сеслерди қосып жазыўға енди жақсы түсинетуғын болдым. Мынаны көриңлер, — деп әлиппесиниң арасынан дәптерин алып Дәўкен менен Сейтмамутқа усынады. Оның дәптериниң бетинен «Айман апам нан берди» деген сөзге көзи түскен Дәўкен Сейтмамут «саўатың «ғаўлап» кетипти ғой», — деп күледи.

— Латынша, арапшадан қыйын емес екен, басқа сөзлерди де жазаман, — дейди ол қуўанып.

— Ленин, деп жаз, қәне?

Арқасын тамға сүйеп отырып, қәлемниң ушын тилине тийгизип дәслеп, «Л» ҳәрипин салады, оннан кейин басқа ҳәриплерди де хатқа түсиреди.

— Сәл қәтерек жаздың, — деп Дәўкен «Лилин» емес Ленин деп «Л» ның кейининдеги «И» ҳәрибин «е» ҳәрибине өзгертип «Л» ны үлкейтип, — адамның аты бас ҳәрип пенен жазылады, — деп ескертеди.

— Ленин,—дедим. Өзиниң дурыслаў жазбағанына қысынған Орынбайдың шырайы тандырдан шыққан шөректей қызарады.

Мектеп алдына оқыўшылар жыйнала баслайды. Келип қосылып атырғанлардың арасында қызыл жийекли шапан кийген Хожабай Төреев те күлимсиреп турады. Ол ҳәр дайым жолдасларына қосылғанда буўдай иреңи шырайланып, қап-қара көзлери нурға толып кететуғын бала екен. Қаладан жақында сатып алған шәпкесин бир шекесине басып кийген Ережеп те изине ерип келеди. Хожабай он тоғызда, ал, Ережеп он жетиге жаңа шыққан екен.

— Төреевлерди бир-бирине байлап қойған сыйқырлы жип бар ма деймен, қашан көрсең тиркеседи де жүреди, — дейди, Орынбай күлип. Ережеп дәрҳал оған:

— Сен де жетим шожедей Дәўкеннен қалмайсаң ғой, — дегенде бул жерде турғанлар ўаҳаҳаласып күлиседи.

— Жетим шоже қораз болып тумсығыңды шоқып алар еле, — дейди Орынбай.

— Сен қораз болғанда, мени мәкийен болып жүре береди деп ойлайсаң ба?

Ережептиң бул гәпине жыйналып турғанлар тағы

күлиседи. Оқыўшылардың көпшилиги келип болғаннан кейин ҳәмме классқа киреди.

Қараңғы түсе баслайды. Бираздан кейин үстине сур плащ кийген, қундыз дегелейли, арықлаў ақ қуба жигит биреўлер менен сөйлесип, Дәукенге жақын келеди. Бул түнги курс мектебиниң оқытыўшысы Атабай Шәрибаев еди. Атабай қаладан келип, аўыл жасларын оқытып тәрбиялап атырған сол ўақытлардағы саўатлы қарақалпақ жигитлериниң бири болған.

— Дурыс айтасаң, буныңдай шеттеги аўылларда усындай қәўесетли күнлери жарақсыз жүриўге болмайды. Ертең мен де қалаға бармақшыман. Азанда иркиле тур, бирге кетемиз. Районға барғаннан соң райкомға, ОГПУ ге бирге барамыз. Аўылдағы сыпсыңды айтамыз. Жәмийетлик жумысларды алып барыў исиниң қәўипли екенлигин билдирейик.

— Болады, — дейди Атабайдың қасындағы түлки малақайлы, орта бойлы жигит. Оның усы аўыллардағы актив комсомоллардың бири — Тасқынбай Байзақов деген жигит екенлигин Дәукен таныйды.

— Қайда барасаң, достым? — дейди Дәукен.

— Сен еситтиң бе, кеше түнде усы еки аўылға баспашылар келип кетипти ғой, — деп сыбырлайды.

— Азмаз хабарым бар, бул ҳаяллардың сыпсыңы емеспекен?

— Олар өтирик айтпайды, Сапарбай төрт атлы менен Ешкелдиге келип үйинде болған. Мен сол аўылға баратырман анығын билмекшимен. Егер келгени ырас болса, районға тез хабар беремен. — Бул гәплерди ол сыбырлап айтып Ешкелди аўылына апаратуғын жолға түседи.

— Сениң буннан хабарың бар ма? — деп сорайды Шәрибаев ол узағаннан кейин.

— Анығын билмеймен, баспашылардың туўысқанларының қоңсылары айтты, — деген гәп бар.

— Еки-үш айдан бери бундай қәўесет жоқ еди, жер астынан шыққандай бир жақтан қайтып келген шығар қанхорлар.

— Не қыласаң, оқытасаң ба? — дейди Дәукен.

— Бүгинше оқытайын, ертең Қоңыратқа барып бир илажын ислермиз.

Муғаллим менен класс баслығы ишке кирип бара-

тырғанда, узақта үрген иттиң сести шығады, бирақ олар буны аңламайды.

* * *

Түн пердесин жамылған төрт атлы Бақсы аўылына жақынлап қалған еди. Шеттеги үйлердиң итлери де буларға үрип «сақланыңлар» дегендей шабаланлайды. Бирақ буны ҳеш ким ескермейди. Себеби, ҳәмме үйлерине кирип кешки өз хожалығының гүмирашылығы менен болып атырған еди.

Бақсы аўылының күн батар тәрепиндеги қос теректиң астына келип тоқтаған Мәдияр қасындағы Сапарбайға:

— Қараўыл ,коммунар қайда турады? — деп сорайды сыбырлап.

— Анаў шетки әйнегинен от көринип турған кишкене тамда.

— Шетте болғаны да тәўир болды ғой. Алды менен соны, оннан кейин Жумагүл менен Дүйсенди жоқ етиў керек. Олардың үйи қайда?

— Қараўылдыкине жақын турады.

— Биринши ўазыйпа, — дейди Мәдияр, — усы еки үйди отқа суў қуйғандай етиў керек. Сыртта мылтық атыўшы болмаңлар, пүткил аўылды шоршындырып аламыз.

Буннан кейин олар атларын жетеклеп қараўылдың үйине қарап жүрди. Әйнеклери қублаға қараған жайдың алдына келген Мәдияр менен Сапарбай сырттан пештиң текшесинде жанып турған шыраны, төменде аўзы ашылып уйқылап атырған семизлеў адамды көреди. Мылтығы төрдеги ағаш кроватьқа сүйеўли тур екен. Пештиң қасындағы бесиктиң үсти қызыл атлас пенен жабылған. Ошақтың қасында жасы жигирма бир-жигирма екилерге келген қызыл шырайлы, қара көзли келиншек қазандағы аўқаттың дузын көрип тур. Басына жуқа орамал, үстине жаңа айдыллыдан көйлек кийген жас келиншек бесикте уйқылап жатырған баласына бир қарап қойып отырды. Оны көргенде Мәдиярдың денеси қалтырап, тамды айналып, ишке кирип:

— Коммунардың оянатуғын ўақыты болған жоқ па? — деди Мәдияр ҳеш нәрсе билмейтуғындай ҳийлекерлик пенен. Ҳаўлығып, ҳүрейи ушып кеткен ҳаял

не қыларын билмей, турған жеринде қатып қалады. Коммунар басын көтере бергенде, Мәдиярдың артында турған Сапарбай оқ атты. Коммунардың аўзынан тили салақлап шыққанда, Мәдияр талтаңлап барып қонышындағы қанжарды суўырып алып, ерни менен тилин қоса кесип таслайды.

Қәпелимде болған бул ҳәдийсени көрип турған келиншек, бетин басып бақырған ўақытта, Мәдияр оның қулақ шекесине шаппат пенен тартып жиберди.

Ес-түссиз талып қулаған келиншекти Мәдияр көтерип алып, Ернияздың алдына берип, аўзына орамал тығып таслады. Буннан кейин тез Дүйсенниң үйине кетти. Есик ашық, үйден ҳеш кимди таба алмайды.

Бурынғы күйеўинен қәўпи күшли Жумагүл күндиз уйқылап, күнде өзин сергек услайтуғын болған. Атлардың дүбирин еситкеннен ол зып етип, сыртқа шығып, қораны айналып жасырынып кеткен. Соңғы күйеўи болса, сол күни түсте Қоңыратқа кеткен екен. Дүйсен менен Жумагүлди қосақлап атпақшы болған Мәдияр иштен гүрсинип шығып, Сапарбайға «түнги курсқа қарап басла!» — дейди. Бул ўақытта оқыўшылар муғаллимниң қара тахтаға жазған сөзлерин көширип отырған еди. Муғаллим Мәдияр менен Сапарбайға анық көринип турады. Он төрт курсант төрден есикке қарап шыптаның үстинде отыр, алдыларында китаплары, дәптерлери, қолларында қәлемлери...

— Бүгинги сабағымызда, — дейди Шәрибаев порды оң қолына услап турып, — гәп Ленин ҳаққында болады.

Буннан кейин тахтаға бас ҳәрип пенен «Уллы Ленин мийнеткеш халықтың көсеми»—деп жазып қойып оқыўшыларға бурылады.

— Уллы Ленин бизиң көсемимиз, бизиң бахытымыз.. Муғаллим кейинги сөзлерин даўам ете алмай-ақ ишке кирип келген түри басқа адамларға таңланып қарады. Мине, усы мәҳәлде мылтықлар изли-изинен гүрпилдейди. Бирinши оқ муғаллимге, екиншиси Хожабайға, үшиншиси Ережепке тийеди.

Кишкене жайдың иши астан-кестен... Ошаққа сүйенип отырған жап-жас Сейтмамут шеп қолының қарынан оқ тийгенде, шыраны қағып қулатып жерге түсирди. Зәрреси ушқан бир қанша оқыўшылар пештиң қуўысына тығылып қалды. Мәдиярлар пештиң қуўысын үсти-үстине атқылады.

Мәдияр менен Сапарбайдың көзлерине қан толып қутырғаны соншелли, екеўи қатар турып есик жақта отырған Базарбай менен Оразбайдың еңселеринен басып аяқларын тиреп турып ата берген. Арқасына, басларына оқтан босаған патронлар түсип, екеўи жер құшақлап ҳәрекетсиз қалған. Мәдияр менен Сапарбай қызыў ўағында буларды да атқанбыз деп ойлаған.

Түнги курс мектебин қанға бояған Мәдияр, Сапарбай менен Аллаярлар өзли-өзи күлисип қуўанысып кетти. Ал, атылған бийгүналардың көпшилиги Сапарбайға, Аллаярға жекжат дийханлардың жас өспирим балалары еди.

* * *

Жерде қар бар. Февраль айының аязлы ақшамы. Вақсы аўылы ушын қаралы ҳәдийсе болды. Арқа жақтан ескен суўық самал үн қосысып жыласқан аналардың қайғысына қайғы қосқан сыяқлы қатты ызғырады.

Муғаллими Атабай Шәрибаев ыйығы менен санынан аўыр жараланған екен. Ол ат арба менен тез қалаға жиберилди. Комсомол шөлкеминиң секретары Дәўкен Жарылқапов пенен оның иниси Орынбай сол ўақытта-ақ жан тапсырған екен. Ағалы-инили Хожабай менен Ережеплердиң де геўдесинен оқ тийген. Курсантлар Өтемурат Сапарниязов, Төребай Өтегенов, Жапақ Мәдияровлар да апатқа ушырап, барлығы да таң атпай үйлерине жеткерилген.

Кеше кеште оқыўға кеткен балаларының тосаттан бундай сумлықлы ўақыяға дуўшакер болыўы олардың аналары менен аталарын, туўған-туўысқанларын әжел қайғысына туншықтырады. Түнде атылған Тасқынбай Байзақовты да сәске ўағында еки аўылдың арасындағы жолға жақын салманың ишинен таўып алып үйине апарады.

Қараўыл Ернияз қаладан келиўден ҳаялы Ырысбийкеге «сен аўқат таярлай бер, мен көз илиндирип алайын, түни менен уйқыламайман ғой» деп, дем алып отырғанда апатқа ушырайды. Ким биледи, Ернияз сергек болғанда бундай аўыр жағдайларға өзи де, аўылы да дуўшакер болмаған болар ма еди, әлле қәйтер еди?

Түнги курс мектебинде оқып атырған Бақсы аўылының колхозға ықтияры менен кириўге таярланып атырған қаллаш дийхан балаларының көпшилиги комсомол жаслар екен. Сол сапары мектепке келген он төрт баланың оқ тийгенлеринен биреўи ғана — Сейтмурат оң қолынан жараланған. Қалғанлары сеспей қатқан. Тилеўмурат Нарбаев, Орынбай Сейтмуратов, Базарбай Хожаниязовлар шыра сөнгеннен кейин ғапылда аман қалған.

Усы кәрәда айтайын дегеним — Сейтмамут Алламбергенов ҳәзир көп болса алпыстан асып жүрген шығар. Шоманай районының Киров атындағы совхозының «XXI-партсъезд» бөлиминиң № 1-бригадасында турады. Оразбай Өтебаев жетписке шамаласып қалған, ол да усы бөлимниң № 3-бригадасында турады. Орынбай Хожаниязов Ўатандарлық урысқа кетип, соннан қайтып келмеди, үй-иши қазаланғаны жөнинде қара қағаз алды. Базарбай Хожаниязов болса Төрткүлде, соңынан Ташкентте оқып келип, өз аўылында узақ жыллар даўамында муғаллим болып 1967-жылы дүньядан қайтты. Бала-шағасы усы «XXI-партсъезд» бөлиминде жасап атыр. Ҳаялы Оразгүл ҳәзир бар. Қызы Әзийза совхоздағы туўыў үйиниң акушеркасы. Тәңирберген деген баласы да бар.

Сөйтип баяғы гәптиң кейинин айтайын. Таң алдында берилген хабар менен Қоңыраттан отызлаған атлы коммунарлар, қызыл әскерлер келеди. Оларды баслап келген районлық ОГПУ-диң начальниги татар жигити Мәжит Халиков, отряд командири Эренкель менен Подьячев деген орыс жигитлери екен. Олардың қасында коммунарлар Мәтжан Қудайназаров, Сыдық Ермағанбетов, Қарабала Қудайбергенов, Палымбет Орынбаев, Ешимбет Шегенбаев, Айтжан Бегжанов, Ибрайым Тәжимов, Яқып Жаңабаев, Мәтмурат Әўезов, Таўжан Назаров, Мәмбет Күзенбаев, Асан Үмбетов, Нуржан Рабаев, Аманқос Ердешов, Сақташ Шораев, Әўезмурат Султанов, Қаржаўбай Артықбаев, Емберген Қәлимбетов, Сыдық Мәтқурбанов, Дәўлетбай Бекжанов ҳәм басқалар болған.

Орта бойлы, ақ сары, қыр мурынлы, көк көзли, жасы отызға келген орыс жигити Евгений Львович Подьячев областьлық Мәмлекетлик сиясий басқармасының (ОГПУ) жиберген ўәкили еди. Қарақалпақ

областының сол ўақыттағы пайтахты Төрткүлден Мәдияр, Барлықбай баспашыларды сапластырыў иси бойынша жиберилген екен. Басына әскерий кийим, үстине шинель кийген. Белине байлаған қылыш пенен асынған мылтығы күнге шағылысқан. Барлығы да беллерине қылыш, гранат байлап, мылтық асынған. Бақсы аўылының ҳәсиретли жағдайларын адамлардан толық еситкеннен кейин, Подьячев Халиковқа қарап:

— Жолдас ОГПУ начальниги, буннан былай халықты усындай қайғылы аўҳалға түсирип қойыўға болмайды,—дейди. Төмен қарап муңайып турған Халиковтың көз алдында өзиниң бурынғы коммунарлары: Мәдияр, Мәтқурбан, Қылышбайлар суўық түсли сур жыланға усап елеслейди. Олардың изине салып қойылған, сыры жүдә қупия барлаўшыдан үмити күшли Мәжит исенимли түрде:

— Дурыс айтасаң, бунындай аўҳалға алдағы ўақытта шыдаўға болмайды. Баспашылар жақын күнлер ишинде сапластырылады, — деди.

Баспашларды жоқ етип жибериў кәҳәри менен атқа минген буларға жақын жердеги жылап-сықласып атырған үйлерден ақ жегде бүркенген еки ҳаял келеди. Келиўден өксип жылаған алдыңғысы Подьячевтиң, соңғысы Халиковтың зәңгидеги аяғына маңлайын қойып:

— Мәдиярды, Сапарбайды, Мәтқурбанды, Қылышбайды өлтирип берсеңлер, шейт болған балаларымызды өлди демей-ақ қояр едик, — деп өкирип жыласты. Буны көрип еки командир де аттан түсип, олардың кеўилин алып:

— Мәдиярды жоқ етемиз, қан орнына қан қыламыз, — деди. Булар Дәўкен менен Орынбайдың анасы Айжан, Хожабай менен Ережептиң анасы Бийби еди.

Баспашылардың жаңа изин гөнертпеў ушын олар тез атланады. Областьлық ОГПУ диң ўәкили Подьячевтиң зәңгисине асылып жылаған Айжанның аналық наказын өз қолы менен орынлайтуғынын, ол усы ўақытта қайдан билсин. Бирақ оны тәғдир усыған дуўшакер етти. Буны кейинирек сөз етемиз.

* * *

Нурбай түбектеги қоста қараўыл болып қалған Пайвулла менен азанғы чайды ишип болып, түйелер менен

атларымызды суўғарып келдик. Түнде қар жаўғанлықтан айнала-дөгерегимиз аппақ. Күн булт. Самал еспегенликтен нар қамыслардың да баслары шайқалмай мүлгип тур. Қостың әтирапы тым-тырыс. Тек мениң ақжал атым менен Пайзулланың жийрен қасқа ябысының жемди гүртилдетип жеп турғаны естиледи. Атлардың арғы жағындағы үш түйе биринен соң бири жатқан орнынан турып қамыслардың басларын шала баслады.

Бизлердиң тынышлығымызды көл ишиндеги соқпақ пенен киятырған биреўлердиң жүрис ҳәрекетлери бузды. Мылтықларымызды дәрҳал алып, бираз жерге шекем жуўырып соқпақтың еки бойында тасаланып турдық. Бул киятырғанларды әскерлер шығар деп қәўипсинген едик. Олар Мәдиярлар болып шықты. Соннан кейин тасадан шығып, оларды күтип алдық. Мәдияр бизлерди көргеннен кейин гүркиреп сала берди.

— Мине, усындай шаққан, шәпик болыўларыңыз керек. Қызыл әскерлер қырғыйдай жаман халық, қайымыңды тапса, шымшықтай шүйкилдетип тутип жейди, — деди де, кейиннен ғарқылдап күлди. — Жеңгеңди көтерип ал, — деди. Қарап едим артында мингесип отырған жас өзбек келиншегине көзим түсти. Ол муңайып төмен қарайды. Шырайы сулыў нашар болған менен жүзи көгерип, қабағы исип кеткен екен. Мөлдир қара көзлери жасқа толы. Басына ораған ақ жипек орамалының астынан шыққан қап-қара талшық шашлары көз жасы менен уйпаланып, бетине жабысып қалыпты. Қынама белли қызыл мақпал камзолының сыртынан кийген қара мақпал гүписи олпы-солпы. Аяғындағы қара телетин етигиниң қонышынан ақ балтыры сәл-пәл көринеди. Келиншек мениң көтерип алыўыма қарамастан аттан қулап, жер баўырлап жатып, өксип-өксип жылап жиберди. Атынан түсип атырған Сапарбай:

— Қашанға шекем жылай береди бунын үнине суў сепкендей етиў керек,—деди Мәдиярға келип. Оған тикленип қараған Мәдияр «енди исиң болмасын» дегендей олжасын көтерип барып, қостың төрине гүрс еттирип таслады да:

— Түни менен қаңсылағаның да болар, енди даўысыңды шығарыўшы болма, жылағаныңды қоймасаң, коммунарлардан артық емессең, сени де атып таслайман,—

деди жекиринип турып еринлери жыбырлап, муртлары шошаңлап. Бирақ, ҳаял узақ ўақыт солығын баса алмады. Өз буйрығын ҳаял еситсин дегендей Мәдияр ҳәммемизге:

— Бул қолға түскен биринши жесир. Буны Шалтайға барғаннан кейин шарият бойынша некесин өзиме Имаматдин пиримизге қыйдыраман,—деген ўақытта, Мәдияр муртларын шыйырып, даўысын тағы да бәлент көтерди.—Бәриңизди де еле Қоңыраттан үйлендиремен. Жақсы, сулыў келиншекли боласызлар. Бүгиннен баслап мынаў Ырысбийке,—деди күлип,—Сапарбайдан басқаларыңның жеңгелериң. Сапакең буннан былай келин десе де болады,—деп шақалақ атып күлди.

Мәдиярдан бес-алты жас үлкен, зоң мурын, муртлас қара киси Сапарбай қул «жол меники еди, Мәдияр зорлық еттиң» дегендей, еңсеси түсип турды. Бирақ, Мәдиярдың тосыннан қызып, қутырынып кететуғынын билетуғын ол:

— Қутлы болсын, ҳәммемиз де тезирек усындай еки баслы болғаймыз,—деп кеўил билдирди де, Қыдырбай менен Пайзуллаға:

— Мәдиярдың «отаўы» енди өз алдына болыўы керек, сизлер соның ғамын жеңлер,—деп тапсырма берди. Бул гәп Мәдиярға унап кетти. Бирақ, мени таңландырған нәрсе—Мәдияр менен Сапарбайдың жеңиндеги, кийимлериниң шалғайындағы қатып қалған қанлардың дағалы еди. «Биреўлерди баўызлап өлтирген екен» деген ой жүрегимди музлатты.

Кешке қарай мен Аллаяр менен бирге қараўыллыққа кететуғын болдым. Бизлер атланайын деп атырғанда Мәдияр қасымызға келип:

— Коммунарлар бизлерди таба алмайды; себеби, түнде жаўған қар излеримизди жасырады. Сизлер көлден ашық майданға шықпай барлаў жүргизиң,—деди. Нурбай түбектиң күн шығыс қубла жақларындағы көллерде қараўыллық хызметин атқарып Алламберген екеўимиз түни менен уйқыламадық уллы сәскеде қосқа қайттық. Бирақ ,ҳеш кимди сезбегенимизди, айнала дөгеректиң тыныш екенлигин айтып келдик.

— Излеримизди жасырған аллатаалаға рахмет, — деди Мәдияр күлип сөйлеп.—Бул кәра Бақсы аўылы-

нан алпыс шақырымдай қашық турады. Коммунарлар еле арқадағы Машан көлди тинтип жүрген шығар.

Соңынан еситиўимше, Қоңыраттың көп санлы милициялары, коммунарлары, ЧОН отрядларының ағзалары қаладағы ҳәм аўылдағы батрак жигитлер бизлерди төрт-бес күнге шекем қайсарлық пенен излеген екен. Машан көл менен Малшының ҳәрбир қамысының түби қаралмай қалмаған. Бирақ олар Нурбай түбекке келмеди. Бизлер де оларды изден адастырып, узаққа кетип қалған деген ой туўдырыў ушын ҳәм бес күндей сылт етпестен «инимизден» шықпай түбекте туншығып жата бердик.

Бир күни Мәтқурбан менен Қылышбайлар келди. Бурын төртеў болып кетсе, енди мине жетеў болып киятыр. Бул ўақытта Мәдияр өз «отаўында» намаз оқып тур еди. Мен олардың гейбиреўлеринин атларын, көликлерин жайғастыра басладым. Мәтқурбанлар Алламбергенди де алып кеткен еди. Он күннен аслам ўақыттан бери көрмегенге ме, оны сағынып қалғандайман. Атларды байлап жүрип, екеўимиз көрген-билгенди бирбиримизге тез, бирақ әсте айтып атырмыз.

—Жеңгели болдың,—дедим мен оның ат қосшысына.—Мәдияр үйленди, жас сулыў келиншек әкелди.

— Бизиң Қылышбай аға да Арыўхан атлы келиншек алып киятыр. Анаў аттан түсип атырған сол,—деп ол маған Қылышбайдың атынан түсип атырған жас ҳаялды көрсетти:

— Әсте, еситип қояр,—дедим мен.

— Күтә жақсы болған екен. Мәдияр жоқта емшегин қысып ойнарсаң?—деди ол маған.

— Сен де қарап қалмассаң,—деп мен де күлдим. — Мәдияр ағаң Баксы аўылына қырғынды салып қайтыпты ғой...

— Ол қалай?—дедим таңланып.

— Түнги курсте оқып атырған комсомолларды жайратып салған. Бир комсомолды Ешкелди аўылының жолында атқан. Бақсы аўылындағы қараўылды өлтирип кеткен. Әсиресе, аяншлысы өзлеримиздей жас жигитлерди дәслеп атып, кейинен пышақ урған.

— Сен буны қалай билдиң?

— Мәтқурбан өзиниң Сағыр аўылына түнде жасырынып барғанда, өзине исенимли ағайинлеринен еситипти.

— Дурыс шығар, бала. Мәдиярдың шекпени, Сапарбайдың шапаны қассаплардың кийимлерине усап келип еди-аў ,әйтеўирде,—дедим. Бул хабар мениң денемди титиретип тула бойымды жеркениш бийледи.

Усы мәҳәлде мениң көзим Мәдиярға түскен еди. Сыртын ший менен қоршаған қосында намаз оқып турған оның басы суўдан шығып көринетуғын сары ала жыланның басы сыяқлы гә көринип, гә жоқ болып, шошаңлап турды. «Басқалардың қәдирли басларын рейимсизлик пенен жоқ етип жүрген бул сумырай бас қашанға шекем шыдар екен?»—деген ой сол күннен баслап мениң тынышымды ала баслаған еди.

## Жәлладтың жазасы

Қылышбай ҳәм Мәтқурбанлар нағыслы текийметлердиң үстине жайғасып отырды. Мылтықларын ҳәр ким өзиниң тусына иргеге сүйеди. Жаңадан келгенлер қоржынларынан тандырға жапқан бийдай нан, зағара, ерик, жийде, қаўын қақ шығарып, дәстурханға салып атыр. Мениң бийдай нанды көрмегениме ярым жыл болғаны сол ўақытта ядыма түсти. Илаж не, дәстурхан узақта, қол жетпейди. Бир көзим дәстүрханда болса, бир көзим дәстүрханға жақынлаў отырған екеўинде. Булар бизлерге жаңадан қосылған адамлар еди.

Басына үлкен селкилдек қара шөгирме кийген, жасы елиўден өтип кеткен, буўрыл сақаллы, қара пәрең, муртлас ири киси Қылышбайға жақын отыр. Оның шеп жағындағы жасы отызды қуўсырып барған, бийдай иреңли, азғын арық жигиттиң сийреклеў сақал-мурты, жағының жүни үрпийип кетипти. Басқалар өз-ара ғаўырласып сөйлессе де екеўи үндемейди. Көзлериниң қыры менен ғана басқаларға қарап қояды. Жақында услап әкелинген жабайы аңлардай айнала-дөгерегине таңланып қарай береди.

Намазын оқып болып киятырған Мәдияр менен қостағылар тик аяқтан турып, қос қоллап көристи. Мәдияр жаңадан келген буўрыл сақаллы адамның қолын қағып таслап, қабағын үйди .Қылышбай менен Мәтқурбанның ортасына келип отырған ол бесатарын қапталына сүйеп, нағанын суўрып алып, алдына қойды да:

— Марқабай, сени бул кәраға қандай даўыл ушы-

рып әкелди,—деди де мийримсиз, өткир сур көзлери оған тигилди.

— Марқабайды бизлер әкелген,—деп Қылышбай сөз қоса баслаған еди, «Өзи айтсын, сен Марқабай емессең ғой!» деп жекирди оған.

Мәдиярдын Марқабай деп отырған муртласы қәддин тиклеп, оған бурылған ўақытта екеўи де дүгисетуғын қошқардай шекшийисип қалды.

— Мәдияр,—деди Марқабай,—сен неге маған нықыртып сөйлейсең, қолымды қағып таслайсаң. Бул сениң маған берген сәлемиң бе, айтқан аманлығың ба, я болмаса азабың ба? Ийт те болсам, сеннен бес-алты көйлекти бурын тоздырған шығарман...

— Сәлем беретуғын, аманлық сорасатуғын мен Қоңыраттағы бурынғы Мәдияр емеспен, ислам ушын жанымды аттың туяғына байлап шыққан адамман. Маған дурыс сөзли, дурыс адам керек.

— Мен де бурынғы Марқабай емеспен. Совет ҳүкиметиниң душпаны, колхоз қурылысына қарсы бас көтерип шыққан, Қоңыраттың жанқыяр азаматларының биримен. Еки ай Қазанкеткен менен Қызылқаланың тоғайларында жасырынып жүрдим. Бир күни ғапылда коммунарлардың қолына түстим. Сен Шымбай түрмесинен қалай етип қашсаң, Қоңыраттың түрмесинен мен де сондай ҳийле менен қутылдым. Өзимниң қутылғаным қурысын, үлкен баламды, ағайин-туўғанларымды, ҳаялымды қамап таслапты. Дүнья-малым жаңа шөлкемлесейин деп атырған колхозға берилетуғын болған. Усы суўық хабарды еситип, жанымды жеп, тисимди қайрап жүргенимде, Қазанкеткенде Қылышбай менен Мәтқурбанға тап болдым. Мине, енди сениң алдыңда отырман. Қасыңдағы адамды мегзеп: «мынаў Бердиш—деген жигиттен сора инанбасаң. Адамның басы алланың тобы деген. Тас түссе талайыңнан көре бересең. Мен сениң минезиңниң шеп екенин жақсы билемен. Ашыўланғанда алды-артыңды ойламай кететуғын ўақытларың да бар, сениң,—дей бергенде, Мәдиярдың қолындағы наганы гүрс етс қалды! Оқ Марқабайдың шеп қулағының тусы менен шекесин жалап өтип кетти. Қылышбай менен Мәтқурбан оның қолына асылып, наганын алды. Мәдияр өлтириў ушын атты ма, я қорқытыў ушын ба, оны тек өзи биледи. Ал, Марқабайдың

ат жақлы, қара пәрең жүзлери усы ўақытта түнерип кетти.

— Қудай билдирсе дурыс болжаған екенмен. Оқ пенен күтип алғаныңа рахмет! Балшойбеклердиң оғынан қашып келип, саған қосылғанымда, әжел мени усы жерде күтип турған болса бир ат, сениң қолыңнан-ақ өле қояйын!—деди көзлери масаладай жанған Марқабай оған қарап.

— Мәдияр, сениң усы қызбалығың бар-аў, дос пенен душпаныңды ажырата алмайсаң ба? Марқабай ағаны алып келген мен. Өзиң емес пе, Қоңыраттың бас көтерген жигитлерин өзимизге қосып алыў керек, деген,— деп Қылышбай ашыўланып сөйледи.

— Басқаларға исенсем де, Марқабайға исенбеймен. Бул қарақалпақтан ҳеш ўақытта жақсылық күтиўге болмайды,—деп ўадырлады Мәдияр.

— Мәселе өзбек-қарақалпақшылықта емес, Мәдияр, —деди Марқабай.

— Сен түўе, Шалтайға исенимли болған Жолман менен Барлықбайды да мисе тутқан емеспен. Сирә сен қақарақалпақ мениң басыма жетейин деп жүрген шығарсаң!—деди Мәдияр тағы пәтленип.

— Жақсы менен жаман барлық халықта да болады. Барлықбай менен Жолманды жаман екен деп гүллән қазақлар менен қарақалпақларға тил тийгизиўге болмайды,—деди Марқабай.

Қылышбай менен Мәтқурбанлардың арашалаўына қарамастан, Мәдияр Марқабайды ҳәм оған ерип келген Бердиштиң қурал-жарағын алып, сегиз күнге дейин екеўин тутқында услады. Ерксиз тутқын болған Ырысбийке менен Арыўхандики күнде жылап-сықлаў болды. Еки ирет түнде қашқан жеринен услап әкелинди. Бийшара ҳаяллар жабайы кийиклердей көнлигетуғын емес.

* * *

Гезеги бойынша қараўыллыққа шыққан Жуманазар менен Аллаяр бир сапары Қоңыраттан Үргеге баратуғын үш түйели жолаўшыны услады. Олар Қоңыратқа базарлап қайтқан Үргениң қазақлары екен. Еки түйеге жүўери-тары артып, үшиншисине еки үйитпе қой ҳәм

басқа да керек затларды жүклеген оларды Жуманазар атпақшы болғанда, Аллаяр:

— Бала-шағасына аман қуўыссын. Бул жазықсыз жанларды өлтирген менен жер толмас,—деп арашаға түсти.

Бул Жуманазарды ойландырды, сөйтип жолаўшылар аман кетти. Усының ертеңине Нурбай түбекке ЧОН отряды келип топылды. Бирден урыс басланып кетти. Олар күн батыс беттен жақынлап келип, қалған еди. Мәдияр Жуманазарды, Сапарбайды, Мәткурбанларды изине ертип алып, отряд пенен атысты, басқаларымыз қосты бузып, түйеге жүклеп, қалың қамысты қақ жарып, арқа бетке қарап жүрдик. Бул ўақытта көпшиликтиң қоллаўы менен Мәдияр Марқабайға, Бердишке мылтықларын қайтарып берген еди. Бирақ, ол Сапарбай менен Мәткурбанға «Марқабайдың шийкилиги сәл билинсе, атып тасла» деп жасырын ҳәмир еткен екен. Буныңдай саўаш күнлери Мәдияр еки ҳаялдың аяқ-қолларын байлап, қараўыл қойып қоста қалдыратуғын болды. Қашып кетеме,—деген қәўпи болса керек.

Сәскеде болған саўаш түски ўақытта тоқтады. Ерлик пенен топылысқа өткен ЧОН отрядының батыр жаўынгери Батырбайды Жуманазар атып жықты. Қалың камыслы бүктиң артында отырған Жуманазарды ол көрмеген еди. Буннан соң отряд кейин шегинди. Егер саўаш ашық майданлықта болғанда, олар бизлерди әлле қашан қуртып жиберген болар еди.

Нурбай түбектен шығып, қалыңлыққа киргеннен соң кеўиллеримиздиң қобалжығаны басылды. Бул жерде Мәдияр бизлерден шетиректе бир қопаның арасына Ырысбийке менен паналады. Марқабайды жасырын қадағалатты. Қылышбай да Арыўхан менен бир бүктиң астына кирди. Усындайда ҳаяллардың сыңсып жылағаны еситилип туратуғын еди.

Азанда мылтықлардың атылған даўысларынан шоршып ояндық. Қопаны жарып шығып киятырған Мәдиярдың албырағанынан көзлери патлайып:

— Тез жыйналыңлар, кетемиз!—деди даўысы қарлығып.

Аппақ сулыў жүзи гөнерген шүберектей сарғайып қалған Ырысбийке менен Арыўхан түтилген жүндей болып азып қалған екен. Көзлери жаўтаңлап, атылған

мылтықтың даўысы шыққан тәрепке ҳүрейленип қарай береди. Қайымын тапса қаша жақ. Арадан ярым саат өткеннен кейин тағы арқаға қарап тез жүрип кеттик. Азанғы ўақытлары мылтықлардың тақылдысы қублакүн батар беттен шықса, түске жақын күн шығар қубла беттен көбирек еситилди. Бирақ, бул қорқынышлы өлим сеслери бурынғыдай жақыннан емес, узақтан шығып турды. Дәслепки мылтық атыўшылар ЧОН отряды, ал кейингиси, Машан көлди адақлап бизлерди таба алмай, Нурбай түбекке өткен Қоңырат коммунарларының ҳәрекетлери екен. Буны мен кейин билдим.

— Олар неге бизлерди көрмей-билмей мылтық атып атыр екен?—деди Жуманазар Мәдиярға қарап.

— Коммунарлар да, ЧОН отрядлары да тоғай ишинде излеримизге қунтыйып түскен болыўы итимал. Бизлерди болады деп ойлаған қалың-қалың қопаларды атқылап киятырған болыўы керек,—деди.

— Япырмай-ә?!—деди Жуманазар аңқаўсырап.

— Ҳәй, япырмайың не, сениң? Сен не, оларды қырғаўыл атып жүр деп ойлайсаң ба?—деди жекиринип Мәдияр. Буннан кейин ол ҳәммени көзинен биримлеп өткерип:

— Енди әскерлердиң бизиң кейинимизге түскенитүскен. Музға изимиз түспесе де, бизиң артымызда жапырылып қалып атырған қамыслық оларды адастырмайды. Иркилип атысқан менен де уттырамыз ба деп турман. Олар көп, биз азбыз. Ғайрат салсақ, онлағанын жоқ етермиз. Бирақ, өзлеримиз қоршаўда қалып қоярмыз. «Сақлықты суңқардан үйрен» дегендей, ҳәзирше жан сақлап Тахтақыйыр, Қаражардың көлли тоғайларына тез өтип жасырыныўымыз керек. Басқа илаж жоқ. Ҳәзир өзимизди көрсетпеўдиң ең қолайлы жолы усы,—деди Мәдияр. Оның бул ойын ҳәмме мақул көрди.

Және тез атландық. Оқ тийип өлген Батырбайдың аты Ырысбийкеге «саўға» етилген еди. Мәдияр оны қасынан бир адым қалдырмай бирге жүргизди. Алдыңғы тәрепте Жуманазар, Аллаяр, кейин бетте Сапарбай, Пайзулла барлаў ислери менен бәнт болды. Бир күн, бир түн жер баўырлаған жыланлардай сақлық пенен жол жүрип, Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуятуғын жерине жеттик. Буған қуўанған Мәдияр:

— Биз уттық,—деди, баққыда турған буғадай, айбат шегип, бул ўақытта бизлер Тахтақайыр аўыллары-ның арқасындағы тоғайдың арасына қоныс басып атыр едик. Мәдиярдың шын ықласы менен күлип айтқан усы гәпи менен күлгендеги қарлыққан сести еле мениң қулағымда турғандай бола береди... Ол буктиң астына қонып шыққан күни қатты аязлағанлықтан даўысы қарлығып қалған еди. Бирақ мен усы мақтаныўын ең ақырғы ирет көремен деп ол ўақытлары ойлаған емес-пен.

* * *

Әмиўдәрьядан Тақтакөпир Қараөзек жаққа өткен, Мәдияр және атланыўға таярланды. Қылышбайдың алдына келип, узын сары муртларын таўлап:

— Жасы үлкен ағамсаң, Қутлымурат бийдиң исенимли нөкерлериниң бири болған едиң. Хақ жолға атланбақшыман, пәтиянды бер, аға,—деди.

Қылышбай жүресинен отырды да пәтиясын бере баслады. Мәдияр да дизесин бүгип, қолын жайып турды.

— Алла талам яр болғай, олжаны ойып алып қайтқайсаң. Аўмийин!—деп Қылышбай тарамысланған саўсақлары менен бетин сыйпады. Сапарбай, Жуманазар, Қыдырбайлар да Мәдиярдың соңына ерди. Мәдиярлар бираз жол жүрип, үлкен қара үйдиң қасында иркилди. Бирден үй ийесиниң көзи, Мәдиярға түседи. Буларды жақтырмаса да ишки сырын билдиргиси келмей:

— Мәдияр жан, саў-саламат жүрсең бе, иним?—деп қос қоллап келип көриседи,—ал, үйге тезирек кире қойыңлар, қәпелимде биреўлер көрип қояр,—деп шыпта есикти көтереди. Мәдияр менен Қыдырбай чай ише баслағанда, Сапарбай менен Жуманазар аўыл хаяллары «кел!» деп шақырып атырғандай, қоңсы үйлерге жесир излеп кетеди.

Еки «күйеў» сүўмеңлеп, сулыў қыз-келиншеклери бар үйлерди белгилеп жүргенде, усылай қарап алты-жети атлы әскерлер күн шығыс беттеги қоңсы аўылдан келе береди. Сапарбай менен Жуманазар ортарақтағы бир үйде шапан сырып отырған жас келиншек пенен ер жеткен қызды көреди, усы екеўин олжа қылғы-

сы келеди. Усы ўақытлары коммунарлар туўры Мәдиярлар отырған алдыңғы үйлерге келип қалады. Есигиниң алдындағы гөне қораның тасасынан шыққан әскерлерди көргенде үй ийесиниң көзи аларып, уясынан шығып кете жазлап, зәрреси ушады. Жақын келген командир орыс тилинде бир нәрселерди айтады. Оның қасындағы қарақалпақ жигити:

— «Бул аўылға баспашылар келген жоқ па?»—деп сорап тур,—дейди.

—Ҳа-а, анаў аўылға кетти,—деп үйдиң ийеси күн батар қубладағы төбесинен түтинлери буўдақлап шығып турған қыслаўды көрсетеди. Келгенлер кейин серпилип, жедел жүре баслағанда, үйден жуўырып шыққан Мәдияр әскерлерге оқты буршақтай жаўдырады. Тосыннан болған бул топылысқа таңланған командир үстинде шекпени, басында көк қамар дегелейи бар орта бойлы, муртлас, дуғыжым биреўдиң оқ атып киятырғанын көреди. Буның Мәдияр екенлигин сезип өзин аттан таслайды. Сийрек жекенлердиң арасына қулаған ол дәрҳал кейин бурылып, мылтығын гезенеди. «Қызыл әскерлердин командирин атып түсирдим» деп мардыйып киятырған Мәдияр, соның арасында оқпанға ойылғандай бирден омақазан атып қулайды. Атқан рус жигити аспай-саспай гөзлеп атқан биринши оғы оның геўдесин тесип өтип кеткен еди. Мәдияр өкпе тусын сыйпағанда, қолына жыллы қан қуйылып, ет қызыўы менен сүйретилип, үйдиң қорасына зорға жетеди. Бул ўақытлары Сапарбай, Жуманазар, Қыдырбай,—ҳәммеси қораның тасасында турып, коммунарлар менен атыса баслайды. Әжел менен алысып, өз қанына өзи боялған Мәдияр қасына келген Сапарбайға:

— Мениң енди сап болғаным, ийманымды үйирип, жолларыңа түсиң. Сизлерге рухсат. Қолға түспей қутылыңлар!—деп үзип-үзип сөйлеп, көзин биротала жумады.

* * *

Кеше баспашылар менен урыс жүргизген коммунарлар азанда ерте келсе, Мәдиярдың қанға малынып өлип жатқанын көреди.

— Бул ким?—деп сорайды орыс жигити қалшылдап ҳүрейи ушқан үйдиң ийесинен.

— Мәдияр баспашы,—деп жуўап береди ол.

— Жәллат,—дейди ол дәрҳәл жаўынгерлик қәлпине келип,—жазықсыз тоғыз комсомолецтиң жүрегине қанлы пәнжеңди урып, жас өмир гүллерин мәңги солдырған единң. Енди өзиңе де гезек жетти ме?—деп атына мардыйып мине баслайды. Бул балалары өлтирилген аналардың наказын орынлаған рус жигити Евгений Львович Падовчев еди.

## „Байтал түўе—бас қайғы“

Таң алды еди. Жапалақлап қар жаўып тур. Биреўлердиң дүрсилдисинен шоршып оянсам, кешеги кеткен Жуманазарлар екен.

— Мәдиярдан айрылдық,—деп Жуманазар қамығып жылап тур. Мәтқурбан менен Қылышбай да көзлериниң жасларын орамал менен сыпырды.

Усы ўақытлары булардың ғаўырлысы менен ояңған Марқабай төсегинен турып, оларға жақын барғанда:

— Марқабай аға,—деди Мәтқурбан қабағын шытып,—көп уйықлайтуғын адам екенсиз, бундай әдетиңниң бар екенин билсең жеңгейдиң ыссы қушағынан неге шығасаң?

— Не гәп, не болып қалды?—деп Марқабай таңланған түрде екеўине жалтақлап қарай берди.

— Алғыр пәнжели арыслан, ҳәммемиздиң де қорғанымыз еди. Енди бизге Мәдияр жоқ,—деп ҳәсиретли түрде төмен қарады.

— Арысланнан арыслан зор шықса қайтерсең, бирақ албыртлаў, қызба жигит еди,—деп Марқабай күншығар бетке тикленип қарады. Бул ўақытта шағырайған қуяш көк жийектен жоқары көтерилип қиятырған еди. Күн нурына бағдарланған оның үлкен қара көзлеринде қандай да бир қуўаныш сезимлери бардай сезиледи. Бирақ маңлайына баса кийген үлкен шегирмесиниң әребилери оның сырын жасырып турды.

— Ертели-кеш ҳәмменин болажағы усыдағы,—деди Мәтқурбан ишки ҳәсиретин гүрсиниў менен сыртқа шығарып.

— Басқаларды ғой билмеймендағы, «Өгизге туўған күн баспаққа түўып» Мәдиярдың басына қонған әжел қусы бизлерди де аңлып жүрмесе болар еди,—деди Марқабай.

— Айтысып турыўдың пайдасы жоқ, буннан былай жесир алып қайтамыз дегенди қойың «Байтал түўе, бас қайғы»—деген усы шығар. Ҳаялдың жолы аўыр болады. Ендиги мақсет Қоңырат жағына өтип, еплеп Үстирттиң үсти менен қарамызды көрсетпей Қарақумға кете берейик. Оннан арғысын Шалтай билер. Енди бизге Мәдияр жоқ, онын орнына басшы сен боласаң,—деди Қылышбай Мәтқурбанға.

— Жол сеники еди ғой, Қылышбай аға,—деди Мәтқурбан ойланып турып.

— Ата-бабадан киятырған сыйласықлы жолды саған бердим,—деди де қолын көтерип:—Илая әўмийин, бахтың жатпасын, мәртебең көтерилсин, душпанларың аяғыңа бас урсын,—деп пәтия берди. Оның бул уйғарыўын басқалар да қуўатлады.

— Мен қаттырақ кетсем, кеўиллериңе аўыр алмаңлар—деп қабағын үйди жаңадан болған басшымыз «яр» деґеннен.

— Бизге сол керек, бирақ өзли-өзимизге жарақ жумсаўдан аўлақ болайық,—деди Қылышбай.

Бул әрада кешке шекем болып, аўқат асып жеп, енди узақ жолға шығыўға таярландық. Усы күннен баслап, Мәтқурбан Ырысбийкеге айланшықлап, ғамқорлық етип, «енди меникисең» дегендей кейипте болды.

— Жәдигердиң жалғызы,—деди мениң аўҳалымды билмеген Мәтқурбан,—бүгин безгегиң тутып отыр ма, неге иске кириспейсең?—Буны айтыўының себеби сол күни мен аўқат писириўим керек еди. Соның сәл кешиккенлигине иренжип сөйлеп атырған еди.

— Мәтқурбан аға, мен жалғыз емеспен ғой, еки ағайинилимиз. Алдыңдағы күни түнде аязлаппан, мәнисим болмай киятыр,—дедим.

— Еки ағайинли болғанда не питирип атырсаң? Бир нәрсе қылармедиң? Я Қоңыратты басып алармедиң?—деп мени қағытып күлди ол.

—Қоңыратты сизиң алғаныңызды да көремиз еле.

—Не дейсең?—деди ол шаян шағып алғандай орнынан секирип турып.—Усы ўақытқа шекем гүң болып жүр единң, енди тилиң шықты ма? Жыланның тилиндей жылмаңлаған тилиңди кесип таслайын ба?—Усы гәплерди ол басы қалтырап, шолақ бармақларын жоқары көтерип турып айтты.

Мәтқурбанның усы ўақыттағы келбети менен тулғасы, үйдиң алдына қонған шымшыққа бас салып атылайын деп турған пышыққа уқсас еди. Мәдиярдың орнын басқан Мәтқурбанның атақ қумар азғын, қызба қарақшы екенлигине усы сапары көзим жетти. Оның минезиниң де қубылмалы екенлигин бул ирет анық сездим. Шалтайдан киятырғанда айтқан өкинишлери енди сирә ядыма түспейтуғын сияқлы.

Мен өзимди тутып артық сөздиң басына бармадым. Бунық үстине Қылышбай менен Марқабай маған: «Жасың да, жолың да киши, басшының бетинен алыўың артықлаў болды» деп тәселле берди.

Сонда Мәтқурбан, сени қашан да болса қуртаман дегендей маған көзлериниң аласы менен қарап қойды. Оның бул әдетлерин өзин Мәдиярға теңлес «батыр» сыпатында көрсетпекши болғаны шығар ,деп ойладым.

* * *

Ҳәммемиз ортаға жағылған оттың айнала-дөгерегиндемиз. Мәтқурбанның оң жағында Ырысбийке, сол жағында Жуманазар отыр. Аўыл дийханы, аўыр минезли Жуманазардың баспашылық жолына шығыўына дәслеп Мәтқурбан себепши болған екен. Аўыллас ағайин Мәтқурбан оны гүзлик бийдай егетуғын жерди ерте суўғарып таслаў ушын шығыр айдап атырғанда атыз басынан алып кеткен. Мине, енди сол Жуманазар да маған бир шекелеп қарайды. Сапарбай қул да оннан кем емес, жақсылықтан көре жаманлыққа бир қәдем жақынлаў бул қанхордың да мени жек көрип отырғанын сезип отырман. Бул жердегилердиң көпшилиги 9-аўылдың, бурынғы төрт төбели Қоңырат елиниң белгили бир төбеси Сарыбай бийдиң қол астындағы Балғалы тайпаларынан еди.

«Ағайин бир өлиде, бир тириде» дегендей мениң сөзимди сөйлеп қысылған жерде қоллар»,—деп Қылышбайға исенетуғын едим. Себеби, ол бизиң аўылдан. Бурынғы Қоңыраттың белгили Көкөзек болысынан атақлы Балтан, Ниязбий ҳәм Атамурат бег пенен әкеси зәңтилес болған адам. Мәдияр өлгеннен кейин, бизлерге басшы болыў оның жолы, бирақ Малшыдағы урыстан кейин Қылышбайдың абырайы төменлеп кеткен еди.

Тахтакөпирли Барлықбай болыс пенен бир қатар Қоңыратлылардың оның қараўынан қашып кетиўи, оған аўыр соққы болды. Соннан бери ол басшылықтан өзин шетирек услап жүр. Мәтқурбан ҳәм олардың аўылласларының көз карасларының суўық екенлигин сездирмекши болып Қылышбайларға қарап едим, өткир ала көзлериниң нуры семип, кирпиклериниң дөгереги шылпықланып отыр екен Қылышбай көз ишаратынан маған наразылаў екенлигин билдирди. Мәтқурбан менен қарсыласқанымды жақтырмаған сыяқлы. Мениң басшымыз бенен шекинисип қалғаныма өзлериниң жыллы көз карасларын билдирген тек Арыўхан, Ырысбийке, Бердиш ҳәм әсиресе Марқабай болды.

Марқабай маған қарсы тәрепте Қылышбайдан төмен отырған еди. Басына қара сур әреби шөгирме, үстине ишинен көк гүпи, сыртынан қызыл жийекли гөнетоз мөрели шапан кийген Марқабай қәддин тиклеп, маған қарап отырды. Ат жақлыдан келген, муртлас, қара пәрең қайың адамның жасы биразға келип қалса да, шырайы қырықларға жаңа шыққан жигитке мегзес көринеди. Маған кеўили толғандай, ойлы түрде қайта-қайта қарай берди. Бирақ, көз қыйықлары сырымды сезбесин дегендей Мәтқурбанға да жийи-жийи жалтақлайды.

Марқабайдың маған бунындай жыллы қарағанына мен ол ўақытлары толық түсине қоймаған едим. Шелекке писирилген гөшти бөлисип жеп, жүрип кеттик. Ертеңине түсте мен жәнe нақолай жағдайда қалдым. Әмиўдәрьяның тараўынан өтип, қалың қамыслыққа кирип, азырақ дем алған ўақытымыз еди.

— Жуманазар, Мәдиярдың мылтығы қайда?—деди Мәтқурбан, аўқатланып болып, атланайын деп атырғанда.

— Сапарбайда.

— Мен Жарылқағанға берген едим ғой оны.

— Түйеге таңыўлы,—дедим мен.

— Не дейсен?!—деди Мәтқурбан ҳәрре шағып алғандай. Еситпеген шығар деп:

— Пайзулла жетеклеп жүрген ақбас нардағы кийизлердиң арасында,—дедим тағы.

— Бул не көргенсизлик!—деди басы қалтырап тур-

ған Мәтқурбан Қылышбай менен Марқабайды қасына шақырып алып.—Мәдияр өлген менен оның руўхын сыйлаўымыз керек еди ғой. Талай балшойбеклерди муқ қаптырған оның кәраматлы мылтығын мына атаңа нәлет пәмсиз түйеге таңыпты. Бул қандай көргенсизлик өзи. Кеше Мәдияр барда атын суўғарып, дөгерегинде пәрмана болып жүретуғын бийшара, бүгин оны қорлағаны қалай болды? Мен Мәдиярдың руўхын ҳеш кимге аяқ асты еткизбеймен...

Мәтқурбанның аўзы көпирип, басы қалтырап, қызып кетти. «Тырнадан жасаўылың болса, басыңнан қыйқыў кетпес» деп ата-баба дурыс айтқан екен-аў,—дедим өзиме-өзим ашыўға буўлығып. Оның әсиресе «Атаңа нәлет» деген сөзи жаныма шоқ болып басылып, етимди түршиктирип жиберди. Бундай гәпти ҳеш ўақытта еситип көрмегенмен.

— Мәтқурбан аға, не ислесең де атаға тил тийгизбе? Сениң әкең Ҳәкимнияздан, мениң әкем Жәдигер ҳеш ўақытта кем болған емес.

Меннен бул гәпти еситкен Мәтқурбанның көзлери патлыйып, басы және қаттырақ қалтырай баслады.

— Мәдиярды қорлағаның менен турмай мениң де аяғыма жип тағып ойнамақшымысаң? «Ийт жоқта шошқа уреди»—деген ўақытта ол бирден қалтырап кетти.

— Абайлап сөйле, сен шошқа, мен ийт емеспен,—дедим қызып кеткенимди абайламай.

— Атып тасла ақымақты, атып тасла!—деп шолақ қолын шошаңлатып, ол шеп жағындағы Жуманазарға хәмир етти. Жуманазар бесатарын дәрҳал көтере бергенде мен де мылтығымды көтердим. Қылышбай менен Марқабай екеўимиздиң мылтығымызға бирден өңменин таслап, бул қәўипли ўақыяға бөгет болды. Қосарлана атылған оқлар аяқ астындағы жерге сиңип кетти.

— Мәтқурбан!—деди Қылышбай,—бул не қылғаның бала менен бала болып. Ашыўды ақылға жеңдириўге болмай ма?

— Бул бала емес, мениң ушын шыққан бәле болыўы керек,—деди ол пәтинен қайтпай.

— Жаманлық ҳәр кимге де пайда етпейди, Мәтқурбан. Ал жақсылық зая кетпейди,—деди Марқабай салмақлы түрде сөйлеп.—Мен де сизлерге қосыла қойып едим, мынаў қылықларыңыздың ақыбети не болады?...

Мәдияр өлгеннен кейин, аўызбиршиликтиң кеткени ме? Ҳә, бала!—деди ол маған,—«жер асытынан жик шықты, еки қулағы тик шықтының» өзи емессең бе? Неге жасы үлкенниң аяғынан шала бересең? Бизлер болмағанда, ақылсызлықтың неге алып баратуғынлығын билесең бе? Денеңе сыймай турған күшиң болса ертең балшойбеклерге көрсетерсең,—деп көтерилип сөйледи. Бирақ, усы гәплерди айтқанда, мен оның шеп көзин еки-үш ирет қысқанлығы ойландырды.

— Марқабай аға жасы үлкенлигин дурыс иследи. Мәтқурбан, Жарылқағанның балалығын кешир, оны жоқ еткенде кимниң орнын толтырамыз. Өткен жылы усы баланы атқосшы қылып алып шығыўға өзим себепкер болған едим,—деп Қылышбай тәўелле қылды. Мәтқурбан сөнген оттай басылды.

* * *

Арқа беттен ескен жипектей жумсақ сәўирдиң самалы жағымлы ийиси менен нәўбәҳәрди еслетеди. Мәўсим өзгерсе де бирақ Мәтқурбанның маған деген көзқарасы еле өзгермеген еди.

Сонлықтан Мәтқурбанның қасынан қалай да болса өзимди аўлақ салайын деген ой жаныма қурт болып түсип, мазамды кетирип киятырғанда ҳәммеден кейинде қалып, саралап алдым. Бул түски ўақыт еди. Мәтқурбанлар ярым шақырымдай жерде алдымыздағы сийреклеў қамыслардың арасында баратыр еди. Атыма минип тезирек жүрип, бир бөлек қалың қамыслықтан өте бергенимде, оң қапталымда көринген Марқабай:

— Тура тур, бирге жүрейик,—деди атына асығып минип. Мен иркилдим. Екеўимиз қатар киятырмыз.

— Жарылқаған, сен Емберген бажбанның жийенимисең?

— Аўа, ол киси мениң туўған дайым болады.

— Айтаман-аў,—деди Марқабай күлип, —минезиңниң гей жерлери дайыңа усап тур. Емберген бажбан мениң өзбеклер арасындағы ең жақын яр-досым болады. Оның менен отыз жылдан артығырақ заманлас, жоражолдас болдым. Ашық кеўилли, азамат еди. Усы ўақытқа шекем бир-биримиздиң зейинимизге тийип көрген емеспиз,—деди аз ўақыттан кейин.—Ал, бала, сениң ме-

нен биз қәўипли жолда жүрген адамлармыз. Бундайда жығылып баратырғанда бир-биреўди сүйеўимиз керек. Мен Жуманазардың қолына асылып, мылтығының аўзын төмен баспағанда, сен ҳәзир тири жүрмес едиң. Бул жақсылығымды сени умытпайды, деп ойлайман. Ал, мен саған урысқанда басқаларға көз болсын дедим. Әсиресе, Мәтқурбанға. Олай ислемесем болмайтуғын болды. Бирақ, шеп көзимди өзиңе қысқанымды сезген шығарсаң.

— Бәрине түсиндим, бул ушын Марқабай аға, сизге алланың раҳмети жаўсын,—деп, шын кеўлимнен оған рийза болғанымды билдирдим.

— Буннан былай сен маған бала, мен саған әке болайын, Жарылқаған жан. Мениң үлкен балам Темирхан да сеннен ғаў емес шығар. Соның ушын саған биреў жәбир берсе, мен, мени биреў қорласа, сен қолла. Керек десе жарақты да жумсаймыз!

— Мен буған таярман, Марқабай аға! Қалған кеўил шыққан жан менен бара-бар дегендей, Мәтқурбанға енди ҳеш ўақытта ишим жылымайды. Оны атып кетким келип жүр,—деп жүрек дастурханымды жайдым. Мениң соңғы сөзим Марқабайға күшли тәсир еткен болса итимал, ат үстинен барлық тулғасы маған бурылып:

— Усыны шын айтып киятырсаң ба?—деди.

— Мен сизге өтирик сөйлегим келмейди.

— Мақсетиң дурыс. Бирақ, жалғыз Мәтқурбанды жоқ етиў менен ис питпейди. Сен оны атқанда Жуманазар, Сапарбай сени дәрҳал жоқ етеди, бул анық! Қызбалық, балалық етип, өз ойлағаныңды ислеп жүрме, балам. Онда үлкен исти бүлдирип аламыз, — деди ол әсте.

— Үлкен ис деген не?

— Ешейин гәп, сақ болайық дегеним ғой,—деп Марқабай күлди. Бирақ, оның бул күлкисинде жасырын сыр бар екенлигин, мен ол ўақытта билген емеспен.

— Жақын күнлердиң биринде Бердиш ямаса сен қараўыл боларсыз. Сонда ҳәмме уйқылағаннан кейин, маған хабарласыңлар. Оннан кейин бир жуўмаққа келемиз. Келистик пе?—деди.

— Әжеп, не айтсаңыз соны бежеремиз.

— Бул айтылған сөзлер усы жерде қалсын. Тис жарып, сыр шашыўшы болма! Егер буны аналар сезип қалса, екеўимиз де бирден набыт болып кетемиз,—деди ол ескертип.

## Адасқанның айыбы жоқ

Марқабай менен сырласып, жақынласқаннан кейин өзимниң жағдайымды бурынғыдан жеңил сездим. Әмиўдәрьяның Қоңырат тәрепине өткеннен соң бир неше күн қалың қамыс тоғайларды паналап жасырынып жүрдик. Дәслепки ўақлары Аллаяр менен Жуманияз еки күн удайына қараўыл болды. Бул әлбетте, жаңа баслық Мәтқурбанның буйрығы еди. Тахтақайырдан 100—130 шақырым узақлағаннан кейин Қоңыраттың арқа бетиндеги Хожакөлге келип кирдик. Усы кәрадан көплеген көллер арқалы Үстирт таўларына шығып кетиўге, ЧОН отрядларының қуўғынынан қутылыўға болатуғын еди.

Бир күни кеште қалың қамыслы бир көлдиң ат төбелиндей ашықлық жерине қосты бастық. Сүймен менен музды ойып, қадаларды суғып, айнала дөгерекке шийлерди бир неше қабатлап туттық. Ишине қамысты қалың етип төсеп, оның үстине кийизлерди жайып таслап, ортаға от жағыў ушын кенирек орын қалдырдық. Бес түйе менен 14 атты жақын жерге жайластырдық.

Қостың ортасына мосы қадап, оған шелек илдирип, түйе менен қойдың тоңлап қалған гөшин қосып астық. Буны, әлбетте, бирдейги әдет бойынша күн батқаннан кейин иследик. Үйдиң хожалық жумысларын көбинесе Пайзулла, Алламберген, Бердиш, Қыдырбай, Аллаяр, Жуманияз ҳәм мен ислеймен. Басларымызда шөгирмелердиң бары болмаса, атқаратуғын хызметке қарағанда усылардың неке қыйып алған ҳаяллары сықлымыз. Еси кеткен еки ҳаялдики күни-түни жылаў-сықлаў, ҳәзирше қазан-табаққа араласқан жоқ.

Чай ишип, шелектеги пискен гөшти бөлисип жеп болғаннан кейин мен де жатыўға қолайласа бергенимде Мәтқурбан Алламбергенге:

— Жарылқаған екеўиңиз бүгин қараўыл боласыз, — деди. Илаж не, қайта кийиндим. Орнымнан турып, мылтығымды алып, жамылғышымды ийниме салып Алламбергеннин изине ердим. Қостан жүз адымдай аралықтағы күндиз белгиленген орынға барып турдық. Коммунарлар усы тәрептен келмесе, басқа жақтан жолай алмайтуғын еди.

Ҳайранман, бурын жигирма жыл даўамында Кийет аўылынан он шақырым былай шығып көрмеген болсам, енди өткен жети айдың ишинде баспаған жерим, көрме-

ген бәлем жоқ шығар. Аяғымды ойланбай бассам я отқа, я сууға қулап түсетуғын сыяқлыман. Қалың терекли ауылым, ата-анам көз алдыма биримлеп келе баслады. Сөйтип ойланып турғанымда «Сен қаққан қазықтай қатып қалдың ғой» деген Алламбергенниң сөзи мени селк еттирип жиберди.

— Бираз уақыт болды, шоқайымнан ызғар өтип баратыр. Қосқа барып от жағып, шулғауымды кептирип, қайтадан кийип келейин, — деди ол.

— Мен де алқынып терлеп турған жоқпан, тез кел, — дедим оған.

— Мәтқурбан сеннен сескене ме деймен, маған сақ бол,—деп ескертти ғой,—деди, ол кетиуге қолайласып турып.

— Олай болса, мен қосқа барып уйқылайман, сен сақлық ете бер,—дедим мен ҳәкисленип.

— Ойнап айтаман,—деди Алламберген аңқаулық пенен айтып салғанына иренжип. — Мен жылынып келейин.

Ол кетти. Жалғыз өзим қалың шоқ қамыстың ығында ойланып турман. Өткен жылы Абылла хожаның «Исламның ҳақ жолын қорғау ушын гүресиу ҳәр мусылманның парызы» дегени мине енди өрмекшиниң ауындай көз алдымда. Сол ауға қолым қурсалып, аяғым кисенленгенин енди сезе басладым. Мениң булай ойланыуыма, әсиресе Марқабайдың айтқан ақыл сөзлери де себепши болды. «Ол киси ҳәзир уйқылап атыр, барып оятсам, не дер екен? Марқабайдан басқасының барлығын атып таслау керек! Жоқ, бул болмайды, көзи жаслы, кеули қайғыға толы еки ҳаялды өлтириуге болмайды. Алламбергенге усы сырымды айтсам ба екен? Алламберген де Мәтқурбанның, Сапарбай қулдың, Жуманазардың ауылласы. Сонда қалай болады? Оның орнына Марқабайға ерип келген қарақалпақ жигити Бердиш қараул болғанда, қандай жақсы болар еди?»

Усындай ойлар ишимди ийт жыртқандай етип мазамды ала берди. Арадан бираз уақыт өтти. Мине, Алламберген де келди. Бираз жылынған.

— Шулғауымды кептирип, шоқайымды қайтадан кийип алдым. Аяғым тәуир-ақ жылыды,—деди ол қасыма келип.

— Көп иркилдиң ғой. Мениң шулғауым сеникинен де бетер, малмандай ызғар.

— Тез бар, от сөнип қалар,—деди ол.

Қосқа келсем, ҳәмме қурылдап уйқылап атыр екен. Булттың арасынан көринген айдың жақтысы түсип тур. Қамысты қайтадан жағып, шаўлап алдым. Шоқайымды шеше алмай тула бойым қалтырап бираз ўақытты өткердим. Сонда да еки көзим қатар жатырған Мәтқурбан менен Қылышбайда. Екеўинин ортасында еки ҳаял. Арыўхан Қылышбайдың қушағына кирип кетипти. Ырысбийке Мәтқурбанға жақынлаў жатса да, аяқларын баўырына қысып алыпты. Қылышбайдан төменлеў Сапарбай қул, Қыдырбай, оннан беририкте Марқабай, онын қасында Бердиш. Мәтқурбанның шеп жағында Жуманазар, оннан бери аўылласлары Пайзулла, Аллаяр, Жуманазарлар бар. Әсиресе, Мәтқурбан менен Жуманазардың қурылдысы, жуўындыға таласқан итлердиң ырылдысы сыяқлы, болар емес. Бир ўақытта Марқабай басын көтерип, әсте тын тыңлады, Бердиш те уйқыламаған екен.

Марқабай орнынан тез түргелди. Еки-үш адым кейин, «есикке» қарап шегинип, бесатарын гөзеп турды да екеўимизге «мылтықларын алын!» деп ым менен белги берди. Шийге сүйеўли турған бесатарларды Бердиш екеўимиз тырыс еттирместен тез жыйнастырдық. Қушағына қысып жатқанлықтан Пайзулланың мылтығын алыў қыйын болды. Марқабайдың ымлап буйырыўы бойынша қостың есик жағында үшеўимиз де мылтықлардын аўызын оларға қараттық. Марқабай Қылышбай менен Сапарбайды, мен Мәтқурбан менен Жуманазарды, Бердиш басқаларды қараўылға алдық. Түсликтен төменлеген айдың жақтысы булытлар перделеп, қостың иши ала көленке болды. Ойласып турыўға ўақыт жоқ, қостың иши кем-кемнен қараңғыланып баратырғанда Марқабай басын шулғып, иске кирисиўге буйырды.

Көзди ашып-жумаман дегенше, қостың ишинин астан-кестени шықты. Бизлер үсти-үстине атып атырмыз. Мен биринши ирет Мәтқурбанды атып, Жуманазарға екинши оқты жибергенимде, Мәтқурбанның басы суўдан шыққан жыландай шошаң етип, геўдеси көтерилип киятырғанда, екинши ирет тағы аттым.

Марқабай көп нәрселерди көрген адам. Сонлықтан ол, «әскерлер келди ҳә, коммунарлар келип қалды!»— деп бақырып ата берди. Пайзулла менен Қыдырбай бир мылтыққа таласып атыр екен, Қыдырбайды атқан ўа-

ғымда тутыўлы турған ший қулады. Пайзулла пышықтай атылып, шийдиң астынан қалың қамыслыққа кирип кетти.

Марқабай Сапарбайды атқан ўақлары Қылышбай шортандай шоршып түсип, шийди қопарып қашып қутылып кетти. Шийдиң қулаўы да усыдан еди. Изинен екиүш ирет атсақ та оқ тиймеди. Бул саўаш тез ўақыттың ишинде найзағайдың жарқылдысындай болып өтти. Қостағы жатқан төсегинде Мәтқурбан, Сапарбай, Жуманазар, Қыдырбай, Аллаяр, Жуманияз сеспестен қатты. Қылышбай, Пайзулла ҳәм олар менен бирге Ырысбийке, Арыўхан қашып кетти.

Арадан көп ўақытты өткермей Марқабай атлар турған жаққа жуўырып барып, «Қылышбай, мында кел, коммунарлар қашып кетти, азғантай ғана адам екен» деп бир неше ирет бақырып еди, қамыслардың арасынан дәслеп Арыўхан, оннан кейин зирдек қағып турған Қылыш пайда болды. Айдың ала көлеңке жақтысында жақынлап киятырған оны Марқабай атып жықты. Усы ўақытта Алламбергенниң жуўырып келип, атына минип қашып баратырғанын көрип қалдым. Оның көлиги мениң атымның қасында туратуғын еди, дәслеп не қыларымды билмей қалдым. Қашқаны себепли оның да душпан екенлигин сезип, дәрҳал ата басладым. Оқ тийген көлиги гүрс етип жығылды. Жәнe еки рет оқ үздим. Бирақ, ол аман қутылып қалыңлыққа кирип кетти.

Қосқа қайтып келген Арыўхан билегинен жараланыпты. Биз ҳаялларды атпақшы болған жоқ едик. Ырысбийке менен Пайзулла сол кеткеннен бәдер кетти. Биразға шекем тум-тусымызға қарап турдық.

Жәнe айтаман. Арадан қанша ўақыт өткенлигин сезген емеспен. Сонда да жүрегимниң дүрсилдиси басылар емес. Күн жаңа шығып, көк жийектен көтериле баслаған мәҳәл еди. Бесатарын ыйығына асып, оң қолына наган услаған Марқабай күн шығыс бетке бираз ўақыт суқланып қарап турды. Оның буўдай ирең жүзи темирдей тотығып, қуяш нурына шағылысып турған үлкен қара көзлеринен от жалынлап турған сыяқлы болып кетти.

— Күн шықты, енди барлық аламат сап болды,— деди Марқабай күлимсиреп. Оның бет-әлпетинде қуўаныштың толып тасқан нышаны сәўлеленгендей еди,— Бердиш, Жарылқаған, сизлер усы бүгинге шекем иннениңге тығылып күнелткен болсаңлар, енди бул сергиздан-

лы аўыр азаплы күнлериңиз умыт болады. Мен буған кепиллик беремен. Сизлер бүгиннен баслап совет азаматы қатарына қосыласызлар!

Мәтқурбан менен Қылышбайларды сапластырған менен Совет ҳүкиметиниң еркинлигинде боламыз деген қыял еле қайтып басыма да келмеген еди. Себеби, «баспашы болып қайтып барған адамды ОГПУ аўыр өлим жазасы менен азаплайды» деген гәплер мениң мийиме сиңип қалған еди.

— Марқабай аға, бизлер Иранға кетпеймиз бе?— дедим оған.

— Ираннан өзимиздиң Қоңыратымыз абзал, Жарылқаған жан,— деди ол маған меҳрибанлық пенен күле шырай берип.

— ОГПУ бизлерди жазалайтуғын шығар?

— «Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқаннан соң» дегенди билесең бе?.. Ақыры, сен жассаң, жаслықта ислеген қәтеликти Совет ҳүкимети кеширеди. Буның үстине сен өз жарағың менен өз өмириңди, өз бахтыңды қорғадың. Бақсы аўылындағы бийгүнә жаслардың әкелери менен аналарының әрманын орынладың. Улыўма айтқанда жаңа колхоз қурылысының жаўыз душпанларын сапластырдың. Сол ушын кеширим береди.

Суңғақ бойлы, жас келиншек Арыўхан он қәдем жердеги қалың нар қамыстың түбинде отыр еди. Оның сулыў шырайы қорқыныш сезимлери менен сусланып кеткен екен. Қап-қара бурымларының өримлери тарқатылып басына тартқан қызыл жуқа орамалының бир ушы жыртылып қалыпты. Ақ шыт көйлегиниң сыртынан кийген жуқа қара камзолынан басқа үстинде қалың кийими жоқ. Оқ тийген билегин услап, ийеклери сақылдап дир-дир етеди. Оған жақын барған Марқабай:

— Қызым, енди азатсаң. Мына жаманлардың кесапатынан саған оқ тийгенин айтсаң-ә. Ҳеш гәп болмас, қорықпа, ата-анаңа қуўысасаң,— деди.

Арыўхан қамсығып жылап жиберди. Ол бираз ўақыт солығын баса алмады. Бердиш қостан жаңалаў қызыл тон әкелип «тоңып қалыпсаң»— деп ийнине жапты. Постынға оранғаннан кейин, кем-кемнен оның жүзине қан жүўырып, қалтыраған басылды.

— Мына мылтықты асына ғой,— деген Бердиштиң даўысын еситип, артыма жалт қарасам, ол Арыўханға бесатарды усынып тур екен.— Бирақ, бизлерди атып

алма,— деди, ол. Қызыл шырайлы жүзи күлимсиреген жас келиншек «керек емес» дегендей басын шайқады.

— Пайзулла не болса, ол болсын, Ырысбийкениң кетип қалғаны қыйын болды,— деди Марқабай. Буннан кейин Арыўханға:— Сен оны көре алмадың ба?— деди.

— Көриў түўе, нениң не екенлигин билген емеспен. Аспан жерге қулап түскен шығар деп ойлаған едим,— деди келиншек жадырап.

— Көрдиң бе, биз үшеўимиз «аспан жерге түскендей» исти бежерген екенбиз,— деди Марқабай кеўилли түрде.

Маған усаған надан, оқымаған аўыл жасларын, дийханларын гә зорлап, гә алдап аўыр ақыбетли жолларға салған жаңа өмир душпанларының тәғдири усылай тамамланды. Мен ҳәзир алпыс жети жастаман. Бул ерлик ўақыяның болып кеткенине ҳәзир қырық алты жыл болды. Елеге шекем ядымнан шықпайтуғын нәрсе мениң дәрҳал Марқабай тәрепке тез өтиўим. Ол ўақытлары оның бизиң арамызға ОГПУ барлаўшы етип жибергенин соң билип, қуўанышқа баттым.

## ОГПУ де

Марқабайдың тапсырыўы менен Бердиш екеўмиз Мәтқурбан, Қылышбай, Жуманазар, Сапарбайдың басларын кесип, қоржынға салдық. Душпан да болса, кеше бирге жүрген адамлардың басларын геўделеринен жулып алыў бизлерге аңсат болған жоқ. Көликлер менен жарақларды жыйнастырып, ўақыя болған көл ишинен он бес шақырымдай былайырақ шығып, қалаға жақынлаў тоғайлыққа келип қондық. Ертеңине күни менен қалыңлық арасында дем алып, түнде жолға түстик.

Бул қыстың соңғы күнлериниң бири еди. Түн онша суўық болмаса да, қараңғы еди. Таң алдында қаланың күн шығар жағындағы Сейдемет жағасына келип тирелдик. Буннан кейин Марқабай қалаға туўры баслады.

Басына үлкен қара шөгирме кийген, бесатарын ийнине асқан Марқабай, жийрен арғымақтың үстинде алдымызда киятыр. Бердиш екеўимиз атлар менен түйелерди жетелеп алғанбыз. Қасымызда Арыўхан. Тар арба жолдың еки жағындағы жайлардың моржаларынан буўдақлап түтин шығып атыр. Қаланың иши тым-тырыс. Усы өзимиз жүрип киятырған көше менен буннан алты

жыл бурын жуўырып өткеним ядыма түсти. Ол ўақытта мен он төрт-он бес жастағы бала едим. Бул базар күни болды. «Ийшан жағысқа пароход келипти» деген хабар қала балалары менен бирге мени де усы қыйсық көшелер арқалы көл жағасына әкелген еди.

Мине енди сол көшеде мен ининимде бесатар, белимде қос қатар, үстимде жүннен тоқылған жеңсиз, шоқлығы бийик жамылғы, аяғымда түркмени шоқай, терең ойда киятырман. Баспашылардың қатарында болған жети айда мен не көрмедим?! Жаўызлықтың неше түрлериниң гүўасы болып қоймастан, қатнасыўшысы да болдым. Шырышлы қумында Шалтайды хан сайлаған жыйынға қатынастым. Мыңлаған шақырым суўсыз сахраларда саяхат жасап, Мәдияр баслаған баспашылардың еркинде хызмет иследим. Егер мен жалғыз өзим усы турысымда коммунарларға көрине қойсам, күлимди көкке ушырмас па?

Усы ойлар менен қаланың ортасынан өтетуғын қыснақлы тар көшелерди бойлап жүрип, Атамурат бегдиң үлкен ҳәўлисине жақынладық. Ески қорғанлар сыпатында салынған бул үлкен жайдың гүмбезлери таң шапағы менен мунарланып көрине баслады. Улыўма көлеми еки-үш танап жерге жайласқан, төрт мүйешли ҳәўлиниң сыртқы дийўаллары бийик еди. Қубла ҳәм күн батыс дәрўазасынан басқа саңлақ жоқ.

Қоңырат беглериниң ең беделлиси болған Атамурат бегдиң бул жайына 1920-жылдың басында ОГПУ менен милиция бөлими жайласқан еди. Мине, биз соған келдик.

Атының шылбырын маған услатқан Марқабай қубла дәрўаз ̆сының алдында турған қараўылға жолықты. Олар әсте сөйлескенликтен, не айтысқанларын еситe алмадым. Жаўынгер дәрўазаны азлаў ысырып, Марқабайды ишке киргизди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ аўыр дәрўаза сықырлап еки тәрепке шегинди. Қараўыл барлығымызды ишке алды...

Кейин Марқабайдан еситиўимше, Мәдияр баслаған бизиң топар Шалтайдан руқсат алып, «жесир алыў» мақсети менен Нурбай түбекке келгеннен кейин, үргели коммунарды ҳәм Бақсы аўылындағы комсомол-жасларды өлтириў ҳәдийсеси ОГПУ диң басшыларын тик аяқтан турғызып, қатты қаҳәрлендирген екен.

Эренкель командири болған отыз жаўынгер қурал-жарағы менен бизлердиң соңымызға түскен. Олардың

тийкарғы ўазыйпасы Мәдиярдың топарын қысқа мүддетте тас-талқан етиў болған. Ал, буннан бир неше күн бурын Мәдиярдың өлтирилгенлигин еситип, қалада үлкен шадлы сейил, митинглер болған. Мәдиярдың басы кесип әкелинип, көпшиликке көрсетилген.

ОГПУ диң үлкен ҳәўлисиниң ортасындағы ашық алаңында турған бизлер иштеги бөлмеден әскерий формада кийинген адамлардың кирип-шығып атырғанларын көрип турмыз. Бираздан кейин Марқабай менен бирге сур шинельли, түри қатал үш адам шығып бизлерге қарап жүрди. Марқабайдың шеп жағындағы ири геўдели, өткир көк көзли адам ОГПУ диң начальниги Максименко, оң жағындағысы орта бойлы, бийдай ирең, жасы отыз беслердиң шамасындағы, қәдемлерин жеңил басып киятырған оның орынбасары Мәжит Халиков екен. Үшиншиси Мәдияр топарын жоқ етиў ушын область орайынан келген әскерий ўәкил Якупов еди.

— Жолдас Марқабай, сиз оғада аўыр хәм қәўипли тапсырманы орынлап қайттыңыз. Буны биз үлкен мақтаныш пенен Москваға хабарлаймыз. Себеби, ҳийлекер, сум душпанлардың тамырына балта шаптыңыз. Усылай ислемегенде, олар еле көплеген жынаятларды ислеген болар еди,— деп Халиков кеўилли түрде даўысын көтерип сөйлеп киятыр.

— Жалғыз өзим емес, Жарылқаған, Бердиш те ерлик иследи,— деди Марқабай аға.

— Дурыс айтасыз, Жадигеров қайсысы?—деп Халиков Бердиш екеўимизге алма гезек көз қыйығын таслады. Марқабай мени көрсетти. Ол маған дыққат қойып, Максименкоға орыс тилинде қандай да бир сөзлерди айтты да және бурылып, маған қарап «Шалтайдың шәкирти емес пе? Тулғасы жерден пишип алғандай ғой»,— деди.

— Бурынғысын билмеймен, шешиўши гүресте маған шәкирт болды,— деп Марқабай күлди.

Халиков та еркин шақалақ атып күлип турып:

— «Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқаннан соң» деген. Сен өз қәтелигиңди батырлық пенен ақлапсаң. Буның менен өзиңниң өмириңди де қорғадың, ақыллы жигит екенсең. Өткен истиң ҳәммеси кеширимли. Ҳәзир кемпир-ғаррыңа, ағайин-туўысқанларыңа адам кетти. Енди қайтадан совет адамы болдың,—деп Мәжит маған жылы сөзлер айтты.

Көп узамай-ақ биз келген дәрўазадан төрт адам тикке бизлерге қарап жүрди. Максименко менен Халиков оларды әскерий тәртипте күтип алды. Ири геўдели, өткир қара көзли, муртлас әскерий адамға Максименко орыс тилинде рапорт берди. Гәп бизлер ҳаққында, баспашылардың сапластырылғаны туўралы айтылғанын мен жобалаў менен сезип турдым. Булар Сериккалий Якупов баслаған, область орайы Төрткүлден келген ОГПУ ўәкиллери екен. Марқабайды бизлердиң арамызға жибериўдеги купыя иске басшылық еткенлер екен. Якупов қәдемлерин кең басып, Марқабайдың геўдесин қаўсыра қушақлап бетинен сүйди.

— Бул қаҳарманлық хызметиңиз ушын жаўынгерлик Қызыл байрақ орденине усынамыз,—деди.

* * *

Ноябрь айының бир күни түнде Қоңыраттағы бурынғы Мәтмурат бегдиң жайында бир әҳмийетли мәселе қолға алынды. Қызыл жабылған столдың қасында отырған орта бойлы, қара көзли, арықлаўдан келген, әскерше кийинген адам орнынан турып:

— Сизди батыр дейтуғын еди. Қоңыратлылардың бул гәпи, саған ылайықлы емес пе деймен?— деп сын көз бенен қарап турды. Басына үлкен қара бөрик, үстине қызыл жийекли тон, аяғына етик кийген бул кисиниң түриклеў еринлери жыбырлап, ақ араласқан қара шоқ сақалы селкилдеп:

— Батырман ба, қорқақпан ба, оны ўақыт көрсетер еле. Мен ҳәзир елиў бес жастаман, бала-шағам бар, усыған қарамастан мени өлимге қарап айдағанларың дурыс па?— дейди.

— Революция. Совет власты қурбансыз дүзилген жоқ,— дейди, әскерий адам.— Шыныи айтсам, революция душпанларын сапластырыў ушын талай азаматлар таяр. Душпанларды дузаққа түсириў аңсат емес. Қоңыраттың бир неше жигитлерин жибериўди ойластырған едик. Олар сизге қарағанда ақыл тоқтатпаған, тәжирийбеси аз және қызба адамлар болып отыр. Ал, сиз болсаңыз талай қыйыншылықларды артыңызға таслаған, ҳәр нәрсени ақыл тәрезисине салып, ойлы түрде ис қылатуғын адам екенсиз,— әскерше кийинген адам оған және жақын келип, күлимсиреп турып;—«Кешириңиз, ҳәзир

мениң ядыма сизиң бир ерлик исиңиз түсип тур. Буны маған кеше биреў айтқан еди. Бир өзиңиз он үш баспашыны жоқ еткенсиз»,— деди, распа?

— Ҳә!— дейди ол мыйығынан күлимсиреп.— Көкликөл жақтағы ўақыя екен ғой. Оның не кереги бар, өтип кетти ғой.

— Хан Жөнейдтиң жүз атлы нөкериниң қоршаўында қалып, он үшин жоқ етиў, қалғанларын қашырып жибериў хәр кимниң қолынан келе бермейди. Соны анығырақ етип айтып бериңиз.

Бираз ўақыт төмен қарап ойланып отырған аўыл адамы геўдесин көтерип сөйлей баслады.

— Баспашы,— деп жүргенлеримиздиң өзи анаў Шоманайдың арғы жағындағы түркмен далаларына жайласқан көшпели яўмытлардың бузықлары ғой, биз оларды көлли түркменлери болмаса яўмытлар деймиз. Әлбетте, барлық түркменлерди айыплаў надурыс болады. Солардың арасында қанхорлары да болған. Қоңырат—Хийўа ханлығының ең шетки сорамы малға, жерге бай ел. Қоңыратлылар жазы менен мийнет етип, телегин ғәллеге, қорасын малға толтырғанлықтан, гүзде олар келип талайтуғын еди. Мал-мүликти алып қоймастан адамларды өлтирип, қызлар менен келиншеклерди жесир етип алып кететуғын еди.

1916 жылы хан Жөнейдтиң Қошмәмәд, Ғуламәлий деген гелле кесерлери келип, бизиң аўылды талап, мениң туўысқан ағам Атамуратты өлтирип кетти. Шымбайға қашып кеттим. Туўысқан ағамның әрманлы өлими менде намыс отын тутандырды. Шымбайдан 1918-жылы қайттым. 1921-жылы бизиң аўылға Дошмық баслаған қарақшылар топылыс жасады. Бул ўақытлары совет властының дәслепки дүзилген мәҳәли еди. Дошмық баспашыларына қарсы жан аямай атыстым. Үш баспашыны атып жықтым, оқ-жарақларын ҳүкиметке тапсырдым. Ал сиз айтып турған он үш баспашыны 1923-жылы өлтирдим. Мен бул ўақытлары Көкликөл аўыллық советиниң председатели едим. Бир күни бизиң аўылымызға хан Жөнейдтиң Сиз айтқандай жүз емес, Чәртеке баслаған елиў атлы баспашылары таң алдында бизиң аўылды қоршады. Усы күни бизиң үйде Шымбай округиниң жуўаплы хызметкерлери Өтәмбет Тайшимов, Зарлық Қайыповлар қонақ еди. Күндиз арнаўлы жансыз жиберип, бизлердиң үйде екенимизди билген олар үшеўимизди де

жоқ етип, аўылды өртеп жибериў ушын киятырған. Бизиң бахытымызға мениң өлген ағам Атамураттың хаялы ерте турып, сыйыр саўайын, деп сыртқа шықса аўылдың арқа күн батыс тәрепинен баспашылардың қанат жайып киятырғанын көреди. Зәреси ушқан жеңгемиз шелегин таслай берип, бизиң үйге жуўырып «жаў келип қалды» деп бақырып жибереди. Усы қорқынышлы сес пенен атып турған мен төсегимниң қасына қойған бес атарды қос қатар менен алып, сыртқа жуўырып шықтым. Дәрҳал үйдиң артқы жағындағы қораға кирип кеттим. Қора 10-15 метр кейинде еди. Баспашылар мени көрмеген болыўы керек. Бес-алтаўы ат ойнатып бизиң үйдиң алдына келип: «Мусылманнан кәпир болғанлар, шығыңлар» деп ҳүкимли түрде бақырды. Дәслепки минутлары ҳаўлыққан менен кейин қорқынышым басылып, душпанға деген өшпенлигим арта түсти. Буннан сегиз жыл бурын да олар усылай етип аўылды талап, ағам Атамуратты өлтирип кеткен еди.

Алдыңғы көк арғымақ атлы қапталлап келип ишке қарап мылтық атқанда үйдеги Өтәмбет пенен Зарлық зәреси ушып жуўырып көйлекшең сыртқа шықты. Бул минутлары оларға хақыйқат өлим қәўпи туўған еди. Мениң бесатарымның қараўылы көк арғымақлы муртлас ири жас жигитти илди, ол қулашын жайып қулады. Екиншиси, үшиншиси қаңбақтай домалады. Олар оқтың қайдан шығып турғанын билмеди. Баспашылардың арасында сасқалақлаў туўған ўақытлары Өтәмбет пенен Зарлық зытып жоқ болды. Усы мәҳәли қораның күн батыс бетинен онлаған, күн шығыс жағынан онлаған атлы баспашылар шаўып келди. Еки жақтағыларға да қарап izли-изинен оқтан «сәлем» жолладым, бир де оғым зая кеткен жоқ. Таң ағарып, күн шыққан ўақытлары баспашылардың қалғанлары өликлерин алыўға ҳалы келмей, кейин шегинди... Себеби, бесатарымның қараўылына илинген баспашылар узақтан да, жақыннан да аман қалмады. Мен қорадан шықсам он үш баспашы ҳәр жерде сулап жатыр екен.

Усы иретте Чәртеке менен бирге хан Жөнейд те сыртқы кийимлерин өзгертип кийип келген екен дегенди еситтим. Өлгенлердиң арасында Чәртекениң өзи де болса керек. Бирақ, мен оны танымағаннан кейин, ажырата алмадым. Ал, аўыл адамлары «ийтке ийт өлими» деп

өликлерди узаққа апарып көмбей таслады. Оларды ийтлер жеп кеткен шығар деймен...

— Мине, соның ушын да сизди Қоңыратлылар Марқабай батыр деп дурыс атаған,—деп әскерий адам кеўилли түрде күлди.—Сиз қорқақ болғанда, сол жерде бир де оқ атпаған болар едиңиз, себеби олар көп ғой. Мине, соның ушын аўыр ҳәм қыйын иске Сизди дурыс таңлап отырмыз. Сизди баспашылар арасына жиберместен бурын, керекли болған барлық илажлар ислениўге таяр. Сиз аман қайтып келгенше Марқабай батыр емес, «Марқабай баспашы» атанасыз. Бир нәрсени яддан шығармаңыз, жасы үлкен. Сиз большевиклерге, Ленинге, халыққа хызмет ислеген боласыз...

Марқабайға бул аўыр ҳәм қыйын тапсырманы усынып отырған, оны қушақлап көрисип, бетинен сүйетуғын, қоңыратқа баспашыларды қуртыў ушын келген областьлық ОГПУ диң жуўаплы ўәкили Серикқалый Яқупов еди.

— Ленинге, большевиклерге, халыққа,—деп Марқабай орнынан турды. Оның мөлдир қара көзлери жалтжулт етип, қара сур келбетинде қандай да бир күшқуўат сәўлеленип кетеди.

— Мәдияр,—дейди ол,—қатал ҳәм сум душпан. Ол маған ҳеш ўақытта исенбейди. Усылай болса да, мен Ленин иси ушын жан-тәнимди аямайман,—деп оң қолын созады. Екеўи қушақласып көриседи.

Усыдан үш-төрт күннен кейин «Қылмыслы болып түрмеге түскен Марқабай, түрмени тесип қашып, баспашыларға қосылды» деген хабар тек Қоңырат емес, пүткил областьқа тарайды. Марқабайдың мал-мүлки конфискаланып, ағайын-туўғанлары қамаққа алынады. Бирақ бунық барлығы ОГПУ дың душпанларға ислеген көзабасы еди. Ақыбети дийдиден шықты. баспашылар сап болып, Марқабай өз қәддин қайтадан тикледи. Мен де соның жәрдеми менен халыққа хызмет еттим, —деп бир күлип қойды.

— Әне, иним, бизиң басымыздан өткен жети айдың әламаты усылар,—деп жуўмақлады.

— Жарылқаған аға, еле аяқланбай қалған гәпиңиз бар,—дедим мен тағы.

— Ол не гәп? Мәдияр, Мәтқурбан, Қылышбайлар өлгеннен кейин пәтияның оқылғаны емеспе?

— Аўа, ол дурыс. Шалтай, Абылла хожа, Сейтнияз қамар, Гүмисбектиң балалары ҳаққында да билгениңизди айтып берсеңиз?

— Олар да бар екен-аў,—деп ойға шүмди.

* * *

— Сөзди Шалтайдан баслайын,—деди ол узын буўрыл қара муртын сыйпап отырып.—Олар бизлер кеткеннен бир айдан кейин, Ақтөбе деген жерге барады. Бул Түркменстанның ҳәзирги Ленин районы. Сол жерде үлкен той болып атырған екен. Алпыс алтыға жақын олар бақсы айтылып турған ҳәўлиге үш жүз алпысқа жақын адамды қамап, от береди, сыртқа қашып шыққанын атады. Үш жүзге жақын қыз-келиншек, жигитлер, ғаррылар, балалар лаўлап жанған отта қалады. Шалтайдың нөкерлериниң бири Жумат усы қараңғы пайыттан пайдаланып, сол жерде оны туў сыртынан атып өлтиреди. Жумат бир жылдай қолайлы пайытты күтип жүрген екен. Себеби, оның ағасы Шалтайдың ең жақын орынбасарларының бири Ғуллы батырды Шалтай жек көрген. Ғуллыны өзиниң исенимли бир нөкерине аттырып, бул сумлығының изин жасырыў ушын ҳәмирин орынлаған нөкерин «сен неге мениң батырымды өлтирдиң» деп өз қолы менен атып таслаған.

Ал, Жуматтан сезикленген Шалтайдың иниси Байрам оның көзин жоқ етеди. Усылай етип, Шырышлы қумында гилемге көтерип сайлаған Хорезмниң хан Жөнейдтен кейинги «ханның» тәғдири усындай болған. Иниси Байрам қырық-елиў атлы нөкери менен көп узамай Иранға өтип кеткен. Араз бала, Амангелдиге усаған баспашылар гөне үргенчли Әлийжан баслаған коммунарлар тәрепинен 1930-1931-жыллары сапластырылды. Барлықбай болыс, Жәлий мақсым баслаған Тахтакөпирли баспашылар да көп узамай қолға түсти.

Сейтнияз қамар менен Жолманның тәғдири басқарақ. Сейтнияз қамар Шалтай өлгеннен кейин, Гүмисбектиң баласы Жолманның топарына келип қосылады. Бир күни Сейтнияз Шалтайды ертип, Қараўымбет дуз көли тәрепке шығады. Мақсети—Хорезмнен қырға көшип баратырған қазақларды талаў. «Жыңғыллы ой» деген жерде аз ғана хожалықты услап, мал-мүлкин

алады. Еки күннен бери аш болып жүрген Сейтнияз қазақларға «чай, аўқат бересең» деп буйырады. Бул көшип баратырғанлардың басшысы алпыс беске келген бир ғарры екен. Ол Сейтниязға жалбырақлап: «Ҳәммесин таярлаймыз, тек жанымызды олжа етсеңлер болғаны» дейди. Олардың бул услаған кәрўанында ғаррыдан басқа жасы он алтыдағы бала, кемпир ҳәм келиншек бар екен. Барлық малы алты түйе, үш жылқы болады.

Ҳаяллар чай қайнатып, аўқат асады. Ғарры менен бала отын әкелип жағады. Узақ ўақыт аш қасқырдай сергизданға түскен Сейтнияз бенен Шалатай түйелердеги түсирген жүклерге арқасын сүйеп буйығып отырады, бирақ уйықламайды. Шөпшек терип жүрген болып ғарры жас балаға ҳәм ҳаялларға сыбырлап, ымлап, қандай да бир нәрселерди сездирип жүреди. Чайды дүмшеге қайнатып, екеўиниң алдына қоя бергенде, бала Сейтниязға, ғарры Шалатайға топылады. Сол ўақытлары балта менен шотты ала жүўырған келиншек пенен кемпир сырт бетинен баспашыларды урады.

Ири геўдели дәпең Сейтнияз, жан айбат пенен тамағынан буўған баланы арқалаўы менен қашады. Мылтығы отырған орнында қалып қойған. Кемпирдиң силтеген шоты қатты тиймеген болса керек, ғарры Шалатайды басқан ўақытлары ол ғаррыны аўдарып таслайды. Усы ўақытлары жас келиншек оның артынан келип балтаны урғанда жас баспашы тентиреклеп барып ғаррыға тәп берген. Ал, шаққан ҳәм шәпик адам болыўына қарамастан Сейтнияздың бесатарын алып үлгерген екен. Ол атады. Жақын жерден атқан оқ Шалатайды қалпақтай ушырады. Бул ўақытлары Сейтнияз қамар баланы арқалаўы менен тәўир-ақ узақлап кеткен еди. Шалатайдың исин питкерген ғарры, олардың изинен жуўырады. Кемпир менен келиншек те шоты менен балтасын көтерип, қашып баратырған «жалғызақтың» изине түседи. Баланы өлтирмекши болып жаманлық ойға кеткен Сейтнияз ҳаўлыққанды қойып, қонышын сыйпалай бергенде бала оның аяғынан шалады. Етбетинен еңтерилип жығылған ўақытлары қонышындағы қанжары жерге түседи. Шап берип қолына алып, арқасынан урғанда. Сейтнияз бурылып, балаға

тәп береди. Канға уйысқан қанжар оның арқасында казықтай қадалып қалады. Ентигип келген ғарры Сейтниязды бесатары менен атқанда қушағын жайып қулайды, Сейтнияз бенен Гүмисбектиң киши баласы Шалатай усылай тамам болды.

Гүмисбектиң үлкен баласы Жолман менен Ағабай шеке, Иранлы қарақшы үшеўин 1932-жылы жаз айында Таўжан Назарбасов командирлик еткен Қоңыраттың жети коммунары сапластырады.

Қоңырат—Хожели гүзар жолын аңлып, еки тәрепке атлы қатнайтуғын партия—совет активлерин өлтирип, шетки аўылларды талап жүрген буларды жоқ етиў ушын арнаўлы тапсырма алған Қоңыраттың жигитлери еки ай даўамында тынбастан олардың изине түскен. Коммунарлар көп емес еди, олар Сыдық Ермағанбетов, Қалдыбай Жүндешов, Мәтжан Қудайназаров, Пахратдийин Мереков, Зулпықар ,Ершин, Аманқылыш Жаров болып, барлығы жети жигит еди.

Түски ўақытлары Нурбай түбек тоғайының ашықлаў жеринде аўқат асып атырған баспашыларды қоршап алған коммунарлар қатаң гүрес жүргизди. Олар да оқларды жамғырдай жаўдырып атысады. Жолман арғымағына шап берип минип қашады. Көп узамай-ақ коммунарлардың оғы жамбасына тийип атынан ушып түседи. Еки баспашыны атып тым-тырыс еткен қоңыратлы жигитлер Жолманды көп излеген. Сөйтип жүргенде тағы онлаған атлы Хожелиниң отряды да буларға қосылған.

Қатар жүрип, алға қарап киятырған коммунарлар хәр бир шок жыңғылдың түбин муқыятлылық пенен қарап келе береди. Бир ўақытта Қоңырат коммунарларының алдындағы қалың бүктиң астынан «шыбын жанымды кешиң, қоңыратлы ағалар» деп Жолман геўдесин көтереди. Алдында киятырған Аманқылыш жеңиллик етип, изли-изинен еки оқ атып, Жолманның басының мылжа-мылжасын шығарған.

Ал, ислам дининиң жаршысы Абылла хожа көп ўақыт хабарсыз кетти. 1931-жылы гүзде Респрокурор Бекман Тожиевты, Жоқарғы судтың ағзасы Әжимурат Муўсаевты хәм нызам хызметкери Айтжан Бекмуратовты Қоңыраттан Шымбайға алып кеттим. Ол ўақыт-

та мен милиционер едим. Қусхана тауының күн батар түбиндеги жағыс арқалы Әмиўдәрьядан өттик. Гүзар жолдан дәрьяға қарап, бир өгиз арба әсте шыйқылдап келе берди. Ол тусымыздан өте бергенде кейининде тасаланып баратырған бир адамды көзим шалып кетти. Шырайын дәрҳал таныдым. Нағанымды суўырып алып, арбаны ириктим де қасына келип:

— Сен кимсең?—дедим оған тикленип қарап. Ол бетин шеп жағына бурып, жуўап бериўге асықпады.—Саған айтаман, кимсең?!...

— Шымбайдан киятырған жолаўшыман. Бул не, қун алатуғын қазыдай дәпине бересең?—деп—көзин оларртты.

— Атың ким?

— Не, қуда болмақшысаң ба? Жолымыздан қалдырма?—деп ол ҳәкиреңлей баслады.

— Асықпа, Абылла хожа, енди Шалатайға жете алмайсаң,—дедим түсимди суўытып.—Қолыңды көтер!...

Мениң жолдасларым бул ҳәдийсеге таңланып қарады.

— Абылла хожа деген ким?—дей бергенде аттан секирип түсип еки қолын артына қайырып байладым. Мениң ким екенимди сезгеннен кейин ол торға түскен қырғыйдай жуўасыды.

Қалтасынан документин алып тексерип қарасам, «Жарылқаған Туўмышов» деген адам болып шықты. ҳақыйқатында ол Абылла Туўмашов еди. Усы иретте оның да «гезенделиги» тамам болды. ОГПУ диң хызметкерлери тексергенде Абылла хожа Туўмышовтың кейинги аўҳалы былай болған екен.

Шалтайдың «өрмеги» тас-талқан болғаннан кейин Абылла хожа бесатарын қумға тығып, өзи кәрўанға ерип, Қазақстанға, оннан кейин Башқуртстанға барып колхозда жылқы бағыпты. Жарылқаған Туўмышов болып мениң атымды пайдаланып документ алып, бир ярым жылдан кейин қайтып киятырғанда, мен оған тосыннан ушырасып услағанман.

Абылла хожа ойламаған жерден усылай қолға түсти. Мен оны Қоңыратқа алып келип, ОГПУ ға тапсырдым.

— Марқабай, областлық ОГПУ-дың ўәкили айтқан наградасын алдыма?—деп ең соңғы сораўымды бердим.

— Аўа жаўынгерлик Қызыл байрақ орденин батыр жүреги тусына қадап жүргенин талай ирет көргенмен.

* * *

1928—1929-жылы жас Совет властының Қоңыраттағы ҳүкимет органларына қарсы көтерилген Мәдияр Төреев баслаған баспашылардың кейинги тағдири усылай тамам болды. Усы жаўызлық ўақыялардың тарийхын аўыл ақсақалы Жарылқаған аға Жәдигеровтан жазып алып, жас әўладларға жеткизбекши болған едим. Буны азлы-көпли орынлаған шығарман, деп ойлайман.

— Мен тарыйхый шежирени Жарылқаған ағадан 1968-жылы жазып алғанман.

*1978-жылы. Қоңырат.*

# ОКТЯБРЬ ЖУЛДЫЗЛАРЫ

*Очерклер*

## АУЫР ЖЫЛЛАРДА

### 1 Ушырасыў

Бурын «Ханжап» деп аталатуғын, кейин кеңейтилип үлкен суў арнасы болған Ленин каналының бойындағы кишкене жайға келдим. Бул жайда Бағымбай Темирбаев деген жасы жетписке жақынлап қалған орта бойлы, буўдай ирең ғарры жалғыз туратуғын еди. Ленин көшесиниң бойындағы 125-номерли кишкене есикти келип ашқанымда, Бағымбай аға мени жыллы шырай менен күтип алды. Бурын қала орайындағы китапханада бирдейине газеталар менен журналларды оқып отыратуғын бул ғаррының қолында бүгин де «Известия» газетасын көрдим.

Ошақта қара дүмше қайнап турса; әтештан басында кишкене қара пышық көзин тарса жумып отыр. Мениң даўысымды еситкеннен болыўы керек, қара пышық көзин бир ашып «бул ким» дегендей, маған бажырайып бир қарады да, және көзин жумды.

— Бағымбай аға,—ҳеш нәрсе керек емес, көбирек отырыўға ўақтым да аз. Сиз бенен сөйлесип, өткен өмириңиздиң есигин ашып, қызықлы естеликлериңизди жазып алыўға келген едим...

— Бизлердей ағаларыңызды еске алып келгениң ушын үлкен рахмет айтаман, ал ҳәзир түски дем алыс ўақты, сен болмасаң да мен чай ишип, аўқатланаман,— деди де ғарры оттағы сақырлап қайнаған дүмшени шы-

ғарып, чайнеклерди демлей баслады. Ғаррының еркине көниўге туўра келди. Сийреклеў мурты менен кишкене шоқ сақалын «ақ қыраў» басқан атаның кеўили жасарып, хызмет ислеп атырғанына жаным төзбей:

— Пенсия алатуғын шығарсыз?—дедим.

— Пенсиясыз қалай күн көриўге болады, айына алпыс манат алып тураман.

— Ғаррылығыңыз ушын ба?

— Қарақалпақстан менен Хорезмде Совет властын дүзиў гүреслерине қатнасқаным ушын.

Мен қалтамнан блокнотымды алдым да «Пенсионер жаўынгер Бағымбай Темирбаев» деп жазып қойдым. Мен гүресшең Қоңырат елиниң азаматының аўзынан шыққан ҳәр бир сөзди блокнотыма түсириўге асықтым.

## 2 Матрос болған жылларда

— Баяғы аўыр жылларда,—деп баслады ғарры өзиниң сөзин.—Төрт төбели Қоңырат ели деп аталатуғын еди. Сол хан заманы ўақытларында буның да өзине ылайық үлкен мәниси болды. Қоңырат халқына исенбеген Хийўалы ҳәкимлер бул гүресшең елди жүўенлеп услаў ушын төрт бийликке бөлди. Ҳәзирги усы Қоңырат қаласының күнбатыс арқа бөлегиндеги еллерди Өзбек Султамурат бегдиң баласы Сарыбай бий басқарды, оның қарамағындағы өзбек, қарақалпақ, қазақлар мал бағыў, егин егиў менен шуғылланатуғын еди. Қаланың тутас күнбатар жағын ашамайлы, ағайинли Қылышбай бий менен Әўезбай бий басқарды. Олардын биреўи узаққа кете қойса, биреўи орнында қалатуғын еди. Қаланың қубла жағын бизиң ҳәммемизге белгили Бала бий деп аты кешкен көк-өзекли Қутлымурат бий бийледи, ал қанжығалы Мансур бийдиң әўлады Мамыт бий қаланың күншығыс бетиндеги еллерге ҳәкимшилик иследи. Мен усы қалада жаслық дәўиримди өткердим.

— 1913-жылы мениң әкем қазаланды,—деп Бағымбай аға аўыр гүрсинип, қолындағы чай кесени дәстүрхан үстине қойды.—Ол ўақлары ким жарлы болса ишерге ас кийерге кийим таба алмай, ертеңги күни уўайымлы дәўир еди ғой. Әкем өлгеннен кейин анам менен екеўмизге күнелтиў қыйын болды, бир жылға жуўық ўақыт ҳәр кимниң малын бақтым. Қоңыратқа түркмен

баспашыларының жийи-жийи топылып турыўы жас падашы маған да аўыр тәсир етти, бир сапары мениң баққан малларым баспашылардың қолына түсти. Буннан кейин мен ҳақы алмадым, бул нәрсе бизиң күн көрисимизди аўыр жағдайда қалдырғаннан кейин мен анамнан рухсат сорап алып, Мойнаққа талап излеп кеттим. 1914-жылы 16 жасымда Мойнақтағы дәрья пароходы «Бухарский» ге кочегар (от жаққыш) болып хызметке орналастым. Мениң бул жумысқа орналасыўыма усы пароходтағы жәрдемши механик Горький Стрельковтың иниси—мениң менен жаслы Яшка Стрельков себепши болды. Бул ағайинли еки жигит Россияның ишки қалаларынан буннан еки жыл бурын жумыс излеп келип, усы пароходқа орналасқан екен.

Яшка мени, мен оны тез түсинип, бирден дос болып кеттик. Биринши иретте мен «Кочегар», «Рабочий» деген сөзлерди солардан иситип, рус тилин де солардан үйрене басладым. Ислам дининиң түсинигинде мусылманлар русларды «капирлер»-деп жек көриўшилик руўхында тәрбиялаған емес пе, мен рус жарлыларының ақ сүйек рус адамларын жек көретуғынлығын усы Горький Стрельковлардан билдим. Пароходтың капитаны Иван Иванович та жалланба матрос екен. Ол пароходтағы матрослардың турмыс аўҳалын бирдейине өзиниң нәзеринде тутып, оларға жақсы қарады, ҳәрдайым қасыма келип, «Васька, аўҳалың калай, елиңди, анаңды сағынған жоқсың ба? Бизлер менен ислесиў, қалай?»—деп туратуғын еди.

— Умытпасам,—деди ошақтағы қызыл шоққа қарап отырған ғарры. — 1916-жылғы жазғы ремонт ўағында шығар, бизлер Иван Иванович ҳәм Горький Стрельковтың басшылығы менен еки ҳәпте ис тасладық. Усының нәтийжесинде бизиң пароходымыздың хожайыны—москвалық саўдагер Лапшин айлығымызды көбейтти ҳәм бир қатар ишки, сыртқы кийимлер менен тәмийин етти. Буннан кейин Россияда патша ҳүкиметиниң сапластырылып, Совет властының дүзилиўи Хорезм менен Қарақалпақстанға, соның ишинде алды менен бизлерге жеткен еди. Мойнақта революциялық Совет дүзилип, ҳүкимет қаллашлардың қолына өтти. Мениң еле ядымда, Горький Стрельков баслаған «Бухарский» параходының матрослары қызыл байрақты көтерип, ре-

волюциялык советке бардық, митингиге қатнастық. Иван Иванович пенен Горький Стрельков митингиде шығып сөйлеп, Совет властын қоллады. Олардың Мойнақта Совет властын дүзиў исине актив қатнасқан революционер екенлигин соң билдим.

Ески өмирдиң есигин ашып, маған тарийх шежиресин айтып отырған бул кисиден мен «Бухарский» пароходының атқаратуғын жумысларын әллеқашан сорағым келип еди, бирақ оның гүрриңин бөлгим келмеди. Мине ол азырақ ойланып, суўып қалған кесени қолына алды.

— Бағымбай аға, «Бухарский» пароходы қандай хызметлерди атқарды?—деп оның жүзине қарадым.

— «Бухарский» пароходы Мойнақ пенен Чарджоў арасында жүрип: Қоңырат, Хожели, Маңғыт, Ургенч, Чимбай қусаған қалаларда таярланған жүклерди, жоңышқа тухымын, пахтаны; тери-терсекти, мийўелерди Аралда жүзетуғын «Хан» пароходына апарып берип, ондағы ишки Россиядан келген чай, қант, гезлемелер усаған санаат товарларын жүклеп, Хорезм менен Қарақалпақстан қалаларына жеткизип беретуғын еди.

— «Бухарскийде» қанша ўақытқа шекем кочегар болдыңыз?

— Бес жылға жуўық. 1919-жылдың жазында теңизде киятырған бизиң пароходымызды Атаман Фильчевтиң қарақшылары басып алды, пароходтың капитаны Иван Иванович, Яшка Стрельков пенен оның ағасы Горький Стрельков ҳәм тағы басқа да матрослар менен бирликте бизлер қашып қутылдық. Соннан кейин мен өзимниң туўып-өскен жерим Қоңыратқа келдим, бул кәрада да уллы Россиядағы Октябрь революциясының даўылы турып, Қоңырат мийнеткешлери өз елинде Совет властының дүзилиўин талап етип атырған ўақты екен. Мен усы жылы гүзде Қоңыраттан дүзилген Қызыл гвардия қатарында Совет властық ушын гүреске атландым.

Мен Қоңыраттан Мойнаққа талап излеп кеткен ўақлары бунда үлкен ўақыялар болыпты—деп, гүрриңин даўам етти.—1917-жылы май айының ақларында Жунайдханның көп санлы, күшли қуралланған, Қошмамедхан баскарған басқыншылары елимизди келип басып алған. Қаланың душпанлар жолындағы Бала бий

басқарған бөлиминиң қырық нөкери бир мың атлы басқыншыларға қанша қарсылық етсе де тоқтата алмай, ақырында өзлери елди таслап қашыўға мәжбүр болған. Аўзы ала Қоңыраттың төрт бийи күш бириктирип гүресе алмағанлықтан, душпанлар усы келгенде қаланы өртеп, қарсылық еткен адамларды қырып жойып, малмүлкин талап, жыйнаған дүньяларын өз еллерине жиберип турған.

Бул ўақытлары Бала бий Чимбайға өтип кетип, жәрдемге рус әскерлерин алып киятырған еди. Бул хабарды еситкен Қошмамедхан урыспастан бир түнде қаланы босатып, Үстүрт таўларына шығып жоқ болды. Усыдан кейин аз ғана ўақыт тынышлықта жасаған Қоңыратлылар 1918-жылдың бәҳәринде және Жунайдханның екинши бир баскесери Шәрриктиң басқысына ушырады. Түркмен феодалларының бири Ушақбегди хан көтерип келген Шәрриктиң мақсети Қоңырат елин, оның күшли ҳәкимлериниң бири Бала бийди бағындырып, олардың Жунайдханға қосылыўын тәмийин етиў еди.

Бала бийдиң нөкерлери қара ғарғадай болып қаплап келген бес мың атлы Шәррикке ҳешбир илаж ете алмастан, және дәрьяның арғы бетине—Зайырға өтип кетти. Буннан кейин Шәррик пенен Ушақбег Қоңыраттың ири феодалларының бири, ҳәкимлик орынға таласып жүрген Молла-Үббини Қоңыраттың ҳәкими етип таярлап, өз еллерине қайтып кетти. Бул ўақытлары Жунайдхан Хийўаны алып, Асфандияр ханды өлтирип, Хорезмди өзине бағынышлы етип атырған ўақты еди.

Мине, усы аласапыран жыллары Қоңырат елинде үлкен ўақыялар болып турды. Усы жылы гүзде атаман Фильчевтиң арнаўлы шақырыўы менен қазақ даласынан Алаш ордашы Әлий төре баслаған ақ атлы қазақлар Қоңыратқа келди. Олардың оқ-жарақлары оғада көп еди. Әлий төре ҳәм Фильчевтиң жәрдеми менен Балабий Қоңыратқа қайтадан ҳәким болды да, молла-Үбби қашып кетти. Мине, усы ўақытлары Совет властының душпанлары болған Деникин, Колчаклар қызыл армия тәрепинен биротала қыйратылып, Түркстан фронтының әскерий бөлимлери Орта Азия халықларын азат етиў ушын ҳәм Совет властын дүзиў ушын жеңисли түрде алға илгерилеген еди. Шайдаков басқарған

қызыл гвардия Хожели қасында Фильчев пенен Әлий төрениң күшлерине қатты соққы бергеннен кейин, Әлий төре Үстүрт далаларына қарап зымырап қашты. Үстүрттиң қазақлары оларды қыйратып, жарақларын тартып алып, Қоңыраттың базарына әкелип үйин-үйин етип сатты. Мен де сонда жарақлы болып қалдым.

1919-жылдың жаз айларында Түркстан фронтының ўәкиллери Қоңыратқа жасырын түрде келип, Совет властын қоллаўды, қызыл армия қатарына өтип, халықтың душпанлары менен гүресиўди үгитледи. Бул Қоңырат жасларына күшли тәсир етти, көплеген жигитлер, соның ишинде мен де барман, қызыл гвардия қатарына жазылдық. Мениң Мойнақтан кейинги жаўынгерлик өмир жолларым усылай басланды.

### 3. Хорезм полкиниң жаўынгери

От аз жағылса да қақыраның иши ысып кетти ме деймен, Бағымбай аға сыртқы жеңил кийимин шешип, дийўалға қыстырды.

— Бағымбай Тимирбаев Сиз боласыз ба?—деди жас жигит дәслеп маған қарап, оннан кейин ғаррыға жақынлап.

— Мен боламан,—деди ол.

— Кеширерсиз, ата, көшеге мен жақында почтальон болған едим, буннан былай сорамай-ақ келе беремен, пенсияңызды алыңыз!—деди ақшаны санап турып. Көз әйнегин дурыслап кийген үй ийеси ақшаны алды да, почтальон усынған қағазға қол қойды. «Бул жердеги исимди питкердим» дегендей, почтальон шығып кетип баратыр еди, оның изинен «маған тийисли газета жоқпа, балам?»—деп даўыслады. Жас жигит изине тез қайтты да, ғаррыдан кеширим сорап сумкасынан «Известия» газетасын суўырып алып берди.

Рахмет. балам!

— Кеширерсиз ата,—деп почтальон екинши рет айтты да уялағанынан бурыштай қызарып есиктен шығып кетти. Қолына алған газетаның төрт бетин көзинен тез өткерген ол бурынғы орнына келип отырып:

— «Известия»ны бир күн оқымасам, бир мезгил аўқатланбай қалғандай боламан да турaман,—деди күлимсиреп.

—Енди маған Хорезм полкинда болған ўақытларыңызды айтып берсеңиз қалай болар екен?

— Аўа,—деди ғарры,—Қоңырат жаслары ақ атлылардан алынған,—Үстүртлилер сатқан қураллары менен толық қуралланғаннан кейин Хорезм полкына барып қосылдық. Солардың ишинде Қудайберген Бекниязов, Нарымбет Әйтенов, Емберген Жумашев, Қазақбай Палўанов, Ешмурат Дәўбаев, Емберген Дәнияров, Матчан Шомақ ҳәм басқалар бар еди. Бизлерди Хорезм полкиниң биринши эскадронына қабыл етти, бир неше ай әскерий таярлықтан өткеннен кейин жаўынгерлик тапсырма алдық. Бизиң эскадронымыздың командири Башқурт жигити Қасым Әлиймов болды. Бул ўақытлары Трткүлден келген «Әмиўдәрья[1]» атлы эскадрон Ғазабатта болған Жунайдхан қарақшыларынан сол елдиң халқын қорғап турған еди. Бул эскадронның командири Жумағул Минирманов еди.

«Әмиўдәрья» эскадроны Төрткүлге қайтып кетти де оның орнына бизиң эскадронды жиберди. Бизиң алдымызға қойылған мақсет Газабат елин Жунайдхан баспашыларынан қорғаў ,бул ўақытлары Жунайдхан қарақшылары қызыл әскерлер менен ашық айқасыўдан корқып, алыстағы қумларға гә қашып барып, гә қайтып келип урыс қылып жүрген еди.

Бир күни Газабатта бизлерге Ақдәрбент аўылының ақ сакалы Абы баба деген түркмен ғаррысы келип, өз аўылына баспашылардың тынышлық бермей атырғанлығын хабарлады. Эскадрон командиринен Ақдәрбентке әскерий күш жибериўди өтинди, ҳақыйқатында да бул адам Совет властын шын жүрегинен сүйген екен. Эскадрон командири мен басқарған үшинши взводты Ақдәрбентке барыўға буйырды. Бизиң взвод күн аўа атланып, күн батардың алдында Абы бабаның қышлағына келдик. Бизлер жаңа аттан түсейин деп атырғанда, «Жунайдхан баспашылары жақын жердеги бир аўылға келди» деген суўық хабар сап ете қалды. Абы бабаның баслаўы менен және жолға шықтық.

Баспашылардың келген аўылы Ақдәрбентке үш шақырым узақлықта екен. Бизлер аўылға жақынлай бергенде, олардың қараўыллары оқ ата баслады, бизиң биринши урысымыз усылай басланып кетти. Атларымызды жап ырашының тасасына қойып буққы таслап аўылға жақынлай бердик. Душпанлар көп еди, Абы

баба берген дәслепки хабар бойынша олар 350 ге жақын екен. Душпанлардың күшиниң басым екенлиги туўралы мен эскадрон командирине тез хабар жибердим. Кешки саат беслерде баслаған атыспа төрт саат даўам етти. Аўылға бекинисип алған душпанлар бизиң өз күшимизди мисе тутпай, өжетлик пенен қарсыласып оқ ата берди. Бул гүз айының жарқыраған айлы түни, мылтықлардың сестин еситип Ақдәрбент аўылларының батыр жигити, жүзбасы Исахан баслаған онлаған жигит келип бизлерге қосылды.

Аўылдың күншығар шетиндеги жайдың арқасындағы жаптың ишинде турып урысқа басшылық етип атырған маған эскадрон командиринен «Душпан көп болса кейин шегиниң, жигитлерди босқа қурбан етиўге болмайды» деген буйрық келди. Буйрықта Ақдәрбент пенен Абы бабаның аўылының арасындағы кишигирим базары болатуғын «Шыйықлар қышлағы» деген елатқа шегиниў көрсетилген еди. Взвод шегинбекши болып таярланып атырған ўақытлары Шертай Бәўбековқа, Ешмурат Дәўбаевқа ҳәм жүзбасы Исаханға душпан оғы тийип жараланғанлығы туўралы хабар жетти. Жаралы жигитлерди тез атыспа майданынан шығарып алып, арбаға мингизип эскадронның емлеў бөлимине жибердик.

Взвод «Шыйықлар» елатлы пунктине келгенде, түнги саат бирлердиң шамасы болды. Бул жерге бизден бурын келген эскадрон командирине болған ўақыяны толық айтып бердим.

— Жаралылардан басқа өлгенлер жоқпа? — деди командир.

— Еки жаўынгер белгисиз болып тур.

— Олар кимлер?

— Хожанияз Ҳәкимов...

— Гөнели ме?

— Аўа.

— Екиншиси ?

— Атажан Қара.

— Батыр жигитлерди қалдырыпсаң!—деди командир түси суўып.

Командир мени пилтели шыра жаққан жайдан сыртқа алып шықты. Аспанды ала булт қаплап, азырақ силпилеп жамғыр жаўған екен, аўылдың күн батар шетинен үрген ийттиң даўысына аралас биз шегинген

аўыл тәрептен атылған мылтық даўыслары келе баслады. Командир азырақ тыныш турып тыңлады да, мылтық сести күшейе баслағаннан кейин:

— Бул қандай атыспа?—деп маған қарады.

— Бизлердиң шегингенимизди билмей, аўылға бекинип қалған сол еки жаўынгер шығар душпанлар менен урысып атырған,—дедим.

— Егер олар болса, душпан қолында қалдырыўға болмайды, қутқарып алыў керек,—деди де эскадрон командири тез ҳәрекет ете баслады. Өзи менен бирге Газабаттан келген Лисин командирлик еткен 2-рота пияда әскерлерди бизиң взводқа қосып, урыс болып атырған аўылға және атландырды. Жедел жүрис пенен киятырмыз, бизлер жақынлаған сайын мылтықлардың сести көбирек ҳәм қаттырақ шығып атыр. Аўылға жақынлағанымызда мен эскадрон командиринен шегиниўге буйрық алған жаптың қубла жағындағы үлкен жайда атыспа болып атыр еди. Қараңғыда ойламаған уақлары бизлер тәрептен де қатты топылысқа ушыраған душпанлар бираз өликлерин қалдырып, таң алдында жаппа қаша баслады.

Бизлер шегингенде, усы үлкен жайға бекинип алған ҳәм душпанлар менен саўаш жүргизип атырған усы Хожанияз бенен Атажан екен. Таң алдында бизлерди көрген екеўи бийик тамның дәрўазасы үстинде турып, қуўанғанлықтан еки ирет мылтық атып салют берди. Бұннан кейин взвод жигитлери еки батыр менен құшақласып көристи, қуўанғанлығынан болыўы мүмкин, мени қушақлап көриске Атажанның үлкен қара көзлеринен жас тамшыларын да көрип қалдым.

Аўҳалды сорастырып қарасам былай болыпты. Биз Абы бабаның аўылынан келип урыс баслағанымызда, бул екеўи жер баўырлап еңбеклеп барып үлкен ҳәўлиге жетеди де, артқы малхананың тусындағы жаз қапыдан ишке киреди. Жайдың адамлары қашып кеткенде, жаз қапы ашық қалыпты. Ишке кирип қапыны беккем етип жапқаннан кейин иштеги зәңги арқалы жоқарыға шығып, дәрўазаның тусындағы шардарада турып, қараўытып жақын келген баспашыны қырғыйдай қыйып түсип турады. Бизлердиң шегингенимизди сезбеген екеўи душпанлардың барлық күши өзлерине қаратылған уақлары ғана взводтың кетип қалғанлығын

сезеди ҳәм душпанға қатаң қарсылық көрсетеди. Еки жигиттиң атқан оғы қәте кетпей, биразын сеспестен қатырса да, өжетленген душпанлар ҳәўлиге жақын келип от бермекши болады. Мине, усы ўақытларда бизлер жетип, олардың сумлықлы ойын иске асырмағанбыз.

Душпан қоршаўында қалып батырлық пенен урыс жүргизген бизиң еки жигитимиздиң ерлик ислери соңғы саўашларда басқа жаўынгерлерге умытылмас үлги болды,—деп жуўмақлады Бағымбай аға өзи басқарған взводтың Ақдәрбент сапарын сөйлеп берип отырып.

Қарақалпақстан территориясында жасаған мийнеткешлер арасынан дәслепки шыққан рабочий, дәслепки матрос, дәслепки қызыл гвардияшылардың бири Қоңыратлы Бағымбай ата Темирбаевтың басынан өткерген өмир жоллары күтә қызық. Өткен жаўынгерлик жыллардың солдатының өмир шежиресиниң усы бир кишкене әпсанасын қағазға түсириўге асықтым. Бул мениң қызыл Қоңырат шежиресин жыйнаўдағы дәслепки қәдем басыўларымның бири еди.

## ҚОҢЫРАТТЫ ҚОРҒАЎ

Таң алдында Төребайдың ески қорған қаласына келген үш атлы, бийик дийўаллардың ығында турып өз-ара сөйлесе баслады. Жийрен арғымақ атқа минген ири геўдели, шүңгил қара көзли, қыр мурынлы, жасы отыз беслерге келген жигит Бегмурат қасында турғанларға:

— Молла Үбби ҳәзир сырттан Совет ҳүкиметин жақлаған менен оның ишки жан сезими жек көреди. Мине, соның ушын да оннан ҳәм оның жақын адамларынан сақ болыўымыз керек.

— Дурыс айтасаң,—деди буўдай ирең нен келген, қара муртлары қундыздың түклериндей жылтылдаған қарақалпақ жигити Қарлыбай қуўатлап, — Молла Үбби Жунайдхан жәрдеми менен Қоңыратта өз ҳүкиметин беккемлейжақ.

Ол усы сөзлерди айтқанда астындағы ақ боз аты бир нәрсени сезгендей алдыңғы аяқларын тартып, пысқырып жиберди. Үшеўи де айнала дөгерекке қарап еди ҳешким көрипбеди.

Ержан екеўиниң гәпин тыңлап бираз турды да:

— Молла Үбби деген ким өзи?—деди.

Мине, Қоңыраттың усы ер жүрек жас жигитлери Қоңыраттағы Совет властын жақлаўшы, революциялық руўхтағы азаматлардың тапсырмасы бойынша Хийўаға жасырын барып қайтып киятырған еди. Олар Қоңыраттың ҳәкими Молла Үббиниң қаланы Дошмық қарақшыларына бергенлигин, бузақы Дошмық мийнеткеш халықты талап, өзин Қоңыраттың ханы деп жәриялағанлығын, Молла Үбби ҳәкимниң де оның шашпаўын көтерип жүргенлигин Хорезм республикасының басшыларына толық баян етип, Қоңыратты бул бүликшилерден тазалап, Совет властын беккем дүзиўге жәрдем сораған еди. Қоңырат халқының бул тилегин орынлаў исине Хийўадағы Хорезм полкиниң Қоңыраттан барған жаўынгерлери де араласып, тезлик пенен қураллы күш жибериў исин шөлкемлестирген еди. Олардың арасында қызыл әскерлер Худайберген Бекниязов, Бағымбай Темирбаев ҳәм басқалар болды.

Хийўадан қыстаўлы түрде бир эскадрон атлы әскерлер менен бир рота пияда әскерлерди жибериў иси шешилди. Әскерий бөлимнен бурын шыққан үшеўи таң алдында усы кәрағa жетип, пикир алысып турғаны еди.

— Молла Үббидей сум ҳәм ҳийлекер адамды мен еле көрген жоқпан, сонлықтан да бизиң Хийўаға барып қайтқанымызды өз жигитлеримизден басқа ҳешким билмеўи керек,—деди Бегмурат.

— Әлбетте, сездирмеймиз, егер Молла Үбби билe қойса, бизди Дошмық арқалы құртып жибереди, мине соның ушын да буны үйлеримиздеги ата-ана, бала-шағалар да еситпесин,—Қарлыбай бул гәплерди нықлап айтты.—Бирақ,—деди ол,—Хийўадан әскер келетуғынлығын Дошмық еситсе, оның тез кетиўине себепши болған болар еди.

Хорезм полкинен арнаўлы әскерий бөлимлер киятырғанлығын қандай жоллар менен болса да қала мийнеткешлерине хабарлаўымыз керек,—деди Қарлыбайдың сөзин мақуллап Ержан.

— Буны тек биз үшеўимиз шеше алмаймыз, қалаға кирgеннен кейин басшы жигитлер менен ойласып көремиз,—деп Бегмурат ат үстиндеги пикир алысыўды жуўмақлады.

Бул ўақытлары «Алтын көл» жазықлығының үстин-

де пайда болған таң нуры түн түңлигин батыс бетке қарап серпип таслап, сол түслик арқа беттеги қаланы анық көрсете баслады. Қала үстинен тикке жоқары көтерилген түтин арқанлары бәҳәрдиң бүгинги күниниң тыныш ҳаўалы болатуғынлығын сездирип турды. Сағасы «Атакөлден» алынған «Ханжап» тың арқа жағасын жағалап қалаға кирген үш атлы шеттеги тар, қыйсық-қыйсық көшелерге енип, көринбей кетти.

Бүгин үш атлы қалаға кирип өз үйлерине тараған ўақытлары Молла Үбби таң намазын оқып болып, чай ишиўге отырған еди. Оның жайы қаланың күн шығар-қубла бөлегинде Ханжаптың жағасында болды. Ҳәкимниң жайының алдындағы қараўыл нөкер ишке кирип, Ҳәкимге Шыйқым Сүйлиннен арнаўлы нөкер келгенлигин, Жунайдхан сардары бир сааттан кейин келип, күтә маңызлы ис ҳаққында сөйлесетуғынлығын хабарлады. Нөкер кетиўден ҳәўлиниң күн батыс жағындағы арыз тыңлайтуғын бөлмеге кирди.

Арадан аз ўақыт өтпей-ақ гилемлер төселип безелген жайда Жунайдханнан келген елши Шыйқым Сүйлин қабыл етилди. Түркмен сардары узын бойлы, шүңгил көзли, маңлайы қуўсыйған, өткир көзли адам екен. Басындағы әреби ақ шөгирмеси кишкене маңлайын жасырып турған еди. Молла Үбби оны усының менен үшинши мәртебе көриўи. Сардар есиктен кире бергенде, төрде жүгинип отырған ҳәким өзин шаян шаққандай орнынан ушып турып, оған қарап жүрди. Молла Үбби узын бойлы, сары сыңлы, шегир көзли, жасы елиўлердеги адам еди. Шыйқым Сүйлин менен ол күтә кеўилли түрде күлимлеп көристи. Өзин салқынлаў тутқан сардар ҳәкимге қарсы отырғаннан кейин сөз баслади:

— Дошмық пенен жасырын сөз жүргизди деп еситтим распа?—деди бирден ол, ҳәкимге тикленип қарап.

Ҳәким тосыннан болған бул саўалға не дерин билмей, албырақлады. Бираздан кейин ол:

— Ҳеш қандай жасырын сөз болған жоқ,—деди өзин бекитип алып.

— Дошмық ҳаққындағы Хан ағаның (Жунайдхан —деген сөз) ойын билесиз бе?—Еки қолының узын саўсақларын мәлле шапанының пешлери жапқан дизесиниң үстине салып отырған ҳәким:

— Билмедим,—деп шегир көзлериниң бир қыйығын әсте оған қаратты.

— Сиз Жунайдхан ҳәмири менен Қоңыратқа ҳәким болдыңыз, буны ҳеш ўақытта умытпаўыңыз керек еди. Бузақы Дошмықты не себепли қабыл етесиз?

— Дошмық,—деди Молла Үбби гүрсинип демин алып,—рухсатсыз бассынып келди, ол өзин Гөне Ургенчтиң берги жағының ханы мен,— деп таныстырды, расын айтайын, үш айдан бери мендеги ҳәкимлик-бийликти де өз қолына алды. Оған қарсылық етерликтей менде қуралды күш болмады,—Ҳәкимниң бул гәплерди шын жүрегинен айтып отырғанлығын түсинген сардар дәслепки көз қарасынан пәсине қайта баслады.

— Дошмық,—деди ол сыпайылаў сөйлеп,—Хан ағаға бағынбай өз бетинше бузақылық етип жүрген гәззап, мине, соның ушын да ол ертеңнен қалмай қаланы босатсын. Сиз оған усыны жеткериңиз!

— Мениң айтқанымды қылса?

— Егер тыңламаса, бирликте жарақ жумсаймыз.

—Бул мәселени бүгин шешейин, бирақ мениң Дошмықтан да басқа еки душпаным бар, оның ең баслысы Балабий, ол ҳәзир Чимбай-жақта жүр. «Руслардан қураллы күш жыйнап атыр»—деген хабарды еситтим, «Қоңыратты келип басып аламан» — деген ойы болса керек. Екинши душпаным усы қалада жасырынып жүрген көп санлы қала ҳәм аўыл жаслары, олар Совет властын қоллайды, маған исенбейди, қайымы келгенде олар мени жоқ етиўден тайынатуғын емес.

Шыйқым Сүйлин Балабий ҳаққында Хан ағаның пикирин айтып, «Ол өз адамымыз, оннан қорықпай-ақ қой» демекши болған еди, бирақ бақ таластырып жүрген Қоңыраттың еки ҳәкиминиң арасындағы қайшылықларды түсинбеген адам болды да:

— Балабий Хан ағадан рухсатсыз, Сизиң ҳәкимлик дәрежеңизге қол тийгизе алмас, егер олай ислесе бизден жақсылық көрмейди, оны кейин шешермиз. Ҳәзирги бизиң биринши ўазыйпамыз Уллы Хан ағаның ҳәмирин бузып, өз бетинше ел талап, өзин-өзи «хан»— деп атап жүрген Дошмықты сапластырыў. Сизге ашығын айтайын, мен онын менен үш күннен бери сөйлесемен, ол хан ағаға бағынғысы келмейди.—Усыны айтты да сардар ҳәкимге жақынлаў барып әсте:

— Хан аға егер Дошмық бағынбаса сол кәрада басын кесип алып кел!—деп маған буйрық берди,—деди, мине усы тапсырманы орынлаўдан басқа илаж қалмады, бүгин-ертең усыны сөзсиз орынлаўымыз керек. Сардар тәрепинен усындай жаңалықларды еситкен ҳәким бирнеше минут дәстурханға қарап ойланып отырды.

Шыйқым—Сүйлинниң бул сөзлеринен кейин Молла Үбби үстинен аўыр жүк түсирген өгиздей, геўдесин көтерип, еркин демин алды да:

— Хәммесине келисемен,—деп ҳәким Жунайдтен келген елшиге көзин тигип сүйсине қарады. Ҳәкимниң бул сөзлеринен кейин Шыйқым дастурхандағы пүтин наның шетинен еки қоллап сындырып алды да, аўзына салды. Елши де усылай иследи. Бул екеўиниң нанын дуз татып, антласқаны еди.

— Сизден және бир өтиниш,—деди Жунайдтың күйеў баласы кейин шегинип отырып,—Дошмық сум ҳәм батыл ҳәрекет ететуғын адам, егер бизиң ойымызды сезсе, қурған қақпанға түспей кетиўи мүмкин...

— Ойлаған мақсетиңизди орынлай алмасаңыз маған ҳәм Қоңыратқа қәўип.

— Мине, соның ушын да бул ашшы тикенли шеңгелди енди қайтып өспестей етип, тамырына балта шабыўымыз керек.

— Қолдан келетуғын жәрдемди мен де аямаспан, бирақ соны да билип қойыңыз,—деди де Дошмықтың өз нөкерлери арқалы жыйнатып атырған 50 түйе, 500 қой, 100 сыйыр, 40 жылқы, 100 батпан жүўери, 50 батпан тары, 40 батпан гүришлерин айтпақшы болып еди, және буны оған сездиргиси келмеди.

— Не айтпақшы болып едиңиз,—деди түйилип қалған ҳәкимге сырлы көз қарас пенен.

— Көмек бериўге бизиң нөкерлер аўылларда жүр еди,—деп гүбирледи.

— Мениң өз күшим де жетеди...—Ҳәким менен Жунайд қарақшысы усылай сөйлесип турғанда, сырттағы қараўыл есикти ашып турып:

— Мәтмурат бай келип тур, асығыслы жумысы бар екен.—деди.

— Ол болса кире берсин,—деди сардар ҳәкимнен бурын. Көп узамай Мәтмурат бай кирди. Сардар оны

жақсы таныйтуғын еди. Кеше Шыйқымлар болып атырған сарайға еки ғунан қой әкелип сойып қонақасы берген қаланың бай саўдагерлериниң бири сардарға унап қалды. Буннан көп күн бурын Қоңыратқа келген Дошмық Мәтмурат бай келип сәлемлеспегени ушын жек көрген еди. Қай ўақ, бир ўақ мениң әжелим Дошмықтан болар,—деп ойлаған Мәтмурат байға Жунайдханнан Шыйқымның да келгени жақсы болды. Мәтмурат бай екеўи менен де кеўилли түрде аманласқаннан кейин:

— Ҳәким аға,—деди Молла Үббиге қарап—, оннан кейин сардарға бурылып,—азаннан бери кәўесет хабарлар шығып атыр, Хийўадан Қоңыратқа қарап атлы ҳәм пияда көп санлы болшойлар киятыр дейди.—Мәтмураттың бул гәпин еситкен сардар:

— Бул хабарды кимнен еситтиң?—деди сеслери қатты шығып.

— Абыройлы адамлар емес, көшеде нан сататуғын, суў тасыйтуғын, отын, ғәлле базарларын сыпыратуғын, балық қуўырдақшыларының ошағында жататуғын жалаңаяқлар тaратпақта.

Сардар хәкимге, ҳәким сардарға қарады, олардың көзлеринен қандай да бир қорқыныштың ҳүрейлерин өзли-өзи сезсе де, сыр билдирмеди.

— Ондай адамлар өзлериниң мәпи ушын өтирик сөзди де таратыўы мүмкин!—деди Шыйқым. — Сүйлин ҳәкимге сары муртларын сыйпап, ойланып отырған ол;

— Гейпара ўақытлары усылар таратқан кәўесет хабарлар шын болады,—деп Мәтмурат байға қарады.

— Хан аға еле Қоңыратқа болшойлар тәрепинен қәўип жоқ деген еди.

— Мине, усы хабардан Дошмық қорықса керек, кетиўге таярланып атырғанға усайды.

— Рас айтасаң ба, қашан?—деди Шыйқым Сүйлин, геўдесин көтерип Мәтмурат байға қарап.

— Мен өзим анығын билмеймен, бирақ оларды күтип атырған Әзиз бажбан маған келип айтты, оның гәпине мен исенемен.

— Сен,—деди орнынан турған сардар Мәтмуратқа, —қашан, қайда атланатуғынлығын билип бер, мен мийманханада боламан. Усыны айтты да сардар ҳәким менен хошласып тез шығып кетти. Сардар кеткеннен

кейин Молла Ýбби менен Мәтмурат бай бирнеше минут бир-бирине тым-тырыс қарасып турды.

— Қасқырдың бәри қасқыр емес пе?—деди Мәтқурат бай ҳәкимге қарап, қара сақалын сыйпап турып.

—Өзли-өзи қырылысажақ,—деди ҳәким Мәтмуратқа күлимлеп.

— Бизге сонысы керек...

— Ол да дурыс, бирақ киятырған қасқыр ҳәммесинен қәўипли емес пе?

— Мәртебели ҳәким аға, оны қасқыр деўге болмайды, ол қасқырдан да айбатлы, қәҳәрли арыслан емес пе?

— Аўа, арыслан, мине соның пәнжесине түспегеймиз, ал мыналар не болса ол болсын, биз тек қызығына қарайық.

* * *

Қоңыраттың ҳәкими Жунайдханның елшисин қабыл еткеннниң екинши күни ҳаўа ашық, күн жыллы болды. Ханжаптың көпиринен тикке арқаға қарап шығатуғын жолдың бойындағы қараңғы көшедеги баққаллар дүканларын бүгин ерте ашты. Усы көшениң арқа бетиндеги «Хан тереги»—деп аталатуғын үлкен ҳәм узын ақ теректиң турған жериниң дөгерегиндеги майданлық «Ғәлле базар»—деп аталатуғын еди. Усыманда аш-жалаңаш балалар қуўырдақшыларға от жаққыш болса, ал гейбиреўлери қаранғы көшеге қарап саллақлардың гөшин арқалап баратыр.

— Мустапа, — деди биринши ошаққа бир баў қамысты тығып атырған, үстине жыртық бөз көйлек кийген, келте мурынлы исик қабақ, жасы 14—15 лерге келген бала, — түнде тоңбай шықтың ба?

— Өзиңше? — деди келте бойлы, жасы өзине тетелес, жыртық шапан кийген қара бала оған.

— Мен қатты тоңдым, бизиң ошақтың ысыўы жоқ екен, — деди Қодар.

— Бүгин екеўмиз бирге жатайық, — деди Мустапа үлкен қазандағы қызарып қуўырылып атырған балықларға телмире қарап.

— Сениң ошағың тар ғой, екеўимиз сыймайтуғын шығармыз.

— Қушақласып жатамыз, достым.

— Қызыл әскер келип қалса, олар бизге ғамқорлықететуғын шығар.

— Әлбетте жақсылық етеди, бизлер оның алдынан шығыўымыз керек.

Усы ўақытлары териси алынған бир қойдың етин арқалап баратырған азғын, жасы 11—12 лерге келген балаға:

— Жолдасбай, бақайларын не қылдың? — деп даўыслады Қодар. Аўыр етти ийнине салып арқалап баратырған бала артына зорға бурылып қарап:

— Бүгин бақайларын саллақ берген жоқ! — деп жуўап берди. Усы жерде айта кетейик. Буннан 47 жыл бурын Қоңыраттағы балықшылардың от жаққышы болған жетим бала Қодар Қалмуратов кейин Совет мектеплеринде оқып билим алып, көрнекли партия — Совет хызметкерлериниң бири болды. Ол ҳәзир пайтахтымыз Нөкисте турады, мәмлекет тәрепинен Союзлық — республикалық пенсия алады. Мустапа Избасаров болса, узақ жыллар жас әўладларды оқытып тәрбиялаған устаз: ол да пенсия алып Қоңыратта жасап атыр. Ал, Жолдасбай Юсупов болса, узақ жыллар партия — совет ҳәм хожалық жумысларында иследи. Ҳәзир «Қоңырат» пахташылық совхозының бас агрономы болып хызмет ислеп атыр.

Қараңғы көшениң қубла бетинен киятырған суў тасыўшы жигиттиң ири даўысы дәслеп баққаллар менен қуўырдақшыларға әстерек еситилген болса, енди қаттырақ шыға баслады. Оның ҳәммеге таныс үлкен көк ешегиниң узын қулақлары да қараңғы көшениң ортасында соррыйып көрине баслады. Көшениң қубла бөлегиндеги шетте отырған баққал өзине қарсы қарап отырған екинши бир баққалға:

— Суў тасыўшы Бердимурат не дейди? — деп сорады.

— Сениң гереңлигиңнен де бәлеге қалдым-аў, — болшойлар киятыр! — дейди — болшойлар.

— Баспашылар дейсең бе? — деп узын бойлы, сары баққал оған қарап шеп қулағын тутты.

— Ҳә, қарамаңлай тас гереӊ, баспашылар өзиңниң үйиңе келсин, болшойлар деймен.

— Баспашылар мениң үйиме келсе, сениң үйиң де «қонақсыз қалмас!—деп, сары баққал муртын таўлады.

— Көрдиң бе? — деди, қара қара муртлаш баққал, — жаман сөзди герең қулағы пышықтай қағып алады. Енди саған бир гәп айтсам, тилим кесилсин.

Қараңғы көшеге жыйналған адамлар большойлар ҳаққында айтылған гәплерди енди қызыға тыңлай баслағанда, қаланың күн батыс тәрепиндеги «Қазақбазар» жақтан Дошмықтың атлылары да көрине баслаған еди.

Қоңыратта үш ай болып, өзин усы елдиң «ханы» — деп жәриялаған бул басқыншының мезгилсиз атланыўын Совет Әскерлериниң киятырғаны ҳаққындағы түннен берги хабар мәжбүрлеген еди. Дошмық жасы отызларға келген, ири геўдели, муртлаш, қара пәрең адам. Оның астындағы ақбоз арғымағы қулағын қайшылап алшаңлап киятыр, оның изиндеги қырық нөкери ҳәр бириниң арасы бес-алты метр жерде мылтықларын алдыларына кесе услап, айнала дөгерекке гүманлана қарайды. «Қазақ базар» тәрептеги жолдың бойында қаланың екинши қараңғы көшеси — «Ханжап»тың бойында еди. Усы көшеге кире бергенде Дошмықтың аты қулағын қайшылап пысқырды, атының жүўенин қатты тартып услаған ол артқы тәрепке бурылып қарап еди, нөкерлериниң соңы Әзиз бажбанның ҳәўлиси жақта екен.

Ол Жунайдхан жиберген Сардар Шыйқым Сүйлинге бағынбағанлығын қандай да бир үлкен мәртебе билди. Әсте жылжып, қаланың ортасындағы көпирден Дошмық өте бергенде, артқы беттен атылған мылтықлардың сести оның жүрегин жулып кеткендей болды. Избе-из оның нөкерлери оқтан ушып, аттан қулап атырыпты.

Бул тосыннан болған аўҳалдың Шыйқым Сүйлиннен болғанлығын билди. Астыңғы ернин қаны шыққанша тислеген Дошмық ақ боз аттың дизгинин босатып жиберип, тақымын қатты-қатты қысып жиберип еди, көп күнлерден бери тыныш турған арғымақ ор текедей секирди. Ол дүсирлеп шаўып көпирден өте бергенде шеп жақтағы дығырықтан өзине қараған мылтықлардың аўзын көрди.

Оның кейинги жағынан Шыйқымның үлкен көзлери-көзине түскенде, әжел қорғасынлары да өзине қарап ҳәрредей ушқан еди. Дошмық узаңқырап барып атынан қулады. «Қазақ базар» менен қала ортасындағы көпир арасындағы қыйсық көшениң бойында Дош-

мықтың нөкерлери өлген қара қоңызлардай теңкейисип жатты. Қырқ атлы нөкеринен тек он еки қарақшы қашып үлгерди.

* * *

Қаланың шетиндеги гөне ҳәўлиге жыйналған жигитлер қараңғы көшелер жақтан мылтықлардың сеслерин еситкенде, демлерин ишлерине алып бираз ўақыт сөйлеспей отырды.

— Қуўат! — деди бираздан кейин ири денели, муртлаш жигит Оразбай Мөминов, — сен көшеге шығып ол жақтағы болып атырған аўҳалды билип қайт, егер өзиң арманырақ барыўға қорықсаң көшедеги досларың Мустапа, Қодарлар арқалы билерсең. Есик бетте отырған жигит Қуўат орнынан турды. Усы ўақлары Оразбайдың оң жағындағы Аллақул Айтақов:

— Баққаллар менен де сөйлес, олар барлық нәрсени биледи, ҳәким қандай ҳәрекетте екен! — деди. Қуўат басын ийзеди де «ҳәммесн орынлайман» — дегендей, сыртқа тез шықты. Хийўада совет ҳүкиметиниң дүзилгенине бираз ўақыт болды, Қоңыраттың көплеген жас қаллаш жигитлери өз ериклери менен душпанларға қарсы урысыў ушын Хорезм полкине қосылып кетти. Олар Жунайдхан баспашыларына қарсы урысып атыр.

— Әскерлер тезирек келиўи керек еди! — деди Аллақул Оразбайға қарап.

— Сөзсиз келеди! — деди Бегмурат.

— Ертең жетпес пе екен? — деди Ержан.

— Эскадрон болғанда әлле қашан келетуғын еди, эскадронның қасында пияда әскерлер де шығатуғын болып еди ғой, — деди Қарлыбай.

— Хорезм полкиниң айырым әскери бөлиминиң киятырғаны жөнинде кешеден бери қала мийнеткешлерине хабар бериўимиз күтә жақсы болды. Басқыншылардың өзлери басқы таўып, бир бәлеге ушырамас па екен? — деди Оразбай күлимлеп.

— Басқыншылар да кетер, бирақ молла Үбби бас болған қаладағы, аўыллардағы байларды, моллаларды, саўдагерлерди сапластырмай турып, қалада Совет

властын беккем дүзиў қыйын болады, — деди Аллақул. Усы ўақытта есиктен Қуўат та асығыс кирген еди.

— Түркмен сардарларының өзли-өзи қырылысып атыр, — деди ҳаплығып келген ол.

— Күтә жақсы болды, — деди Аллақул оған телмире қарап ҳәм көп ойланып турмай.

— Жигитлер! — деди Аллақул отырғанларға қарап, — Ҳәр ким өз орынларына барсын, саат сайын қаладағы аўҳалды қадағалап, бир-биримизге хабар берип турайық. Бирақ қызыл әскерлер жақынлағанша ҳәким менен оның аўқамласларының көзине түсиўши болманлар. Егерде өз басларыңызға қәўип-қәтер ушырасқан ўақытлары жарақ жумсап қарсылық етиңлер.

— Бизлердиң арамыздағы байланысты Қуўат, Ғарыйпулла ҳәм оның жас жетекшилери алып барады,— деди Оразбай. Усыдан кейин олар кишкене бөлмеден биримлеп шығып тарасып кетти.

Дошмық ўақыясының ертеңине Шыйқым Сүйлин менен молла Ўбби қаладағы революциялық ҳәрекеттеги адамларды сапластырыў ушын илажлар көрип атырғанда, қызыл әскерлердиң жақын келип қалған хабары олардың зәрресин ушырды. Жунайдхан сардары тек бир ўазыйпасын орынлап, — Дошмықты жоқ етип, үшинши күни таң алдында атланып Үстирт шыңларына қарап қашты. Бул ўақытлары эскадрон менен бир рота пияда әскерлер «Көкли көл» жазықлығынан өтип қалаға да жақынласқан еди.

1920-жылдың бәҳәри кеширек келди. Апрель айының дәслепки күнлери болыўына қарамастан, күн қыс күнлериндей суўық еди, азанғы ўақытлары Қоңырат қаласының үстинен көринген түтин арқанлары аязлы тынық ҳаўада жоқарылап созылып турды. Шыйқым Сүйлин кетиўден адамлар көшеге шығып, қызыл әскерлердиң киятырған хабарларын айтысып қуўанышлы түрде гүрриңлесе баслады. «Гәлле базардағы» бийик хан терегине қызыл байрақ та ерте қыстырылып үлгерген. «Большойлар киятыр, эскадрон киятыр, рота киятыр» деген даўысларды ҳәрбир Қоңырат адамының аўзынан еситиўге болатуғын еди. Қаланың орта жеринде шертилген сырнайдың даўысы да кем-кемнен жақынласа баслады. Сырнай шертип, салтанат пенен киятырған онлаған адамларға қараңғы көшениң тусында және бир топар адамлар қосылды. Қала ортасынан өтетуғын

көпирге келгенде олардың саны жүзден асты, узын хорезм сырнайын шертип киятырған жасы отызларға жақынлап қалған жас жигиттиң оң жағында Оразбай бар еди, Оразбай узынлығы еки аршындай ақ таяққа қыстырылған қызыл жалаўды жоқары көтерген. Булардың қасында буннан бир неше күн бурын қаланың сырт жағында жасырын түрде аўҳалды қадағалаған гүресшең жигитлер болды.

Қуўат, Ғарыйпулла баслаған жигитлер де, балалар да усы топқа қосыла баслады. Бул жаслардың арасында Қодар Қалмуратов, Қурбанбай Аралбаев, Ешмурат Султанов, Тилеш Аманиязов, Юлдаш Юсупов, Мустапа Избасаров, Айтжан Бегжанов, Қылышбай Қалжанов қусаған, қызыл әскерлердиң келиўин аңсап күткен қала жаслары болды.

Ханжаптың көпиринен өткенде, Қоңыраттың орталық көшесиниң еки бойының адамларға толғаны соншелли, бул қалада бирдейине болып туратуғын қурбанайт, ораза айт сейиллеринен де көп жыйналған еди. Ақ жегделердиң арасынан қараған келиншеклердиң қара көзлери күлки менен қуўаныш нурларына толған. Революциялық күшке ийе болган қала жаслары баслаған кишкене топар қубладағы қорғаннан өткенде, оғада көбейип кетти. Қызыл әскерлерди күтип алыў ушын үлкен колонна күшли дәрья тасқынларындай кем-кемнен толыса берди. Бул колоннаға Қоңыраттың байлары, ҳәмелдарлары: Үмбеталы бай. Атамурат бег, Ешмурат бег Мәтмурат бай, Орынбай сабыншы, Сейтмурат болыс, Абулла қарақурсақ, Рахман бай, Айбазар саўдагер, Қошқар ақсақал, Дәрман бай, Үрпек, қаладағы ноғай саўдагерлеринен Муртаза, Каспий, Мухтар байлар да қосылды. Олар қолларына ақ дәстурхан көterip, нан алып шықты.

Әлбетте, булар совет әскерлерин шын жүреги менен емес, қорыққанларынан күтип алыў ушын шыққан. Қаланың ҳәкими Молла Үбби болса, Шыйқым Сүйлин менен бирге қаланы таслап қашып кеткен. Қала халқының колоннасы көтерме жап көпирине жақынласқанда, үш атлы қубладан гүзар жол менен шаўып келе берди. Колонна жапқа жақынласқаннан кейин ырашларға шығып, әскерлердиң келиўин күтти. Бул ўақыт уллы сәскеден өткен еди, бәҳәр айының азанғы аязы тарқап, ҳаўа да жылынып кетти, адамлардың аяғының

астындағы қатқалақлар жибисип, етиклер менен геўишлерге ылайлар жабысты. Арқа беттен ескен самал бәҳәрдиң жупар ийисин әкелип турды.

Басларына Чапаев папақларын кийип, узын сур шинеллериниң сыртынан қылыш, мылтықлар асынған үш жигит көпирге келгенде, буларды таныған адамлардың қуўанышлы даўыслары ҳәр жерден шыға баслады:

— Алдыңғы көк атлы қара бала ғой, — деди көпирдиң қасында турғанлардың арасынан биреў. Хорезм полкине дәслепки кеткен жаслардың арасында қала жетими Худайберген Бекниязов та болған еди. Байлардың малын бағып, нанын сатып күн көрген Худайбергенди қала адамлары «Қарабала» деп атап кеткен. Сол кишкене жаман кийимли, жалаңаяқ қара баласы папағының маңлайына қызыл жулдыз қадап, үш атлының алдында киятырған еди. Бул жерде соны айтып кетиўимиз керек, оғада жас ўақтында өз тилеги менен Хорезм полкине барып жаўынгер болған Қарабала — Худайберген Бекниязов—Жунайдхан қарақшыларына қарсы төрт жыл ерлик пенен гүрессип, көплеген саўашларда өзиниң батырлығын көрсеткен болса, Немец басқыншылары Ўатанымызға қыянетлик пенен топылған ўақытлары усы Қоңыратта районлық партия комитетиниң секретары болып турып, және өз тилеги менен фронтқа Ўатанды қорғаў ушын атланған еди. Москва түбиндеги саўашлардан Берлинге шекемги уллы гүрес жолында өзи басшылық еткен взводты бирдейине жеңислерге баслаған Худайберген Бекниязов 1946-жылы Совет Армиясының қатарынан қайтты.

Еки урыстың жаўынгери Худайберген Бекниязов ҳәзирги ўақытта Қоңыратта өз семьясы менен бахытлы турмыста жасап атыр. Оның өңиринде төрт орден, бес медаль ерлик жолларының өшпес нышанлары болып жарқырайды...

Худайберген баслаған барлаўшыларға Қоңыраттың улыўма аўҳалын билиў ҳәм киятырған эскадрон менен ротаға орналасатуғын жай таярлаў иси тапсырылған еди. Жақынлап қалған Худайберген көпир үстинде қызыл байрақ көтерип турған адамларды да таный баслады. Көтерме жаптың көпириниң күн-батар жағындағы раштың бойында турған балалардың арасынан саллақлардың жәрдемшиси, үстиндеги бөз көйлеги

бирдейине қызыл-ала қан болып жүретуғын Юлдашбайға көзи түсти. Басына себет көтерип, көшеде шөрек сататуғын, саллақханадан алып киятырған аўыр гөшти көтере алмай жығылған ўақлары талай ирет көмек берген Қарабаланың көзи — көзлерине түскенде Юлдашбайдың кир-кир болған аққуба жүзлери алмадай қызарып, шексиз қуўанышқа бөленди. Усы минутлары оның жас жүреги «мен де Қарабаладай болып белиме қылыш, ийниме мылтық асып, қызыл әскер болсам екен» деген әрманы жас палапандай қанатланды. Кейин, бундай жаслардың көпшилиги үлгили ис көрсеткен партия, совет басшы хызметкерлери болып өсип жетисти.

* * *

Аллақул, Оразбай баслаған қаланың революциялық ҳәрекеттеги жигитлери Худайберген Бекниязовларды үлкен қуўаныш пенен күтип алды. Ал, көпирдиң күншығыс бөлегинде турған байлар бул үш атлы жаўынгерлерди менсинбегендей, көз қыйықларын узақтан таслап, гүбирлесип сөйлесип тур.

— Қалада баспашылар жоқ па?—деп сорады Худайберген.

— Жоқ, кетип қалды, — деп жуўап берди Оразбай. Буннан кейин Аллақул соңғы ўақытларда болған ўақыяларды қысқа айтып, ҳәким Молла Үббиниң, Шыйқым Сүйлин менен қашып кеткенлигин түсиндирди.

— Күтә жақсы!—деди Қара бала,—кейинде бир эскадрон атлы әскерлер менен бир рота пияда әскерлер киятыр.

— Күтип аламыз, келе берсин, — деди көпшиликтиң атынан Аллақул сестин көтерип сөйлеп. Худайбергенниң қасындағылар басқа қалалардан келген жигитлер еди, олар еле де болса сақлық етип узағырақта атларынан түспей сақланып турды. Мине, усы минутлары Қубла беттеги Жиңишке жап тәрептеги гүзар жолдын бойынан атлы әскерлер менен пияда әскерлердиң қосылып айтқан жаўынгерлик қосықлары кем-кемнен күшейип жақынласа берди. Қарабала баслаған барлаўшылар қала халқының үлкен салтанат пенен күтип

алайын — деп турғанлығын хабар етпекши болып, атын кейин қарап шапты.

Әсирлер бойы Хийўа ханлығының тепкисине ушыраған, түркмен далаларының қарақшыларынан азап көрген Қоңырат мийнеткешлери усы бүгингидей қуўанышқа, шадлыққа ҳеш ўақытта дуўшакер болған емес еди. Бағанадан бери тыныш турған қара жигит те Аллақулдың ым қағыўы менен сырнайды жоқары көтерди.

Бурын ораза ҳәм қурбан айтларда диний байрамлардың жаршысы болған сырнай — мине енди жаңа өмирдиң, жаңа турмыстың жаршысы болғандай, көпшиликтиң жан сезимине үлкен күш-қуўат берип, толқынлы ҳаўазын жаңлата баслады.

«Жиңишкежап» пенен «Көтерме-жап» тың арасы еки шақырымдай қашықлықта еди. «Жиңишкежап» тан көринген қызыл әскерлер арадан бираз ўақыт өтпей-ақ екинши жаптың көпирине жақынлады. Атлы эскадрон бир рота пияда жаўынгерлердиң артында сап дүзип, жаўынгерлик марш пенен келе берди.

Олар жақынлағаннан кейин, қосық айтыўларын қойып бурынғыдан да тез жүре баслады. Олардың күншығыс жағында алда, жолдың шетинде Қарабала баслаған барлаўшылар бар. Әскерлер жақынлаған сайын «Көтерме жап»тың қасында турған көпшиликтиң толқынлары жанлы ҳәрекетке енип, қуўанышлы сеслер шыға баслады, гейпара ғаррылар менен аналар көптен күткен әскерди көргенде қуўанғаны соншелли, көзлерине жас та алды.

Атлы әскерлер жақынлап келип сапқа турды. Оларға қарап Қызыл байрақ көтерген Аллақул, Оразбай топарлары жүрди. Атлы ҳәм пияда әскерлердиң командирлери көпшиликке әскери сәлем бергеннен кейин Аллақул:

— Қалаға еркин кириўге болады, баспашылар қашып кетти деди.

Атлы эскадронның баслығы Ильяс Әбдилманов қасындағы пияда әскерлердиң командирин таныстырып:

— Бул киси ротаның командири Муўса Хабин, — деди, алдағы ўақытлары Қоңыратта қалатуғын горнизонға басшылық етеди. Ишки ҳәм сыртқы душпанларды жолдас Муўсаның басшылығында сапластырасыз. Рота командири Қоңыратлылар менен жәнe кеўилли түрде қол алысты. Мине, усы ўақытлары қолларына нан

көтерген татар Муртаза бай, жергиликли өзбек, қарақалпақ, қазақ байлары Атамурат бег пенен Үмбеталылар баслаған ақсақаллар келди.

— Булар кимлер? — деди эскадрон командири қабағын үйип сөйлеп.

— Қаланың байлары, саўдагерлери, — деди Оразбай жымыйып күлип турып.

— Сизлер Дошмық пенен Шыйқым Сүйлинге де усы дастурханды көтерип шыққан шығарсызлар.—Қызыл жалаў көтерген көпшиликтиң шеп жағына келип турған байлардың еңселери төмен түсти ҳәм нәрсе айта алмады.

—Қоңырат халқының душпанларына берген дузыңызды қайталап совет әскерлерине де бериўге қалай бетлериңиз шыдайды?—деди Муўса даўысын көтерип сөйлеп, нанларыңызды өзлериңиз жей бериңлер,—деп рота командири оларға кейин шегиниўди буйырды. Қала кәтқудалары сүринип-абынып өз орынларына қарап кетти.

— Жолдаслар! — деди Көтерме көпиринин рашына шыққан рота командири. — Қоңырат қаласы, Қоңырат халқы бүгиннен баслап Жунайдхан қарақшыларының топылысынан қорғалады, қалада ҳәм аўылларда Совет властының шөлкемлери дүзиледи, ҳәмме бийлик сол шөлкемлердиң қолына өтеди. Уллы Лениннниң дүзген мийнеткешлер ҳүкимети Қоңыратта мийнеткеш халықтың алдағы ўақытлары бахытлы жасаўы ушын хызмет ислейди. Түркстан фронтына қараслы Хорезм полкиниң әскерлери болған мине бизлер Сизлердиң бахтыңызды душпанлардан қорғаў ушын келдик. — Рота командириниң бул жалынлы сөзлерин еситкен көпшилик және де шексиз қуўанышларға бөленип, теңиздей толқыды. Муўсадан кейин Аллақул, Оразбайлар сөйлеп, Қоңыратқа қызыл әскерлердиң келиўин халық атынан қутлықлады.

Усы қуўанышлы, шадлы ушырасыўлар соң әскерлер бурынғы қатарын дүзип, қалаға қарап жүрди. Атлы әскерлер менен пияда әскерлердиң қосылып айтқан жаўынгерлик қосықлары жаңлап кетти:

Ленин бизиң атамыз,
Саясында жатамыз,
Қарсы келген душпанды,

Мылтық пенен ағамыз.
Яша—яша Советлер,
Яшасын қызыл әскерлер,
Сол-сол-сол,
Сол-сол-сол...

* * *

Эскадрон менен пияда әскерлер ротасы келген күннен баслап қала мийнеткешлери менен аўыл дийханларының қорқынышлы дәўирлери умыт бола баслады. Қызыл әскер командирлери революциялық ҳәрекеттеги жигитлер менен бирликте Совет властының органларын дүзди. Оларға Аллақул, Оразбай ҳәм Қуўат сыяқлы азаматлар басшы етип қойылды.

Тутқынға алынған Үмбеталы бай, Атамурат бег, Ешмурат бай, Қутлымурат бай, Мәтмурат бай, Үрпек саўдагер, Дәрменбай, Орынбай сабыншы, Сейтниязбий, Айбазар саўдагер, Сейтмурат болыс, Қошқар ақсақал, Абдулла қарақурсақ, Рахман бий ҳәм барлығы болып алпыстан аслам ири феодаллар эскадрон жаўынгерлериниң күши менен Хийўаға жиберилди. Усыдан кейин көп узамай эскадрон Хорезм полкиниң арнаўлы буйрығы менен Хийўаға шақыртылды. Муўса Хабин басшылық еткен рота Қоныратта гарнизонлық хызметинде қалды.

Бул ўақытлары Хорезм Совет республикасында ески ханлық дүзимге қарсы гүрес жүргизилсе, екинши тәрептен Жунайдхан қарақшылары менен де шешиўши урыслар даўам етип атырған еди. Мине, соның ушын да қатарында Худайберген Бекниязов ҳәм Қоныраттың басқа да жигитлери болған эскадрон Жунайдхан бандаларына қарсы гүреске шақырылды.

Қоңырат мийнеткешлери Хорезм Совет республикасының жәрдеми менен феодаллық аўыр турмыстың бөгетин бузып, жаңа турмысты үлкен қуўаныш ҳәм шадлық пенен дүзиўин даўам етти. Октябрь революциясының көсеми уллы Лениниң сүўрети көшелерге, ҳүкимет жайларына әлпешленип, ҳүрмет пенен қойылды. Қызыл әскерлердиң Хийўа ханлығына шекем жетиўи мийнеткешлерди аўыр зулымлықтан азат етиўи Қоныратлылар ушын бурын көрилмеген әжайып қуўаныш болды. Мине, соның ушын да данышпан көсемниң

портретлери алдында ҳәр күни жүзлеген адамлар сүйсине қарап туратуғын болды.

Гарнизон жаўынгерлери Қоңырат мийнеткешлерин Жунайдхан баспашыларынан бирдейине сақлық пенен қорғап турды. Оларға жәрдем ушын қала ҳәм аўылдағы жарлы дийханлардың жалынлы жас жигитлеринен ЧОН ҳәм коммунар отрядлары дүзилди. Бул отрядлар гарнизон әскерлери менен бирликте қаланың айнала дөгерегине барлаўлар жүргизип, дийханлардың тыныш турмыс қурыўы ушын жағдайлар дүзип берди.

Бурын қала орайынан 4—5 шақырым узаққа бара алмайтуғын адамлар алыстағы боз, тың жерлерге жапсалмалар қазып апарып егислерин екти, гүзде зүрәәт жыйнап алды. «Енди Жунайдхан баспашыларының талаўшыларынан қутылдық» — деген Қоңырат минийеткешлерине бир күни «Баспашылар Қоңырат территориясына басып кирди» деген суўық хабар сап ете қалды. Бул 1922-жылдың февраль айы еди.

Бул қәўесет хабар биринши ирет барлаўшылар тәрепинен гарнизон командири Хабин Муўсаға жеткерилди. Бул ўақытлары өткен жылғы кеткен эскадронның орнына жақында ғана атлы ярым эскадрон келген еди. Эскадрон командири татар жигити Сагдиевти шақырып алған Муўса Хабин былай деди:

— «Жунайдхан баспашылары Малшы массивинде қыслап атырған көп санлы қазақ аўылларын талап, адамларын өлтирип, мал-мүликлерин алып баратыр»— деген хабар келди.

— Эскадрон жаўынгерлерин баслап Атжолы атаға алдынан кесип шық, жеткен жерде қатаң саўашлар жүргиз, бир де адам, бир де малды жибермеўге күш сал, эскадрон менен ЧОН отрядының жаўынгерлери де бирге барады. Мен Хийўа гүзар жолы менен «көкли-көлге» барып «Қулақлы мазар» арқалы алдын кесемен. Усылай етип душпанды искенжеге алып жоқ етемиз.

Сагдиев гарнизон командириниң буйрығын орынлаў ушын тез шығып кетти. Буннан кейин Муўса өзиниң ең исенимли командирлериниң бири Мәўлен Рахмановты шақырып, гарнизон әскерлериниң тез атланыўына буйрық берди.

Февраль айы. Қыстың қақаман суўығы шегинип, бәҳәрдиң хабарын берип киятырған ўақыт. Алпыс атлы гарнизон жаўынгерлерин баслаған Муўса Хабин жедел-

ли жүрис пенен тез «Көкли-көлге» жетип, күнбатыс-қублаға қарап бурылды да, «Қулақлы мазарға»атларының басын дүзеди. Түнде ерте шыққан булар таң алдында «Қыятжарған» — гөне дәрьялығының қалың шатлығына келип иркилди. Алға жиберилген барлаўшыларға — Моншақлыға қарап өткен баспашылар менен олардың айдап баратырған малларының изи көринбеди. Салт атлы баспашылар болған да, әлбетте, әлле қашан өтип кеткен болар еди, елди талап, мал-мүликти алып баратырған олардың жолды өләмата өндире алмайтуғыны белгили.

Күн уллы сәске бола берген ўақытлары Үстирт таўының күнбатыс астынан берман қарап жылжып киятырған қара көринди. Ўақыт өткен сайын көп санлы атлылар, түйелилер анық көрине баслады. Олар тыптыныш киятырғанда артқы жақтан атылған мылтықлардың сести бул киятырғанлардың тынышлығын бузды. Бинокль менен қараған командир олардан отызлаған атлылардың бөлинип кейин шегингенин көрип тур. Шамасы урыс артқы бетте болып атырғанға қусайды, биноклдьдиң илгир көзлерин бул киятырғанлардың артқы жағына қаратып еди, узақта атлардың шабысқаны және көп санлы қара көринди. Алдыңғылардан бөлинип шыққан атлылар соған барып араласып, мылтық атыспалар және күшейди.

Алпыс атлы жаўынгерлердиң командири Мууса Хабин өз жигитлерине атакаға таяр турыўға буйырды. Сагдиев баслаған ярым экскадрон менен қаладағы ЧОН ҳәм коммунар отрядының жаўынгерлери кейиндеги мал айдап киятырған баспашылар менен оған жәрдемге барған қарақшыларды тықсыра қуўып, алдыңғы топарға әкелип қосты. Бул топарда елиўге жақын жарақлы баспашылар бар еди, олар үш жүзге жақын түйели көшти алдыларына салып айдап, қуўып киятыр. Олардың үстинде артылған жүк, ҳаял, бала-шаға. Бунын үстине қазақша кийинген жүзге жақын жарақсыз тутқын адамлар да бар.

Сагдиев баслаған жаўынгерлер саўаш майданын қыздырып, бул топарға жақынласқанда, душпанлардың улыўма саны жүзге жақынлап, қуўатлы күшке айланды. Олар үшке бөлинип, бир бөлими көштиң артқы жағын, екинши бөлими оң, үшинши бөлими шеп жағын қорғап, қатаң урыс жүргизди. «Қулақлы мазар»

менен Үстүрт тауының берги астындағы майданлық уллы сәске уағында кескинлескен сауаш майданына айланды. Усыларды көрип турып шыдамы таусылған жауынгерлер командирге «атакаға басла» деп қайта-қайта өтиниш етсе де, Мууса Хабин сауаш ҳәрекетлерин барластырып үнсиз турды. Жүзге жақын баспашылар Сагдиев баслаған қызыл әскерлерге оқты қардай боратып умтылған уақлары гарнизон командири атына ырғып минип, атланыуға команда берди. Бул минутларда баспашылар алып киятырған тутқынлардың алды «Қулақлы мазардың» тусындағы қалың шатлыққа күтә жақын келип қалған еди. Қыс айының ашық күнинде алпыс қылыш жарқ-журқ етип аспанда ойнап, гарнизон жауынгерлери алға умтылды. Булардың барлығы Жунайдхан баспашылары менен гүресте көп санлы жеңис жолларынан өткен Хорезм жигитлери еди.

Урралаған күшли сес Үстирт тауының усы бир кең массивин жаңлатып, сатырлаған атлардың дойнақлары тақыр жерге таңбалар таслап, қустай ушып баратыр. Басындағы көк Чапаев папағының маңлайындағы қызыл жулдызы жарқыраған, узын мойын жийрен аттағы командир Муусаның ири даўысы оның шеп жағында торы атта бүркиттей алға ентерилип отырған отделение (бөлимше) командири Рахманов Мәуленге жеңис дабылы сыяқлы болып сүйкимли еситилип киятыр. Мәулен Хорезм полкине жауынгер болып келген күннен баслап рота командири Мууса Хабиндей урысыуды, душпанларға мийримсиз болыуды үйренген киши командирлердиң бири. Мине, ол узын мойын жийрен арарғымақтың үстинде оң қолындағы қылышын жоқары көтерип, урралап баратыр. «Қандай батыр, жақсы командир»—дейди ишинен Мәулен, бунындай командирлер менен душпанға қарсы урысыу ҳеш уақытта да қәуипли ҳәм қорқынышлы емес».

Хорезм жигити, қызыл әскер Мәулен Әбдирахмановтың өз командирине исениуи де орынлы еди. Хабин Мууса Башкирияның жигити. Оның әкеси узақ жыллар шахтада ауыр мийнетлерди басынан өткерди. Муусаның өзи де жас уақытларында шахтада иследи. 1917-жылғы Октябрь революциясы бурынғы Екатеринбург ҳәзирги Свердловскийге де келип жеткен еди. Мууса усы қалада өз тилеги менен гвардия отрядларының бирине жауынгер болып қосылды. Сол күннен баслап Мууса со-

вет властының душпанларына қарсы батырлық пенен гүрести. Қатарында ол жаўынгерлик хызмет атқарып атырған қызыл гвардия Колчак, Дутовларға ҳәм Челябинскийдеги, Тройцкийдеги, Орскдеги, Оренбургтағы ақ казакларға қарсы саўашларда душпанларды талқанлап, жас совет властын қорғаўда үлкен ерлик ислер иследи.

1919-жылы 173 Смоленск пияда әскерлер полки атаман Дутовқа қарсы қатаң саўашлар жүргизгенде 21 жастағы жаўынгер Муўса Хабин урыс майданында аўыр жараланды. Буннан кейин ол госпиталға түсип емленип және әскерий қатарға қосылды. Урысларда сыналған жас командир Муўса Хабин басқа да қызыл командирлер менен Ташкентке келип, 1920-жылы командирлерди қайта таярлаў курсында оқыйды, бирақ Хорезмде пайда болып атырған ўақыялар командирлер таярлаў курсын тоқтатып, жас командирлерди фронтқа атландырды. Қыстаўлы түрде Хийўаға келген Муўса 4-Түркстан полкиниң 4 ротасының командири етип тайынланды. 1920-жылы сентябрь айынан баслап ол басқарған рота Түркменстанның Жыланлы районында 1921-жылдың январына шекем Жунайдхан баспашылары менен қатаң саўашлар жүргизди. Жунайдханның оң қолы болған Анна бала, Дурдымуратларды Ташаўыз бенен Жыланлы қаласы арасындағы урысларда қыйратыўда рота командири Муўса Хабин ерлик ис көрсетти. 1921-жылы апрель айында оның ротасы арнаўлы тапсырма менен Қоңыратқа келип, бунда совет властын дүзиў исине қатнасты. Мине, енди командир Муўса жаўынгерлерди Жунайдхан баспашыларына қарсы алға баслап баратыр.

Гарнизон әскерлериниң урралаған күшли даўысы Сагдиевларға ҳүжим менен топылған баспашыларды бирден албыратып таслады. Бирақ усыған қарамастан душпанлар атыспадағы өзлериниң мергенликлерине исенип, Муўсалар топарына да оқты жамғырдай жаўдырды. Кескинлескен саўаш ярым саат даўам етти, Қызыл жаўынгерлердиң тасқынлы топылысына ушыраған баспашылар урыс майданында көп санлы адамлары өлип, қалғаны Үстирт қырларына қарап қашты. Усы урыста Қоңыраттың малшы массивинде отырған еки аўыл қазақлары душпанлардан азат етилди. Сағдиевтиң жаўынғерлери отызлаған қарақшылар айдап баратыр-

ған еки мың қой, бес жүз түйени, төрт жүз жылқыны қутқарып, олар менен бирге мал айдап тутқында киятырған Қоңыратлы мийнеткешлерди азат етип алып қалды.

Усы урыста көрсеткен ерликлери ушын гарнизон командири Муўса Хабин Хабидинович, взвод командири Мәтякуп Абдулов Қызыл байрақ ордени менен наградланды. Отделение (бөлимше) командири Мәўлен Рахманов, Хожа Искендеров ҳәм басқалар Хийўада батальон командованисинен арнаўлы буйрық пенен алғыслар ҳәм баҳалы затлар менен сыйлықланды.

Бир нешше рет Жунайдхан баспашыларына қарсы алып барылған урыслардың, ишки байлар менен саўдагерлерге қарсы гүресиўлердиң даўамында Қоңыратты қорғаў ҳәм онда совет властын орнатыў иси 1920—1922-жылларда мине, усындай болған еди.

## ҚУМШОҚАТ УРЫСЫНЫҢ ЕРЛЕРИ

### 1.

1923-жыл. Қоңыраттан шыққан жигирма атлы коммунар Ашамайлы елатының шетки аўылында қонып, ертең таң ала-геўгимде Томаркөл, Ойма арқалы «Айтыўдың мазарлығы»на келип, таң алдында Қаратүпке жақынласқан еди. Кеше усы жақта жарақлы атлылардың жүргенлигин дуздан қайтқан еки адам хабар еткен. Қоңырат мийнеткешлериниң тыныш турмыста жасаўы ушын шөлкемлестирилген коммунар отряды бираз ўақытлардан бери бул тәрепке шықпаған еди.

Уллы сәске ўағында Үстирт таўының төменги етегиндеги малшы массивинен өте бергенде коммунарлар командири Асқар Нурымбетов шоқат-шоқат қумлардың арасынан жылқының көплеген излерин көрди. Асқар орта бойлы, мөлдир қара көзли, муртлас жасы 37 ге келген жигит еди. Жаратылысында ҳақыйқатлықты сүйетуғын, бирдейине Қоңырат халқының ар-намысы ушын қолына жарақ услап көплеген урысларда батырлығы менен көзге түсип танылған оны коммунар отрядының командири етип сайлады.

Қум шоқатларының арасындағы тақырлықта шубатылған излерге қарап, ақ боз атының дизгинин тартқан ол, еки жағында киятырған Балабай менен Қурбашқа:

— Бул жайылған жылқылардың изи емес шығар? — деди.

— Бизиң елимизде бунындай көп жылқысы бар байлар жоқ, — деди, Қурбаш изге үңилип қарап.

— Кешеги хабаршылардың айтқанларынан да оғада көп екен, — деп, Балабай алға, узақтағы белес қумларға көз тикти.

Асқар, Қурбаш, Балабай усылай пикир алысып турғанда кейинги топардан тезлетип келип қосылған Есқалый:

— Асқар аға, жигитлер оғада көп изди көрди, олар «сақланыў керек» душпан ҳийле менен бизлерди қоршаўда қалдырып жүрмесин! — деди, отызларға жақынлап қалған Есқалыйдың қой көзлеринен қандайда бир албыраўдың ушқынлары сезилип турды. Оның кирпиклери жыпылықлап, узақтағы белес қумларды шарлаўда. Мине, усы мегзилде өзлери турған шоқат-шоқат қумлардың күнбатар бетинен жерди тесип шыққан замаррықлардай бир шоқ атлы пайда болды. Олар иркилместен күнбатыс арқаға қарап изли-изинен шубырды, ойламаған ўақытта жақын жерден шыққан оларды көрген Асқар:

— Ҳақыйқат душпанлар буғып жатыр екен ғой, урысқа таярланың! — деди, — өзи атынан секирип түсип. Мине, усы минутларда узақтағы белес-белес қумлардың берги жағындағы қара арқаштың тусынан және бир топар атлы шыға келип, қубла-күншығыс бетке қарап жыландай зуўлады.

— Асқар! — деди, еле атынан түсе қоймаған Қурбаш — «Сақлықта қорлық жоқ» — деген, душпанлар көп көринеди, мине, және бир бөлеги пайда болды. Шегинип, қалаға жақынлап, тийкарғы қураллы күшлерге сүйенип урысайық,—Балабай да оның сөзин қуўатлағандай Асқарға қадала қарады.

— Шегиниўге болар еди, қалаға жақын болсақ, биз үшеўимиз ҳәзир кейин шегинсек, басқа жолдасларды душпанның қолында қалдырамыз, оның үстине, мен ушын душпаннан қашқаннан гөре, усы қумшоқатта дастығымды алып урысып өлгеним артық. Асқар бул сөзлерди тез ҳәм тужырымлы етип қатты айтты. Қурбаш пенен Балабай командирдиң ең жақын досларының бири еди, қандай аўырманлық болса да командири менен бирге көриў ушын атларынан ырғып-ырғып түсип,

урысыў позициясын алып жатты. Асқардың еки ер жүрек досты аттан түскеннен кейин коммунар Жумағул, Тәжимурат ҳәм басқалар да атларынан түсип урысқа таярланды. Кеше қаладан бирге шыққан жигирма жигиттиң тек алтаўы ғана Асқар менен бир киятырған еди, қалғанлары узағырақта, кейнинде ат суўғарып иркилип қалған. Солардан келип қосылған Есқалый еле аттан түспей тур.

— Есқалый! — деди, Асқар. — Саған еки тапсырма айтаман биринши, кейиндеги жигитлерге тез хабар бер, бизлерге келип қосылсын, душпан көп көринеди, арнамысты қолдан берип жүрмейик, екинши тапсырма, оннан кейин Қоңыраттқа тез жет. басшыларға бизлердиң көп душпанлар менен урысыўға бел байлағанымызды жеткер, әлбетте көмек керек, әне, көрдиңбе, — деди, қара арқаштың аржағынан пияда қаплап киятырған қара шөгирмели баспашыларды көрсетип, — мине, және қумырсқадай өрип шықты. Биз урысамыз, тирилей кейин шегинбеймиз.

Командирдиң усы сөзлерин еситкен Есқалый кейин қарап көк арғымағын қуйынлатып шапты. Бул ўақытлары баспашылардың дәслепки шыққан еки қанаты жақынлап келип ат үстинен оқ жаўдыра баслаған еди.

Үш-төрт қара үйдиң орнындай түйе қораға бекинген Асқарлар қумлардың арасындағы кең ашықлықта киятырған басқыншыларды гөзлеп қатара атқан оқлары менен жолларына өлим бөгетин салды. «Бес-алты адамды жайындай жутпай неси бар»—дегендей, ҳаплығып қаплап киятырған баспашылар—алдыңғылары оққа уша баслағаннан кейин, басқасы кейин серпилди. Түйе қорада жатқанлар душпанлардың кейниндеги өз жигитлери менен атысып атырғанлығын қуўырмаштай қуўырылған мылтықлардың сестинен билди. Асқардың оң жағында Балабай, Шеп жағында Қурбаш бес-алты адым жерге өз жолдаслары менен оң ҳәм солдан оқ жаўдырған атлыларды састырды. Бул душпанлардың гейпарасы аттан қуласа, гейпарасының атына оқ тийип жығылып жатты. Атларды лаппа қойып алыў қыйын болғанлықтан еки қанаттағы дәслепки душпанлар да атларынан түсип урыс аша баслады. Асқар ҳәм Балабай менен Қурбаштың оқлары туўыры маңлайына киятырған пияда душпанларды да иркип таслады.

Атыспа қатты ҳәўиж алды. Коммунарларды тоғын-

дай болып ийилип қоршаған баспашылардың саны бес жүз атлыдан кем емес еди, олардың дәслепки шыққан еки қанатына бөлинген бир жүз елиў атлыға жақыны кейиндеги қумға бекинген коммунарға топылып, оларды искенжеге қыса баслады. «Судочи көли» менен Үстирт таўының арасындағы коммунарлардың көп санлы душпанлар менен урысы түске шекем даўам етти.

Коммунарлар қаншама күшин салып қарсылық етсе де, баспашылардың орақтай ийилген ҳалқасы кем-кемнен жақынлап, түйе қораның үстине оқлар жамғырдай жаўды. Шүйкилдеп келген қорғасынлар Асқарлар паналап жатырған түйе қораның айлана жийегиндеги үйилген топырақларды тозаңғытып, әжел излеп жүрди. Түйе қораның кейинги жағындағы кишкене арқаштың тасасына қойылған атлар, атылған мылтықтың сеслеринен үркип аспанға секирди, олардың да гейбиреўи оққа ушып қулаған еди.

Урыстың барлық аўырманлығын өз үстине алған командирдиң таңлайы кеўип шөллесе де, сырын жолдасларына сездирмеди. Маңлайынан сорғалаған ашшы терди тилине тосып жалап, шөл менен урыстың азабын изли-изинен өткерип, шыдамлы болып урысып атты. Асқар жасынан мерген жигит болды, соңлықтан да оның атқан оқлары алдындағы қумларда кесирткедей жер баўырлап киятырған душпанлардың талайын үнсиз қалдырды. Мине, душпанлар — уясын бузған ҳәррedей және быжнап түйе қораға қарап топылды, бул азаннан берги бесинши топылыс еди. Бул ўақытлары Асқардың белиндеги үш қатар оғының бир ярымы босап қалды. Сексен оққа жақын атылғанын билген ол белин қысқан үстиңги қатарды босатып ылақтырды да, ярымы таўсылған қатардан бес оқты алып мылтығын тез оқлады, мине, усы ўақлары өзиниң алдындағы отыз метр жердеги бир түп сексеўилди паналап, өзин гөзлеп атырған душпанның қарасын көрип қалды, оның қус мурынлы, сууқабақ басы менен аларған үлкен көзлерин де көрип қалды. Сексеўилди паналаған баспашының мылтығының аўзы өзине қарағанын билип қалған Асқар геўдесин төмен таслағанда маңлай алдындағы қораның ырашы келип еңсесине қуйылды. Шаққанлық еткен оған душпанның гөзлеп атқан оғы тез буқпағанда рашты емес, өзин жулып түскен болар еди. Асқарды өлтирдим гой—деп ойлаған баспашы

сексеўилдиң тасасынан басын көтере бергенде Асқардың атқан оғы оны сексеўилдиң жуўан шақасы менен қосып кейин ылақтырды. Мине, усы ўақытлары кейинги жақтан душпанлардың ғаўырласқан сеслери, атлардың шабысқан дүбири күшейди.

— Бизиң жигитлер қашты!—деди оң шекесинен қан ағып атырған Қурбаш ашыўлы түрде. Бул суўық ҳәм аўыр хабар Асқардың жүрегине оқтан кем болып тийген жоқ, басын сәл көтериңкиреп, артқы бетке бурылып қараса, узақта қуйынлатып кетип баратырған өз жигитлериниң қарасын көрди. Усы аўҳалды көрген Асқардың өз ернин өзи қатты тислегени соншелли, астыңғы ернинен қан атлықты. Көзи тынып, алдындағы душпанларды көрмей, бираз ўақ тым-тырыс буғып жатты. Аздан кейин ол Қурбашқа қарап:

— Мүмкиншилиги болса Сизлерге те тири қалыўға рухсат етемен, душпанлар көп, биз азбыз, ал мен өзим артта турған Қоңырат ҳәм ондағы Совет власты ушын ең соңғы оғыма шекем урысаман, бирақ душпанға тирилей қолға түспеймен—деди.

— Асқар, ол не дегениң? — деди даўсы қарлығып шыққан Балабай,—«кемеге мингенниң жаны бир», биз сениң менен дос екенбиз, басты қорғап қашпаймыз, бирге урысамыз, бирге өлемиз. — Бул сөзди маңлайынан тамшылаған қанды сүртип атырған Қурбашта тәкирарлады. Қоңыраттың усы ер жигитлери душпанның дүбелейдей соққан қара күшине өзлериниң ғажырлы ерки менен геўдесин тутып урыса берди.

Асқар бас болған алты жигит усы күни кешки саат беске шекем өзлерин қоршаған душпанларға қатаң қарсылық көрсетти, бул ўақытлардың ишинде оның қасындағы төрт жигит қатаң ерлик көрсетип қазаланған еди, еки жеринен оқ тийген Қурбаш ақырғы оғы қалғанша үлкен күш-ғайрат пенен урысты. Атылған мылтықтың даўысы Қумшоқат қумларын азаннан кешке шекем жаңғырып турды, атылған оқтың дәрисиниң ийиси жүрек айнытарлықтай еди. Шөл менен урыс азабы Асқардың буўдай иреңли жүзин қараўытып, ашыў менен намыслы кектиң иштеги ҳәўири сыртқа шыққан еди. Көп адамларынан айрылған душпан басшылары буларды тирилей қолға түсириўди ойлаған болса керек, «қарсылық етсеңлер бәрибир өлесизлер, өлгенде де ийт өлимине ушырайсыз, оннан да берилиң-

лер!» — деп түркмен тилинде ҳәр жерден қышқырып жатты. Оң жағындағы Балабайға бурылып қарап:

— Оғың қанша қалды? — деп еди, ол сес бермеди, азаннан бери бес ирет жаралы болған Балабай, өзине оқ тийгенлигин ҳеш кимге де айтпай, мүмкиншилиги болғанша урысты. Бирақ буннан бираз ўақыт бурын басынан тийген қорғасын батыр коммунарды мәңги уйқлатқан еди. Бес атарын услап ет бетинен жатырған оның — өлгенлигин сезген Асқар еңбеклеп барып геўдесине қолын салғанда, жыллы қанға малынды. Белиндеги қатарда бир де оқ қалмаған екен. Сол жағындағы Қурбаш аўыр жаралы, оқ оның да, геўдесин тесип өткен, оған еңбеклеп барған Асқар шалқасынан талықсып жатырған өз досының көзлерине көзи түскенде Қурбаштың үлкен ала көзиниң нурлары семип баратырған еди. «Хош бол, достым» — оның маңлайынан ийискеп бир сүйди.

Асқар буннан кейин оқтан сақланып қорқыўды билмеди. Орнынан турған ол, түйе қораның ырашына шықты, айнала дөгерекке өшпенлилик пенен ашыўлы қарап турып қышқырды да, қолындағы бес атарын жоқары көтерип, жақын жердеги жолға қарап жүрди, бағанағы қуўырмаштай қуўырылған оқлардың бирдебир дыбысы жоқ. «Мен берилемен, оғым таўсылды» деп бақырды Асқар. Асқардың қарсы алдындағы бийик дүмпешиктиң артынан турган еки баспашы өзине қарап тез қәдем басты. Екеўи де биринен-бири бурынырақ жетип услағысы келгендей ҳаплығып киятыр. Әсиресе, Асқарға жақынлап келип қалған ақтелпекли еңгезердей қара баспашы қызыл көрген қасқырдай умтылмақта. Мние, усы секундларда Асқар оны асықпастан атып жиберди, ақтелпекли жалп еткенде, оның артындағы бурылып қашаман дегенше екинши оққа иликти. Бул турған мезгилде басқа да баспашылар орынларынан турып, жол үстинде талтайып турған оған қарап қәдем басқан еди. Коммунарлардың ҳийлесине түсинген басқа баспашылардың қосарлап атқан оқлары Асқарды бирден қулатты.

Коммунар отряды командириниң оқ тийип қулағанын анық көргеннен кейин ғана душпанлар тегис буққыдан көтерилип оған қарап жүрди. Суўық демлерин ишинен алып турған Жунайдхан баспашыларының баслығы: «Басы кесилсин, көзи ойылсын» деп қәҳәрли буйрық

берди. Оның қапталында турған жалаңлаған сур түсли жаллат қонышынан қанжарды суўырып алып, Асқардың дәслеп еки көзин ойып алды да, соңынан басын кести. Буны көрип турған душпанлардың бир қатарының жүрегиниң шоршынғаны соншелли, узақ қарап турыўға шыдамы жетпей, кейин айланып кетти.

Қумшоқат гүресиниң батыры Асқар ҳәм оның дослары кешеги бир гүресли жылларда усындай теңи жоқ қаҳарманлықлар ислеп Совет власты ушын жан берди.

## II

Мине, усы қайғылы хабарды алды менен Есқалый менен Әўезбай деген коммунарлар жеткерди!— дейди, сол ўақытағы коммунар отрядының жаўынгери Худайберген Бекниязов. Усы ўақыяны ол кеңнен сөйлеп берди... Ол ўақытлары Қоңыратта бир эскадрон жаўынгерлер де бар еди. Гарнизон қала халқын сырттан келетуғын душпанлардан қорғаў ушын Хийўадан келди. Район басшылары аяғынан тик турып түни менен қураллы күшлерди жыйнады. ЧОН отрядының жаўынгерлери, коммунарлардың аман қалғанлары ҳәм комсомол-жаслардан халық жасақлары топланды.Районлық ҳүкимет басшыларының келисими бойынша улыўма команда гарнизонның командири Гришаға жүкленип, азанда еки жүзден аслам қуралланған Қоңыратлылар Қумшоқатқа қарап жедел жүрип кетти.

Халық ополчениясын басқарғанлардың ишинде районлық атқарыў комитетиниң председатели Оралбай Байтақатов, Қаражалғас ҳәм басқалар болды. Мен 1919-жылы Қоңыратта шөлкемлестирилген Қызыл гвардия қатарында Хийўаға барып, онда Түркстан фронтының Хорезм полкинде 1923-жылдың жазына шекем Жунайдхан қарақшыларына қарсы төрт жыл урысларда болып қайтқан едим. Қоңыратқа келгеннен кейин де тыныш жасаў қыйын болды. Себеби, Хийўадан, Төрткүлден күтә шетте туратуғын Қоңыратқа Жунайдханның қалдықлары бирдейине басқыншылық етип туратуғын еди. Коммунар отрядының жаўынгери болған мен де усы күни гүреске атландым. Мениң қасымда Пахраддин Мереков, Бағымбай Темирбаев, Ағарыс, Қаржаўбай Артықбаев, Жақып Жаңабаев, Палымбет Орынбаев ҳәм басқалар болды.

Уллы сәскеде «Судочий көлиниң» «малшы» —деп аталатуғын массивиниң суўлы жағасында душпанлар менен ушырастық. Душпанлар бизлерди көрди де, өзлериниң урыс позициясын тутып бизге қарап жүре баслады. Гарнизонның қырқ атлы әскери белес қумлы арқашты папалап атларынан түсип урысқа таярланды. Булардың еки жағында кең қанат қурып ЧОН отрядының, коммунар отрядының ҳәм халық ополчениясиниң жаўынгерлери-демлерин ишине тартып душпанларды күте баслады. Мен, Қаражалғас, Пахраддин және басқа бирнеше жигит гарнизон әскерлериниң оң қанатында едик. Бизлердиң мақсетимиз табан тиреп урысып, душпанларды қыйратыў.

Душпанлар да асықпастан, саспастан жақынласып келе берди. Бул — сентябрь айының даўылы уйтқый баслаған түски ўақытлары еди. Бизлердиң және бир күшли исенишимиз гарнизон отрядына атқа жүкленип киятырған «қырқ атар» бар. Душпанлардың атлы ҳалқасы жақынласа баслағанда Гриша қырқ атарды басқарып жатырған жаўынгерге атыўға команда берди. Қырқ атар бир ирет атылды да оннан кейин ислемей қалды. Командир «және ат! — деп, қатты команда берди, бирақ пулеметте сес жоқ. Мине, усы минутларда дүбелей күшейип, қум бораны борай баслады, маған еле белгисиз — пулеметке қум тығылдыма, болмаса жақсылап тазаланбағанлықтанба? Әйтеўир «қырық атар» биротала ислемей қалды. Мине усыдан кейин Гриша атына ырғып минип, гарнизон әскерлерине атланыўға тез команда берди. Мен оларға жақын жерде жатырған едим, узын бойлы, шийкил сары командир қылышын қынабынан суўырып алып, душпан тәрепке қарап турды «Бизлердиң бәримизди де душпанға қарсы атакаға баслады аў» деп ойладық. Олай болмады, ол бир топар атлы болып қашып кетти, бизлер урысты даўам еттирдик...

— Усы урыста Қоңыраттың 37 жигити душпан қолынан қаза тапты, олардың ишинде районлық атқарыў комитетиниң председатели Оралбай Байтақатов ҳәм ер жүрекли Емберген, Әбдиўәлий, Тәжимурат, Асамәддин деген жаўынгерлер болды.

— Бул ўақыядан кейин Гришаға қандай илаж көрилди?

— Гриша орнынан алынды да, Хийўаға шақырылып қатаң түрде жазаланды...

Мине, жаўынгер Худайберген Бекниязов айтқан Қоңыраттағы Қумшоқат ўақыясы. Қумшоқаттағы Асқар батыр бас болып 1923-жылы Қоңыраттың күнбатыс жағында отыз-қырқ шақырым жердеги болған бул ўақыя келешекте де Қоңыратлы мийнеткеш халықтың умытылмас дәстаны болып қалады.

## ШАМЛЫ ХАННЫҢ ӨЛИМИ

### Есберген—шанаш

Қоңырат қаласының күнбатыс — қубла жағында бир бөлек кең массив бар, буны Қоңыратлылар «Шанаш» ямаса «Есберген шанаш» — деп атайды. Усы «Шанаш» аталатуғын жердиң атын еситкенимде мениң ядыма бир ўақыя түсетуғын еди, ол да болса Жунайдхан басқыншыларының бири Шамлының өлими. Ол усы кәрада 1925-жылы болған ўақыя. Шамлыны атып өлтирген адам, «Есберген — Шанаш». Усы бир тарийхый ўақыяның геройын көриўге, гүрриңлесиўге мен көптен қуштар едим. Есберген аға менен бир районда жасасам да узақ ўақыт оның менен ушыраса алмадым. Һәрдайым үй архивымдағы естелик жазыўларымды аўдарғанымда 1944-жылы жазылған бир кишкене ақ блокноттан «Шамлы ханды өлтирген Есберген-шанаш, соның менен ушырасыўым керек» — деген сөзлерди оқыйтуғын едим. Есберген аға жөниндеги изертлеўлерди көп ўақытқа шекем турмысқа асыра алмай жүрдим. Ҳақыйқатында да ойыма түскен ўақытлары болмаса кешеги гүрес жылларының бул алтын адамын мен шынтлап излемеген едим. Арадан 21 жыл өткеннен кейин мен Есберген менен ойламаған жерде ушырасып қалдым. Мен өзимниң көп ўақыттан бери ушырата алмай жүрген геройымның үйинде оның менен гүрриңлесип отырман. Есберген жасы жетписке келген узын бойлы, сары сынлы, селдир сақалы менен сулыў мурты өзиниң ғаррылық нышанына жарасқан адам екен.

— Есберген ата! — дедим, мен оған — Сиз маған Шамлыханның қалай өлтирилгенлиги ҳаққында айтып берсеңиз екен? Ғарры-атаға мен усы гәпти айтқанымда оның үлкен қабағы жоқары көтерилип кең маңлайының

үстинде қатар толқынлы сызықлар пайда болды. Бирнеше минут бир точкаға қарап отырған ол узақ жылларды ишки сезим менен бир ирет шарлап шыққандай болды.

## Мылтық сести

1925-жылы биз сол «Шанаш» — деген жерде отыратуғын едик, бабамыздан қалған үлкен ҳәўли Қоңыраттың қараўылындай узақ бир шетте турды. Усы жерге Шамлы-хан үш ирет келип өртеп, мал-мүлкимизди талады. Ол ўақытларда ҳәўлимиз төрт пахсадан ибарат еди, баспашылар тыньшлық бермегеннен кейин, оның үстине еки пахса салып 8 — 9 метр бийиклеттик те, дәрўазаның үстинги еки жақлаўындағы гүңгираның үстине душпанларды аңлып ататуғын жасырын орын иследик. Ҳәўлиниң артқы жаз қапысын да бекитип тасладық. Усылай етип бизиң ҳәўлимиз Хорезм қорғанларына усап қалды.

Бизиң ҳәўлимизде төрт хожалық тиришилик етти, бәримиз де бир атадан туўылған адамлармыз. Жазда шығырдан суўғарып дийханшылық етсек, қыста қалаға отын апарып сатамыз. Бир күни мен еки танаптай жүўерини орып күн батар алдында үйге келдим. Әкем Ешмурат пенен туўысқан үлкен ағам дәрўазадан киргизип, киши ағам Қалмурат бир арба тары сабанды тамның басына шығарып атыр екен. Мен де ҳәўлиниң басына шығып, киши ағама көмек бердим. Баўлы тары сабанларды жайластырып жыйнадым да жумсақ сабанның үстинде қулашымды жайып, аспан әлемине қарап жатып дем алдым. Жылтыр жумсақ сабан маған жайлы төсек сыяқлы. Шығыс пенен батыс бетти орақтай орап жатырған Үстирт таўының азанда сулыў болып көринетуғын жасыл жийегин ҳәзир қара гүңгирт перде қаплаған. Ол қушағында қандайда бир сыр жасырғандай болып көринеди. Усы көринислерди тамашалап жатырғанымда уйықлап кетиппен.

Мен ол ўақытлары отызға жаңа келген жас жигит болсам, ағам Қалмурат қырықлардың шамасында еди. Биз сол жыллары бир қазаннан онсегиз жан аўқатланатуғын едик, мен зәңгиден түсип барсам, ҳәмме кешки тамақларын ишип, өз бөлмелерине кеткен екен де, ал Алламберген, Елмурат ағаларым көк чай ишип отырыпты. Бет қолымды жуўғаннан кейин, мениң алдыма бир

тостаған гешир гүртик келди. Гүңгирт шүтик шыраның жақтысы менен тостағанның ишине көз қыйығын таслайман, гөши бар ма екен? — деп, жудырықтай жүүери гүртиклер менен гeширден басқа ҳеш нәрсе жоқ екен. Кешки аўқатты гөшсиз асқанына бүгин төрт күн болады, қашанға шекем сықпан, жүўери жарма, гешир гүртик жей берерсең, илаж не? Буған да көнеди екенсең.

Сыртта үрген ийттиң сести шықты. Үлкен қабаған ийтимиз бар еди, ол шабаланлап көп үрсе, бул кәрара бир бәлениң келгени. Ийттиң үрийи күшеймесе пәсеймеди.

— Қутжол, бунша неге ашыўлы? — деди әкем Ешмурат.

— Шағалға үрип атырған шығар? — деди Қалмурат.

— Шағалларды атып жоқ етип едик. ғой, — дедим мен.

— Шошқа шығар? — деди әкеме қарап атам.

— Адамның шошқасы болмаса бәри де қәўипли емес! — деп, мен қолыма қысымлаған гүртикти аўзыма салып шайнай басладым.

Бизлер отырған жайдың есиги ашылып жабылғанда Қутжолдың сести қаттырақ шықты. Мен әкеме қарасам; әкем маған «қап толды, қанар толды, дорбаша саған не болды» — дегендей. Қабағын үйип, қарап қойды. Әлбетте, ол бул ўақытлары гешир гүртикти қызғанып отырған жоқ, сыртта ийттиң қаншама үргенине қарамастан, хабар алмай отырғаныма тыныса баслаған болыўы керек. Аздан кейин жаңа шығып кеткен атамның сыртта биреў менен тиллескени еситилип турды. «Дәрўазаны ашпайман» деген атамның жуўабынан кейин-ақ тарс еткен мылтықтың сести бизлердиң үрейимизди ушырды.

Усы ўақытлары әкем дийўалдағы қарамылтыққа жабысқанда, менде екинши бир қазықта илиўли турған қара мылтыққа жуўырып барғанымды билмей де қалдым. Мен мылтықты алған ўақлары Әкем.

— Қорықпа, Есберген — деди, — әсте тамның басына шықта гөзлеп ат! Бир оғыңды да зая етпе!

— Болады! — дедим де, жуўырып шықтым. Есиктен шыққанда мениң дәрўаза бетке қараўға шамам да келмеген еди, зәңгиге пышықтай жармасып, жоқары өрмелеп, қараўылханаға қарап жүрдим.

## Бассынған баспашылар

Бизиң қараўылханамыз ылайдан соғылған еки адам сыятуғын илекер қуўыс, бирақ сырттан атқан оқ өтпейди. Бул жерге келгеннен кейин дизе бүгип отыра қалдым да қарсы алдымдағы кесениң аўзындай тесиктен сыртқа қарадым. Дәрўазаның оң жақ шетинде жигирма адымдай қашықлықта бес-алты адам тур, оннан арырақта және топланған атлылардың қарасы—айдың жақтысы менен көринеди. Олар тәрепте Қутжолдың өжетлик пенен үрген сести тынатуғын емес. Бир ўақытта мылтық сести айлы түнди жаңғыртып гүрп ете қалды. Бизиң ийтти атыпты, Қутжолдың «ўаңқ» еткен даўысы бир ирет шықты да, оннан кейин тым—тырыс болды.

Жақын жердеги бир топар адамлар өзлеринше бир нәрселерди айтып кеңескен болады, мен оны анығырақ та еситкен жоқпан, ал еситкен менен де толық түсиниўим қыйын еди. Бир ўақытта алдыңғы атлылардан биреўи дәрўазаның қасына келип.

— Ашыңлар, болмаса от берип, хәммеңизди өртеп жиберемиз!—деди түркменше сөйлеп, ҳүким менен. Ишки жақтан ҳеш ким хабар бермеди. Мен жақын келген атлыны гөзлеп турып атып жибердим. Усы ўақытта бирнеше пияда адамлар қушақлап сабанды әкелип қалған еди. Ҳәмир етиўши атлы адам атының үстинен жерге гүрс етип жығылғанда пиядалар сабанды таслап тым-тырақай қашты. Өз қолым менен өзим гөзлеп атқан бул биринши душпаным еди. Буннан кейин мен қараўытып көринген душпанлар тәрепке қарап және аттым, олар да ғалаба мылтық атып узаңқырап кетти.

— Есбергенжан!—деди төменде дәрўазаның ишки жағында турған әкем, — ата-бабаңның исенимин ақлаdensityың, ийтке-ийтше өлим! Жақын келгенин аяма, ата бер! — деди. Әкемниң бул сөзи де маған қуўат болды. Узақта қарасы көринип жүрген душпанларды бираз ўақытқа шекем кетпей, көзабаға оқ ата берди, оларға төмендеги әкем де қарсы оқ атып жуўап берди. Ҳәўлимизди еки айланып, биреўди шақырған баспашы душпанлар ҳәр-жерден бақырып та, атларын шаўып келгенлери де болды, бирақ бурынғыдай батына алмады.

Мине, арадан бираз ўақытлар да өтти, мен болсам қасқырды аңлыған бүркиттей бийикте мылтығымды гезенип отырман. Төмендеги жақта дәрўазаның ишки жақлаўынан Қалмурат ағамның «күтинип отыр, жақын келсе ат!»деген сести шығады. Атам менен өз әкемниң не ислеп жүргени маған белгисиз. Бираздан кейин сейисханадағы үлкен қызыл қораздың шақырған даўсы еситилди. Бул қалай? Бираз ўақыт болып қалғаныма, мениң тамның басына мингеним жаңа емеспеди?—деген ойлар пайда болды. Буныңдай қысылыспалы ўақытларда адам ўақыттың өткенин де билмей қалады екен. Душпанлар дәрўаза алдындағы өлигин алып кетиў ушын қаншама ҳәрекет етсе де, жақын келе алмай, соңында таң ағара баслағаннан кейин күн батыс бетке қарап кетип жоқ болды.

Усылай отырып, кешеги көп жумыс ислеп шаршағанлық пенен түнги уйқыдан қалғанлықтан көзимнин илингенин де билмей қалыппан. «Қорқақты көп қуўсаң батыр болады»—деген усы емес пе? биреўдиң даўсы шоршытып оятпағанда, мен дәрўазаның үстинде қараўылханада еле де қурылдыны даўам етип уйықлайтуғын түрим бар екен.

— Бул не?—деди ағам, жүўери қорып отырған жоқсаң ғой!—деп күлимлеп тур. Шоршып оянғанлықтан болыўы керек, уйқым шайдай ашылды. Таң ағарып, айнала дөгерек әдеўир жерге шекем көринеди, түндеги душпанлар турған жерде ҳеш ким жоқ. Оннан беррегиректе төрт аяғын көсилип бийшара Қутжолым жатыр, оған көзим түскенде, ийт те болса күшигинде өзим асыраған «қорықшымды» шын аядым. Көп душпанға өзи абай еткен мениң Қутжолым қандай жақсы еди, — деп, өлгенине ишимнен иренжидим. Қутжолдан бери, дәрўазаның алдында жатырған баспашының тулғасына көзим түсти, басына кийген шөгирмеси, аўдарылған жапа тезектей шеп жағында төңкерилип жатыр. Орта бойлы, семизлеўден келген бул қарақшының белине буўған үш қатары ақ бөз бешпентиниң сыртынан анық көринип тур.

## Арабша хат

Узақтағы таў жийеклерине қарап турған әкем баспашылардың енди артына қарамайтуғынлығына исен-

ғеннен кейин, маған төмен түсиўди айтып, өзи кетип қалды. Әкемнен кейин мен зәңгиден түсип дәрўазаға барғанымда Қалмурат пенен әкем душпан өлигиниң қасында тур екен.

— Бул ким екен? — дедим, орта бойлы, қарапәреңнен келген семиз адамның түрине жеркениш пенен қарап турып.

— Жунайдханнан қалған қаңғыбас қарақшылардың бири шығар, — деди әкем.

— Ким болса да ийт өлимин қушақлап жатыр ғой — деди Қалмурат, қабағын үйип сөйлеп. Душпанға мениң атқан оғым жүрегинен тийген болса керек, етбетинен жатқан оның геўдесиниң асты қанға былғанған. Мен баспашыдан гөре өзимниң Қутжолымды аяп, соның қасына бардым, ол да қарақшыға усап етбетинен жатыр, оқ басына тийген екен, маңлайынан аққан қан көп жерди алған. Мен қутжолға күтә рейимлилик пенен қарап турғанымда, ҳәўлиниң арт жағынан дүбирлеген атлардың туяғының сести еситилди. Мине, бир топар атлы адамларда келип қалды. Булардың қаладағы коммунарлар екенлигин кийген кийимлеринен сездим.

Буларды баслап келген Алламберген атам таў жақты көрсетип, бир нәрселерди айтып тур, дәрҳал мен де олардың қасына бардым. Астындағы қара аты жер тарпып турған узын бойлы, көк көзли рус жигити атынан секирип төмен түсти де, өликти аўдарып көрди, оған көк папақ кийген қара пәрең жас жигит көмеклести. Баспашының төс қалтасынан қара шиланды алып көрген рус жигити бүкленген гөнелеў сары қағазды алып көрди, бирақ оқый алмады. Қағаздың бүклемлерин жайып қасындағы жаўынгерге усынып рус тилинде бир нәрселерди айтты. Жергиликли жаўынгер қағазды оқыды да командирге рус тилинде онда жазылғанды айтып берди. Мине, усы минутлары командирдиң сарысынлы жүзинен күлимлеген қуўаныш сезимлери көринип турды.

Командир және бир сөзлерди айтып жаўынгерге қарады, ол бизлерге:

— Командир бул баспашыны атқан ким? — деп сорайды деди.

— Мен! — дедим дилмаш жаўынгерге жақынлап. Дилмаш жигит мениң айтқанымды командирге түсиндирди, усы минутларда командир мениң қасыма келип

арқамнан қағып, жэне маған түсиниксиз тилде сөйледи.

— Командир Сизге көп-көп рахмет айтып тур. Жунайдханнан қалған ири баспашы — Шамлыханды атып өлтирипсиз, бул сумырай узақ ўақытлардан бери услатпай жүрген еди, — деди.

— Шамлыхан — дейсизбе? — деп мениң әкемниң көзи аларып, таңланып дилмашқа қарады.

— Ҳаўа, Шамлыхан, мынаў Жунайдханның берген документинде жазылған.

— Бизиң тынышымызды алған усы бузақы еди, — деп Әкем өликке қәҳәрли түрде қарап турды. Ҳақыйқатында да бизиң ҳәўлимизге буннан бурын үш ирет келип от берип, мал-мүлкимизди талап кетип жүрген усы қарақшы еди. Биз оның атын билген менен өзин көрмеген едик. Мине, өмиринше аңсат олжа излеген қарақшы бизиң есигимиздиң алдында сулап жатыр. Оны атып өлтирген мен, қандай қуўаныш!

Коммунар командири маған Шамлының бесатарын ҳәм өзиниң наганын сыйлық етип берди де, маған күлимлеп қарап:

— Коммунар боласаң ба? — деди, әлбетте оның сөзин дилмаш маған айтып түсиндирди.

— Боламан.

— Мине, усы күннен баслап мен Қоңыраттағы коммунар отрядының белгили жаўынгери болдым. — деп Есберген ата өзиниң гүрриңин жуўмақлады.

* * *

Шамлыханды жоқ еткен Есберген ата ҳәзир 70 жаста болса, оның ҳаялы Оразгүл алпысқа шығады. Екеўиниң арасынан көгерип шыққан гүллер де аз емес: үлкен баласы Жолдасбай үстирттеги Асеке аўдан нефть изертлеў ҳәм бураўлаў конторасында қурылыс прорабы болып хызмет ислейди. Оннан киши баласы Мамытбай Терең бураўлаў экспедициясының Шақмақлы участкасында бураўлаў машинисти. Генжеси Қуўатбай болса Совет армиясы қатарында өзиниң ўазыйпалы хызметин атқарып жүр. Келини Арзыгүл тутыныўшылар кооперациясының қала орайындағы бир асханасының шеф повары.

Қоныраттағы рабочий көшесиндеги 5 жайда турағын Есберген аға — өзиниң заманласларының атаўы бойынша «Есберген — шанаш» қартайғанлығына қарамастан оғада қуўнақ, бахытлы жасап атыр. Кешеги гүресли жылларда совет власты ушын ҳақ жүреги менен хызмет ислеген, колхоз қурылысының алдыңғы ағзаларының бири Есберген атаның басып өткен өмир жолы бизиң жасларымыз ушын күтә қызықлы.

## МАЗМУНЫ

Қызыл Қоңырат жигитлери (*ҳүжжетли повесть*) . . . . . 3
Тәслим (*ҳүжжетли повесть*) . . . . . . . . . . . . . 73
Баспашылар арасында (*ҳүжжетли повесть*) . . . . . . . 147
Октябрь жулдызлары (*очерклер*) . . . . . . . . . . . . 268
Ауыр жылларда . . . . . . . . . . . . . . . . 268
Қоңыратты қорғаў . . . . . . . . . . . . . . . . 277
Қумшоқат урысының ерлери . . . . . . . . . . . . . 289
Шамлы ханның өлими . . . . . . . . . . . . . . . . 306

**Джанабай Сапаров**

**ВСАДНИКИ КРАСНОГО ҚУНГРАДА**

*Повести и очерки*

*На каракалпакском языке*
*Издательство «Қаракалпакстан»*
*Нукус — 1989*